# Iуащхьэ Махуэ

**Адыгэ тхакIуэхэм я журнал**
**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**2013 гъэ** **1** **Январь – Февраль**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъыбарегъащ Iэ IуэхущIапIэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI**

**Редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр**
**Елгъэр Кашифщ**

*Редколлегием хэтхэр:*

**БакIуу Хъанджэрий, Джэрыджэ Арсен, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей**

**Налшык**
**2013**

# Іуащхьэмахуэ (Эльбрус)

На кабардинском языке

*Учредители:* Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по средствам массовой информации (360000,КБР, г.Нальчик, пр. Ленина, 5), Общественная организация Союз писателей Кабардино-Балкарской Республики (360000, КБР, г.Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501)

**И. о. главного редактора Кашиф Эльгаров**

Редакционная коллегия: **Хангери Баков, Арсен Гергов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев**

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Подписано к печати 08.02.13. Формат 70×108 $^{1}/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,4. Уч-изд. л. 11,80. Тираж 2030 экз. Заказ № 16. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036
Адрес редакции:
КБР,г.Нальчик,пр.Ленина,5.

Отпечатано на ООО «Тетраграф». КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника Заурбека Бгажнокова

## КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ИТХЭР:

**Елгъэр Кашиф.** АдыгэлIымрэ адыгэшымрэ ........ 3
**Айтэч.** А пщэдджыжь уейпсейм. Рассказ ........ 34
**Мэкъуауэ Амир.** Дыщэ апельсинхэр. Новеллэ ........ 45
**Шыгъушэ Алий.** Рассказхэр ........ 50
**Майстренкэ Валентинэ.** Iуащхьэ Махуэ ........ 59

ПШЫНАЛЪЭ

**«Гум и псысэр зыжесIэн солъыхъуэ»** 77
**Хьэтыхъу Владимир.** Усэхэр ........ 77

ЖЬАНТІЭ

**Нало Заур**. КъардэнгъущIым и батырыбжьэ ........ 85
**IутIыж Борис.** ХэкулI… ........ 95
**Шэрджэс Алий**. Пхуэдэ щыIакъым. Усэ ........ 96
**Гъут Iэдэм.** Зырамыку теухуа гукъэкIыжхэм щыщ ........ 98
**КъардэнгъущI Зырамыку.** Тхыдэ хъыбар. Мысостей бжьищ. Хъымсад и гъыбзэ ........ 102

ТХЫДЭ ЛЪАГЪУЭХЭР

**Лапинский Теофил.** Пщыкъуий и яужь зекIуэ ........ 116
**Торнау Федор.** Гуащэхужь. ГукъэкIыжхэм щыщ ........ 119
**Хэкум и хъумакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу**
**Ует Аслъэнбий.** Хьэзиз ........ 124

КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**Чэнджэщ нэхъ хуэныкъуэр чэнджащэрейкъым** ........ 129
**ГубэщIыкI Владимир.** Псалъэ шэрыуэхэр ........ 129
**ШащIэ Алик.** ГупсысэщIэхэр къэзыгъэуш ........ 134

ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ

**КъардэнгъущI Зырамыку итхыжа гушыIэ хъыбархэр** ........ 140
**Апажэ Ахьмэд.** УзыщIэнакIэр къыппокIуэкIыж. Пьесэ цIыкIу ........ 146

ЕЛГЪЭР Кашиф

# АдыгэлIымрэ адыгэшымрэ

*Тхыгъэр хузогъэпс мы хъыбарыр*
*къэзыIуэтэжа* ***ГъукIэлI Батырбэч***



Жьы хъури цIыкIу хъужащ псэлъафэр ауэ сытми къежьагъэнкъым. Жыжьэ щхьэ укIуэрэ – сэ сыкъащтэ. ДыщыцIыкIухэм щыгъуэ ди псэр нэхъ зыхуэпабгъэ дыдэу щытар шыгъажэхэрат. Ар къызыхэкIыр, дауи, мэл бжэн къызэримылъхум хуэдэу, дыкъэзылъхуахэм дазэрещхьыжырт. Ди адэхэм, ди нэхъыжьхэм шыр зыхалъхьэ зэрыщымыIэм, я Iыхьэр ирагъэшхын хуэдизу а псэущхьэ цIэрыIуэр – адыгэшыр фIыуэ зэралъагъум, ар къуэзэратын зэрыщымыIэм дуней псор щыгъуазэт. Пэжщ, сэ а Iуэхум щыгъуазэ сыщы-хъуар куэдкIэ нэхъ иужькIэщ, абы зыгуэр хэсщIыкI сызэрыхъуари адыгэшым ехьэлIауэ ди таурыхъхэмрэ нэхъыжьхэм къаIуэтэжхэмрэкIэт. Ахэм адыгэшыр зрамыгъэщхь, абы ирамыгъэщIэф щыIэтэкъым: бгъэм, пцIащхъуэм хуэдэу ягъэлъатэрт, жэщибл-махуибл гъуэгуанэр тыншу зэпрагъэчырт, аргъейм хуэдэу псышхуэхэм, тенджызхэм зэпрагъэсыкIырт – ахэр адыгэшым и зэфIэкIхэм щыщт; и губзыгъагъым, и гуапагъым теухуауэ къыджаIэхэми гъуни нэзи яIэтэкъым. А псоми щыхьэт техъуэ куэд си нэкIэ слъагъуурт – си адэ къуэш Бышэ сэ зэрысщIэжрэ шыбзыхъуэт. Ар и шыбз гуартэм зэрыбгъэдэтыр зэщхьыр, нобэреибзэкIэ жыпIэмэ, бзэ IэфIрэ гуапагъкIэ Алыхьыр къызыхуэупсауэ сабий садхэм, школхэм щылажьэхэрат. Езым и уанэшыр зэхэгъэж имыщI и бынитхум япищIырт. Ар зыхуей хуимыгъэзауэ щIыхьэжу и щхьэ Iуэху зэрызэрихуэн фIыгъуэ щыIэтэкъым. Абы дытригъэтIысхьэну нэхъыщIэхэр делъэIуамэ (нэхъыжьхэм дзыхь яхуищIу псым яригъашэртэкъым – къагъэжауэ, ягъэпщIэнтIауэ псы ирагъэфэнкIэ шынэрт), ди хьэтыр къилъагъурти, пщIантIэшхуэм хуэмурэ къыщыдигъэкIухьырт, къыфIэбгъэкIмэ, ди куэ-бжэпэм къеуалIэ губгъуэ хъупIэ инми ущ цIыкIукIэ къыщыткIухьми уэим ищIыртэкъым.

Гъатхэпэм Къущхьэхъу дахуну Iэщыр ежьэным и пэ къихуэу махуэ зыщыплIкIэ щаIыгъыр мис а ди гупэ хъупIэшхуэрати, алохь-алыхь, щыдиIутIыжыр абдежхэрат: хъуакIуэу губгъуэм ит шыбз гуартэм дигу пэщыху деплъырт – икIи дыужэгъуртэкъым, икIи абыкIэ зыдгъэнщIыртэкъым, дадэхъуакIуэртэкъым, анэшэмкIэ дадэгуашэртэкъым, армыхъуамэ шыщIэхэм хуэдабзэу, махуэ псом гуартэм къакIэлъыткIухьырт. ИкIи дымэжалIэртэкъым, икIи дешыртэкъым. ЯфIэгуэныхь дыхъуу, шыбзыхъуэхэм я уанэшхэм дытрагъэтIысхьэ закъуэмэ, нэгъуэщI дызыхуей щыIэтэкъым, абы нэхъ фIыгъуэшхуи къэтлъыхъуэнутэкъым. А гуфIэгъуэр щиухыр Iэщыр ежьа нэужьт. ЕтIанэгъэ гъатхэр

къэсыхукIэ шымэ IэфIым дыщызымыгъащIэр, пщIэнтIэпсымэ дахэ къытщызыгъэур Бышэ щыгъынзэблэхъу е лъагъунлъагъу къыщыкIуэжхэрат. ГъэщIэгъуэнракъэ, выхэм едгъэщхьырти, шыгушхэм щIагъуэ дыдэу дыдахьэхыртэкъым – ди нэ къызыхуикIыр, ди псэхэр зезыхуэр губгъуэшхуэхэм хуиту щыджэгу, къыщызэдэжэ хакIуапщIэхэмрэ уанэшхэмрэт.

Мис ахэр ди нэгу щIэкIат, абыхэм дыщIапIыкIати, тIэкIу дыкъэжэпхъа нэужь, гуп-гуп дызэрыгъэхъуурэ, щIалэ цIыкIухэр къуажэм нэс лъэсу дыкъикIырти шыгъэжапIэм дыкъакIуэрт. Абыхэм щыгъуэ шыгъажэхэр нэхъ зытрагъахуэ хабзэр дуней жэнэтымкIэ къытхуэупсауэ ябж, дэри абы шэч къытедмыхьэу ди фIэщ ящIа революцэм и Махуэшхуэхэр щагъэлъапIэрат. Ноябрым и 7-р демонстрацэти, ар къызэрытфIэIуэхуи абы дыхэтыну ди нэ къызэрикIи щыIэтэкъым – къытхуэмыгъэсыр пщэдей екIуэкIыну шыгъажэрат.

Щыбжьыхьэ зэманкIэ, дунейр уэтIпсытIми, къешх-къесу ирихьэлIами, сабийхэр IэпцIупцIу дыхуэпами, дыныбаджэми, – зыкIи дыкъыпхуикIуэтынутэкъым, ди адэ-анэхэм дыкъаутIыпщ закъуэмэ. Ди вакъэхэм псыр къиижми дэри дыпсыфыбзэми – а псори зырикIт, дызыхуэпIащIэ шыгъажэм елъытауэ.

Дэ щIэувапIи, гъущапIи, тIысыпIи къытлъымысми, дешыртэкъым икIи дыпIыщIэртэкъым – къыттешхэри къыттесэри игъэгъущыжырт ди нэгу щIэкI телъыджэм къызэщIигъэплъа лъым къигъэпщтра Iэпкълъэпкъым. КъыфIэбгъэкIмэ, къызэдэжа шыхэм къащхьэщих гъуэзым ехьэехуэрт дэри тщхьэщыт бахъэр. А щытыкIэм уиту дауэт-тIэ щIыIэр зэрызыхэпщIэнур? Дэ фIыуэ тлъагъу шыхэр, – псом хуэмыдэу ди къуажэш, – къатежамэ, уи уэшхми, уи уэсми, ныбэ нэщIыгъэми я ней къытщыхуэт!..

Тлъэгъуа гуфIэгъуэр зэхуэIуэтэжыныр тхуэмыухыурэ дынэсыжа, дызэбгрыкIыжахэ нэужьт дызэрымэжалIэри къыдэуа щIыIэри щызыхэтщIэр, ауэ апхуэдэ щытыкIэм диту закъедгъащIэртэкъым дыдейхэм – етIанэгъэ шыгъажэм дамыгъэкIуэнкIэ дышынэрт. ФIым уи нэр къыхуикIмэ, Iейр зыхуэгъэшэч, жи. Дэри зыхуэдгъэшэчырт...

Мы псор си щхьэм къищхьэрыуэжыныр къызыхэкIар нобэ нэхъыбэрэ ирагъэкIуэкI хъуа, Iэмал зэрызгъуэткIэ, сэри сыздэкIуэрей шыгъажэхэм ящыщ зым щыслъэгъуамрэ щызэхэсхамрэщ. Иджы, Тхьэм и шыкуркIэ, ди сабиигъуэ шыгъажэхэм щытшэча гугъуехьхэр щыIэжкъым: гъущапIэри, жьауапIэри, тIысыпIэхэри гъунэжщ. Абыхэм щыплъагъуркъым сабий мэжалIи, IэпцIупщIу хуэпаи – мэрожнэхэри, псы IэфIри, IэфIыкIэхэри къаIэщIэлъэлъу яIэщIэлъщ. Балигъхэрщи... БазкIэ зиш къытежар и гуфIэгъуэм тохъуэхъухь, къагъэщIэхъуу къагъэнэщхъеями щхьэусыгъуэ иIэщи... Ахэм уаздеплъым уигу къокI: нобэрей шыгъажэхэр нэгузыужьыпIэ ефапIэ-ешхапIэхэм нэхъ ещхьщ. Апхуэдэ шыгъажэ еплъыкIэр зигу темыхуэхэр, тIысыпIэхэри, жьауапIэхэри, гъущапIэхэри къармыдзэу, шыхэр къыщызэдэжэ гъуэгум и бгъум щызэфIэтщ махуэ псом – мис ахэращ шыхэмрэ шыгъажэхэмрэ я пщIэр нэхъ къэзыIэтри. Сэри нэхъ сызыщыщыр ахэращ жысIамэ, пцIыупс сыхъунт. Ауэ а махуэм... НэгузыужьакIуэ къэкIуахэм тIэкIу зэрырагъэлейр: я тутын Iугъуэмэри, я нэжэгужагъри, я баз-зэдауэхэри сигу ирихьыртэкъыми, шыхэр къызэрыжэм нэхъ гъунэгъуу еплъхэм сахохьэ. Пэжщ, ахэри щым цIыкIуу зэхэттэкъым, ауэ зи гугъу ящIыр, щIызэдауэр къызытекIухьахэрат: шыхэрат. СфIэгъэщIэгъуэнт, шыхэр имылъ щIыкIэ, къатежынур къэзыщIэ куэд ахэм зэрахэтыр. Сызыбгъурыхуар мис апхуэдэ къэщIэрейхэм ящыщу къыщIокI. Ауэ ар егъэлеяуи дауэртэкъым. КIий-гуохэми ящыщтэкъым –

Iэдэбт. Сабырт. Шы и пIалъэ зэрищIэр, шы фIыуэ зэрицIыхур фэуэ тетти, абы «къытригъэжхэм» къыщагъэщIэхъур зэзэмызэ дыдэт. Апхуэдэу къэхъуами, зэрыщыуар зыхуихьыр шыратэкъым – е ар къэзыгъажэрат, е апхуэдэ Iуэхухэми хьилагъэ-бзаджагъэ щыхалъхьэ зэрыщыIэрат. Арат езым нэ зрищауэ щыта, ауэ къатемыжа шыр фIэгуэныхь щIэхъури, абы къыщхьэщыжурэ, щIэшхыдэри, уэчыл къалэн щIигъэзащIэри. Шым, зэрыжаIэу, и шыфэлIыфэм, и лIыгъэм, хузэфIэкIыну псом ехьэлIауэ ар зыщымыгъуазэ щымыIэу къысщыхъурти:

– ЗыгуэркIэ сыноупщIынущи, емыкIу сыкъыумыщI, кхъыIэ: уи адэ къуэшри шыхъуэу щыта? – Iуэхушхуэм къытесча лIыр ней-нейуэ къызоплъ – си упщIэкIэ делэм къигъэIэнкунауэ арагъэнщ. И псэлъэгъухэр, я тхьэкIумэр тегъэхуауэ, пщIэ къыхуащIу зэдаIуэ лIы мыцIыхум сызэреупщIам сыхущIогъуэж сэри: уи адэ къуэшыр шыхъуэу щытарэ уэ шы и пIалъэ пщIэмэ, зэдилъхэм къатежынкIэ хъуныр къапщIэу щхьэ думыгъэлъагъурэ? – жаIэу къызэупщIхэмэ, сыт хуэдэ жэуап спахынур? Си мыIуэху зесхуауэ зызобжыжри, лъэныкъуэ зызогъэзыж. Ауэ, жыжьащэ сыIумыкIауэ IуэхуитI зэдызохь: мобыхэм сакIэщIэдэIухьрэ, си тхьэкIумэхэр гупымкIэ, къызэдэжэхэмкIэ си нэхэр щыIэу сыщытщ. ЗгъэщIэгъуэн схуэмыухыр, фочауэ Iэзэм зригъэпщам, – ар иреин, ирецIыкIу, ирежыжьэ, ирегъунэгъу, – зэрытригъэхуэфым ещхьу, мо къэщIэрейр зэрыщымыуэращ. НэгъуэщI зы Iуэхуи гу лъызотэ: ахэр ауэ сытми шыгъажэм еплъ къудейтэкъым – ахъшэ гуэрхэри щызэIэпахырт абдеж. КъызэрыщIэкIымкIэ, ууей-сысейкIэ шыхэр зэпагуэшырт. «Зей» къытежам къихьырт, адрейхэм фIахьырт – хэт нэхъыбэу, хэти нэхъ мащIэу. СызыщIогупсысыжри, си адэ къуэшыр минрэ шыхъуэу щытами, шы и пIалъэ зэрызмыщIэр быдэу къызгуроIуэж. Сэ, сыщыцIыкIум къэсщта хьэлу, шыр фIыуэ слъагъуу сыкъекIуэкI къудейуэ арат, мобыхэм дежкIэ шыгъажэр лэжьыгъэт. ЗэхьэзэхуапIэт. Щхьэж и Iэзагъыр, цыджан Iэгуиплъэм хуэмыдэу, атIэ, Iуэхум хищIыкIыу, къыщигъэлъагъуэ икIи абыкIэ зыгуэр къыщилэжь щIыпIэт. Сэ абыхэм сапэхъунутэкъым, сахэзэгъэнуи къыщIэкIынтэкъыми, сахыхьэртэкъым. Сахыхьащэрэти жысIэу си нэ къикIыщэртэкъым – сэ шыгъажэм сыщIэкIуэр шы къызэджэхэм сеплъын, къытежар сэра нэхъей, абы сыщыгуфIыкIын, къыкIэрыхуар си щхьэм еслъыту, сфIэгуэныхь хъун папщIэт. Ауэ, щхьэ пцIы упсын хуей, шы и пIалъэ зыщIэ мо гупым, псом хуэмыдэу къатежынур, зэрыщыуэшхуэ щымыIэу, къэзыщIэ лIы къуэгъу щхьэпэлъагэм сехъуапсэрт. Ар псэлъэгъу сщIынри си жагъуэтэкъым, арщхьэкIэ мо тхьэгурымагъуэр аргуэру Iуэхум къытесчыну ескуртэкъым.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, мазэ бжыгъэ гуэрхэр блэкIащ. Ди сабиигъуэхэм щыгъуи нэхъ иужь зэманхэми шыгъажэхэр властым щригъэкIуэкIыр хэIэтыкIа Махуэшхуэхэр щагъэлъапIэхэм дежт. Иджы аракъым – дунейм зихъуэжащ: нэхъапэхэм уи унейуэ шыд нэхъыщхьэ урамыгъэIэну щытамэ, иджы, Тхьэм и шыкуркIэ, шы хэплъыхьахэр зиIэхэр гъунэжщ. Си щхьэкIэ сыщогуфIыкI абы, икIи маршынэ ехьэжьахэр зи куэдхэм нэхърэ ахэр си псэм нэхъ и щIасэщ: адыгэшхэм я гъусэу тфIэкIуэда адыгэлIхэми къагъэзэжу е къагъэзэжыну къысщыхъуурэ, абыкIэ си гур согъэфIри, си хъуэпсапIэр Тхьэм къыдигъэхъулIэ...

Ари хэлъщ шыгъажэхэм сыщIэкIуэрейм, шыфI зиIэхэм си гур щIахьэхум. Хэт ищIэрэ, шыкъежэкIым ещхь мы дунеижьым ди насыпыр щытекIуэу, адыгэшхэр цIэрыIуэ зыдэхъуа адыгэлIхэр ди лъахэм къикIэрэхъуэжатэмэ... Гугъэр адэ щIэиныфIщ, жи, сызижагъуэр мыгу-

гъэжащэрэт... Си гугъэр хэзмыхыжурэ сокIуэ адыгэшхэр зи куэд хъуа (ди Тхьэшхуэм солъэIу ахэр нэхъыбэж хъуну!) си лъэпкъэгъухэм, зэрыжаIэу, я шыфэлIыфэр щIэх-щIэхыурэ къыщагъэлъагъуэ шыгъажэхэм. Абыхэм щыслъагъу гухэхъуэрауэ къыщIэкIынт лIыгъэ къысхэзылъхьэу сытезыгъэгушхуэр, атIэми, сэр нэхъырэ мынэхъыжьыну къысщыхъу «си ныбжьэгъу» тхьэгурымагъуэм нэIуасэ зыхуэсщIыну мурад быдэ щысщIым. А Iуэхум тIэкIуи зыхуэзгъэхьэзырат: нэхъапэкIэ емыкIу къызэрысхьар – имыкурэ-имыбгыу, къыгуэслъэфу, уи адэ къуэшри шыхъуэу щытагъэнщ зэрыжысIар – ирищIэсхъумэжи екIужыпщIи хуэдэу, тыгъэ хуэсщIынур сIыгъыу сокIуэ шыгъажэм.

Сэ сщIэ а гупыр зэрызэхэтт. Зэрызэдауэхэт. ЗэрыгуфIэхэт. Зэрынэщхъейхэт. А псори зи Iэужьыр гъуэзыр къызыщхьэщихыу, зи джабэхэм къыхущIалъхьэхэри яхэту къызэдэжэ псэущхьэ дахэхэрат. «Я Алыхь, псори къытегъэж!» – тхьэ солъэIу сигукIэ. Ар зэрыделагъэри, сызэплъым хэсщIыкIышхуэ зэрыщымыIэри занщIэу къызгуроIуэж: зыри яужь къимынэу, псори къызэрытежынур дауэ? ГъащIэр зэрызэхэлъыр сыт хуэдэу? Хэт япэ къалъху. Хэт яужькIэ малIэ... Апхуэдэщ шыгъажэри. Хэт къытож. Хэт яужь къонэ. Абыхэм еплъхэрщи – хэт фIахь. Хэти – къехь. Мес, мо си ныбжьэгъу тхьэгурымагъуэм къиихь зэпытщ. Пэжщ, ар кIийркъым икIи гуокъым. ИкIи зыми едауэркъым. Езыми зыри къедауэркъым. Псоми къагуроIуэ: абы шы и пIалъэ ещIэ... Ауэ щыхъукIэ, абы дэплъеин, ехъуэпсэн хуейуэ аращ. Ар нэхъыфIу зэбгъэцIыхунми емыкIу пылъкъым... Сишхынкъым – сыбгъэдыхьэнщи, нэгъуэщI мыхъуми, жиIэхэм седэIуэнщ. ЦIыхур жыгым гъунэгъуу щIыбгъэдэкIуатэр сэри мыIэрысэ къыспыкIэу зезгъэсэнщ жиIэу аракъым – абы пытхэр зригъэлъагъуу щыгуфIыкIын, гухэхъуэгъуэ зригъэгъуэтын папщIэкIэщ. Сэри аращ сщIэнур...

КъафIэздыгъунIауэ сыпылъ нэхъей, дзыхьмыщIурэ гупым гъунэгъубзэ захузощI. Ари сфIэмащIэу, тIэкIу сыIунщIэ-сыдэмэпкъауэурэ, си мурадым си Iэр тызогъахуэ: лIы мыцIыхум сыбгъэдокIуэтапэ. Ауэ зыкIи сеупщIыркъым – еупщIыпIи щыIэкъым: мобыхэм сэ сакъыфIэIуэхукъым. Я псэри, я нэри, ягури зэтауэ зэплъ шы къызэдэжэхэм ятхьэкъуащи, дзэм хамэ къызэрыхэпшэхъуар щай фIыцIэжьу кърадзэркъым. Къызыхэсхар сымыщIэу, ахэр изогъэщхь зи Iухыжыгъуэ хъуарэ губгъуэр зыгъэдахэу узыхэплъэ гуэдз хьэсэшхуэм: уащхъуэдэмыщхъуэу къыкъуэуа жьыр къащхьэщылъэдамэ, щхьэмыж хьэлъэхэр толъкъун дыщафэу ягъэуфафэу зыщIаупскIэ нэхъей, сызыхыхьа гупри я пIэм изагъэркъым – зэдилъа шыхэм еплъын щIадзэри, абыхэм якIэлъыплъурэ, жьыр здеуэмкIэ зезыгъэщI гуэдз хьэсэшхуэу, я щхьэри япкъхэри ирагъэбгъунлъэкI. Зызыхаш: ин защI. ЦIыхухэм я цIэхэм ещхьу, шыхэм цIэ зырыз фIащащи: «Еуэ, Къэрабэ! Еуэ, еуэ!» – шы къарэр къегъажэ, къытрегъэж зым. Адрейм и пщIэгъуалэ кIыхьым щхьэкIэ «Хужь» – жи. Къэбыфэр – Къэбыхущ. Псэущхьэхэм, дунейм и щытыкIэхэм, Iэщхэм, н. къ. зи шыр езыгъэщхьхэм цIэ хъарзынэхэр фIащащ: Пшэплъ (пцIэгъуэплъ), Къамэ – тхьэкIумэдзасэ, Бажэ – шыгъуэ... Ауэ зыми и шыр уигъэубынукъым – ахэр абыхэм я уэчылщ; къуаншэри къытемыжаракъым – къытезымыгъэжыфа шууейращ... А псоми сэ къыхэсхращ: щхьэж и «шыр» апхуэдизкIэ фIыуэ елъагъури, абы Iей лъэпкъ хужыпIэ хъунукъым, зым укъыщхьэщыжу адрейр хьэм ебгъэхьыну ухуежьамэ, ухущIрагъэгъуэжынщ. Ауэ, дирижер Iэзэм ещхьу, псори зэтезыIыгъэр, зэгурызыгъаIуэр... Бэчщ. Езыр зэзмыгъэцIыхуами, зи адэ къуэшыр шыхъуэу хуэзгъэфэща лIым и цIэр къэсщIакIэщ. КъэпщIэнкъэ, абы и цIэр псоми я псалъитI язу щызэхэпхкIэ? Сэри зэ сытегушхуэным

тIэкIунитIэщ иIэжар: «Бэч, мо зэдилъ гупым зи тхьэкIумитIыр дзасэ... – сызыхэтхэм сагъэделауэ, сэри шы хужьыр жысIэ пэтащ Iэгум ижыным хуэдэ пщIэгъуалэ дахэм щхьэкIэ, – къатежыныфэ изоплъ. Уэ дауэ къыпщыхъурэ?» – жысIэу сеупщIыну. АрщхьэкIэ ескуатэкъым: «Уэри нэ уиIэщ. Уадыгэу зубжыжмэ, шы и пIалъэ пщIэн, къытежынур къэпщIэн хуейщ. Арыншамэ – зэрыгъэкIийхэу, сэхуран зыуIункIыу, ефэ-ешхэу мо жьауапIэм щIэсхэм яхэтIысхьэ», – жиIэу къызэщмэ... Гуэныхь Тхьэм сщимыщI, сщIэртэкъым абы гурбияныфэ щIесплъар – зэрынэщхъыдзэрат е... Сытми, и нэгум гуфIэгъуэ ислъагъуэртэкъым. И дзэлыфэ нэхъ щитIыр, и нэхэр нэхъ къыщицIуукIыр езым и «шыр» къатежу щилъагъум дежт. «ПлъапщIэу» къихь ахъшэр и жыпым щрилъхьэкIэ, и нэр къызытемыкIыу зыкIэлъыплъыр къэзымыгъэщIэхъуа, къэзымыгъапцIэу къыхуэлэжьа шырат. Ауэ сэ нэхъыбэу сызэплъыр езы тхьэгурымагъуэрат – ар зы пIэмрэ зы щытыкIэмрэ икIыртэкъым. Зэрыщыуэ щIагъуэ щымыIэу, къатежынур къызэрищIэм щхьэкIэ зигъэщIэгъуафэ тетуи гу лъыптэртэкъым – зи IэщIагъэм хуэIэзэ фащIэм нахъутэ, уанэ дахэ ищIа щхьэкIэ (абы нэгъуэщIу ищIыфынукъым) зыкъыпхуигъэщIэгъуэн? Апхуэдэт мо къэщIэрейри.

Шыгъажэр иуха, цIыхухэр зэбгрыкIыж щхьэкIэ, абы зыкъигъэхьейртэкъым – зыкIэрыгъэщIа гъущI хъар бжыхьым зэрыбгъэдэтт: къагъэжа шыхэр здашэж лъэныкъуэмкIэ плъэуэ, и нэхэр зытеплъызэр къыпхуэщIэнутэкъым. «Къыдэсымэджахэм» сэлам кърахыжурэ зэрыIукIыжхэр имылъагъу хуэдэт. Сэри сыплъэрт ар здэплъэ лъэныкъуэмкIэ, пфIэгъэщIэгъуэн, удэзыхьэхын лъэпкъ си нэгу къыщIэхуэртэкъым е, гур мыплъэмэ, нэм илъагъуркъым жыхуаIэм срещхьу арат... Плъагъунур сыт? IумпIэ зырызыр яIыгъыу, псоми я ужь иту яшэжа Бажэ бом щIашэжащ. Бэч зэплъыр лIо-тIэ? Ауэрэ зыщхьэрех щхьэрыгъэса щэкI пыIэ цIыкIур. АбыкIэ и нэкIур кърелъэщIэх. ЗытегъэщIауэ щыта бжыхь бжьэпэм щабэу Iэ делъэжри, мобыкIэ зэрыплъэм хуэдэурэ, зречыж. А и щытыкIэ псор плъэгъуауэ, ар дауэт псэлъэгъу зэрумыщIынур? АтIэми, къыхуэсхьа тыгъэр естыжын хуейтэкъэ?

– ЕмыкIу сыкъыумыщI, Бэч... – сытемыгушхуащэурэ зыбгъурызогъахуэ. ГъэфIэгъыбзэу БэчкIэ къызэджэхэм ящыщ уэри узэрыхъурэ куэд щIа жимыIэу:

– Си цIэр Бэчкъым – Аслъэнбэчщ... Ауэ мо си шыхъуэгъухэр...

– Уэри ушыхъуэ?! – си хьэм бажэ къиубыда нэхъей, согуфIэ.

– «Уэри» жыхуэпIэм къибгъэкIыр уэ езыр ушыхъуэу ара?

– Хьэуэ. Си адэ къуэш мыгъуэр... зауэм хэкIуэдащ... Шыхъуэу щытащ... Абы шыхэр зэуэ фIыуэ илъагъути... Я унэр цIыкIути щIэхуэнутэкъым, армыхъумэ, бом щIимыгъэту, езы зэрыбыным я гъусэу щиIыгъынт...

– Шыр апхуэдизу фIыуэ зылъагъуу, ар зи цIыхуфIагъыу щытар зауэм хэкIуэда мыгъуэ-тIэ? – нэщхъейуэ къысхуоплъэкI лIыр.

– Уэли, ара мыгъуэм, Бэч... Аслъэнбэч. Уи жыIауэ, мо уи шыхъуэгъухэр къуэзэроджэу зэхэсхыр аращи... ЕмыкIу сыкъыумыщI... ЦIэфIэщ джанэ къыстебгъахуэми, схуэфащэщ...

– Уэ сыт уи лажьэ? Зэхэпхар аращи... Пэжыр жыпIэмэ, сэ си цIэр Бэчтэкъым икIи Аслъэнбэчтэкъым – къысфIащауэ щытар Заурбэчт...

– НтIэ, а цIэ дахэкIейр, си мыIуэху зесхуэнщи, зумыпэсу... – сыкъыпыгуфIыкI щIыкIэу, сыхуоплъэкI си гъусэм.

– Абы и хъыбарыр кIыхь мыгъуэщ... Уэри емыкIу сыкъыумыщI, сыт уи ныбжь? – къызэрызэупщIам и жэуапыр щестыжым, – абы щыгъуэ зэрыдгъэхь щыIэкъым. КъыфIэбгъэкIмэ, дызыгъэшкIэу жыпIэ хъунущ.

Апхуэдэу щыщыткIэ, Даутокъуэ Заурбэч жаIэу зэрызэхэпхам шэч хэлъу къыщIэкIынкъым...

– Сыт жыпIэр, зиунагъуэрэ?! Зэхэсха къудейкъым – ар ди къуажэгъуу... Пэжщ, езыратэкъым ди къуажэгъур – къэзылъхуахэрат... И адэжьхэрат. Уи фIэщ мыхъумэ... Ди къуажэр зэрагуэшу щыта хьэблэхэм Даутыкъуей жиIэуи яхэтащ...

– Уи фIэщуи?

– Си фIэщыпсу, уэлэхьи!

– ГъэщIэгъуэныр къызжепIаи! Уэ удэнэ къуажэ? А-а, Даутокъуэм ущрикъуажэгъукIэ – гурыIуэгъуэщ... Хэтхэ уарей? – зы бэлыхь гуэр хуэсIуэта нэхъей, дуней гуфIэгъуэр иIэу, къоувыIэ лIыр. Япэ дыдэу зэрыслъагъу лъандэрэ сыкIэлъыплъ пэтми, абы и нэгу зэхэуа зэпытым нур къыщIыхьэу щызэхэкIыр зэдилъа шыхэр нэкIэ щигъэхъум дежт, армыхъу и кIэныр къикIарэ къихьа ахъшэхэр къызэрыратми зэрыщыгуфIыкIышхуэ щыIэу гу лъыптэртэкъым. Мис иджы...

– Даутокъуэ Заурбэч... Зи саулыкъукIэ си цIэр къыщIысфIащауэ щыта Даутокъуэ-Серябряков Заурбэч урикъуажэгъущ жоIэ-тIэ. Тобэ ярэби, тобэ ярэби! Хэт и гугъэнт си анэмкIэ си адэшхуэ Къардэнокъуэ Къалэмбий и ныбжьэгъуфIу щыта... Щыта къудейм къыщымынэу, зытекIуэдэжахэм ящыщ Даутокъуэ Заурбэч и къуажэгъу шыгъажэм сыщыхуэзэну... Си цIэджэгъум ущрикъуажэгъукIэ, абы и хъыбархэм щыщ Iэджи зэхэпхагъэнщ-тIэ уэ? Ар зыцIыхуу щыта гуэрхэми уарихьэлIагъэнкIэ мэхъу...

– Ар зымыцIыху яхэтакъым ди нэхъыжьхэм. Си адэми, си... сыкъэзылъхуа си анэр сиIэжкъым, си анэнэпIэсми абы и хъыбару яIуэтэжу щытар...

– ФIыкIи хьэмэрэ IейкIи? – къоувыIэ си гъусэр. Абы жызигъэIэну нэхъ къищтэр гурыIуэгъуэщи:

– Школым къыщыджаIахэмрэ къулыкъущIэхэм жаIэу зэхэтхыу щытахэмрэ я гугъу умыщIмэ, ди нэхъыжьхэм яхуэмыIуэтэщIыр Заурбэч хэлъа лIыгъэм, хабзэм, бгъэдэлъа акъылым ехьэлIа хъыбархэрат. Бзылъхугъэхэм я нэм нэхъ къыфIэнэу щытауэ си анэнэпIэсым жиIэжхэр зэхьэлIар абы и бжьыфIагърат. И къэфэкIэ дахэрат. Ар зыхэт джэгур зымылъэгъуахэм, абы къыдэфэну зи насыпым къимыхьахэм я махуэ мыгъуэт...

– Тэмэм! Си анэ мыгъуэми жиIэжхэр ардыдэхэрат. Дауэ къыпщыхъурэ? Мы щIыпIэхэми Балъкъ куейм щыпсэухэми я псалъэхэр зэтехуэрт. Ауэ щыхъукIэ, си адэшхуэм и ныбжьэгъуа Даутокъуэ Заурбэч лIыфIу, адыгэлI нэсу зэрыщытам шэч хэлъу къыщIэкIынкъым...

– Iагъ, мылIыфIхэм, къызэрыгуэкI цIыхухэм апхуэдиз хъыбар къадекIуэкIрэ? Хъыбархэм я мызакъуэу, Заурбэч и дуней тетыкIам тхылъышхуэ...

– Чхеидзе Константин ейра жыхуэпIэр? – си псалъэм къыпещэ Бэч. Ари си гуапэ мэхъу: цIыхугъэ зызыхуэсщIа лIыр жьэгу пащхьэ акъылкIэ псэухэм ящыщкъым – Iэджэм хещIыкI. Сыту пIэрэ и IэщIагъэр? ЕгъэджакIуэ е... Фагъуэщ. Дохутыру къыщIэкIынщ. ХэIущIыIущэу щымыт тхылъхэм щыщыгъуазэкIэ, тхыдэм пыщIа гуэру пIэрэ?.. Зыгуэрым сызэрегупсысым, жьэкIэ мыхъуу, гукIэ сызэрыпсалъэм гу лъитагъэнщи:

– ЛIо, шыгъажэм къыщихь ахъшэм къамыгъэбэдзауэ мы лIы гъурыр зы Iуэхуншэ хьэулей гуэру къыщIэкIынщ жыпIэу сызищIысыр къыпхуэмыщIэу ара? Сэ плъагъур илъэс щэ никъуэм нэблагъэкIэ сыдохутыращ...

– Уэлэхьи, а фэр уэсплъатэм!

– Къызуплъами, ущыуакъым. Ауэ сэ сызэрылэжьар шы дохутырущ.

– Араи уэ шыхэм я пIалъэ щIэпщIэр.

– Я пIалъэ пщIэн папщIэ, а псэущхьэ дахэхэр фIыуэ плъагъун хуейщ. ИгъащIэкIэ умышыдохутырми, адыгэу зыщыплъытэжкIэ, шыр фIыуэ зэрумылъагъунур, ар уи щхьэм еплъыту умыпсэуныр зищIысыр къызгурыIуэнкIэ дуней Iэмал иIэкъым... АдыгэлIымрэ адыгэшымрэ зэкIэщIэзычыфын, ажалым фIэкIа, щыIакъым... Щхьэ сыкъэбгъавэ мыгъуэрэ? Адыгэшым теухуауэ зыгуэрхэм хэпщIыкIыу щымытамэ, шыгъажэхэр фIыуэ плъагъуну хъунтэкъым...

– БжесIаи: си адэ къуэшыр шыбзыхъуэти, дызэрысабийрэ шыхэм дахэту, къыфIэбгъэкIмэ, дадэшхэу дыкъекIуэкIырт. АрщхьэкIэ... адыгэлIхэри адыгэшхэри зауэм хэкIуадэри...

– Ахэр гууз дыдэу итхыжащ Алим...

– Упсэу! Абыи ущыгъуазэу къыщIокI! Уи цIэджэгъу Заурбэчи Алими зэкъуажэгъу къудейтэкъым – икIи зэхьэблэгъут! – зэдилъа шы гупым щыщу къытежынур къэзыщIэр имыщIэ гуэркIэ згъэгуфIэн мурад сиIами, мор нэщхъей-нэщхъейуэ и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI, и щхьэр ещI: сощIэ жыхуиIэщ.

Абдежми си Iуэхур къызэрыщимыкIар нэгъуэщI зыгуэркIэ къэсхьэхужын хьисэпкIэ:

– Ар сигу къэкIыжыртэкъыми, цIэфIэщ джанэ къыстехуам и пIэкIэ... Нобэ къэсщэхуа мы тхылъыр, – Тхьэм къысхуигъэгъу: пцIы соупсри, собзыщI тхылъыр унэм къызэрисхар, екIужыпщIэ, зэгъэцIыхупщIэ пэлъытэу къызэрыхуэсхьар. – Мыбы итщ шым теухуа хъыбар гъуэзэджэ. Пэжщ, ар гуузу еухыж. Уеджэмэ, плъагъунщ, – жысIэу IэщIэслъхьа тхылъыр сIех. ФIыщIэ къысхуещI. Напэхэр къызэригъэдзэкIыурэ, куэдрэ пымылъу, къегъуэт Толстой и «Холстомер» рассказыр.

– ЦIэфIэщ джанэу хъуам ефIэкIын тыгъэкIэ укъысхуэупсащ, – жи. Ауэ абы къеджауэ зыкъызигъащIэркъым. Сэ ари зыхуэсхьар си ныбжьэгъущIэм дуней и пIалъэ, цIыху хэтыкIэ зэрищIэращ. Армыхъумэ зы хабзэншэ гуэру, къыгуэудагъэжьу щытамэ, зыбгъэщIагъуэрэ сэ сымыщIэ къэзбгъэщIэн мурадкIэ тыгъэ къысхуэпщIа мы рассказым сыкъыщеджам улIамэ, уащыгъупщэжакIэт, жиIэу къэощынкIэ къызэфIэнэнтэкъым. Ауэ мобы...

– Дыпсалъэурэ игъущIыкIа ди Iур къэдгъэщIытэжынщ. Си цIэфIэщ джанэ щIэрыпсри жыыщIын хуейщ, – жери тхылъым еплъурэ, шхапIэ цIыкIу гуэр сыщIешэ.

Ауэрэ дыздэщысым, нэщхъеягъуэр нэхъ ебэкIыу, абы сызригъэдэIуа хъыбарыр нэхъыбэу зыхуэхьар адыгэлIымрэ адыгэшымрэ къуэпс быдэрэ псэ къабзэкIэ зэпыщIауэ игъащIэ лъандэрэ къызэрекIуэкIрат. ИпэжыпIэр жыпIэмэ, аращ сэ абы къыхэсхар. Сыщыуэ хъурэ, Бэч-Аслъэнбэч зытригъэщIэну хуеям си акъылыр тэмэм дыдэу хуэмыкIуамэ, къуаншэу сыкъызэрыщIэкIар гуажэ имыщIыну солъэIу цIэфIэщ джанэ пэлъытэу Лев Николаевич Толстой и тхылъышхуэр тыгъэ зыхуэсщIа... Заурбэч. Мыбдеж япэ зыкъыщизгъэщынщи, и адэшхуэ Къардэнокъуэ Къалэмбийрэ абы Псатхьэ зыфIищауэ щыта и пцIэгъуэплъ телъыджэмрэ я хъыбарыр къыжысIэжыным щIэзмыдзэ щIыкIэ, езы Заурбэч Аслъэнбэч щIэхъуам тIэкIу щыгъуазэ фысщIынт.

ЗыщIапхъэхэм ящIэ Даутокъуэ Заурбэч и дуней тетыкIари абы и гъащIэр зэриуха щIыкIэри. Ауэ мащIэ дыдэщ щыгъуазэр, къыфIэбгъэкIмэ, Заурбэчрэ Къардэнокъуэ Къалэмбийрэ я зэхущытыкIар зыхуэдэр

зыщIэж щыIэжыххэу узиIэ. А Iуэху еплъыкIэм тетщ мы хъыбарыр къысхуэзыIуэтэжа езы ГъукIэкъуэ Заурбэчу Аслъэнбэч хъуари.

Зэкъуэш псори зы анэ къилъхуркъым жыхуаIэу, фIыуэ зэрылъагъу, зэрылъытэ адыгэлIитIу къызэдэгъуэгурыкIуэ Заурбэчрэ Къалэмбийрэ яку зэхуилъ ныбжьэгъугъэм и къуэпсым кIыхьу икIи быдэу зидзын папщIэт зи цIэр жаIамэ, жылэр зыхуэтэджым хуэдэ Къардэнокъуэ Къалэмбий мурад щIищIар къуэрылъхуу е пхъурылъхуу щIалэ цIыкIу къыхуалъхумэ, и ныбжьэгъу пэжым и цIэр фIищыну. Ауэ апхуэдэпщIэ зылъысыну Алыхьым иухар ГъукIэкъуэхэ я къуэ я пхъурылъху цIыкIурати...

– Пэжщ, ди адэшхуэм пасэу къысхуигъэфэща а цIэр къыщысфIащам езы мыгъуэр псэуж тэкъым. АрщхьэкIэ Дадэ мыгъуэм и хъуэпсапIэу щыта къуэрылъхухэмрэ пхъурылъхухэмрэ ящыщу къатежар, псом япэ иту дунейм къытехьар сэрати, ди Нанэ мыгъуэм еукъуэдийри, имыIэж щхьэгъусэм и уэсятым хуэпэжрэ абы и фэеплъ щIыкIэу, Заурбэч къысфIрегъэщ. Зэрызэхэсхыжу щытахэмкIэ, сыт ямыщIэмэ, Нанэ мыгъуэр яхутекIатэкъым и мурадым: «Езы тхьэмыщкIэр зытекIуэдахэм ящыщт Заурбэч и ныбжьэгъуу зэрыщытар зэримыбзыщIари. Ди пхъурылъху цIыкIум цIэр фIэзыщыр сэращи, къызащIэну дыдэр къызрыращIэ. Илъэсищрэ мазитхурэ махуэ пщыкIущкIэ сыкъызыкIэрыхуа Езы тхьэмыщкIэм сылъэщIагъэхьэжын нэмыщI, сыт къызащIэн?» – жиIэу яфIиукъуэдияуэ, зыкIи щыпэмылъэщхэм, нэхъыщIэхэм къахуэнэжрати, арэзы мэхъухэри...

АрщхьэкIэ, блэ зэуар аркъэным щощтэ, жи. Унэм ЗаурбэчкIэ къыщызэджэурэ сыкъэжэпхъыу, си школ щIэтIысхьэгъуэр къыщысым... АтIэми, ди Дадэ мыгъуэмрэ Даутокъуэмрэ зэрызэхущытар зыщIэжхэр, зылъэгъуахэр щыIэти... Шынагъэр хьэкIэзэпхым хуэдэщ: зыкIэрыгъэхужыгъуейщ. Ди адэшхуэ мыгъуэр яукIа нэужь, зи кIэм щыщтэжу къэна дыдейхэм дзыхь ящIатэкъым сыкъыщалъхуа махуэм щыхьэт техъуэ тхылъыр къыIахын хуей щыхъуам си цIэр Заурбэчу ирагъэтхыну. Арати...

– Аслъэнбэч ухъуащ, – щыжысIэм, нэщхъей-нэщхъейуэ, и щхьэр ещI.

Сэ нэгъуэщI къысхуэнэжыртэкъыми, – Аслъэнбэчри цIэ дахэкIейщ, – жызоIэ. АрщхьэкIэ мор псалъэ дыгъэлкIэ зигу фIы ящIурэ ягъэщхьэукъуэхэм ящыщтэкъыми:

– Си адэшхуэмрэ си анэшхуэмрэ я емыкIурэ гуэныхьу къесхьэкIхэрщэ?.. Ахэр хьэдрыхэ здэзмыхьын щхьэкIэ, си жьыщхьэ урыс Iуэху сщIынти, си цIэр зэрезгъэхъуэкIыжынт. Ауэ... соукIытэ. ЦIыхум сытыфэ къызаплъын? ЩыщIалэхэм щыгъуэ шынэурэ мылым темыхьэфу, псым зэпрымыкIыфу щытар, дунейр къэтIэтIэжати, и жьыщхьэ лIыхъужь хъужащи, лъэмыжым телъэдэнурэ псым зэпрыжынущ, къысхужаIэу... ИтIанэ... абыкIэ къыпхуэгъэпцIэжын зи пащхьэ сихьэжынухэри? Аращи, гурыфIыгъуэу къытхуэнэжыр зыщ: псори зыгъэгъу Алыхьми дунейм ехыжа ди нэхъыжьыфIхэми къысхуагъэгъунщ... Аращ щхьэхуимытыгъэкIэ злэжьам щхьэкIэ... Сэ злэжьа мыгъуэт ар? Гуэныхьри емыкIури сэ къызощтэ. Я пащхьэм сихьэжмэ, Дадэ мыгъуэми Нанэ мыгъуэми сэ сафIэкIыжынщ, жери ди анэ мыгъуэм... Псори мыгъуэ хъуащ. Абыхэм семыгупсысын, зытезгъэун папщIэщ нэхъыбэу шыгъажэхэм къэкIуэрей сыщIэхъуауэ щытар. Пэжщ, аркъудейкъым – Iэщ дохутыру сыщыщытакIэ, шыхэм сахуэгумыгъуэщ. А псэущхьэ дахэр зыхэслъхьэ щыIэкъым. КъимыдэкIэ... ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ, жи. Ди адэшхуэ мыгъуэм и лъым щыщ Iыхьэ щысхэткIэ, сэри, сызэрысабийрэ, шыкIэмрэ шыщхьэмрэ зэзгъэкIэсу, мы дуней псор аитIум я кум дэту слъагъу къысфIэщIу сыкъокIуэкI...

– Абы и лъэныкъуэкIэ уэрэ сэрэ дызэщхьу къыщIэкIынщ...

– Уи адэшхуэми шы заводхэр иIэу щыта? – гупсысэ жыжьэхэм къыхопсэлъыкI мор.

Абдеж сыкъоIэнкун: ар сыт упщIэкIэ? Езым и адэшхуэм шы завод... заводхэр иIа нэхъей... ЗыкъысхуигъэщIагъуэрэ? Хьэмэрэ шыпсэ нэпцIхэм сыщIигъэдэIуну ара? АпхуэдэхэмкIэ къагъапцIэхэм сащыщ и гугъэмэ – щоуэ. Щхьэщытхъуфи тет хуэдэкъым. Ауэ шы завод...

– Си анэ мыгъуэм зэрыжиIэжу щытамкIэ, и адэ Бий бзэрэ тхылъри ищIэрт. НэхъыфI дыдэу слъагъу тхылъхэм ящыщ тыгъэ къызэрысхуэпщIамкIэ Тхьэразэ къыпхухъу. Си адэшхуэ Къалэмбий щаубыда жэщым я унэр цырыцу къащри, я нэ къыфIэнэн къыщIанатэкъым, жаIэжырт. Толстой... Лев Николаевич и мис мы... – еста къудей тхылъым и напэкIуэцIхэр къызэтридзурэ, – Холстомер шы къуэлэнырауэ къыщIэкIынт тхылъыр щIигъэукъуеяр. Фэ зэрытемытыжрагъэнт унэр зыхъунщIахэм ар щIызэрамыпэсари... Тхьэм и шыкурт зэрызэрамыпэсари... КъэзгъэщIэрэщIэжауэ, дадэ мыгъуэм и фэеплъу, нобэми ди унагъуэм илъщ. Иджы ар, фэеплъ лъапIэу, унэм щIэзгъэлъынщ. Шы сигу къихьэху къэскIэ, Холстомер «сышэсурэ», жылэм зэращIу, япэкIэ сымыжэу, ипхэкIэ сикIуэтыжмэ, зэман блэкIахэм сыхэлъэдэжурэ, гупсысэ жыжьэхэр къызэзгъэдзэкIыжынщ, – жиIэу, шым гуапэу телъэщIыхь нэхъей, тхылъымпIэ напэхэр щабэу къызэтредз. – Шыхэри дэ къыдэщхьщ: щыдищIалэгъуэм дунейр ди тIэупкIэгъуэщ. Къу тетамэ, щIыр и пIэм тхуичынкIэ дыкъигъэгугъэурэ, жьы дохъури... ЖьэрэIурафэ къызуплъу емыкIу сыкъыумыщI, Iэщ зысэкIхэм я сэхэр къыдэмыIусэми, мис мы Холстомер тхьэмыщкIэм и махуэр къытхуокIуэри. Алохь–алыхь, сыту тхакIуэшхуэу щыта мыр! ЦIыхум и психологием и мызакъуэу, зи бзэ мыпсалъэхэм я гущыщIэхэри мыбы ещхьу къэзыIуэтэфа тхакIуэ си щхьэкIэ срихьэлIакъым, – жери тхылъыр къеIэт. И нэр теплъызэу зэпеплъыхь. Ари фIэмащIэу, – мис мыпхуэдэу укъалъхун хуейт, Холстомер батэр зыгъэшрэ шыбзхэм яхузэрымыгъэгъуэт хакIуэ ахъырзэману щыщытари, ясэкIыу шыхъужь къызэрыгуэкIыу къэнэжа нэужь, абы и фэм дэкIамрэ и гущыщIэхэмрэ, тхакIуэм и псалъэкIэ мыхъуу, зи бзэ мыпсалъэ псэущхьэ тхьэмыщкIэм и бзэкIэ апхуэдизу гущIыхьэу къебгъэIуэтэжын папщIэ... Дауэ иджы ар зэрыбжесIэнур?..

– Е у-Толстоин, е у-Холстомерын хуейт...

– Упсэу! Хуэбгъэзащ!.. Ар сигу къэкIыжыртэкъыми, Лев Николаевич ехьэлIауэ, пщIэжыркъэ, зиунагъуэрэ, Иван Сергеевич Тургеневым жиIэгъар?

– Сыту пIэрэт? – шым дыщытепсэлъыхькIэ, гурыIуэгъуэт мор зыщIэупщIэнкIэ хъунур. Ауэ уэ умыщIэмкIэ е пщыгъупщэжагъэнымкIэ къыбдэгуэшэн мурад зыщIам и гукъыдэжыр щхьэ Iэпыбудын хуей? Си псэлъэгъур зыщIэупщIэм сыщымыгъуазэу фэ зытызогъауэ.

– Ар зы псалъэ-псалъитIкIэ къыпхуэIуэтэжынукъым. Ауэ урыс тхакIуэшхуэр шыхъу увыIа тхьэмыщкIэ гуэрым зэрыхуэгуапэм, зэрепсалъэм кIэлъыплъу щыт Тургеневым илъагъумрэ зэхихымрэ зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу: «Лев Николаевич, уэ, дауи, зэгуэрым шыуэ ущытагъэнщ...» – жи.

Пэж дыдэу, шыуэ ущымытамэ, мы шыхъу къуэлэн тхьэмыщкIэм и щхьэм кърикIуахэмрэ абы и псэущхьэгъухэм яхуиIуэтэжхэмрэ зыхуэтхыжын щыIэу си фIэщ пхуэщIынкъым... Арат шыхэр зи псэм хэлъым хуэдэу фIыуэ зылъагъу ди адэшхуэ Бий мыгъуэми мы тхылъыр... кгбышникхэм Iумпэм ящIу къамыщтарэт жыхуэсIэр, щIигъэукъуеяр, сэри ар Iэпэгъуу

щIызиIар. А лъагъуныгъэр зэрымыужьыхыжращ си жьыщхьи шыгъажэхэм сыкъыщIэкIуэр. Шыр... шыр... сэ ар зэзгъэщхьыр япэ дыдэ уи псэр зытхьэкъуауэ щытауэ упсэуху къыбдэгъуэгурыкIуэ бзылъхугъэ дахэращ...

– А зэгъэпщэныгъэм ущынэсакIэ, зыгуэркIэ сыноупщIынут: бзылъхугъэм пщIэшхуэ хуэзыщI, шыри зыпащI щымыIэ ди адыгэхэм уи фызрэ уишрэ уи дзыхь иумыгъэз щхьэ жаIэу пIэрэ?

– Ар зи псэлъафэр адыгэхэм я закъуэкъым... Абы ехьэлIауэ мы ныбжьэгъу Толстой жиIар пщIэжыркъэ? – къыпыгуфIыкI щIыкIэу, къызоплъ Заурбэч. Си щхьэр сощI: сщIэркъым. Пэж дыдэу, е срихьэлIатэкъым, е сщыгъупщэжат апхуэдэ гуэр Толстой жиIауэ.

– Абы емыкIу пылъкъым. АтIэми, ар Лев Николаевич зэрыжиIэр нэгъуэщI зыгуэр хуэдэу къысщохъуж: уи шым губгъуэм, уи фызым унэм дзыхь щахуумыщI...

– Тобэ ярэби! Езы урысхэми зэрапсэлъафэу, игъащIэкIи псэу, упсэухукIи еджэ, жи. Хэт и гугъэнт, адыгэ псалъэжьу фIэкI сымыщIэр нэгъуэщI лъэпкъ гуэрхэми къадекIуэкIыу... Къызгурымыхуэр уи фызрэ уишрэ дзыхь ебгъэз щIэмыхъунрати... СымыщIэм къысхущIызыгъу жыхуаIэу сыхъуащ... Лев Николаевичи абыкIэ жиIэну зыхуеяр сыту пIэрэт?

– Дауи, абыкIэ зэупщIыпхъэр... – Бэч и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. – А псэлъафэр зи лIыхъужьым Iурызылъхьа тхакIуэшхуэрат. Шыхэри бзылъхугъэхэри фIыуэ ицIыхуу къыщIэкIынт а псалъэхэр гупым къахэзыдзэу и гъуэгу теувэжауэ Толстой дигъэлъагъу дадэм. Сыщыуэмэ, Тхьэм гуэныхь сщимыщI, а псалъэхэр къызытехъеикIамкIэ хуэбгъэфащэмэ, уи шым губгъуэм, уи фызым унэм къыщыпкIэщIащIыхьынкIэ хъунур къэщIэгъуейщ... Уахуэмыбэлэрыгъыу ткIийуэ якIэлъыплъ жиIэу арагъэнщ... ПцIым сыткIэ дыхуей, а псэлъафэм къикIыр зэхэгъэкIыным сэри зэи сегупсысакъым. Ар къызыхэкIагъэнур, емыкIу сыкъыумыщI, аитIум си дзыхь щIезмыгъэзын щхьэусыгъуэ зэи къысхуихуакъым...

Си щхьэкIэ шыуэ сыкъалъхуами, зытезгъэгусэну къыщIэкIынтэкъым... Пэжщ, Толстой и шыхъу къуэлэн насыпыншэм хуэмыдэу, си адэшхуэ Бий мыгъуэр зытекIуэдэжа Пшэплъ ещхьу... Iэгум ижыным ярейуэ, зи тхьэкIумэхэр дзасэ, зи лъакъуиплIри къамиплIу жанрэ нуру зэщIэлыдэ пцIэгъуэплъ псыгъуэ кIыхьым Пшэплъ щIыфIащар нэхущ пшэплъу зэщIэмылыдэу зы IэпапIэ, зы цыпэ зэрыкIэрумылъагъуэрат. Ди анэ мыгъуэм зэрыжиIэжу щытамкIэ, щIалэ цIыкIухэр щыгъэтауэ, хъыджэбз цIыкIухэри абы зэуэ итхьэкъуртэ, гуащэ хьэпшыпу щыIэу хъуар къахуэпщэху нэхърэ нэхъ къащтэнт Пшэплъ и цыпэ лыдхэм, дыщафэу зэщIэпщIыпщIэ и соку дахэм хэпщIэпщIыхьу напIэдэхьеигъуэкIэ абы дэджэгуныр. Езы Пшэплъщи... – жиIэжырт ди анэм, – ар Iэщу пщIэнтэкъым – ТхьэIухуд нэзакъуэу Тхьэм къигъэщIа псыхъуэгуащэм цIыху бзаджэхэм я нэ Iеймрэ я гыбзэмрэ къытехуэу зи бзэ мыпсалъэ, ауэ зи псэ IэфIагъыр къызыхуэна псэущхьэ телъыджэу фIэкIа. И угъурлагъымрэ и дахагъымрэ папщIэ, Тхьэм и нэфI къыщыхуэу цIыху сэфэтым ит псыхъуэгуащэу къызэридзэкIыжынкIэ дышынэрти, ди Пшэплъ шыуэ фIэкIа, псэ зыIут нэгъуэщI псэущхьэу тлъагъуну дызэрыхуэмеймкIэ тхьэ делъэIурт. Алыхьым фIыуэ дыкъилъагъурти, ди тхьэлъэIур къытхуищIэрт: лей лъэпкъ зыкIэрымылъ къупщхьэ гуащэ зыкъизыхыу дахэ, зи плъэкIэкIи зи хьэл-щэнкIи анэ гумыгъуэ-гумащIэм ещхьу къытхущыт... шы жысIэнути, абы шыкIэ уеджэ хъунутэкъым, нтIэ... Дадэ мыгъуэм и ныбжьэгъу пэжым сабийхэри апхуэдизкIэ фIыуэ дыкъилъагъурти, щыдэкIкIэ... хьэуэ – щы-

щыртэкъым, атIэ макъкIэ къытщыгуфIыкIыу, и кIэр... аргуэру сыщоуэ – дыщэпсыр уэру къызыпылыдыкI и Iэхъуамбэ кIырхэр къытхуигъэджэгурт... Дадэ мыгъуэм Пшэплъ и кIэр зэи зэридзэртэкъым: «Шыбзхэм я деж щыцIэрыIуэ, ахэр зытелIэу къызыхукъуэплъ си Пшэплъ хакIуэ дахэкIейм и кIэр зэрыздзэу, зи щхьэцыр ухуэна бзылъхугъафэ къытезгъэуэнукъым. ЛIыр лIыуэ, игури и щхьэри утIыпщауэ дунейм тетын хуейщ», – и псалъитI язт.

Сэ сщIэж къудей ди Нанэ зэрыжиIэжу щытамкIэ, езы Дадэ мыгъуэр апхуэдэт: напэм фIэкIа зыщышынэрэ къыщIикIуэтынрэ щыIэтэкъыми, ныбжьэгъу пэжу ибж и Пшэплъи езым ещхьу игъэсат. Арат абы шы фIыуэ зылъагъу адыгэлIхэри шыбзхэри къыщIехъуапсэр.

Зей зыфIэIеиж щыIэ? Ауэ си адэшхуагъкIэ жысIэнкъыми, Къардэнокъуэ Къалэмбий лIы цIэрыIуэу щымытамэ, абы Даутокъуэ Заурбэчи, иужькIэ езы дыдэ Къалмыкъ БетIали къагъэныбжьэгъуну, къыкIэлъыкIуэкъыкIэлъыжэхэу къыбгъэдэтынхэу къыщIэкIынтэкъым. Къыбгъэдэтахэмэ, ягъэтхъа? Я кIэм икIуэдэжащ.

Абыхэм нобэ уриуэркъыжыну, урисондэджэрыну мыщIагъуэми, уейуей жезыгъэIэ Къардэнокъуэ Къалэмбий лIым ялейуэ, цIыху хэтыкIи псэукIи зыщIэ адыгэлIу къэгъуэгурыкIуэрти, зытеджалэр и былымт. Ар зы хуэмыху гуэру щытамэ, мылъкууи лъапсэуи иIар революцэмрэ граждан зауэмрэ хэкIуэда пэтми, НЭП-м и фIыгъэкIэ и Iэ-и лъэр хуит щыхъужым, аргуэру псынщIэу зыкъыхуэужьыжу къызэфIэувэжыфынтэкъым. Ди анэ мыгъуэм къызэрытхуиIуэтэжу щытамкIэ, и адэ Бий лIыгъэшхуэрэ зэфIэгъэкIышхуэрэ иIащ. Арыншамэ, властыщIэм джафэу иухъуэнщIа лIым асыхьэту зыкъиужьыжу шы заводхэр къыщызэригъэпэщыжыфынтэкъым Балъкъ куейми, Псыхуаби, Армавири...

– А иужьрейм адыгэхэр зэреджэу щытар пщIэжрэ? – пыIэхуабафэ зрезмыгъэплъын хьисэпкIэ, лIым и псалъэр Iэпызоуд. Жэуап къызимыту, къызэплъырти: – Бжьэдыгъукъалэщ! – жызоIэ.

– Упсэу! СымыщIэ къэзбгъэщIащ, – жи. – Дэ дыжьэгу пащхьэ акъылу, Iэщым дыхэту дыкъэхъуащи... НтIэ, мис а уи Бжьэдыгъукъалэми шы завод бэлыхь щиIащ си анэш дадэм. Шы лъэпкъыфIрэ шы бжыгъэкIэ, Лафыщхэрэ Тэнащхэрэ я гугъу умыщIмэ, абы къылъэщIыхьэн, Къэбэрдейр щыгъэтауэ, Къэрэшейми ди хъуреягъ псоми щыгъуэтыгъуейт.

– Апхуэдизыш зыгъэхъум ахьей уанэшыфI иIэн-тIэ! КъыфIэбгъэкIмэ, дыгъуасэ зытесам нобэ темытIысхьэжу, махуэ къэс хузэхъуэкIынут абы и уанэшхэр, – щыжысIэм:

– Хьэуэ. Апхуэдэ хьэл хэлъакъым абы. «Хъыджэбз дахэр куэдщ жыпIэу, махуэ къэс фыз пхъуэж хъунукъым. Ар лIы хьэлкъым. Уи уанэшми узэрыхущытын хуейр апхуэдэущ», – жиIэу щытауэ жаIэжырт. И псалъэми тебгъуэтэжырти, абы Пшэплъ зэрыпхуихъуэжын щымыIэу екIуэкIыурэ...

Революцэмрэ граждан зауэмрэ яшхыу щIэтIысыкIа къэрал факъырэр гуащIэрыпсэухэм къызэфIагъэувэжу я пщIэнтIэпскIэ зэкIэрашхэжа нэужь, Лениным и жэрдэмкIэ зэтраубла НЭП-м и къалэныр игъэзэщIауэ, адэкIэ хэбгъэкIасэмэ, мэкъумэшыщIэхэмрэ рабочэхэмрэ я зэкъуэтыныгъэр лъэщыIуэ хъууэ абыхэм уапэмылъэщыжынкIэ, етIуанэ Октябрь революцэм хуэкIуэжын хуей хъункIэ шына бэлъшэвичхэм ящIэр лIо? ЩэщI гъэхэм я кIэм деж НЭП-м кIэ иратри... АдэкIэ къэхъуа тхьэмыщкIагъэшхуэхэм уащIытепсэлъыхьын щыIэкъым – абы псори щыгъуазэщ. Зыри зыбгъэдэмылъа упщIэбгырыпххэм къищынэмыщIа, властыщIэ Iэужьым хэмыунэхъуарэ хэмыгуIарэ къэнауэ къыщIэкIынтэкъым. Дэтхэнэ зыми езым

къефыкIым нэхъ уз хьэлъэ щымыIэу къызэрыщыхъум темыщIыхьауэ жысIэнщи, къэхъуа Iуэхухэм хилъэфэпар си анэшхэрат. Зи гугъу сщIыр яфIэкIуэда мылъкухэракъым. ЗэрыжаIэу, ахэр уэсэпсти, дыгъэпсым хэкIуэдэжауэ арат. Гъеин хуейр шы заводхэратэкъым – властыщIэм шы лъабжьэкIэ ихьыжахэрат... – Заурбэч и псалъэр зэпегъэу. Сэри сыщымыбзэщ. Апхуэдэу куэдрэ ущысыныр къыхуемыгъэкIуауэ арагъэнщ:

– Мыбы и цIэджэгъу сысейр жьы хъуати, – ар зэ къызжиIагъэжьми, – тхылъыфI тыгъэ къысхуэпщIащ. Сызэрынэсыж нэхъ пIалъэ имыIэу, аргуэру щIэзджыкIыжу щIэздзэнщ шыхъу къуэлэн тхьэмыщкIэм теухуа хъыбар нэщхъеягъуэр... Уэ узэреплъыр сщIэркъым, ауэ зи псэ къуэпсыр зэтауэ игъащIэм къызэдэгъуэгурыкIуэ адыгэлIымрэ адыгэшымрэ зэбгъэдэпхыж мыхъуну къалъхуа зэтIолъхуэныкъуэхэм ещхь къысфIощI... Е адыгэ Iуэху еплъыкIэу жыпIэмэ, ар нэхъ зыхуэкIуэр зы къамэр тIууэ зэгуэпхыну хуежьи, абы кърикIуэнур зыхуэдэм еплъыт. АдыгэлIымрэ адыгэшымрэ зэкIэрыпчынри зэзгъэщхьыр... си зэгъэпщэныгъэр мыгурыхьми, жысIэпэнщи, сиамскэ зэтIолъхуэныкъуэхэр зэгуэбгъэжыну ухуежьэныращ. Апхуэдэ гуэрхэр Iэщми къыщалъху щыIэу срихьэлIэу щытащ. Ауэ, зэтрагъэжурэ щхьэфIэпхыкI цIыкIу зыщыплI къызыхагъэкI гулмэдынышхуэ щымыхъуакIэ, зи псэкIи зипкъкIи зэгуэпхауэ Алыхьым къигъэщIхэр зэгуэбгъэщхьэхукIыныр щхьэгъэпцIэжщ... Иджыри къытезгъэзэжынщи, адыгэлIымрэ адыгэшымри я дунейкIэ, къыфIэбгъэкIмэ, я ахърэткIи зэпхат. Сэ шэс сихьэжыркъым псори абыкIэ зэщхьу щытауэ. Ауэ, шэч лъэпкъ къытезмыхьэу, тхьэ пхуэсIуэфынущ си адэшхуэ Къардэнокъуэ Къалэмбийрэ абы и Пшэплърэ апхуэдэу зэрызэбгъэдэтамкIэ. АбыкIэ си тегъэщIапIэри зи бын игъащIэкIэ къэзымыгъэпцIэн анэращ. Езым и псалъэр фIэмащIэу, си анэм сызригъэдаIуэхэм щыхьэт трищIэ зэпытт и анэ мыгъуэм... си анэшхуэм къыжриIэжу щытахэри. И адэ Бийрэ абы иш Пшэплърэ ди Амэ, – си анэращ жыхуэсIэр, – зригъэщхьыр Дыгъэмрэ абы и IэрыщI Пшэплъымрэт. Дыгъэр, дауи, и адэрат. Пшэплъыр, гурыIуэгъуэщ, и пцIэгъуэплъ кIыхь дахэрат. АитIум я гугъу щищIкIэ, Амэ ахэр зэи зэбгъэдихыртэкъым. Уэ зэхэбгъэщхьэхукIыуи къыпхуидэнутэкъым.

Ди адэшхуэ мыгъуэм екIэ я ужь къита бзаджэнаджэхэм ящыщ гуэрым и кIуэдыкIэ хъужам, ар Пшэплъ зэрыIэщIэкIуэдэжауэ щытам и хъыбар гуауэ хуэмыухым дыздедаIуэм, зэгуэрым къызжьэдоху:

– Уэху-ху! Хейм илъ хамэм ищIэжащ...

– А делэ цIыкIу, жыпIэр сыт?! Ди Пшэплъ хамэт сытми? Апхуэдэу жыпIэу езы Бий мыгъуэм ищIамэ, и хьэдэм зигъэзэнти... Хамэм, жи! АитIур гурэ псэкIэ зэбгъэдэт зэныбжьэгъу пэжти... Апхуэдэу щымытахэмэ, зым и псэр адрейм щхьэкIэ итын пфIэщIрэт? АитIум... си адэшхуэ мыгъуэмрэ Пшэплърэ яку дэлъа лъагъуныгъэр зэриухам теухуа хъыбар гуауэр нэпсрэ лъыпскIэ зэхэгъэжыхьауэ си гущхьэм абрэмывэу телъщи, сытIысами сытэджами, хьыI жысIэу си дзэлыфэ сэзымыгъэтIыр аракъэ? А гуауэр хьэдрыхи здэсхьынурэ, Бий мыгъуэмрэ Пшэплъ мыгъуэмрэ я жэнэтыбжэм сыIухьэжынущи, а пIалъэр къыщысыным сыхуэпIащIэу си дуней гъащIэр сохьри...

– Амэ, зо! ЖыпIэр сыт?! – иужьрей тхьэусыхафэхэр сызыхуэмейти, ди анэм и псалъэхэр абдеж щызэпызудырт: – Бий мыгъуэр жэнэтым кIуами, шыхэр... Iэщхэри жэнэтым ягъакIуэрэ?

– А уанэ махуэр тезылъхьэн цIыкIу, Пшэплъ Iэщу къыбжезыIар хэт?! Ар... ар Бий мыгъуэм и ныбжьэгъу пэжт... жысIэурэ дапщэрэ бжесIа? Iэщ, жи! Iэщкъым ар! И бзэ псалъэртэкъым, армыхъумэ, цIыху угъурлым, хьэ-

рэмыгъэншэм хуэдэт. Зейм гу къабзэрэ псэ дахэкIэ бгъэдэтт. Япэ къэсыр зригъэкIуэлIэнутэкъым. Ибг иригъэтIысхьэнутэкъым. ЗызыгъэлI, зызыгъэшууей бэлыхь куэдым зрапщытат Пшэплъ шэсынхэу. Ауэ, уи адэшхуэм къищынэмыщIа, ар къызэхъулIа щыIауэ слъэгъуакъым, зылъэгъуа щыIауи срихьэлIакъым. Ерыщыр щыту малIэ, жи. Пшэплъ мышэсыныр и махуэ мыгъуэу зы инат къыдэкIат ди жылэми, абы и дунейр зэриухам хуэдэм сэ жагъуэу слъагъури Тхьэм щихъумэ, – жиIэрти, Амэ езым ищIэжми и анэ мыгъуэм жиIэжу зэхихами кърigъэгъыхыурэ дыщIигъэдэIужырт...

АдыгэлIым и нэпс гъэпщкIукIэ щэхум, и гуауэм къигъэдзыхэми, ар, и фэкIэ къиIуатэ мыхъумэ, и гум зэрыдигъэхуэфым щыгъуазэ Заурбэч сызыщIигъэдэIуахэр нэщхъеягъуэ зэфэзэщми, Дыгъэмрэ Пшэплъымрэ зэрызэIэпэгъум, аитIум я IэрыщIым и фIыгъэкIэ кIыфIыгъэм нэхугъэкIэ зэрызихъуэжым ещхьу, си псэр къэзыгъэнэху къару дахэу сэ хъыбарым къыхэсха гупсысэ нэхъыщхьэр зэхьэлIар адыгэлIымрэ адыгэшымрэ я зэхущытыкIэ дахэращ. Ар псом хуэмыдэу гукъинэж къысщызыщIар зыгуэрым къигупсыса, зэхилъхьа хъыбар мыхъуу, сэ си фэгъун зы щIалэжь и адэшхуэмрэ абы и ныбжьэгъу Пшэплърэ къатепсыхауэ щыта гуауэр сэри псэкIэ зэрызыхэсщIаращ. Арыншауи хъунукъым: зы псэм телъ гузэвэгъуэр псоми дэдмыIэтмэ, дэдмыгъэпсынщIэмэ, зэщхь дыхъунур Iэщыракъым – мэзым щIэт хьэкIэкхъуэкIэращ... Арщхьэкlэ, Тхьэм и шыкурщ, IэщкIэ узэджэ мыхъунхэр, Алыхьым нэмыщI, ахэр къэзыгъэхъу, цIыхуфIхэм я хьэлщэнхэр яхэлъу зыгъасэ адыгэлIхэр щыIэти... Си щхьэкIэ абыхэм ящыщ зыуэ къысщыхъуащ Къардэнокъуэ Къалэмбии. Iуэхур апхуэдэу щымытамэ, абы шы заводхэри иIэну къыщIэкIынтэкъым, зэрыжытIащи,Къэбэрдей псом щыцIэрыIуэрэ, зи цIэм цIыхухэр дэтэдж, бэлъшэвичхэри зыгъэгулэз хъуа Даутокъуэ Заурбэч ныбжьэгъу къыхуэхъуну къыщIэкIынтэкъым. Ар Къалмыкъ БетIали кIуэгъуэжэгъу къищIыну хъунтэкъым...

АпхуэдэлIым и дуней гъащIэр зэриухауэ къэсщIаращ-тIэ.

ЗэрыжытIащи, и мылъкури трахыу и лъапсэм псы ирагъэжыхьыжа къудейкIэ зэфIагъэкIакъым – езыри властыщIэм IэщIэкIуэдахэм ящыщ хъуащ. Тобэ ярэби, сыту гущIэгъуншэт дуней жэнэтыр тхуэзыухуэу жызыIэхэр. Армыхъумэ, псэукIэ зыщIэхэр, Къардэнокъуэ Къалэмбий и фэгъуу яхуэмыгъуэтым хуэдэ лэжьакIуэхэр яхъумэным, зыщIагъакъуэурэ ахэр нэхъыбэ ящIу къэралыр лъэ быдэкIэ ягъэувыным и пIэкIэ, зэрыакъылыфIэхэм, мылъку зэрызэрагъэпэщыфым нэхъ лажьи-хъати ябгъэдэмылъу, апхуэдэлIхэр щхьэ зэтеукIэн хуейт?.. ЗэтраукIамэ, къэралми цIыху цIыкIуми фIы къахудэкIуа? Алыхьыр джэгупIэ зыщIахэр, Тхьэм и нейр къащыхуами ярейуэ, уэгъухэмрэ гъейхэмрэ ятхьэлэ мэхъу... МэжэщIалIагъэм игъэуэдыкъуа цIыху цIыкIур, узми лажьэми тегушхуэгъуафIэ къащIри, лъэрыщIыкI зэтохъуэ. Ныбэ гузэвэгъуэм ирихулIэу зи гъавэ тIэкIухэр, зи Iэщ увыIахэр зыгъэпщкIун мурад зыщIахэм пыIэпапцIэхэмрэ упщIэбгырыпххэмрэ ираутIыпщри зэхрагъэфыщIэ. ЗэтрырагъэукIэ. Еу-уей мыгъуэ, абдежхэм факъырапIэм ирагъэува къэралми абы и IэмыщIэ ткIийм ирагъэтIысхьа тхьэмыщкIэ бынхэми сытым хуэдэу къахуэщхьэпэнут Къардэнокъуэ Къалэмбий и фэгъу адыгэлI Iущхэр?! Ауэ ахэр цIырхъ зэтращIакIэт. Къела закъуэтIакъуэхэри Iэпхлъэпх ящIарэ, пщэдей кърапэсыну мыгъуагъэм щхьэлажьэ зэтрищIауэ къэнати, гъащIэр и пIэм иувыIыхьами ярейт. Шы завод зиIам имыIэжмэ, щхьэл зиIам и анэр хуагъэгъамэ, тыкуэн зиIахэр ирагъэсыкIамэ, абыхэм щыгъуэ тракторхэр мэкъумэшыщIэхэм

къаIэрыхьауэ щымытарэ щIыр зэрызэрахьэу яIа Iэщри IэщIагъэкIамэ... Узэрыпсэуныр дауэт? УзыхэпсэукIынри лIот?

– Къатепсыхэу хуежьа мис а хэплъэгъуэ хьэлъэхэрат Бий езыхужьар, – жиIэжырт ди Амэ. – АтIэми, колхозхэр щызэхагъэхьэну гъэхэм япэкIэ ар Iуэху къащIакIэт: тIэу-щэ лъэхъуэщым щIадзат. Ауэ мо лIы губзыгъэр жыжьаплъэти, шы заводхэр IэщIахами, бэлэрыгъатэкъым: и мылъкур хуэм-хуэмурэ дыщэмрэ дыщэхэкIымрэ хуигъакIуэри игъэпщкIуат. ТхьэмыщкIэр къулейсызыращ. ПсэукIэ зыщIам, мылъкушхуэ зыбгъэдэлъым ныбжьэгъу лъэщхэри иIэ хабзэщ. АбыкIэ Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщт ди адэри. Арат ар сэветскIэ лъэхъуэщхэми къизышыжыр. Абыхэм я чэнджэщхэрагъэнт абы хэкум икIын мурадыр къызыхихари. Дауи, ахэрат гъуэгу тхылъ къабзэхэр къыхузэзыгъэпэщари. Ди унагъуэ исзу хъуам апхуэдэ тхылъхэр зэрыдиIар сощIэж. Ауэ дыщэр щамыгъэтIылъым щахъумэ а тхылъхэр ди анэ мыгъуэм зэригъэсыжауэ щытар ноби слъагъу хуэдэщ. ЛъэкIыу игъэсыжа мыгъуэт?

Ди адэр иужьрей дыдэу щаубыдам, ди унэр цырыцу къызэрагъэдзэкIыу, я нэ къыфIэнэр щыщIахам... – зэрыжысIащи, Амэ мыгъуэм къызэриIуэтэжу щытахэмкIэ, хъунщIакIуэхэм я нэм къыфIэмынам, зрамыпэсам ящыщт зи гугъу пхуэсщIа тхылъри, – жери, си псэлъэгъум аргуэру къеIэт тыгъэ хуэсщIа тхылъыр.

– АдэкIэ къэхъуар уи фIэщ мыхъуным хуэдизщ. Сэ шыхэри шыгъажэхэри фIыуэ щIэслъагъур абыхэм къыхэкIагъэнщ... Ди анэ мыгъуэр захуэт: ди адэшхуэм илъ зыщIэжа Пшэплъ хамэтэкъым – ныбжьэгъу пэжт. КъыфIэбгъэкIмэ, къуэш пэлъытэу къыхущIэкIат. Абы ищIэфари?..

Дунейр кIыфI къызытехъуэу хуежьа унагъуэм Дыгъэуи Мазэуи къыщхьэщыт лIыр нобэ-пщэдей яубыдынкIэ шынагъуэр къащылъэIэсым ищIаращ. Хьэпшып лъапIэ щIатIахэр къыщIахыж. Абыхэмрэ гъуэгу гъуэмылэмрэ фэ къэлътмакъ зэпедзэкIитIым из ящI. Къыдэхуар ягъэпщкIужри:

– Тхьэм къытхузэпищэрэ ди мурадыр къыдэхъулIэмэ, егъэзыпIэ тхуэхъун къызэрызгъуэт нэхъ пIалъэ имыIэу, сэ хъыбар къывэзгъэщIэнщи... Быдэ и анэ гъыркъым, жи, апщIондэхукIэ фэри фымыбэлэрыгъ. Фи жьэм фыхуит. Фи мыIуэху зевмыхуэ. Хъыбар къывэзгъащIэмэ, фи тхылъ тхылъщ. ЗывмыгъэIэуэлъауэурэ, жэщым зывогъэбзэхри. Алыхьымрэ тхылъхэмрэ нэмыщIа, фызыщыгугъын мылъку къыфхузогъанэри, напэ хужькIэ зэхуэзэжын Тхьэм дищI. Аращ. Алыхьым и пIалъэр пIалъэщ, шыIэныгъэрэ акъылрэ хэлъу фыкъыспэплъэ...

ИгъащIэм зи псалъэр тIу ямыщI, къызыпэмыпсэлъэжIа лIыр а жэщ дыдэм дошэсыкI. Гъуэгуанэ хьэлъэ кIыхьхэм щигъэунэхуагъэжь и ныбжьэгъу пэж Пшэплъ къимыгъэщIэхъункIэ зигурэ зи щхьэрэ зэтелъ Къалэмбий и нэр здэплъэр, и псэр зыщыгугъыр адыгэ тхыдэм ЦIэмэзу къыхэна Новороссийскти, и шылъэр а къалэм нехус.

Абы ЦIэмэз щIыфIащар, дауи, уэри пщIэ хъунщ, – жери нэщхъейнэщхъейуэ къызоплъ Заурбэч. Си щхьэр сощI: сощIэ. Дзэ фIыцIэр къытеуауэ зи лъахэ дахэр зрагъэбгынэ ди лъэпкъэгъу насыпыншэхэр тенджызым зэпрызышыну кхъухьхэм пэплъэурэ, цIэмрэ абыхэм къашэ узхэмрэ псы Iуфэ мэзым лъэрыщIыкI щызэтехъуэрти, абдеж щыт къалэм ЦIэмэз фIащауэ арагъэнт.

– АрщхьэкIэ абыкIи иухатэкъым ди мыгъуагъэр, властыщIэм къыдэкIуа гузэвэгъуэм зэрихуэурэ зи щхьэр зезыхьэхэм ящыщ хъуа ди адэшхуэри къыщохутэ а къалэм. Iуэхушхуэракъэ, зэныбжьэгъуитIым абдеж сэлам щызэрамыхыжу хъунутэкъыми... Зейм Iэщу имылъытэми,

цIыхум яхэту, кхъухьым шы пхурагъэтIысхьэнт? ЗэрыжаIэжххэмкIэ, Бийрэ Пшэплъэ я бзэ зэрыщIэу, зэгурыIуэхэу, гъуэгуанэ кIыхьхэм я мыщыпэтехьэу къекIуэкIхэми... шы заводхэр зиIэ Бий шы лъэпкъыфI къилъыхъуэу дунейр зэригъэкIэсырт: уи шыгъулъэ Тенджызыхуми уи бдзэжьеилъэ ТенджызцIанлъэми...

– Зи гугъу пщIыр сыт хуэдэ тенджызхэра? – Бэч и псалъэр солъахъэ.

– Iагъ! Зи гугъу сщIыр къыбгурыIуэркъэ? Си анэш Дадэ адыгэхэм ди тенджызитIу ибжу щытахэращ... Каспиемрэ ФIыцIэмрэ, зэреджэри арат. Абыи ар езым къигупсысагъэнтэкъым. ЖаIэу зэхихамэ... Зэхихами, апхуэдэу жызыIэхэр щыуэртэкъым: япэр шыгъулъэрэ хужьмэ, етIуанэращи – бдзэжьей цIанлъэхэм я унэмэ...

– Пэж дыдэу, тенджызитIми яхуэфэщэпсу цIэ къыхуагъуэтат. Ари сымыщIэу къэзбгъэщIащ, – делэ дыхэшрилэщ, жи. СыгуфIэн къысхуегъэкIуркъыми, мащIэу си дзэлыфэ сотI.

– НтIэ, къезгъэжьаращи, зэрыжаIэжххэмкIэ, ди адэшхуэ Бий а тенджызитIми зэпрыкIырейт. А лъэныкъуэхэмкIэ кърихуа хакIуэхэмрэ шыбз хэплъыхьахэмкIэ и шы лъэпкъыфIхэр игъэбагъуэрт. Дунейм сыт хуэдиз и инагъми, цIыхум и лъэр здынэмыс щыIэкъым. Хъыбархэри, къуалэбзум хуэдэщи, дэнэкIи щызолъатэ. Акъыл зиIэрэ зи лIыгъэм къигъэгугъэм и гур здэплъэм и лъэри нехус. Ди адэшхуэ мыгъуэри абыхэм ящыщ хъунти...

Ящымыщмэ, жьэгу пащхьэ акъылу щытамэ, адыгэшыр зищIысым фIыуэ щыгъуазэ Къардэнокъуэ Къалэмбий и гур щIыпIэ жыжьэхэми пхъэрынтэкъым, абы и шы заводхэм щыхьэщIэурэ, зэрыжаIэу, хьэжь щыхъужынтэкъым инджылыз, тыркумэн, тырку, монгол шы лъэпкъыфIхэр. Абыхэм ягъэцIэрыIуэрт адыгэлI Къардэнокъуэм и IуэхущIафэхэр. ЗекIуэ и вакъэр мылажьэ къудейм къыщымынэу, зекIуэлIым и лIыгъэм хъыбарышхуэхэр я фащэт. А фащэ дахэр къыщылыдыкIырт Къардэнокъуэм и Пшэплъ цIэрыIуэми. Ар и напщIэм телът апхуэдэ шы телъыджэр зейми.

Пшэплъ и телъыджагъыр, уи нэкIэ умылъэгъуамэ, уи фIэщ мыхъуным хуэдизт. И щхьэр гъэкIауэ псышхуэхэм зэпрысыкIыныр щайуэ кърherдзэртэкъым. ЩIыпIэ жыжьэхэм къикIыжын жыпIэнщи, джэдум, хьэм хуэдэт. Пэжщ, аитIуми нэхърэ куэдкIэ нэхъ псынщIэу къэсыжырт я унэм. Абы и къэкIуэжыкIэр зэрагъэщIэгъуэныр ямыщIэу, Iэджэ зэдауэрт. Баз зэпихьэхэрт. ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI мастэ щощIэ зытражыIыхьам зыкIи емыкIуалIэ пэтми, зи шы заводхэм хуэдэр гъуэтыгъуей Къалэмбий шы-уанэ зэтелъкIэ баз къыпихьэхэри гъунэжт. Зыхуейхэр, зэхагъэкIыну я нэ къыщIикIыр лIот? Я фIэщ хъуртэкъым Астрэхъэн, Мэхъэчкъалэ е Бакуу кхъухьым щитIысхьэну Къалэмбий: «Еуэ-тIэ, си къуэш, кIуэж. ФIыкIэ дызэхуэзэж», – жиIэу, Пшэплъ и щхьэм IэплIэ, ба хуищIыжу, и пхэщIыщхьэм IэгукIэ теIэбэжа нэужь, «хъунщ» кърigъэкIыу, и щхьэр игъэуфафэу, итIанэ, къыхуеплъэкIыурэ, шым зричыжу и гъуэгу техьэжыну.

КъахуэмыщIэххэр абы и къэкIуэжыкIэрати:

– Ар сэри сщIэркъым. Сэ кхъухьым сотIысхьэри си гъуэгу сытохьэ. Пшэплъ къожьэжри...

– Мыгъуащэу е зыгуэрым Iэрымыхьэу апхуэдиз гъуэгуанэр?..

– АбыхэмкIэ езы Пшэплъ феупщI. Къывит жэуапыр фи Iыхьэщ, – дыхьэшхырт Къалэмбий. – Хьэуэ жыфIэрэ – фыкIэлъыплъ. Хуит фызощI – кхъухь тедзапIэ зиIэ нэхъ къалэ гъунэгъу дыдэм фынызэкIуи... Сэ адэкIэ сежьэнщ. Фэ мыдэкIэ къэвгъэзэжи – зэвгъэлъагъу Пшэплъ и къэкIуэжыкIэр. Ар фхузэхэгъэкIмэ, си шы заводхэм лIитI фокIуэри, фи

нэм къыфIэнэ шы зырызыр хьэлэл фхузощI. КъывэбзэджэкIыу, Пшэплъ и гъуэгур фщигъэпщкIуфрэ – фэ шы зрыз къыффIыдохь. Аращ Пшэплъ сэрэ ди базыр...

АрщхьэкIэ Къалэмбий и ежьэкIэ-къекIуэлIэжыкIэхэми лIыр ибг имысу Пшэплъ къызэригъэзэжми щыгъуазэхэр тегушхуэртэкъым зэныбжьэгъуитIым базкIэ еувэлIэнхэу.

– Уи щхьэр фIэлэлу апхуэдизыщIыр зэпыпчын хуейкъэ? КъимыдэкIэ, джэдум е хьэм я унэр къызэрагъуэтыж щIыкIэр хэт зыщIэр? Пшэплъи ахэм ещхь хъунщи... абы дызыдишэнкIэ хъуну къуэладжэр зыхуэдэр уэ къащIэ... Ди тхьэмыщкIапIэ дисыжынщи нэхъыфIщ, – жаIэрти, базыр абдеж щаухырт...

Иужьрей ежьэгъуэм щыгъуэ Пшэплъ жыIэмыдаIуэу къызэрыщIэкIам Къалэмбий и къуаншагъи хэлът. Зэрыхэлърат: нэхъапэхэм зэныбжьэгъуитIым IэплIэ, ба зэхуащIыжрэ: «Еуэ, къуэш, фIыкIэ дызэхуэзэж», – жиIэу, лIыр нэщхъыфIэу шым и пхэщIыщхьэм теIэбэжамэ, я сэлам зэхыжыныр абыкIэ зэфIэкIырти, иджы а Iуэхур нэхъ кIыхь хъуат. КIыхь зыщIари Къалэмбийт. «Ди щхьэ илъ тщIэркъым. Дызэхуэзэжыни дызэрымылъагъужыни... Узэры...-узэрышыщIэрэ жиIэну и жьэ къыхуегъакIуэркъыми, – узэрыцIыкIурэ зы махуэ, зы сыхьэт сигу зэбгъэбгъакъыми, сыпхуэарэзыщ. Алыхьыр къыпхуэарэзын, Iэ щIыIэрэ Iэ фIейрэ уIэрымыхьэну Тхьэм солъэIу», – шым и щхьэшхуэр иIыгъыу, итIанэ и нэкIубгъур щихуэу, и жьэгъум щIэтIахъуэу, щIэпэщэщыхьу щытщ. Зейм и мэри, и щхьэц налъэ хъеями зыхэзыщIэ Пшэплъ къэхъуар къыгурыIуэркъым. И щхьэр лIым къыIэщIихрэ IупэкIэ и напэм еIусэмэ... Шыугъэщ. «Мыр лIо? ИгъащIэм апхуэдэ дэзмылъэгъуауэ, къэдзыхауэ нэпс шыугъэ щхьэ щIигъэкIрэ? Пэжщ, абы и нэпс си щыпэлъагъукъым – зэдэжэхэм сакъыщытежкIэ, си напэм ба къыщыхуищIхэм деж щIигъэкIыр гуфIэгъуэ нэпс IэфIти...»

Иджы... – шыр фIалъэкIэ хоуэ. ЦIыху бзэгурэфым ещхьу, зыгуэрхэр жиIэну пылъу, мэщыщ, мэгъумэтIымэ. И щхьэшхуэр еутхыпщI. ЖыпIэнурамэ – псэкIи пкъыкIи мэшхыдэ. «Уэ нэхъ лIыгъэ пхэлъщ, си къуэшыжь. ЕмыкIу сыкъыумыщI», – жиIэу Бий бэлътокукIэ зызэпелъэщIыхьыж. Еплъыпэмэ, лIыгъэ зыхэлъу къыщыхъуа и къуэшыжьри нэхъ щIагъуэтэкъым: нэгу иIэжтэкъым, и нэшхуитIыр псыIэт. «Хуэмыхуу сыкъыщIэкIри, уэри укъэзгъэдзыха мыгъуэщ. ЛIыгъэншэу дыкъызэрыщIэкIар хэIущIыIу думыгъэщIу, еуэ, тIасэ, ежьэж. Уэ гъуэгушхуэ къыппэщылъщ. БэIутIэIуншэу сыхьэтыфI Тхьэм ухуишэж», – жери аргуэру Пшэплъ и напэми и пщэми Iэ делъэж. ИтIанэ, зэрихабзэу, шым и пхэщIыщхьэм IэгуфэкIэ тоуIуэж. Ар ежьэжыным пэплъэу щытщ. АрщхьэкIэ шым зричыркъым. «Алыхьым гуэныхь сщимыщI, сылIыгъэншэу зыкъезгъэлъагъури, лажьэ зимыIэ псэущхьэ угъурлыри къэзгъэдзыхащ», – жиIэу езы Къалэмбий IуегъэзыкIри, епIэщIэкIыу къаджэ кхъухьым хуеунэтI. Ауэ, и лъэм япэкIэ ихьми, и псэщIэлъэныкъуэр къыздигъэнамкIэ еплъэкIмэ, шыр и пIэм зэритт. Пэжщ, и щхьэр здэгъэзар здэкIуэжын хуей лъэныкъуэмкIэт. АрщхьэкIэ и фIалъиплIымкIи щIым траIулIа нэхъей, зигъэхъейртэкъым. И зы цыпэ хъейуи къыпхуэщIэнтэкъым – ищIэнур имыщIэу, хэгупсысыхьауэ щыту арат. ИтIанэ тIэкIу зреч. «Алыхьым и шыкурщ. Зэ уежьэжамэ, зыгуэр хъунщ, – жи, кхъухьым здитым Пшэплъ кIэлъыплъ Къалэмбий. – Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэн псэущхьэ дахэ! ИгъащIэм си псалъэ тIэужыIэ имыщIауэ, иджы

дауэ къызэмыдэIуэнрэт?.. Мес, мэкIуэж... тIури ди гъуэгуанэ зэIумыбзым дытеуващи, фIэкIыпIэ зимыIэр ди натIэ кърихарщ... Сэ зыгуэр сыхъунт, тхьэмыщкIэр зи бзэ мыпсалъэ мо... си ныбжьэгъужь мыгъуэращи...» – лIым и гупсысэ хьэлъэхэр къытеуэндагъуэу арами ярейуэ, бауэбапщэу, и пэщхъыным Iугъуэ фIыцIэ Iувыр кърихуу гъуэгу техьа кхъухьым зэ хуеплъэкIыжын мурад иIэ щIыкIэу къызэтеувыIа Пшэплъ... И дамащхьэ зырызым къытес мелыIычитIым уащхъуэдэмыщхъуэу яIэту ирахьэжьа нэхъей, зречри тенджызым хуеунэтI. Нэр темыпыIэу а зэрыжэм хуэдэу, зы мэскъал хуэдизкIэ зыкъыжьэдимыкъуэжу, псым холъэ. Зи гъуэгур нэхъ псынщIэу хэзыгъэщI хъуа кхъухьым зыри къыфIэIуэхукъым – зи псэм лъэдакъэпэкIэ тетрэ зи пIэм имызэгъэжыр абы Iуиш Къалэмбийщ. Пшэплъ псы есыкIэм зэрыхуэIэзэр ищIэ пэтми, ТенджызцIанлъэ зи инагъым зэпрысыкIыфын шы дэнэ къипхын? «Мыр фи анэмэтщ. Е фэ схуэфхъумэ, е зи гугъу фхуэсщIа си Iыхьлы-благъэхэм яIэрывгъэхьи... Сеплъурэ, мо тхьэмыщкIэр псым дауэ езгъэтхьэлэн? Абы зыгуэр къыхуэзгупсысынщи, фи ужьыр нэсхужынщ», – жиIэу и къэлътмакъ хьэлъафIэр и гъусэхэм яретри: «Мор итхьэлэнущи, итхьэлэнущ. Iэщ ущымыхъуакIэ, уэри зумыгъэтхьэлэ», – жызыIэурэ зыубыдахэм заIэщIеудри, лIыр тенджызым холъэ. И ныбжьэгъу Пшэплъ хуэмыдэ дыдэми, ари псы есыкIэм хуэIэзэт: и сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ Балъкъ Iуфэ къыщыхъуат. Абы и Архъуанэшхуэ зыщигъэбдзэжьейуэ хэсат. ЩищIалэгъуэми лIыпIэ иува нэужьи, псы Iэджэ зэпрысыкIат. ЖыпIэнурамэ, сыт ищIыскIи зэмыщхьитI зэрызэримыхьэлIэм ещхьт Къалэмбийрэ Пшэплърэ. Мес иджы – а я бдзэжьеягъри къахуэщхьэпэжауэ, зыр зым йосылIэ, зэбгъэдохутапэ. ЗызэрашэкIауэ тIэкIурэ щытхэщ. ИтIанэ Бий и Iэблэ сэмэгур Пшэплъ и пщэм иредзэ. Iэ ижьымрэ лъакъуитIымкIэ есмэ, шым зытримыгъэхьэлъэурэ, зэныбжьэгъуитIым я псэр псым къыхах. Бжьэпэр ягъуэту щIым къытеувэжахэ нэужь, тIури къызэрыгъэгумэхащи, я псэхэмкIэ зэдэгуашэу щытщ. Аргуэру япэ зыкъэзыщIэжар Пшэплъщ: зеутхыпщI, и щхьэр щIеупскIэ. ИтIанэ тоуэ-топкIэ, дегъэжьэж жыхуиIэщ. «Уэлэхьи, къуэш, уэ унэхъ губзыгъэм. Псым къыхэпщыжа джэду нэхъей, мыпхуэдэу дыкъэзылъагъум сытыфэ къыдиплъын. НакIуэ-тIэ. ДыкIуэжынщ, – жеIэри, шыр Iэдэж ещI. АрщхьэкIэ Пшэплъ зричыркъым. – ЛIо, тIасэтIэ, узыхуейр? ДыгъэкIуэж, жысIакъэ? А-а, къыстетIысхьэж жыхуэпIэу ара? – Пшэплъ и щхьэр ещI – аращ жыхуиIэ хъунщ. – Абы щыгъуи узахуэщ. Дэ зытIэжьэ хъунукъым, ныбжьэгъу. ПсынщIэIуэу дынэсыжу, уэ зыгуэр къыпхуэзгупсысу, мобыхэм салъэщIэмыхьэжмэ... Минрэ угубзыгъэ дыдэми, а къом мыгъуэр уэ дауэ зэхозгъэщIыкIын? ЕкIэ ди ужь къихьахэм яхуэмыгъуэн, дэ тхуэмэхуэн», – жери Къалэмбий мэшэсыж. АфIэкIа хэмылъу, Пшэплъ йолъри...

И жэщри и махуэри фIызэхэзэрыхьыжарэ, зи напIэр къемыхыу, тхьэ елъэIуу щыс ди анэшхуэм шы лъэ макъ и тхьэкIумэ къыщиIуэм: «А сымыгъуэт, Пшэплъ дэнэ къикIыжа? Езыми къигъэззэжа мыгъуэу пIэрэ? Мо къыдэщэхэм, къыдэщакIуэхэм яIэрыхьэмэ...» – жиIэу Нанэ унэм къыщIэкIмэ, щыуатэкъым – зэныбжьэгъуитIрат. И шыр ягъэззэгъэжу зыхуей хуамыгъэзауэ хьэмэрэ езым ар имыщIауэ щIыхьэж зи мыхабзэ Къалэмбий бомкIэ щоIэуэлъауэ. Шэщыбжэр егъэбыдэжри, унэм хуеунэтIыж. Абы пежьа Нанэ, ину псэлъэн дзыхь имыщIу, мэIущащэ:

– Щхьэ къэбгъэззэжа мыгъуэ?

– СыкъызэрыкIуэжар уи жагъуэ хъуауэ ара, Къуэнхэ япхъу? Дауэ

фыщыт? Сыт фи хъыбар? – зэщхьэгъусэхэр щIохьэж. ХъыбарыфI зэрыщымыIэм иритхьэусыхэу, Чэбэхъан – Хъан мэIущащэ. Мэщатэ.

– УкъэкIуэжар Iуэхут? Хьэщэхурыпхъуэхэр къощэри... Зыкъуадзу абыхэм уашх нэхърэ, узэрыпсэур тщIэуэ, зыщIыпIэкIэ ущыхэтамэ... – Бий къыхуэтхьэусыхэ и щхьэгъусэм хуеIуатэ къигъээжыныр къызыхэкIар.

– Еу-уей мыгъуэ, шы щхьэкIэ уи щхьэр хэплъхьэну... Алыхьри узогъэлъэIу, сэри сынолъэIу: гъази дэкI. Ари пIалъэ къыхэмыкIыу... ИджыпступцIэ...

– Iагъ, ешхи-ефи, щыгъын зэхъуэкIи дыхэмыту... Алыхьым и пIалъэр пIалъэщ. Нэху дыкъекIрэ, пшапэр зэхэуэмэ...

АрщхьэкIэ, нэху кърагъэкIыныр щыгъэтауэ, Чэбэхъан и гъынанэр иухатэкъым плъакIуэ къыхуащIахэм я бзэкIэ жэщтеуэхэр къыщытеуам.

– А жэщым и ужькIэ дадэ мыгъуэм цIыху дытрагъэплъэжакъым. АбыкIи зэфIэкIатэкъым ди хьэзабыр.

Ди адэр шууэ илъэгъуамэ, зыIурыбзаеу зи гурыIупсыр къажэу щыта псэжь и бынхэм ящыщ гуэр яхэхуат къуажэ унафэщIхэм. Абы и бзэрат жэщтеуэхэр къезышэжьари.

ХьэщхьэрыIуэхэм къазэрыпумыхынуIар ищIэрти, унэр цырыцу къызэзыгъэдзэкIахэм Къалэмбий и щхьэр щIахуигъэтIылъар зы закъуэщ:

– Пшэплъ... си шыращ жыхуэсIэр, сэлам езвгъэхыж, – жи. НатIэплъпщампIэплъхэр зоплъыж. Я дамащхьэхэр драгъэуей: шым епсалъэу щэху гуэр жриIэнукъым, сыткъым – ирырехыж сэлам. ХьэщIэ «гуапэхэм» унэр къащыхукIэ, Къардэнокъуэм и уанэр лъэныкъуэ езыгъэза Ныбажэ Долэт къокIий:

– Хьэуэ! Хьэуэ! Ар хъунукъым... ШэщымщIэбгъэхьэнкIэ дуней Iэмал иIэкъым. И ныбжьэгъумрэ езымрэ зэрыгъуэтмэ, шым зридзынщ. ЩIэпхъуэжынхэщи...

– Шэр шым нэхърэ нэхъ жэрщ. Абы IэщIэкIыу дэнэ кIуэн? – Долэт ауан къащI.

– АитIур фцIыхуркъым фэ. Алыхьми сэри ди хьэтыркIэ... – ар щIэшынэ щыIэт: уанэр блыным зэрыфIэмылъыжыр илъагъурэ, Къалэмбий мобыхэм зыгуэр яжриIэмэ...

АрщхьэкIэ Алыхьми Ныбажэхэ я къуэми я хьэтыр къэзымылъэгъуахэм, къызытекIухьахэр яIэщIэмыкIынымкIэ ягурэ я щхьэрэ зэтелъти, хуит ящIри, Бий шэщым щIагъэхьэ. МафIэдзрэ тхылъымпIэжькIэ бо кIыфIыр ягъэнэхуу щIыхуежьар уэ къащIэ: контIрэм бзаджагъэ гуэр зэрихьэнкIэ шынахэ? Е я нэ нэху илъагъуу моитIум сэлам зэрахыжыныр нэхъ къащта? Ауэ а нэхум зыц хуэдизкIэ хуэмейр Ныбажэрат. Гузавэу Iуфэлъафэр къижыхьырт. И гъусэхэр игъэпIащIэрт. АрщхьэкIэ ар щIэгузавэр къызыфIэмыIуэху Къалэмбий Пшэплъ и пщэм зришэкIауэ, и щхьэм напэбгъукIэ епэщэщу, псалъэ къыхудэмышейуэ щытти:

– Къуэнхэ я уэркъыпхъу дыщысабийм къэпшам апхуэдиз IэплIэрэ бакIэ ухуэупсагъэнкъым, Къардэнокъууф. Мы хакIуэм узэрыхуэгумэщIар ирикъунщ. НыщIэкI иджы!.. Мобыхэм я пIэм ситамэ, дакъикъэ зозгъэIэжьэнтэкъым... Фи уэздыгъэхэр вгъэункIыфIи, мыбыхэм я лъагъуныгъэр хуиту зэхуевгъэIуатэ! – жери Долэт бом къыщIогуоукI. Езыр, бауэбапщэу, лIымрэ шымрэ йоныкъуэкъу. АитIур зэкIэщIетхъ. Зыри къызыфIэмыIуэхуж, щхьэлажьэ хъуа Къалэмбий жьажьэ-жьажьэурэ шыщхьэри шыпщэри еутIыпщ. Абы Iэ дилъэурэ, къокIуэт. А псомкIи мыарэзыр Пшэплъщи, дунейр екъутэ. ЗеукIыж. Мэщыщ. Чэбэхъан и псалъэкIэ

жыпIэмэ – магъ. ИтIанэ, щхьэкIэ къоуэри, Ныбажэр къыхыфIехуэ. КъыкIэлъопхъуэри къодзакъэ.

– Хьэм яшхыжын, хьэ ухъуа? Си дамэпкъыр гуэпч пэтащ. Ар сэ уэ пхуэзгъэгъумэ, сынапэншэщ, – жиIэрэ гъуматIымэу, шым щхьэриуда пыIэм лъыхъуэу бо кIыфIыр хьэлъакъуиплIу къепщэпщыхь. Пшэплъ хамэлIым и мэ гурымыхьыр къыщIехьэ. Ар хуэмышэчу, хуищIэу къоуэри, лIыр къыхыфIехуэ. Насып иIэти, зэфIэтакъым, удыныр хьэлъэу къылъэIэсакъым, армыхъумэ тIэрабгъуэу къриудри, нэгъабэ лIам лъэщIыхьэжат, уанэри, пыIэри, езым ейуэ къыщыхъуж Пшэплъи къыщIэныжат.

– Алыхьым къиукIын, сыбоукIри... КIыфIщи, си пыIэр къысхуэгъуэтыжыркъым. Уэ кIуонтIрэм дауэ сыкъэплъэгъуа? – хъуанэу, бгэуэ шэщым хьэлъакъуиплIу къыщIопщыж.

– А бзаджэнаджэм сыткIэ ищIэнт шыхэр икъукIэ зэрынэжаныр?.. Зи нэр нэхъ жаныр зэхагъэкIыну шымрэ бгъэмрэ зэрызэпэувам теухуа хъыбарыр дыщыцIыкIухэм зэхэтхыу щытащ. Уэри ущыгъуазэ хъунщ абы, – жиIэу Бэч къызоплъэкI. Ар зыщIэупщIэр къызгурымыIуагъэфэ зытызогъауэри, блызогъэIукI: сигу къигъэкIыжмэ, си жагъуэкъым.

– СегъэдаIуэт уи нэм и жанагъым, къэплъагъуфхэр зыхуэдэм, – япэ уэгъуэр шым къылъегъэс бгъэм.

– Нэм къыщIэIэбэр зымылъагъу лIыр си бгым ису жэщым гъуэгум сыздрикIуэм, аргъынэ щIагъым щIагъэпщкIуа шэмэджыр къызолъагъуф.

– Ара? – къоупщI бгъэр.

– Аращ зэкIэ. Иджы чэзур ууейщ, – жи шым.

– Сысеймэ – сысей. КъэдаIуэ-тIэ. Уафэгум ситу сыкъоплъыхри, мэкъупIэм хэс дзыгъуэ цIыкIур къызолъагъу. Зыкъызодзых, абы сыкъытоуэ, къызопхъуатэри, зызоIэтыж. Ар шхыныгъуэхэм щыщ сощI. АдэкIэ чэзур ууейщ, – жи бгъэм.

– АбыкIэ укъыстокIуэ. АдэкIэ уэ къызэдаIуэ-тIэ, – жи шым...

Ар кIыхьщ... Ауэ жысIэну сызыпылъыр шыр егъэлеяуэ зэрынэжанращ. Ар сэри куэдрэ згъэунэхуащ...

НтIэ, арати, ди анэшхуэ Хъан гъуэгыу зыкIэлъыкIуатэ Бий щыдашым:

– Фыкъэдзыхауэ мы джаурхэм закъевмыгъэлъагъу. Алыхь здэщымыIэ сашэнкъым. Си ужьыр махуэ фхухъу. СыволъэIу: зытекIуэдэжар уэращ жыфIэу, Пшэплъ угъурсызыфэ евмыплъ...

И фызри ишри мис иджы хуит фыкъысхуэхъуа жыхуиIэрэ, ер и гурылъу Къардэнокъуэхэ къакIэрохъыжьэ Долэт. Хъан ар зэрыIуигъэщтыну зыщыгугъыр я унэр къэзыщхэм я нэщIыбагъкIэ Бий и уанэ лъапIэр зэрызыкIэщIиупщIар зэрищIэмкIэ игъэшынэрати...

– Шы зиIэр къонэри, уанэ зиIэр макIуэ, жи, Къардэнокъуэхэ я нысэ. Уанэр сысей щыхъуакIэ, сэ жыжьэ сынэсыфынущ. Шырщи, ари дэнэ кIуэжын? Дыгъуасэ фыфейуэ щытауэ нобэ сысей хъуа Пшэплъ и бзийхэр дяпэкIэ зытеджэгухьынур гурыIуэгъуэщ. Си шыплIэм удэсрэ унасыпыфIэу зыплъагъужыну ухуеймэ, си жыIэм укъодаIуэри...

– Ар умылъагъуу, ажал улъагъу, факъырэ бын. Узэхъуапсэурэ уи гурыIупсыр щIипфыж Пшэплъ и уанэгум илъу уи хьэдэр къахьыжауэ Алыхьым сигъэлъагъу. ИкIи слъагъунщ, – жиIэурэ гыбзэрэ бзаджэкIэ щIигъанэрт псэупIэ къезымыт лIыр. Модрейри зы инат гуэрти:

– Псы икIыпIэм унэмыс щIыкIэ уи кIэр умыIэт, Къуэнхэ япхъуу, Къардэнокъуэхэ я нысэу щыта. Си хьэдэр Пшэплъ и уанэгум иплъэгъуэн папщIэ, япэ щIыкIэ абы шэсын хуейщ. Зэрыплъагъущи, фи шы

пагэм цIыху дызригъэкIуалIэркъым. И гугъэ хъунщ, нобэкIэ фи бом зэрыщIэтым щхьэкIэ, иджыри Къардэнокъуэхэ яйуэ. СиукI зэрыпэтар хуэзгъэгъун фIэщIмэ, Iейуэ щоуэ. Хьеуанщ. Хьеуан щхьэ куцIыншэм си уз къыгурыIуэн? Ауэ сэвецкIэ властым апхуэдэ куэд къигъэIэсащ. КъыхуэмыгъэIэсэхэр псибл иригъэсыкIащ... И пащIэр пIуантIэмэ, шым и щIыбыр щогъупщэ, жи. ДызылъимыгъэIэсыну и гугъэ и щIыбыр щыдгъэгъупщэжауэ уэдмыгъэлъагъумэ, си пащIэр уэзгъэупсынщ, Къардэнокъуэхэ я ныса уэркъ гуащэ...

– Сэ иджыри сранысэщ Къардэнокъуэхэ. Уэркъ гуащэхэм ди бзэр мыбыдэу, дэри псэжь и бынхэм ещхьу дыщытамэ, ди дыщэ уанэр зэрызыкIэщIэбупщIар яжесIэнт хьэщэхурыпхъуэ къыдэбутIыпщахэм.

– Уахь-хьэхь!.. Фэ уэркъ бынхэм къэввхэр Iейуэ я фIэщ мыхъуни бзэгу яхуэпхьынкIэ сызэрыбгъэшынэхэм. Щыхьэт уиIэ фи факъырэ уанэр сэ зыкIэщIэзупщIауэ?! УиIэ, зо?! А дыщэ уанэр уэ здэпхьар я нэкIэ ялъэгъуауэ сэ щыхьэтищ къэзгъэувыфынущ-тIэ, Къуэнхэ япхъу. Узыхэмытын ухэмыту, си хъым зыкъибгъэхуэныр нэхъ уи фейдэщи, егупсыс...

– Сэр уи гущхьэм...

– Хъунщ, хъун! Уэ сынодэуэну, фыз сыхъуакъым сэ. Апхуэдэхэр зи щхьэм хуэзыгъэфащэхэм сащыщу щытамэ, къуажэ унафэр зи IэмыщIэ илъхэм сыхагъэхьэнтэкъым... Си кIэкъуащIэр пIыгъыу къыскIэлъыбжыхь ухъуауэ уи нэкIэ уэзмыгъэлъагъумэ, си пащIэр уи IэкIэ уэзгъэупсынщ...

– Пу!.. Уи пащIэ цIэзащIэм Iэпэ хуэсшиину солIэ жиIащ...

– IэпэкIэкъым узэреIусэнур – уи гуащэ Iупэ дахэ цIыкIумрэ фоупсу IэфI уи бзэгумкIэ ухэзгъэджэгухьынущ. Фу, цIыхумэ! – жызыIэу зэкIэ дызэзымыгъэкIуалIэ фи хакIуэм и пIэм сихутауэ уэзгъэлъагъумэ, ущIегъуэжынщ... Ари уэри мы уэркъ лъапсэм гъэса фыщыхъуныпхъэкъыми, фыщыIэсэн егъэзыпIэ къыфхуэзгъуэтынщ сэ.

Псэжь и бынымрэ гуащэмрэ (я кIэм утеувэмэ, а иужьрейхэри къызодзэкъэкI) фIей Iэджи зэтратхъуащ. Япэ щIыкIэ Пшэплъ къызэригъэIэсэн Iэмалу Долэт къыхуэгупсысаращ: мыгъэшхэн. Псы емыгъэфэн. Абы щхьэкIэ... хьэпсыр псэупIэ хуэщIын. Ауэ дауэ? ЦIыху зригъэкIуалIэркъым.

АрщхьэкIэ «сэвецкIэм» апхуэдэ фIэкIа хузэфIэкIыркъэ? АркъэнитI яIыгъыу Къардэнокъуэхэ егъакIуэ щIалэ бланэ зытхух. Шэщ блыныщхьэм телъ бгыкъухэмкIэ ахэр Пшэплъ къыщхьэщопщхьэ. Iэджэрэ пытахэми, аркъэнитIыр шыпщэм фIагъахуэ. Шыр ныкъуакъуэу хуежьэмэ, щылъэдэн хуэдэу. БзаджагъэрэIэзагъкIэ цIыхум къытекIуэн псэущхьэ дэнэ къипхын? АркъэнитIыр лъэныкъуэ зырызкIэ зышэщI щIалэхэм яIэщIэкIыу Пшэплъ дэнэ кIуэнт?..

Хьэпс зыфIащар зи лъапсэм псы ирагъэжыхьыжа Хьэжыхэ я Iэщ егъэзыпIэу щыта къомым ящыщ зыти, Пшэплъ абы къыщIохутэ. Iуси псыи Iувмыгъахуэ – аращ зэгухьа къудей колхозым и тхьэмадэ Долэт и унафэр. АрщхьэкIэ, Тхьэм и шыкуркIэ, псори Долэт защIэтэкъыми, гу зыкIуэцIылъ цIыхухэр Пшэплъ шхынкIи псыкIи хуэсакъхэрт. Пэжщ, езы шым зигъэуэркъмэ, зигъэпагэурэ, зыкъомрэ зригъэлъэIуахэщ. ИтIанэ, ар зэрегупсысар уэ къащIэ – шхынри псыри Iумпэм имыщI мэхъу. Хьэпсым щэхуурэ щызыгъашхэхэм езыри щэхуурэ къахуэгуапэу хуожьэри... Псоми къахуэдыгъужькъым. ЗэгурыIуэхэу, я жагъуэ зэрымыщIу екIуэкIырти:

– Зэрызигъэемылыджым хуэдэ Къардэнокъуэр? – жиIэурэ щIэупщIэрт Долэт.

– ЩумыгъашхэкIэ, псы щумыгъафэкIэ, сыткIэ зигъэуэркъыжын икIи зигъэемылыджыжын мыгъуэ? Къопэзэзэхри кIэрытщ, – къыжраIэрт.

– Мыгъуэ жыхуэфIэр сыт?! Абы фигу щIэгъумэ, ар зеям и махуэр къыфхуэгъэкIуэн хуейщи... Сэ абы къызищIауэ щытар... – ауэ кърищIар ибзыщIырт. – Чы кIэщIэпIуамэ, и кIэбдзыр къиIэту къомыуэжыфыныр щыгъэтауэ, и кIэр хуэмыгъэхъеижыфу къэнауэ сывгъэлъагъу... КъызжиIакъым жывмыIэж! Товарищ Ленинышхуэм къытхуихьауэ нэхъ товарищыж Сталинурэ ди дыщэ-дыгъэм тхущIигъэбыдэ великэ октябрыскIэм и махуэшхуэр гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырыным мыгувэу щIэддзэну езы Къалмыкъоф и унафэ къытIэрыхьащи, уэркъышымкIэ а гуфIэгъуэхэм сыхэту зыкъэзгъэлъэгъуэныр си тобэщи....

– А псор дауэ гурыдгъэIуа хъуну-тIэ Пшэплъ? – къопсалъэ шызеши бохъуми хуэдэу лажьэ Лэжьэрей Мусэ дадэ. – Уи пIэм ситамэ, Ныбажуф, сщIэнурат: езы Къардэнокъуэ Къалэмбий мыгъуэм жэмыхьэтым тхуригъэщIыгъа мэжджытышхуэу нобэ къуажэ кIылубу къытхущIевгъэдзыжам махуэ къэс жыхуаIэу щедгъэкIуэкI кIэлъхуоз сэбранэхэм ящыщ зым езджэнт дахэ цIыкIум хуэдэуи, жылэ пащхьэм къизгъэувэнт, и пащIэр мис абдеж щыхуэсIуэнтIэнт, ари хущхъуэ хуэмыхъурэ, зызыгъэкIулачхэм дызэхуэарэзыуэ етщIэм ещхьу, IэIэткIэ кIэлъхуозым зэрыхэддзынумкIэ и судыр езгъэщIэнти...

– Къэвэрей къыффIэзымыщу, фи лъэпкъым Лэжьэрей къыфIэзыщам уи пыIэ цIэныкъуэшхыр щхьэрыкъуащ, Мусэшхуэ. Къыубжхэр сыт? КIэлъхуоз собранэхэр.... Бэлъшэвичхэмрэ кIэмунистхэмрэ я унафэ Iущхэр цIыхубэ народым щыхахьэ къуажэ кIылубыр джэгупIэ, уэ пхуэдэ щхьэгъавэхэм я гушыIэпIэ хъуа уи гугъэ? – къолыб Ныбажэхэ я къуэр.

– Уал-лэхьэ, сымыгушыIэ, Ныбажуф – си фIэщыпскIэ. Ауэ, пэжыр жысIэнщи, уныбажэреиным нэхърэ укъэвэреиныр сфIэнэхъыкIэкъым. КъимыдэкIэ, цIэми зыхищIэнур ящIэ: пщIэнтIэпсыр къекIуэу лажьэхэращ. Лъы зыщIэтхэращ. Армыхъуамэ япэ къыIэрыхьэр зи Iусрэ ар зэмызэгъыу зи гъуэншэджтхьэIу зыIыгъыу къэзыжыхь ныбажэхэр цIэхэм я натIэ щхьэфэм ираукIэн?..

– Уи жьэр зэщIэкъуэ, къэвэрей! Уэр фIэкIа лIапIэ сщIынкъым – япэ дыдэ диIэну собранэм, зи гугъу пщIы а уэркъышым и пIэкIэ, уэ кIэлъхуозым укъыщыхезгъэдзауэ уэзмыгъэлъагъумэ, Ныбажуф напэншэкIэ къызэщ...

– Япэ зизгъэщу сынощауэ бжы-тIэ...

– Зи хьэдрыхэбжэр Iуахын, къэбвхэр сыт? Сэбрани-бжьэбрани сыхэмыту, си IэкIэ узукIынщи сежьэжынщ, – жери йопхъуэ, бадзэуэгъуэхэм деж, щIым теуэным хуэдэу, тIыхэм къралъэфэкI фэлъыркъэбыфэхэм я фэгъуу елэлэхыу кIэрыщIа пхъэ кIэрахъуалъэшхуэм. – Iусрэ псырэ зыIувмыгъахуэу жыхуэпIэ, пфIэгуэныхь хъу а уэркъышыр щэхуу зэрыбгъашхэр сымыщIэ пфIэщIмэ, ущоуэ, Къэвэрейхэ я къуэ...

– Зи уанэгум укъихутэну узыщIэнэцI езы Пшэплъ тхьэмыщкIэрагъэнщ Лэжьэрейхэ я лIыжь жьэрэIурэм шхын щхьэкIэ сегъалIэ жызыIэу къыпхуэтхьэусыхар... Мы къомыр ди щыхьэту, кIуэи еупщIи абы жиIэр зэхэдгъэх-тIэ.

– Сэ сыIэщкъым. Iэщым я бзэ зыщIэр я Iэщэгъухэращи, хуит узощI – уэ къыщIэшыфи еупщI.

– КъыщIэсшмэ-къыщIэсш. СеупщIмэ-сеупщI, – жери дадэр бом щIохьэ. Щытхэр зоплъыж. Зохъуцацэ. Аркъэнхэри зи пщэм фIэмылъыж, нахъутэ пцIанэр зыпщIэхэлъ хакIуэ домбейр Iэдэжу къыщIеш. Дауи, ар

япэрей Пшэплъ ещхьыжтэкъым: пшэплъыфэ лъэпкъ тетыжтэкъым, и цыр уат. И нэхэм нэхугъэ зицIэ щIэплъэгъуэжыртэкъым. И тхьэкIумэ дзасэхэр бадзэуэгъуэ тхьэрыкъуэфу къещIыхат. Япэхэм и пIэм имызагъэу, къафэу, джэгуу щытамэ, иджы, щызэбэдзэуэнум деж фIэкIа, и лъакъуи, и кIи, и щхьи игъэхъеижыртэкъым. ЖыпIэнурамэ, Къэбэрдей псом щыцIэрыIуэу щыта Пшэплъым кIыфIыгъэ зэфэзэщут узэрыIуплъэр. Шым тIэкIу зыкъезыгъэужьыжа Лэжьэрей Мусэ дадэ ещхьу, гууз-лыуз зиIэхэм яфIэтхьэмыщкIэу зыгъэщатэ шым жыжьэу къеплъ Ныбажэ Долэтт зи Iупэр зэтемыхьэжыр.

– ЛIо, Ныбажуф, уеупщIу Пшэплъ къуит жэуапым дебгъэдэIуэну хьэмэрэ?..

– Хьэм уишхыж жысIэнути, усфIэтхьэмыщкIэщ, лIыжь делэ. Си адэ уриныбжьщ. Укъридзыхрэ уиукIми, уи лIэгъуэ дахэщ. ЛIыгъэ уиIэмэ, мо выгужьым ешалIи... НыбжесIаи: Iэщхэм фи бзэ зэрощIэ – уэ еупщIи, къыбжиIари къыджеIэж.

– Iагъ, цIэ Iэджэ шхын щхьэкIэ зыкIэрылIыхьа уи адэ тхьэмыщкIэ мыгъуэм сриныбжьми, зыщIэнэцI шыр ялъагъумэ, щIэпхъуэхэм сащыщкъым сэ – си лIыжьыщхьи тыншу сышэсыфынущ мыбы, – жиIэу, зыгуэрым къыдридзея фIэкIа умыщIэну, Мусэ зеIэтри, шыбгым къохутэ. Ар зылъагъухэм Iэрэ лъэрэ ящI. Дадэр IэгуфэкIэ тоуIуэ Пшэплъ и пщэм. Йолъэдэкъауэри, хуэмурэ йожьэ:

– Мыр Iусрэ псырэ щхьэкIэ зыгъэлIар къэпщIэну иджы укъеупщIыну, Ныбажуф? – шум Долэт дежкIэ егъазэ. Мор, чыным хуэдэу джэрэзу, и пIэм итщ. ИтIанэ жьыкIэрахъуэм ирихьэжьами ярейуэ, щIопхъуэ. КъылъэIэсынкIэ хъун шынагъуэм къезыгъэлыну нэхъ хэкIыпIэ гъунэгъу дыдэу къыIэщIэлъэгъуар шым иришэсын папщIэ езым нетIэ Мусэ къыхуигъуэта выгужьрати, мажэри, абы ныбафэкIэ зредзэ.

– Еу-уей, тхьэмыщкIэ, уи адэ и ныбжьын лIыжь, выгуи шыгуи хэмыту, зытетIысхьэфам умышэсыфу... Хъунщ. Ари додэ. КъызэфIэуви къэкIэс мыдэ. ШытесыкIэ уэзгъэщIэнщ, – выгум ирехулIэ.

– Шыри езыри зэрызмыгъэхь щIыкIэ, Iуфш мы лIыжь щхьэгъавэр!..

– Къэрабгъэр япэ мауэ, жи. Уа-алэхьэ, ари пхуэщIэнум уэ. Ауэ, зиунагъуэрэ, цIыхум сытыфэ къуаплъын? Шызешэ, бохъумэ лIыжьым хузэфIэкIым кIэлъхуоз унафэщIыр щышынэу къащIэмэ...

– Сэ хьэсэпэхъумэ, къуажэ Iэхъуэ сыхъуакъым, шы цIахуцIэ сытесу закъезгъэлъагъуну...

– Абы щыгъуи гугъу уедмыгъэхьын, уэлэхьэ. Къалэмбий мыгъуэм и дыщэ уанэ зыкIэщIэбупщIар IункIыбзэ тIуащIэкIэ уохъумэри мобдеж щIэлъщ. IункIыбзэIуххэр къащтэ мыдэ, напIэдэхьеигъуэм къыщIэсхынщи... Пшагъуэм щIигъэна Пшэплъ тхьэмыщкIэжь мыгъуэми пшэплъыфэ къытеуэжынкъэ, лIэун, уанэр зэщIэлыдэу и бгым къихутэжмэ? Уанэм щыдгъэужа хакIуэ екIум лIы пцIанафэ къытедгъэуащи... Алыхьым къыфхуимыгъэгъунухэр фолэжь, Ныбажуф...

– Уи къэвэныр щыгъэт, жысIакъэ, кIуонтIрэ! – Долэт уафэм сабэ дрепхъей. IункIыбзэIуххэр зыми дзыхь хуимыщIу езыр мажэри, уанэр къыщIелъэф. – Сэри мыбдеж щытхэми ди нэкIэ тлъагъуу, телъхьэ мыр а уи кIуонтIрэгъум. АбыкIи зэфIэкIынукъым – уошэсри... Сэ усIэщIэкIуадэ нэхъри, цIыхубэм я бийхэм я кIэр лIапIэ пхуэхъумэ, уэркIи сэркIи нэхъыфIщ...

– Мыбдежми хуэбгъэзащ, тэварыш Ныбажуф: делэм сигъэбий нэхърэ, губзыгъэм и хьэм сыкъиш, жи...

– Дауэ, дауэ жыпIа?! – Долэт Iэжьэкъур иреч. Ауэ, абы пэпсэлъэжын и щхьэ хуигъэфащэркъыми, жэуап иритыжыным и пIэкIэ:

– Уанэ теслъхьэрэ сышэсмэ, Пшэплъ сэ къысхуэнэрэ? – щIоупщIэ.

– ЛIо, лIыжь делэ, хьэдрыхэ шууэ укIуэмэ, жэнэтыбжэр занщIэу пхузэIуахын уи гугъэу ара?.. Еуэ, еуэ! Уи хьэдрыхэ гъуэгур пхуигъэкIэщIынущ мис абы. Куэд къыумыбжу, уанэр телъхьи шэс. АпщIондэхукIэ щIалэхэм ящыщ гуэр фыжи, мобы и хьэдэм тедгъэбжэн духьэшы къэвгъэс.

– УемыпIэщIэкI, Ныбажэ и къуэ. НэгъуэщIым тепIуэр Iыхьэ пхуохъуж, жи, – а зэрыпсалъэм хуэдэурэ, Пшэплъи зыгуэрхэр жриIэмэ, мыпIащIэурэ, уанэр трелъхьэ. ШхуэмылакIэр пщIэхедзэж. – Сэ укъызэрысхуэупса гъуэгуанэм утехьэнумэ, хьэдэр хьэзырмэ, мащэр хьэзырщ жыхуаIэраци, гъуэгу махуэ, Ныбажуф! – жиIэу дадэм шы-уанэ зэтелъыр выгужьым щыбгъэдишэм:

– Уэ жэнэтым унигъэсрэ къигъэзэжмэ, сышэсынщ сэ. Куэд къыумыбжу, тетIысхьэ абы! ЖьэкIэ псори дылIыхъужьщ. Iуэхур и нэм нэса нэужь, ди кIэр ди бэкъум дыдоупщIэжри...

– Зи кIэр зи бэкъум дэзыупщIэжу икIуэтыж кIау-кIаухэм ящIэр уэ нэхъ пщIэнщ, Ныбажуф, – жери, Мусэ мэшэс. – Къуажэм сыдэлъэдэжу... псибл ивгъэсыкIа ефэнды щымыIэжхэр дэнэ къыфхуисхыжын? Шокъуэхэ я къуэ сохъустэныкъуэр къыпхуэсшэрэ-тIэ? – и пащIэкIэ къыщIэгуфIыкIрэ, къеплъэкIыу йожьэ Мусэ.

– Ей-ей, лIыжь щхьэгъавэ, къэгъазэ мыдэ! Уи мейр къызэрына дыщэ уанэгум сэ дауэ сызэритIысхьэжынур?.. ЖысIатэкъэ?! Чы кIэщIэпIуамэ, зимыгъэхъеижыфу Iэсэ зэрыхъунур? Мес, хьэдрыхэ гъуэгу тет лIыжь ныкъуэлIэм джэгупIэ ищIу къэнэжащ. Апхуэдэ кIуонтIрэ куэд къигъэжыIэщIащ зи дэздрастир кIыхь хъуну дызыхуэхъуахъуэ сэвецкIэ властым. КъыдэмыдаIуэхэм мор зеям и гъуэгур едгъэхуащ. ЗызыхъунщIэ едэ, жи. Минрэ зихъунщIами, дызримыгъэIусэн и гугъами, ди хъым къидгъэхуакъэ? Си мурадым си Iэр щытехуакIэ, езгъэлъагъунщ а уэркъышым пащIэ зэраIуантIэ... Тобэ ярэби, уи насыпым кърихьэкIынумэ... сэвецкIэ властым и къарур инщ жыхуаIэракъэ?! Езы Къалмыкъоф дригъэблагъэу пщэдей Налшыч сынэсын хуейти... Ныбжьэгъухэр къохъуапсэу, жагъуэгъухэр къофыгъуэу мопхуэдэш утесу цIыхум укъалъагъун жыхуэпIэр... Сытхэр пхузифIыщIэ, товарищ Сталинурэ ди дыщэ-дыгъэ!.. Иджыпсту дэ къытхуэтыр сохъустэтэкъым – музычауэ Iэзэхэрат! – Выгу фIейм къикIыжу щIым къытеувэжа Ныбажэр зосэбэуэж. Бгырыпхым дэупщIа и джанэкIэм тоIэзэщIыхьыж. И Iэгухэр зэщехъуэ. Зэтрегъауэ. Пшэплъ зея Къардэнокъуэ Къалэмбий ещхьыфэ зытригъэуэн хьисэпкIэ, зэрызимыщI щыIэкъым. АрщхьэкIэ... шыдым я нэхъыбэ дыдэу къебгъэлъхуфыныр къыдырщ, ари Пшэплъ и фэгъу хакIуэ тебгъахуэмэ. Аращ зэщхьыр Пшэплъ шэса Ныбажэ Долэти. ГъэщIэгъуэныракъэ, зыхъунщIи-зыкъэхъунщIи хэмыту, зытригъэтIысхьащ абы лIыр. Ар зылъагъухэм, зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу, я щхьэр ягъэкIэрахъуэ: къыптекIуэм урифызщ жыхуаIэ хъунщ.

– ЛIо, Мусэ, уанэр щытеплъхьэм Пшэплъ зэрыбгъэIущахэр? – къоупщI щIалэхэр.

– Къэзанокъуэ Жэбагъы и псалъэхэр фщIэжыркъэ?.. Делэм уэ фIэкI, губзыгъэр езыр къыпфIэкIынщ, жесIащ... ИтIанэ...

– Уэлэхьи Iущу къыщIэкIам: акъыл зыхэлъ ущиер къищташ...

– Зеям, зыгъэсам ещхьыжщ... Ныбажэ и къуэ, къызжиIакъым жумыIэж – уэри си псалъэхэм уемыбакъуэ, умыбэлэрыгъ...

– Си бухъар пыIэр... хьэуэ жыпIэрэ – уи дыжь пыIэ цIэныкъуэшхыр хуэгъэтIысащ. И бгым зэ сыщихуакIэ, ищIэну дыдэр Тхьэм иригъащIэ. Мылылъэ лъапэ щаIыгъ Iэщ фермэмкIэ сыплъэнщ. Ауэ... япэ щIыкIэ праблененэмкIэ зэ сыIухьэжынщи... – жиIэу, къуажэмкIэ игъэзэну щыхуежьэм, цIыхухэм абы кIэлъадзын къагъуэт: Къардэнокъуэ Къалэмбий мыгъуэм и хакIуэ ябгэр къызеригъэIэсэфар жылэм яригъэлъагъуну аращ.

– Уэлэхьэ, Ныбажуф, закъыумыгъэлъагъуу, защыбгъэпщкIуамэ, нэхъ уи фейдэтэм, цIыхур делэкъым – къагуроIуэ: бгъэвэжу тет тхъу шыуаным дыдыжь улъияр хэпIукIэ, дыщафэ къищтэнкIэ мэхъу, ауэ дыщэ хъунукъым – зэрыгъущIыжьу къэнэжынущ... ФыкIэлъыплъыт мобы – жылэм зрагъэлъагъум хуэдэ мо хакIуэ дахэ зытесым зыцкIэ екIуркъым – зэщхьыр шылъэгу зэфIэгъэпщхьэжарщ. Ар уэркъ щауэу дунейм тета Къардэнокъуэ Къалэмбий ещхь пхуэщIын?! Щхьэж хуэфащэр и натIэм къритхауэ цIыху къэс къегъэщI Алыхьталэм...

Мобы сыздыкIэлъыплъым, ауэрэ сигу къэкIыжар фщIэрэ? – жиIэу, Мусэ и нитIыр егъэджэгу. Догуэт! Догуэт зэ! Къуажэм зыкъыщызыгъэлъэгъуэну пылъам занщIэу Балъкъ бжьэпэкIэ дригъэзея хуэдэ? Си нэр нэжмэ, ар шым ирихьэжьауэ ехь...

– Пшэплъ игу техуа хъункъым Къалэмбий щыдаш жэщым мы ди фэншэ Iейм дилъэгъуахэр. Зеям илъ ищIэжыну иримыхьэжьауэ узиIэ...

– ЖиIэнщ иджы! Шым а псор къыгурыIуэрэ?! Тхьэм ещIэ, Ныбажэхэ я къуэр щIегъуэжа? ЗанщIэу Мэлыбг лъапэкIэ игъэза?

– ДэнэкIэ игъэзами... ари цIыхуу къалъхуат. Тхьэм къихъумэ. КъыгурымыIуэ мыгъуэр уи мыш ушэсын зэрыхуэмейрщ... Уэ къомыкIу шы ушэсакIи, уэ пхуамыщIа щыгъынкIэ зыбгъэщIэрэщIэну ухуежьакIи, дыхьэшхэн ухъун мыхъумэ, напэ къэпхьынукъым. Ар къыгурыIуэрт Хъуэжэныкъуэ къэгъэпцIэкIейуэ къигъэпцIа ди гъунэгъупщми...

– Уа Мусэ, улIыжь губзыгъэ дыдэщ, ауэ... Хъуэжэныкъуи Хъуэжэпсои зэрыщымыIэр умыщIэу... ЩыIэр Хъуэжэщ, зиунагъуэрэ!

– Зи гугъу пщIы а Хъуэжэпсор псоми зэдайщ. Сэ жыхуэсIэр мо псы адрыщIым къыщыс жылэм я Хъуэжэныкъуэу щытаращ. Ар сыщыцIыкIухэм мы си нитIымкIэ Iэджэрэ слъэгъуащ. ИщIэфхэм щыщ куэди си нэгу щIэкIащ. И хъыбархэм щыщи си тхьэкIумитIымкIэ зэхэсхырт.

Мо ди Ныбажуфымрэ Пшэплърэ зэрызэмыкIум, зэрызэхуэмыфащэм ещхь Iуэхур къызэрыхъуауэ жаIэжхэрат.

УкъигъапцIэу псым, псалъэм и хьэтыркIэ, мо ди Балъкъ уишэу, ткIуэпс пIуимыгъахуэу укъишэжыфыну зы хьэкIэпыч бзаджэ гуэрт а Хъуэжэныкъуэ хъужыр...

– ЖиIэ гуэрым еплъи тIысыж: Хъуэжэныкъуэр... – къокIий зыгуэр. Ар къыфIэмыIуэхуу:

– Пэшэгъу иIэщ, нэщыпхъуэ иIэу къалъхуащ жыхуаIэхэм хуэдэт, – и псалъэм пещэ Мусэ. – Ар зи фIэщ хъухэм къыпакIухьырт: а гъуамэр табыщэгъуи джэгуэгъуи пщIыну дурыскъым, жаIэрт. Нэхъ ерыщхэм, абы нэхърэ нэхъ зызыгъэбзаджэхэм, зызыгъэгубзыгъэхэм ягъэунэхуну базкIэ бгъэдэувэну хуежьэхэрти... узижагъуэну хилъафэрт: мыст яшхауэ, я напэр текIауэ къыщIригъэдзхэрт. Мис арат къыщыщIар Хъуэжэныкъуэхэ я къуажэпщми.

Мис мо ди Ныбажуфым... Пэжщ, аитIур я дуней тетыкIэкIи, я теплъэкIи зэбгъэщхь хъунукъым... СщIэркъым нобэ си гур щIэгузавэр, дауэ щытми, бынунэщ, Тхьэм бэлыхьым щихъумэ. НтIэ, къезгъэжьара-

щи, зи гугъу сщIы къуажэпщми а махуэм уанэ мыгъуэр хузэщIалъхьауэ къыщIэкIри... Балъкъыщхьэ щаIыгъ и Iэщыр зригъэлъагъуну здэкIуэм, уэ къащIэ ар игу къыщIихьар – Хъуэжэныкъуэ и пщыIэмкIэ треIуантIэ. И щхьэзакъуэт. Къуажэдэсым я мэлыхъуэти, ищIэни и гъунэжт, ерыскъы жыпIэнщи – и пэрыхьэтт. Гуэныхь щхьэ къэхьын хуей? Нэхъ жумарти уигъэлъыхъуэну, зи Iэгур зи Iэнэт. И пщыIэм утехьакъэ, ушейтIан дыдэу, уалмэстыуэ щытми, уимыгъашхэу укъытригъэкIыжынутэкъым... ШейтIан гугъу сщIыри, мыри сигу къэкIыжащ.

Махуэ гуэрым Хъуэжэныкъуэ шэджагъуашхэ ищIу пщыIэм здытесым:

– Бохъу апщий, щIалэфI! – жери лIы хэкIуэта гуэр къыбгъэдохьэ.

– Уэ упсэу апщий! Къеблагъэ. И чэзу дыдэу укърихьэлIащ. Зэдэшхэ IэфIщ, жи. Си закъуэми, си псэм ищIам хуэдэу, нобэ лыр Iыхьищу згъажьэрт, дэгъуэу укъысхуеблэгъащ.

– Тхьэразэ къыпхухъу. Адыгэ уэтэртесхэм я хьэлщ зылI и Iыхьэ лейуэ ягъэхьэзыру. Уи дзасэм соплъри, Iыхьищ фIэлъщ. Зыр ууейщ, етIуанэр сысейщ. Ещанэр...

– Iагъ, тIур уэрэ сэрэ щыдиIыхьэ зырызкIэ, ещанэр кърихьэлIэм и хьэлэлщ...

– А ещанэр хэт?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ? Уэ пхуэдэу зыгуэр къытехьэмэ...

– Сэр нэмыщIи зыгуэрым упэплъэрэ?

– ЕмыкIу сыкъыумыщI, пэжыр жысIэнщи, уэлэхьи, уэри сыномыжьат. Ауэ хьэщIэр Тхьэм и щIасэщ, жи. Дэри...

– Хьэуэ, лы Iыхьэ ещанэр зыхуэбгъэжьэр къызжеIэ, арыншамэ...

– Арыншамэ, си ерыскъым уелъэпауэу уежьэжыну арамэ, абы щыгъуи гуэныхьыр ууеижщ, – мэлыхъуэр хьэщIэм щогуфIыкI. АрщхьэкIэ мобы и жьэр игъэувыIэркъым. Абыи къыщынэжыркъым – псалъэ гуемыIухэр кърипэсу хуожьэ: удыгъуакIуэщи, уи дыгъуакIуэгъухэм уахуэпщафIэу арати, лы IыхьитIыр абыхэм яхуэбгъэжьэрти... Ар пхуэшэчынт? Мывэ ухъуами, укъигъэчэнт. Мэлыхъуэр къыщетхъ:

– Мэ-тIэ Iыхьищри! Ныбажэмыжакъуэ уиущI! – жеIэри, мырамысэ хуабэм тригъэуэным и пIэкIэ, лы Iыхьэ пщтырымкIэ хоуэ хьэщIэ жагъуэм и нэкIум...

– Уэли, хуэфащэу иришIам. Абы хуэмеямэ, и хьэщIапIэ исынт...

– Ахьей хуэфащэт. Ауэ, мис мо ди Ныбажуфым ещхьу, яхуэфащэр зымыщIэж дапщэ къыпхуэзгъуэтын?.. Уэ-уэу мыгъуэ, – жиIэрэ гъуахъуэу къыщолъэт. ПщыIэм щыщIэжым:

– Пхуэзгъэгъункъым а къызэпщIар. Си къуэшхэр къэсшэнщи... Уи цIэр хэт?

– Уи къуэшхэми уэри сыфхуэгъэзащ, фщIэну дыдэр Тхьэм фигъащIэ. Нэгъабэщ си цIэр. Зызумыгъэлъагъуу зегъэхь адэ! Сэ сопIащIэ... Бисмылэхьи, – жиIэу ерыскъым щыхэIэбэм... Мор бгъуэтмэ къащтэ – бзэхащ... КъывгурыIуа иджы хьэщIэр зищIысар? ШейтIант, зиунагъуэрэ!

– ШейтIан щыIэ?

– Шыпсэщ ахэр...

– Шыпсэкъым, си щIалэхэ. Си нэкIэ слъэгъуакъым шейтIан. Ауэ зылъэгъуахэм, абыхэм къагъапцIэ пэтахэм... Уэтэртесхэм, гъуэгурыкIуэхэм я жьэкIэ жаIэжу си тхьэкIумитIкIэ Iэджэрэ зэхэсхащ. ХьэгъуэлIыгъуэ къикIыж уи гъунэгъухэрауэ, абыхэм я сэфэтым итрэ зэрызехьэу зыкъыпхуагъазэри... Ди бжьэм къефэт. Ди ерыскъым къедзакъэт... Ауэ шхэн щIэвдзэным и пэкIэ жыфIэ хабзэ псалъэр къыхэвмыгъахуэ – занщIэу

фефи федзэкъэж, жаIэу къыфIэщIагъэува фадэмрэ шхынымрэ... Ар фи фIэщ хъу-мыхъуми, бисмылэхьи зэрыжыпIэу, къуата фадэр шы гъутхьэпсу, ерыскъыр шы вейуэ къыпIэщIэнэрти, мохэр бзэхыжырт...

– ШейтIан дыдэхэу арат-тIэ?

– КъэпщIащ. ШейтIанхэм я псэхэхыр «бисмылэхьи» псалъэращ. ШейтIан къыбдэмышхэн папщIэщ ерыскъым ущыхэIэбэкIэ, бисмылэхьи жыпIэну ущIиборшыр. Хъуэжэныкъуэ и хьэщIэри зыдэбзэхыжар а псалъэрат...

БзэхыжакIэ бзэхыжат. Ауэ шейтIаныр гъынанэу и шейтIанэгъухэм щахыхьэжым:

– КъыпщыщIар сыт?

– Нэгъабэ къызэуащ...

– Нэгъабэ къоуар дэ мы гъэм къытхуэгъуэтыжынкъым. Щхьэр умыгъэузу, пэгуныр къащтэ, ШейтIаныкъуэ дыхьи, шейтIаныпс къэхь. ПщафIи дыгъашхэ, – жаIэри щIаху Хъуэжэныкъуэ зэбзэджэкIыу хуэфащэр зрищIар...

ШейтIаныбзэ ищIэу щытащ жысIэу шэс сихьэфынкъым, ауэ, цIыхур щыгъэтауэ, псэ зыIутым яхэт хъунтэкъым Хъуэжэныкъуэ зызыпимыщIыжыфрэ бзаджагъэкIэ ар зытемыкIуэнрэ. КъысхуэмыщIэр я къуажэпщыр а угъурсызым базкIэ щIыпэуварат... Уэлэхьэ, ар жысIэ щхьэкIэ, угъурсыз лажьи имыIэ мыгъуэт. И мэлыхъуэ-и мэлыхъуэу и гъащIэр губгъуэм щихьырт. Ауэ, зэрыжысIащи, уанэ мыгъуэр тезылъхьа къуажэпщыр шейтIанхэм къагъапцIэри... КъагъэпцIамэ, ягъэтхъа?.. Ягъэтхъар хэт жыпIэмэ, езы Хъуэжэныкъуэщ.

Мэлхэр пщыIэмкIэ къригъэзарэ шэджагъуашхэр игъэхьэзыру... Игъажьэ кIапэ пшэрым мырамысэ бэлагъыщхьэхэр езыгъэуфэнщIрэ, шатэпс маер езыгъэжэхыу мафIэм бгъэдэс Хъуэжэныкъуэ я къуажэпщыр къыхуопсыхри...

– Ари зи гугъу къытхуэпщIа шейтIан хьэщIэм ещхь гуэр хъунт...

– Хьэуэ. Iэуэлъауэ зэхэзыхыу къызэплъэкIа мэлыхъуэм занщIэу къицIыхуащ хьэщIэри ар къызэпсыха шыри. Къыщылъэтщ, зызэпилъэщIыхьурэ щIэпхъуэри, хьэщIэшхуэм пежьащ.

– Къеблагъэ! Къеблэгъапэ, зиусхьэн! Хьэм яшхыжын си шыжь, – у-у-«бэнэн» жиIэну хэтами, ар щIелъэфыжри, «ущыщынкIэ» зэрехъуэкIыж, – ущхьэха?! ХьэщIэшхуэм сыпежьэнти, шым къезгъэпсыхынтэкъэ?

– СыщIакъуэми, IэкIэ сызэрахьэну, хьэдэ сыхъуакъым сэ, – хуэфащэ пщIэ зымыгъуэтауэ зызыбжыж пщыр мэгъуматIымэ. Шым идзри и лъакъуэм сэкъат игъуэтауэ щытащи, бабыщ зекIуэкIэ ищIрэ, лъэныкъуэкIэ ещIэ-къещIэу, пщыIэмкIэ егъазэ.

– Тобэ ярэби! ЦIыхуфI и Iэнэ хьэзырщ жыхуаIэр нэрылъагъу дыдэ хъуаи! Уэ пхуэдэ цIыху дыщэ къысхуэзыхьа Алыхьым сытхэр хузифIыщIэ! Модэ жьантIэмкIэ дыхьэ. Лъэныкъуэжым тыншу тетIысхьэ. Ди ерыскъыр зумыусыгъуэджэмэ, – жиIэу хьэщIэ лъапIэм хуогуапэ. Iэнэ лъакъуиищыр бгъэдегъэувэри, – Тхьэм щхьэкIэ, хэIэбэ...

– Уэри къэтIыс, Хъуэжэныкъуэ.

– Хъуэжэпсо и нэфIыр зыщыхуэн! Си напэ тезгъахуэу, къуажэпщым дауэ сыдэшхэн?

– Уи нэмыс лъагэ ухъу. Бисмылэхьи, – жери хьэщIэм шхэн щIедзэ. – Уа, Хъуэжэныкъуэ уи цIэ дыдэр...

– Пэжщ, абы щыгъуэ сыцIыкIуащ – сщIэжыркъым. Ауэ, зэрыжаIэжхэмкIэ, сыкъыщалъхуам къысфIащар Исмелт, зиусхьэн.

– ЦӀэ дэгъуэкӀейщ. НтӀэ, Исмел, сыкъыщӀыпхуеблэгъар пщӀэрэ?

– Уэ пхуэдэ хьэщӀэшхуэ къысхуеблэгъэну сэ... сыӀэщхьэкъым, сыгъуапэкъым – махуэм сыӀэхъуэщ, жэщым сыхьэдэ хъурейщ. УкъыщӀэкӀуар къызэрызжепӀэу къэсщӀэнщ, зиусхьэн...

– Уэлэхьэ, уэ слъагъур уӀэзэ гуэрым! НыбжесӀэмэ, ахьей къэпщӀэн... ЗыбгъэтхьэмыщкӀафэуи зумыгъэджэду хьэжы. Шатэпсрэ кӀапэ пшэркӀэ зегъэтхъэжри... Уи хьэлэлщ. Къыболэжь. Мыдрейуэ, уэ къыпхуэмыгъапцӀэ щымыӀэу жаӀэри...

– Псалъэм пщӀэ щӀатыркъым, цӀыхум Ӏэджэм урагъэдэӀуэфынущ, зиусхьэн. Абыхэм жаӀэ псор уи фӀэщ пщӀымэ... УемыдзэпыӀуу, хэгъэщӀ, Тхьэм щхьэкӀэ... Сэ зэрысщӀым ещхьу, мо ди Ӏуащхьэмахуэ и сыджитӀым, аркъэн ебдз пэлъытэу, цы Ӏуданэ пӀащэ щыбдзэу мы хъупӀэм къыпхуилъэфэну, шыгъу кӀанэ папщӀэуи, псы требгъэфыхьыж щӀыкӀэуи, мэлыр абы ебгъэбзейуэ махуэм зибгъэӀэну, ауэ мыл джейр къэвыжу псыдзэу къыпщӀэуэу урихьэжьэну уи нэ къимыкӀмэ, си шыжьым и кӀэм кӀэрысщӀэмэ, дэслъэфыжурэ, жэщкӀэ зэрызгъэщтыжым хуэдэу, хэти хуэщӀыну жаӀэу ущӀагъэпхъуэнкӀэ тӀэу еплъынхэкъым...

– А къысхуебгъэкӀуэкӀ шыпсэ нэпцӀхэмкӀэ къэбгъапцӀэхэм сащыщкъым сэ, Хъуэжэныкъуэ. Уэ къыпхуэмыгъапцӀэ щымыӀэр пэжмэ...

– Ӏау, зиусхьэн! Ди къуажэпщ закъуэм апхуэдэ емыкӀукӀэ сеувэлӀэну Тхьэм жимыӀэкӀэ...

– А емыкӀур сэ къызощтэ. ЖыӀэзыфӀэщ делэхэр къыпхуэгъапцӀэми, къуажэпщыр зыхуэдэр цӀыхум къащӀэн папщӀэ... Е баз дызэпохьэ, е сыкъызэрумыгъэпцӀэфынумкӀэ зыкъоумысыжри...

– Алыхьыр си щыхьэтщ... абыхэм дыхэмыхьамэ, нэхъ къэсщтэнут...

– Куэд къысхуумыгъэкӀуэкӀ! Сэ нэхъ къэсщтэн Ӏэджэ щыӀэт. Псалъэм папщӀэ, сэкъат зыгъуэта си лъакъуэр, Алыхь ӀэмыркӀэ, иджыпсту сапсауэ хъужамэ...

– Алыхьым и къарур инщ, уи хъуэпсапӀэр къохъулӀэну жэщи махуи Тхьэ сыпхуелъэӀунщ, ауэ баз Ӏуэхур къыспумыубыд. Къуажэпщыр къэзгъэпцӀауэ зэхэзыххэм сытыфэ къызаплъын? Уэри ар къысхуэбгъэгъун?..

– Си пщыгъуэмкӀэ псалъэ быдэ узот уи цы налъэ хэзмыгъэхуну. Аркъудейкъым – сфӀэпхьрэ, мор-мыр жыхуаӀэу, гъэлъэхъу пшэр домбейри уи Ӏэрылъхьэу бжы...

– СфӀэпхь хъужыкъуэмэ-щэ? Уэ зупэсын мылъку збгъэдэлъ мыгъуэ сэ?

– Уи гъащӀэ псокӀэ усхуомэлыхъуэ. КъызжиӀакъым жумыӀэж – пщӀэншэу... ПщӀэншэ дыдэри сыт? Пшхыр уи лэжьапщӀэу...

– Къысхуэбгъэлъагъуэр узэрыунэн лэжьапщӀэкъым, зиусхьэн. Ауэ натӀэрыӀуапӀэ сыкъыщыпщӀакӀэ, ерыщу укъыщыспэувакӀэ... уи къуажэпщ жиӀэм уфӀэкӀыу дэнэ укӀуэн?.. Абы сыхуэмеямэ... Ауэ щыхъукӀи, езы Ӏуащхьэмахуэ дыди къызэрызгъапцӀэу цы ӀуданэкӀэ къызэресшэжьэф си мывэупцӀэр есхьэхыжу къысщымыгъупщати...

– Куэд къысхуумыгъэкӀуэкӀ, мэлыхъуэжь цӀыкӀу. Къыпщыгъупщамэ, мес уи шы увыӀам зедз, ежэхыжи...

– Си мэлхэр-щэ? Абыхэм зыгуэр къеӀэмэ...

– Ар си пщэ дызолъхьэ. Уэ укъэсыжыхукӀэ, абы къыхэӀэбэну хуежьэм и Ӏыхьэр мыхэращ, – пщыр и Ӏэщэхэм тоӀэбэ. – Еуэ. Зегъэхь. Ауэ зыкъыумыгъэгувэ. Сэ сыкъуажэ мэлыхъуэкъым – сыкъуажэпщщ...

– АӀэ-аӀэ. КъызгуроӀуэ, зиусхьэн, – Хъуэжэныкъуэ, зрилъэфыхьыпэурэ йожьэ. АсыхьэтыпцӀэуи къызэтоувыӀэж. – Ар сигу къэкӀыжтэкъыми!

Тхьэм щхьэкIэ, зыгуэр хуэдэу къыпщымыхъу. Нобэ си шыжьми сэри ди махуэтэкъым. ПыхъукIа мэл гупыр къезгъэгъэзэну сыздэжэм, шейтIан бын хэупIэу шейтIан анэр къебга, а гыбзэр къытехуа фIэкIа умыщIэну, къыхощэIукIри, и пIэм йонэ. Хьэм яшхыжын шыжь, къыпщIэIуар сыт? – жысIэу сеплъыхмэ... Уэгуэ-уэгуэ, зрамыщIэжу зы блэшхуэ кIэкIэ щыту солъагъу. Ар шым къеуауэ арати... Сопхъух. И щхьэр фIызоубыдыкIри... И кIэр шы лъабжьэм къыщIэнэу къыдызопхъуэтей. АбыкIэ шым сыхущIоуэри... А тхьэмыщкIэр ещIэкъуауэу зы илъыкIэкIэ щIэпхъуати... Блэ шэрэзыр щыгъэтауэ, топышэ къытехуами, апхуэдэу шынэну къыщIэкIынтэкъым...

Хьэлэл Тхьэм пхуищI, а лы пшхыр зэрызгъэжьа мафIэмкIэ си сэр плъыжьу согъэплъ! Шы лъакъуэ къэбэгар изобзэ. Блэ щхъухьыр зыхэт лъы фIейр къыщIэзгъэкIыну, шым и лъакъуэр сшытIэм-сшытIэурэ, мырамысэпс шыуан къызэрыкъуэлъэн хуэдизрэ селIэлIащ. ИтIанэ си джанэщIагъщIэлъ Iэщхьэр пызотхъ, – щыжиIэм, апхуэдэ зэрыщымыгъыр, зэримыIэххэр къащIэну сыткIэ хуейт? Къэпталыбгъэр зэхуешэ. АрщхьэкIэ абы гу лъимытэну пщыр делэт? Къавэ. Къавэ уэ, – жиIэ хъунщ игукIэ. Мыбдеж Хъуэжэныкъуи бзаджагъым еуэу арат: ипцIхэм лъакъуэ зэращIэмытыр и хьэщIэм иригъэлъагъуу, базым нэхъри тригъэгушхуэн хьисэпт зи Iуэху зэрихуэр. – НтIэ, жи шым и фIалъэр джанэ IэщхьэмкIэ быдэу фIэспхыкIатэкъэ? Дыкъытохьэжри... Пхъэшыкъум едза мо лы кIапсэхэм хэплъэт. Блэр щIопщыпхъэу согъэгъури фIэлъщ, – жи. ФIэлъкIэ, лы кIапсэхэм емыщхь гуэр фIэлът. Ауэ фIэлъыр блэтэкъым – Хъуэжэныкъуэ и упщIэ бгырыпхрат.

– АрщхьэкIэ, зыкъомыфI дэкIауэ, мэлыр къедгъазэу сыкъыщытехьэжам сеплъыпэмэ, шым и фIалъэр гуэгуш хулъэу къэпщу, уяеу хуежьакIэт. Уэлэхьэ, мы си гугъэр мыIуэху джэгу, жызоIэ. ЩIэрыщIэжу къыщIызодзэжри... ЕтIуанэ джанэ Iэгъуапэри дызогъакIуэ...

Пщым и щхьэр ещI: еуэ, екъутэкI уэ... Мы тхьэмыщкIэм ипцIхэр жыжьэ нэсыркъым. Базыр къызэрыфIэсхьынуми шэч хэлъкъым. Ауэ къуажэ мэлыхъуэ тхьэмыщкIэм къыпысхынур сыт? Аращ: зытезухуаращ – абы дынэсмэ, пщIэншэ лIыщIэу къызощтэри... ЗэкIэ кърыревэ... Пщым игу илъыр къищIа нэхъей:

– А бжесIэхэр уи фIэщ мыхъумэ, накIуэ, уи нэкIэ уэзгъэлъагъунщ шым и лъакъуэр зэрыпха джанэ Iэщхьэхэри, уи IэкIэ уезгъэIусэнщ згъэгъуну ездзауэ пхъэшыкъум фэлъ блэми...

– Мэхъу си фIэщ! Си щхьэр къыумыгъавэ! Сепшажьэу, укъэзгъэпцIакъэ жыпIэу укъысщыдыхьэшхыжыну хъунт...

– Уэлэхьи, зиусхьэн, мы зэдалэм сыкъэбубыдам. КъызэрызгъапцIэ мывэупцIэр сымыIыгъмэ, си джэш дзынхэм къикIышхуэ щыIэкъым. Бетэмал, нобэ сыту Iейуэ къысщыгъупщат ар! Ар сIыгъамэ, уи жагъуэ умыщI, дэкум хуэдэу къызэрагъапцIэ уэзгъэлъагъунт.

– Къыпщыгъупщамэ, уи шы щIакъуэ увыIамкIэ уэ къуажэм уехыжу укъыдэкIыжыхукIэ, щылIар сщIэж къудей си адэр къэтэджыжынщи къэкIуэжынщ. Мо си шым зедзи – зегъэхь уэ адэ!

– Щхьэ зыфIэт къуажэм дэсыну щIэхъуапсэр уэ пхуэдэщ, зиусхьэн! – жиIэу мажэ, занщIэу шым зридзын мурад иIэу. АрщхьэкIэ щыгугът! Мы пыпхэрат иджы къысхуэтыжыр жыхуиIэу, къеуэн и щхьэ иримыпэс щIыкIэу, шыр къыжьэхопырхъэ – къепыдж хуэдэу, щхьэкIэ къыжьэхоуэри, мэлыхъуэр къегъэфтрей. Ар зылъагъу пщыр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI: Уэ пхуэдэ фейцейхэр зригъэкIуалIэу есакъым ар, – жи игукIэ...

– Ярэби жыжьэ щхьэ укIуэрэ? Ди Пшэплъ Ныбажуфыр зыбгъэдигъэхьэрэ? Ауэ нобэ Iэсэ зэрыхъуаращ гъэщIэгъуэныр. Апхуэдэт пщым ишри.

– ИтIанэ пщыр къотэдж. Шым бгъэдохьэри йоIущащэ, и пщэм Iэ делъэ...

– Уэ Пшэплъ узэрепсалъэм, зэрыбгъэIущым ещхьуи?..

– Апхуэдэ зыгуэр хъунщ... ЦIыхум игъащIэм ямылъэгъуа къыщыхъуар иужькIэщ: пщым шхуэмылакIэмрэ лъэрыгъыпсымрэ еубыдри, мэлыхъуэр егъэшэс. АрщхьэкIэ мор ежьэркъым. Зоплъыжри:

– Уи жагъуэ умыщI, зиусхьэн. Ауэ сэ схуэдэу убэлэбанэу, мыпхуэдэш утесу цIыхум укъалъагъуныр къысхуегъэкIуркъым...

– Ди Ныбажуфым хуэмыдэу, абы напи укIыти иIэт, – къопсалъэ зы.

– Узахуэщ, тIасэ: узыхуэзымыгъэфащэм зыкIэрыпщIэныр акъылыншагъэщ...

– Ар псоми къагурыIуамэ...

– Ахьей, къагурыIуэу щытамэ... Ди Пшэплъ и фэр ирахрэт? АрщхьэкIэ...

– Мыпхуэдэ шу зэтес къэзылъагъум... Сэ сымэлыхъуэщисымэлыхъуэщ. Ауэ уэри, уи хакIуэ дэгъуэми сыт къыфхужаIэн?

– Си щхьэуз-тIэ узыхуейр? – пщыр къолъ.

– Уи щхьэ узыр уи жагъуэгъум иухь, зиусхьэн. Ауэ...

– КъызэрыбгъапцIэ мывэупцIэ узэримыIэр къыщIумыгъэщыну, базыр къыпфIэсхьынымкIэ уошынэри...

– Базыр зыхьыныр Алыхьым зыхуигъэфэщаращ... БжесIэну къысхуемыгъэкIур...

– Узэрыделэращ...

– Делэри губзыгъэри Алыхьым зэхигъэкIынщ... Уи Iэщэ-фащэр зыкIэрызбгъэлъхьамэ...

– Губгъуэм цIэм ирашхыхь уэ фIей Iейм си щыгъын уэсту...

– Абы щыгъуэ узэрегуакIуэщ. Ауэ мыпхуэдэш сытесу, мыпхуэдэу сыхуэпауэ цIыхум закъезгъэлъагъуфынукъым, – жери мэлыхъуэр шым къопсыхыж.

– Ер и унэм ихьащ уэ лъагъугъуейр пэшэгъу узыщIым. Абы сыхуэмеямэ... – ауэ, ерыщ екIуати, къикIуэтыжын мурад иIэтэкъыми... Базыр къэсхьынущ жиIэурэ, и Iуэхур шыпхэ щыхъуар адэкIэщ...

Иджыпсту угушыIэну къемыкIуми, а псор сигу къыщIэзгъэкIыжар, си жьэр згъэузу щIыфхуэсIуэтэжыр зи мыш шэса мо инат бзаджэмрэ Къалэмбий мыгъуэмрэ зэрызэзгъэпщаращ...

Феуэ, фэри фи Iуэху яужь фихьэж. Сэри шэджагъуэ нэмэзыр сщIыуэ, мэкъути псыти жысIэу шым сахыхьэжын хуейщ.

– Ар дауэ, зиунагъуэрэ?! Дэлэныпхъэр япкIыху щысри, ар ягъэжьэным пэмыплъэу ежьэжащ жыхуаIэу... АдэкIэ къэхъуам дегъэдэIуэж...

– АдэкIэ къэхъуам фезгъэдаIуэмэ, фи дзэр Iуэхунщ жысIэнути... Сыныфхоплъэри, фысабиижкъым. КъэмыхъуаIауэ, Ныбажуфымрэ Пшэплърэ къагъэзэжмэ, сигу зэгъэнути, зэманым пкIэлъей щIездзыращи...

НтIэ, арати, пщым и шым тес Хъуэжэныкъуэ зоплъыж. «Уи шым и напэр тызумыгъэх, зиусхьэн. Уи щыгъынымкIэ зызгъэхуапи сегъэхыж», – жери трегъэчыныхь. Пщым Iэжьэкъур иреч. Уафэм сабэ дрепхъей... Ауэ ари мо ди къуажэ тхьэмадэм, – жиIэу, Мусэ ипщэкIэ доплъей, – и фэгъу зы ерыщ гуэру къыщIэкIынт, и мурадыр къехъулIэу базыр къимыхьу мыхъуну къалэн зыщищIыжати... ГъумэтIымэурэ зетIэщI. Си Хъуэжэ-

никъуэу плъагъум абы и щыгъынымкIэ зехуапэ. Мэл гуартэм зыгуэр къеIэ хъужыкъуэмэ, зэрахэуэну фочым нэмыщI, и Iэщэри иретри...

Къуажэпщ дыдэ хъуауэ зибжыжрэ зигъэлIу, и хьэщIэри зыдигъэIэпыкъуурэ мэшэсри, хамэш тес и мыст узыркъым, жи. Шым хукъуелъхьэ. ЩIопхъуэри... къуажэпщым и унэм ирехулIэ. ЗимыгъэIэуэлъауэмэ, зимыгъэлъэгъуащэмэ нэхъ фIэзахуэу, арщхьэкIэ икIи зимыгъэпщкIущэу къопсых. ТIэкIу зигъэщIакъуэурэ, унэм зыщIегъахуэ. Махуэр хуабэт. Ауэ гуащэм зыщигъэпсэху лэгъунэр щIыIэтыIэт: унэ лъэгум псы ираутхагъащIэщ, лъапэнэху къудей фIэкI къыдимыдзу, щхьэгъубжэIупIэхэр егъэжэлIащ.

– А си Дотэнэху, гурэ гурэ зэрощIэ жыхуаIэу, сигу укъэкIри, сыздэщысым псэкIэ узгъэфIа къудейт, – жиIэу, жьыхур зэриIыгъыу, гуащэр «и Дотэнэхум» пожьэ. ЗрешэкI. Модреймии щIыхуэ зытригъахуэркъым. Ауэ кIыхьлIыхь зищIыщэркъым: гуащэр здигъэIэпыкъуурэ пIащIэ-тхъытхъыу, Iэщэ-фащэр зыкIэрех. Аргуэрыжьщи – езыри Iуэхуншэкъым: бзылъхугъэ дахэм йоубзэрабзэ. ЗыкIэрешытIэ. ИтIанэ уэс Iэтэм и фэгъу цIыхубз щIыфэхушхуэр къеIэтри...

ЗэрыщIыхьа дыдэм хуэдэу къыщIокIыж. ЗэрызигъэщIэкъуэн хуейр игу къигъэкIыжрэ, къэхъункIэ хъуныр хэт ищIэрэ, жыхуиIэщи, зыгуэрхэм гу къылъатэми и мыжагъуэу, тIэкIу хэуэ щIыкIэу, шы-уанэ зэтелъым хуеунэтI. Мэшэсыжри, уи ней щыхуэ – макIуэ-мэлъей...

– Хьэдрыхэ ущыIа алъандэм?!. – пщыр нэщхъыдзэщ.

– Зи узыр кIуэдын зиусхьэн! А сэ сыкъыздикIыжа хьэдрыхэм хуэдэм упсэууэ игъащIэ псокIэ ущыIэну укIуэ хъунт. Ауэ сыт пщIэн? – кIэ зимыIэ щыIэкъым.

– Сызэрыпхуэмэлыхъуар куэдщ. Укъэмывэу, къызыкъуэх. КъызэрыбгъапцIэ уи мывэупцIэр къэпхьамэ – сыпхуэгъэзащ. ПлъэкI къыумыгъанэу, уи къэвэбжэр къызэIухи сыкъэгъапцIэ, – жи.

– МывэупцIэу щыIэр кърaухьэкI сэ къыпхуэсхьам, – жери и жыпым... Хьэуэ – пщым и къэптал жыпым кърех... дуфач къабзэкIей. – Алыхьыр си щыхьэтщ – сымыдыгъуэрабз...

– Мыр сыт? Мыра уи мывэупщIэр?..

– Ар зищIысри зейри уэ зэрыпщIэм шэч къытесхьэркъым...

– Мыр зиIысыр?! – пщыр IэлфIыцIэу къызокIуэкI.

– Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн гуащэр IэфI дыдэу Iурихауэ жейрти... Къэзгъэушыну сфIэгуэныхь хъущ, хуэм цIыкIуурэ, зыкъезмыгъащIэурэ сыкъыкIэщIэкIуэсыкIыжри... мыр, мыр.

– Хьэдэмэр зыщыун, зи гугъу пщIы гуащэр...

– Мыр зейращ, – Iэдэбыбзэу, зыри къэмыхъуагъэххэ хуэдэу, дуфачыр и IэпитIым фIэдзауэ, пщым и пащхьэм итщ Хъуэжэныкъуэ. – Тхьэм фIыгъуэр зыхуищIэн уи гуащэр мыбы лъыхъуэурэ щхьэуназэ хъунщ. И хьэщIар хэтми къищIэмэ, сэри псэжьыфэ, дыгъуэрабзыфэ къызиплъынщ. Худзэпхьыжрэ ептыжамэ... – Къыхуаший хьэпшыпым емыплъу, пщыр мапхъуэри, мэлыхъуэм бгъурыщIа къамэр кърелъэф. Ар щиIэтым:

– Сэ сыбукIкIэ, лIыфI букIакъым, зиусхьэн. Ауэ фи унэм сыкъыщIэкIыжауэ сыкъэзылъэгъуа уи пщIантIэдэтхэм уэри гуащэри уэрэдрэ Iуданэу фрахьэжьэнщи... Ар нэхъыфIмэ – егупсыс, зиусхьэн...

– Уи псэр хэсхынщи... А куэпэчми уи ужьыр незгъэхунщ...

– Гуэныхь къыумыхь – гуащэм лажьэ иIэкъым. Уи Iэщэ-фащи уишри епту, сэ схуэдэ Хъуэжэныкъуэ щыхуэбгъакIуэкIэ...

– Хъуэжэныкъуэхэм я хьэдэм ухаулъхьэ! – жиIэу къамэр

хыфIеутIыпщхьэ, и пIэ йоджэрэзыхь, дуфачыр къыIэщIеч, хыфIедзэри, тебжьытхэурэ, щIым хеутэ. ЗытIэщIыжи зыхуэпэжи хэмыту, хэщIэкъуауэу мажэри, шым зредзыж.

– Зиусхьэн! Ей зиусхьэн! Гъэлъэхъур уэ къысхуебгъэшэн хьэмэрэ сэ сынакIуэу... – пщым кIэлъидз псалъэхэр жьым зэрырихьэжьэр къыгуроIуэри: – ГъэщIэгъуэнщ мыхэр: кIуапIи-жапIи къуамыту къыпщыхьэхэрэ къэбгъэпцIэну урахулIэу, къызэрыбгъэпцIам щыхьэт техъуэн папщIэ я нэм щIэпIур щIым хаутэжу... – йоIэбыхри, дуфачыр къещтэж. ЕутхыпщIыж. Йопэмри, – алохь-алыхь, зейм ещхьщ. Абы и фэ есплъу зесхьэнщ, – жиIэу и гуфIакIэм диупщIэурэ, и шыр щыхъуакIуэмкIэ егъазэ...

– Мо шу цIыкIу къытхуэжэр а уи Хъуэжэныкъуэр армырауэ пIэрэ, Мусэ? Хъыбар Iей къытхуимыхьу Тхьэм къыщIигъэкI, – щIалэхэм ящыщ зы ипщэкIэ доплъей. Шур къосри, сэмэгурабгъумкIэ къопсых:

– Ныбажэ Долэт и хьэдэр Архъуанэшхуэ ищхъэрэIуэкIэ ныджэм къытридзауэ...

– Еу-уей, си хъыбархэр кIыхь щIэсщIыр... апхуэдэ зыгуэр къызэрыхъуныр, Пшэплъ и набжьэ зыгуэр зэрыщIэлъар си псэм ищIэрти, фызэбгрызмыгъэкIыжын папщIэти, гур зэрыгъум дыгъур ирижащ. Пшэплъ плъэгъуакъэ, тIасэ? – щхьэкIуэм йоупщI Мусэ.

– Сыт Пшэплъ, зиунагъуэрэ?! Мыпщэдджыжьрэ мыпщыхьэщхьэу, шэджагъуэм пшэплъ дэнэ къыздикIынур? – щIалэщIэр къоIэнкун.

– Ныбажэхэ я къуэр псым езыгъэтхьэла шыращ зыщIэупщIэр, былым! – къокIий нэгъуэщI зы щIалэ.

– Долэт псым езыгъэтхьэлар хэтми дэнэ сэ щысщIэнур? Слъэгъуар езым и хьэдэращ, – къогъумэтIымэ щхьэкIуэр.

– Хъунщ, тIасэ. Уэ лажьэ уиIэкъым; нэфрэ дэгурэ зопсалъэ жыхуаIэм ещхь дыхъуауэ аращ... ТхьэмыщкIэ, си хьэдэм къытригъэбжэн духьэшы лъыхъуэурэ...

– Уи япэкIэ бгъэжа мывэ хъурейм уолъэпэуэж щIыжаIэр аращ...

– НэгъуэщIым хуэптIа мащэм уохуэж...

– Щывгъэтыж иджы, дауэ хъуми, хьэдэр ди жылэ хьэдэщ. Зейхэм хъыбар егъэщIэн, мор къэшэжауэ зыхуей хуэгъэзэныр ди борщщи... Ауэ Алыхьри фызогъэлъэIу, сэри сыволъэIу: Ныбажэхэ я къуэр Пшэплъ IэщIэкIуэдауэ фымыгъэхъыбар. Ер и кIэм къэрагъэкIынщи...

– ЛIо, шыми кIуонтIрэ фIащу зеяхэм я ужьыр ирагъэхунк Iэ ушынэу ара, дадэ? Зеяхэрщи, хэт яукIащ, хэти Сыбырым яхуащ...

– ЖымыIэпхъэхэр къэвмыпсэлъ, тIасэ. Къэхъуар къэхъуащ. Дэ абы зыри тхуещIэжынукъым... Ярэби, езы шы тхьэмыщкIэр дауэ хъуа мыгъуэу пIэрэ?.. АпщIондэху дунейм къытемыхьэжмэ, мы къыттехъуам и дауэдапщэхэр зэфIэкIмэ, зы шыжь сышэсынщи, хъупIи мэзи къэзмыгъанэу щIэсщыкIынщ, и псэущхьэ е и хьэдащхьэ къэзгъуэтынщ, – щыжиIэм, гушыIэр зи щIасэ щIалэ гурбиянхэм я жьэр пхуэубыдынт?

– ЛIо, дадэ, абы и хьэдэри къэпшэжу ефэнды тебгъабжэу щIэплъхьэжыну арат?

– Алыхьым деж нэмысынхэр къэвмыпсэлъ. Зея адыгэлIым илъ зыщIэжа адыгэшым и щхьэм кърикIуар зэхэзгъэкIыу Къалэмбий тхьэмыщкIэ мыгъуэм и псэр згъэгуфIэн щхьэкIэщ Пшэплъ и лъыхъуакIуэ сыщIежьэнур. Ауэ япэ лIар япэ дах, жи. ФынакIуэ иджы. Уэ къани, сэ къэзгъэзэжыху шыхэми боми якIэлъыплъ, – жери, зы щIалэ зыхуегъазэ. Дадэ мыдрейхэр ирешажьэ...

– Мусэ жыхуэпIэ а дадэ угъурлым Пшэплъ къыхуэгъуэтыжат-тIэ? – соупщI Заурбэч.

– Хьэуэ, – а псалъэ закъуэр ерагъыу къыдрешей. НэгъуэщIи къыпимыщэу икIи, сэ сримыIуэхуж щIыкIэу, ар здэплъэмкIэ сэри сыплъэмэ, уи нэр зытеплъызэн хуэдэу, зыри къысIэщIэлъагъуэркъым. – ЕмыкIу сыкъыумыщI... сытегупсысыкIати... Дэ къытщIэIуам хуэдэ зыгъэва щымыIэ нэхъей, сыпхуэтхьэусыхэ защIэурэ уи щхьэр зэрызгъэузар слъагъурти, щIэпри цыри зэхэзджэурэ, си анэш къуажэ дадэм и хъыбар дыхьэшхэнми ущIезгъэдэIуар... Армыхъу а къезгъэкIуэкIахэм ухэгушыIэныр къызэремыкIури къызгуроIуэ... Ауэ... зы лъэпкъми хуэмыдэу, гуауэ гъунэншэхэм яужьыгуа, гуфIэгъуэ мащIэхэми къамыбгынапэу зи дуней гъащIэр къезыхьэкI адыгэхэм я философие Iуэху еплъыкIэрагъэнщ езыхэр къыщIызэтенар: зыр лIа щхьэкIэ, адрейм зилIэжыркъым. Нэщхъеягъуэри нэщхъыфIагъри зэпылъщ...

– Псэун зэрыхуейм ухуэзыгъэIущ гупсысэкIэщ ахэр. Пшэплъ...

– Сыт хуэдизрэ лъыхъуахэми, и хьыпIи и шхыпIи къахуэгъуэтатэкъым. Ауэ, Мусэ дадэ хуэмыдэу, ахэр нэхъыбэу зылъыхъуар Пшэплътэкъым, – ди Дадэ мыгъуэм и уанэ лъапIэрати... Ари езы шыри здэкIуам щыгъуазэу, сэ зэрысщIэмкIэ, щыIэр Алыхьталэ закъуэрати, абы еупщIыфын къахэкIатэкъым дыщэ уанэм зи нэр къыхуикIхэм... Сэ сщIэращ – уэ къыумылэжьам къыхэпхынур лажьэщ.

– Ари адыгэ гупсысэкIэм щыщщ, – щIыIэ-щIыIэу си пащIэкIэ сыкъыщIогуфIыкI. – Псы щIыIэми дигъэпIыщIащ. Дунейри нэхъ щIыIэбжь къэхъуащ. ТIэкIу дыкъэзыгъэхуэбэжын гуэр... – жысIэу Iэнэзехьэр къыщезджэм, си ныбжьэгъущIэми «хьэуэ» къыщIыхимыгъэкIар зыхуэсхьар иджыри тIэкIу дызэбгъэдэсмэ, гуIэфIтещIэжу, нэгъуэщI зыгуэрхэми сригъэдэIуэну зэримыжагъуэрагъэнщ.

Айтэч

# А пщэдджыжь уейпсейм...

*Рассказ*

Тарасовнэ, къызэрыуэшрэ куэд щIами, и нэр зэтепIауэ хэлът, зигъэхъеин темыгушхуэу – нэхущым нэблэгъауэ тIэкIу нэхъ тепыIэпIэ игъуэтри жейм хилъэфати, и пхъурылъху цIыкIур нэху щыуэ езыр-езыру къэушыху хигъэлъыну и мураду.

Жэщыр зи кIыхьагъми зэтэкъым Тарасовнэ къызэрыушар. Абы къыгурыIуат, сытуи щрети, зы Iуэху мыщхьэпэ гуэр Викэ зэрыхэхуар. Ярэби, сыту пIэрэ? Хэхуар пэжщ. Арыншамэ, жэщ псом зэ зимыгъазэу нэху къекIыу щыта сабийр ныжэбэ апхуэдизу пIейтей щIэхъуар сыт? Абы къиIуэщхъуахэми къикIыр зищIысыр дауэ къызэрыбгурыIуэнур? «Викэ, уэ ухъыджэбз губзыгъэ цIыкIущ». Апхуэдэурэ тIэу-щэ жиIат Викэ, здэжейм. Зэ закъуи мыпхуэдэу: «Гупсысэ». Ярэби, сыт мыгъуэу пIэрэ абыхэм къикIыр?

Абы хэту Викэ зыкъигъэхъейщ, зигъэзэн хуэдэу къеIэри, асыхьэтуи тепыIэжащ, – Iурихыжа хъунщ. Жэщ псом гугъу ехьащ сабий къаруушэр, егупсысащ Тарасовнэ, дахэ-дахэуи жеякъым, зигъэзэну хэта-

ти, ари хузэфIэмыкIыжу Iурихыжащ… Ей, сабий тхьэмыщкIэ мыгъуэ… Хьэуэ, хьэуэ! Тхьэм къысхуигъэгъу… Сабийм апхуэдэ траIуэркъым… Уэ дэнэ щыпщIэрэ абы и насыпыр зыхуэдэнур! А фасикъхэм я къаруri зэ щIэкIынщ, зауэми кIэ игъуэтынщи… ЦIыху цIыкIум я нэр плъэжынщ. Ауэ щыхъукIэ, сыткIэ пщIэн сабийм къыпэплъэр зыхуэдэр? НасыпыфIэ дыдэ хъунуми пщIэркъым.

Тарасовнэ, зэрымыIэуэлъэуэным хэту, хуэм дыдэурэ мащIэу зыкъытриIэтыкIри, Викэ зыкъыщигъэхъеям щыгъуэ шхыIэным фIыуэ къытекIуэта бэлъто пщампIэ укъуеяижьыр зэрытелъам хуэдэу трипхъуэжащ.

АрщхьэкIэ Викэ, ар дыдэм ирихьэлIэу, «Сархъ» жиIэу къызэфIотIысхьэри щIоупщIэ:

– Бабу, уже рассвет? Сколько времени?..

– Спи, спи, Сиганка. До рассвета еще далеко.

Ар щызэхихым, Вики, – и анэшхуэм жиIэр и фIэщ хъуагъэнщ, – зридзыхыжщ, шхыIэн щIагъым кууэ зыщIигъэмбрууэри, иджыпсту псэлъар арауэ къыпхуэмыщIэжын хуэдизу, а зы напIэзыпIэм жейм хилъэфэжащ.

«Бабу»-мрэ «Сиганка»-мрэ зыр зым фIищыжа гъэфIэгъыбзэу арат. Викэ и анэшхуэм зыщыхуигъазэкIэ бабушкэ е бабуля жиIэртэкъым – «Бабу» жиIэрт. Езы Тарасовни и пхъурылъхум и цIэмкIэ еджэртэкъым. Абы «Вика» щыжиIэр къыщигъэгубжь зэзэмызэм дежт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, «Сиганка»-р къызытекIар «Цыганка» псалъэрт. Ауэ ар щыгъэфIэгъыбзэкIэ, къызыхуагупсысари фIыуэ ялъагъу пхъурылъху цIыкIу закъуэрауэ щыщыткIэ, сыт ягъэ кIын – а къызэрыгуэкI псалъэм зы гуапагъэ-IэфIыныгъэ нэщэнэ гуэр хэплъхьэми. ИкIи, а щIыкIэм тету, къэунэхуащ япэм щымыIа псалъэ: «Сиганка».

Викэ кIуэрэ пэт Iурихыжами, Тарасовнэ хэлът, жеижын и гущхьи къэмыкIыу, Викэ ар зыхидза гупсысэм зи къимыутIыпщу. Ярэби, сыт мыгъуэу пIэрэ? Махуэм хуэзэу сыт хуэдизрэ жесIэрэ: «Нэмыцэм запыIудз, закъыумыгъэлъагъу, абы ящыщ къакIуэу ад…дэ жыжьэу плъагъумэ, сыт пIыгъми хыфIэдзи, мыдэ къыщIэлъэдэж». Сабий анэмат нэхъ Iуэхушхуэ сыт щыIэ?..

Хэлът Тарасовнэ, гупсысэм ихьу. Ярэби, хэт ищIэрэ… а щIалэ цIыкIуитIым язым и жагъуэ къищIауэ пIэрэ-тIэ? Хьэуэ, апхуэдэфи ятеткъым. ТIури икъукIэ гъэса цIыкIухэщ. Хъыджэбз цIыкIу Iэдэб дыдэм ещхьщ тIури. НтIэ – хэт? Сыт?..

Апхуэдэу гупсысэм-гупсысэурэ, Тарасовнэ икIэм-икIэжым зы хэкIыпIэ гуэр къихутауэ къыфIэщIыжри, абы триубыдащ: и нэр къызэрызэтрихыу, къэмыушыпэ щIыкIэ, къызэкъуэпхъуэтауэ сеупщIынщи, имыщIэххэу къэзгъэхэшэнщ, – егупсысащ фызыжьыр.

Керогазыжь гуэр яIэти, шей ягъавэми, хъудырыпс хуэдэу зыгуэр тIэкIухэр ягъэхьэзырми, сытми, махуэм бахъэмэ щIэтт я пэшми, абы игъэпIыщIэртэкъым; жэщкIэ, зэрыхуэпауэ, зэлъэпагъыу шхыIэн щIагъым щIэпщхьэжырт, шхыIэным и щIыIукIи икъукIэ хуэтIорысэ хъуа щIымахуэ бэлътоушхуэр къытрапхъуэжырти, пэш кIуэцIым щызеуэ щIыIэм апхуэдэу зыкърагъэлырт.

Жэщ псом ягъэхуэба пIэм къыхэкIыну къехьэлъэкIырт Тарасовнэ. Ауэ… Викэ и Iуэхум… Апхуэдэм деж щхьэхыжа анэшхуэ хэт илъэгъуа! АрщхьэкIэ, къокъузылIауэ уи лъэпагъым хэлъыр къыумыгъэушу дауэт укъызэрытэджынур?

Сытми, япэ щIыкIэ хуэм дыдэурэ, тIэкIу-тIэкIуххэурэ, игукIэ «Iыхьшыхь» жиIэ зэпытми, и Iупэр зэтекъузарэ къызыжьэдимыгъэкIIауэрэ ерагъыу шхыIэным къыкIэщIэпщри къызэфIэтIысхьащ Тарасовнэ. КъызэрызэфIэтIысхьэххэуи къэпIыщIащ. Цы лъэпэд лъыгът, хъэлат Iув щыгът, цыплIэ Iэщхьэншэ къытелъыжу, арщхьэкIэ пIэм щыщыгъар къехуэбылIэжыртэкъым.

ИтIани, кIагуэр зыщитIэгъэн и пэ, и нэкIум псы тIэкIу нигъэсын мурадкIэ, дыщэ зэрамыхъумэу зыхуэсакъ псыр пэгуным иту плIанэпэм къуэтти, абыкIэ иунэтIащ, Викэ зэхримыгъэхын щхьэкIэ, щэху дыдэу щэIуурэ.

Унэм зэрыщIэт вакъэ лъэмбыIуитIыр къызэрытриIэтыкIи щымыIэу, хуэму, макъыншэу илъэфу кIуэурэ, Тарасовнэ псыщхьэр трихщ, крушкIэ плIанэ хуэдиз къригъахъуэри, абдеж къыщыт тасым зыхуригъэзыхыурэ, зы псы ткIуэпс пщIэншэу кIэримыгъэткIуу, и нитIыр щIитхьэщIыкIащ, и нэкIури тIэкIу псыф ищIри, напэIэлъэщIкIэ щIилъэщIыкIыжащ. ИтIанэщ кIагуэр щыщитIэгъар.

Викэ IэфIу жейрт.

Иджыри нэху щыпатэкъым. Ауэ щхьэгъубжэм къыдидз нэхум кIуэ пэтми нэхъ къыхэхъуэрти, уэздыгъэ пумыгъанэу узыхуейр пэш кIуэцIым къыщыбгъуэтын хуэдэу хъуат.

Шэнтщхьэгуэ цIыкIум тесу щыст Тарасовнэ, Викэ къызэрыушыххэу, абы пкърыупщIыхьыну хьэзыру. Щыст ар, и пхъурылъхум и нэкIу лъагъугъуафIэ цIыкIур зэпиплъыхьу. Пэш кIуэцIри хуэм-хуэмурэ нэхъ нэху къэхъурти, куэд мыщIэу Викэ и нэкIубгъу къыдэгъэзеям хэпхъа анэл цIыкIуищри нэхъ къыхэбелджылыкIащ. Анэлхэр къэнами, уи нэкIу тIэкIур си IэштIымым нэхърэ нэхъ цIыкIу хъужаи, си сабий... хьэуэ, хьэуэ... Iей тезмыIуэну мурад сщIатэкъэ, жиIэщ игукIи, Тарасовнэ абдеж зыкъыщигъэувыIэжащ, «насыпыншэ» псалъэр и пхъурылъхум щхьэкIэ зэи жимыIэну аргуэру зэ къалэну зыхуигъэувыжри.

Абы хэту Викэ и нэбжьыц кIыхьхэр къызэтрипхъуэтри, и нэ фIыцIэшхуитIыр къыщIигъэплъащ:

– Что, Бабу, не узнаешь свою любимую внучку?

Тарасовнэ, зы къемызэгъ гуэр къызэрыIэщIэщIам гу къылъатэу абы езыр ириукIытэжа нэхъей, тIэкIу мащIэу къаскIэ хуэдэу хъуат. АрщхьэкIэ, къызэрыIэнкунам Викэ гу лъримыгъэтэн мурадкIэ, ткIийуэ абы еплъри:

– Как ты думаешь, не лучше ли во всем признаться бабушке, сказать ей все как есть?

Викэ, уафэхъуэпскIыу къызэфIэтIысхьэри:

– Вот ты смешная, Бабу! Что – «все»? Что – «сказать»?

Ауэ Тарасовни икIуэтыжын хуэдэтэкъым:

– Можешь не стараться. Мне все открылось. Ты ночью бредила...

Викэ, зыри жимыIэу, заулрэ щысащ. Ар егупсысырт и анэшхуэми и жагъуэ имыщIу, Iуэхур зэрыщытри щибзыщIу зыхэхуа псалъэмакъым къызэрыхэкIа хъуну щIыкIэм.

– Что же тебе открылось, Бабу? И что я выболтала в бреду?.. – жеIэ Викэ Iэдэб дыдэу, и анэшхуэм и нэ щхъуантIэпситIым гуапэу щIэплъэу.

Тарасовнэ зыри щыжимыIэм, Викэ гуэрым:

– Не обманывай, Бабу, все равно у тебя ничего не получится, ты же по-кабардински не понимаешь...

Пэжт Викэ жиIэр: Тарасовнэ адыгэбзэ ищIэртэкъым. ИтIани ар хуейт ныжэбэ Викэ зыгъэпIейтеяр къыихутэну. Ауэ – дауэ?

– Ты бредишь исключительно на кабардинском? Как бы не так... – жи Тарасовнэ, зы тэлай дегъэкIри: – Мне кое-что было понятно...

– Что же? – зэрыхузэфIэкIкIэ зигъэткIийуэ, и анэшхуэм и нэм щIоплъэ Викэ, сыкъэбгъэхэшэну ухэмыт жримыIами, и плъэкIэм ар къикI пэлъытэу.

Тарасовнэ Iэнкунт. Ар есатэкъым сабийхэм пцIы яхуиупсу. Илъэс 40 нэблагъэкIэ школым щригъэджати, абы фIы дыдэу ищIэрт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхум пцIы зэрыхэмызагъэр. Ещхьыркъабзэу абы хьэкъыу пхыкIат: сабийхэм зэ закъуэ пцIы яхуэбупсауэ укъащIэмэ, зэи я фIэщ ухъужынукъым...

ИтIани... ИтIани... Ар хуейт Викэ зыхэхуа гузэвэгъуэр зищIысыр къищIэну. Арат иджыпсту Тарасовнэ бэуапIэ къезымыту и тэмакъыр щызыубыдыкIар, адрей лажьэ псори лъэныкъуэкIэ иригъэкIуэтэкIыу.

– Ты же знаешь, что я просто так говорить не буду... – къыжьэдокI абы хуэмей-хуэмейуэрэ; мыри дыщIегъуж: – «Хигебз» означает «девушка», так ведь?.. Ты говорила: «Вика», «хигебз» и еще что-то, чего я не поняла.

Абдеж Викэ гухэхъуэу къэдыхьэшхащ, апхуэдэу удыхьэшхыныр а пщэдджыжьым зыкIи къызэремызэгъыр щыгъупщэжауэ (сабийр – сабийщ). Хъыджэбз цIыкIур къэгуфIащэри къыщиудауэ арат. Викэ иджы къыгурыIуат Тарасовнэ зыхэтыр: езым псори ищIафэ зытригъэауэу, и пхъурылъхур «къигъэIуэщхъуну». Ауэ, егупсысащ Викэ, Бабу зэхихамкIэ абы зыри къыгурыIуэнукъым.

Зы напIэдэхьеигъуэкIэ а псор игукIэ зэригъэзахуэри, зытешыныхьын гуэри и анэшхуэм зэрызэхимыхар хьэкъыу и фIэщ хъужауэ, абы къыхэкIыуи игу зэгъэжауэ, Викэ псынщIэу къыщылъэтащ. Абы и гур апхуэдизкIэ къызэрыгъуэтыжати, сценэм къит нэхъей уардэу къызэфIэувэщ, и щхьэр лъагэу иIэтри, и макъ псыгъуэ цIыкIумкIэ къыхидзащ:

*Сосрыкъуэу си къан,*
*Сосрыкъуэу си нэху,*
*Зи мэIуху дыщафэ,*
*Афэр зи джанэ куэщI,*
*Дыгъэр зи пыIэ щыгу...*

Тарасовнэ иджыпсту и щыпэутэкъым щызэхихыр и пхъурылъхум гукIэ ищIэ сатыр жыгъырухэр. ИкIи абы гу лъимытэу къэнатэкъым: Викэ зэи хуэмыдэжу гукъыдэж нэхъ щиIэхэм дежт Сосрыкъуэ и цIэ къыщриIуэр.

Щыст Тарасовнэ, Викэ и макъым фIэфIыпсу щIэдэIуу, зэхихым къикIыр къыгурымыIуэми, и пхъурылъхум дилъагъум щыгуфIыкIыу. Алъандэм дымыщIа щхьэкIэ, егупсысырт фызыжьыр, сценэрщ мыр къызыхуалъхуар. Хэт ищIэрэ, Тарасовнэ адэкIэ и нэгу къыщIигъэхьагъэнкIи хъунщ... емынэу къыттезэрыгуа мы хьэщхьэвылъэхэр зэ хэкум ирагъэкъэбзыкIыжу... мамыру псэууэ щыта цIыхухэр щхьэж и IэнатIэ пэрыувэжа нэужь... Викэ, курыт еджапIэр къиухарэ, театр Iуэхум зыхуигъасэу, сценэми щыджэгуу щIидзэу... Ярэби, сыт хуэдэу пIэрэ абы нэхъ къехъулIэнкIэ хъуну ролхэр?..

А гупсысэ IэфIхэм мыгувэу Тарасовнэ къыхэзышари Викэщ: зы

напIэдэхьеигъуэм хъыджэбз цIыкIум и щхьэр къыфIэхущ, езыри къызэфIэлIэри, къыщиударэ макъкIэ гъуэгыу, и анэшхуэм и IэплIэм къиджэрэзэжащ:

– Ей, Бабу! Дэ дызэрыпсэуамрэ...

Щыст Тарасовнэ, Викэ и щхьэфэм щабэу Iэ дилъэу. Абы ауэ сытми къыгурыIуэрэт сабий губзыгъэм и щхьэмрэ и гумрэ щызэригъэзахуэ упщIэ гущIыхьэр: «Сытым къыхэкIыу мыпхуэдэ жыхьэнмэм дыкъыхэхута?..» КъыгурыIуэ щхьэкIэ, сытыт абы Iэмалу иIэр? Пэжым ухуеймэ, а упщIэм къигъэгулэзымрэ къигъэхыщIэмрэ сабийхэм я закъуэтэкъым... Тарасовнэ къыхуэнэжрати, абы анэмэту къыхуагъэна сабий насы... хьэуэ, хьэуэ, ар дапщэрэ жысIэрэ. Сщогъупщэж ахъумэ! Викэ узыншэ цIыкIуу... ГуфIэжу... Нинэрэ Хьэжбийри, ямыщIэххэу зэхуэзэжри, тIури гуфIэрэ-гуфIэу... я бгъэм къыхэлыдыкI орденхэм «зыргъ-зыргъ» жаIэу, загъэхъеихукIэ зууэ... Зэ Викэ зрашалIэрэ зракъузылIэу, зэми езыр... хьэуэ, тIури зэуэ зракъузылIарэ къамыутIыпщыжу... Ей, си Васяжь мыгъуэ, хъуатэкъым ар! УкъызэдэIуа мыгъуэкъым. ИкIи укъызэдэIуэнутэкъым. Хьэуэ, дэ тIур дызэгурымыIуэу дыпсэуакъым. Сыт щыIэ уэ сэ къысхуумыщIарэ сызэрумыгъэгушхуауэ! Сыт и лъэныкъуэкIи уIэтIэлъатIэт, ужыIэдаIуэт, укъыщыспэрыуи къэхъуртэкъым. ЕкIуу, дызыхуей дгъуэту, адрейхэр къыдэхъуапсэу, дызэгурыIуэрэ-дызэдэIуэжу дыпсэурт. Ауэ... зы хьэл мыгъуэжь пхэлът... Уи лэжьыгъэм, уи къулыкъум теухуауэ зыми зыри... абы зыри хэбгъэIэбэнутэкъым... Зыгуэр нэрыгъыу букъуэдиями, укъикIуэтыжынутэкъым... УкъызэмыдаIуэу усIэщIэкI мыгъуэри...

Абы хэту Тарасовнэ, и гур къыхэлъадэри, ину къигъэгызащ.

АрщхьэкIэ, Викэ имыгъэгузэвэн мурадкIэ: «Не бойся, Сиганочка, ничего особенного... сколько ночей нормально не сплю...» – жиIэурэ, пIэм мэгъуэлъыж, шхыIэныр къыкIэщIиупщIэу, бэлътоужьри къытрипIэжыну и пхъурылъхум унафэ къыхуещIри, и нэхэр зэтрепIэ. Асыхьэтуи Iурех.

Викэ зыхуеиххэр арати, и ныбжьэгъуитIыр къызэрысыххэу, псынщIэу зыгуэр зыщидзэу зэрыщIэжынум хуэдэу зегъэхьэзырри, щхьэгъубжэм дэплъу мэтIысыж.

Уейпсейуэ нэху къекIат. Уэс къесу. Жьыи щIэту. А жьыр щхьэгъубжэм къызэренықъуэкъумкIи, пэш кIуэцIыр шэчыгъуейуэ щIыIэмыл зэрыхъуамкIи Викэ къыгурыIуэрт: дыгъуасэ нэхърэ нобэ хэпщIыкIыу нэхъ щIыIэжщ... КIуэаракъэ, хьэ гъуэгурыкIуэми зы къуэгъэнапIэ къыщилъыхъуэм хуэдэт пщэдджыжьыр.

Викэ щхьэгъубжэм дэплъу щыст, зэзэмызи Тарасовнэ къыхуеплъэкIыу.

Зыт иджыпсту зэгупсысыр: Толэрэ Нурбийрэ, зэрыжаIам тету, къэкIуэну пIэрэ, хьэмэрэ, щIыIэм игъэщхьэхыу щIалъэфыжыну?..

Класс псом щыщу къалэм къыдэнэжар а щырт. Ей, ауэ сытми класст ар! Бийм Налшык иубыдын и пэкIэ зыщеджа школыр, къыдеджа хъыджэбз цIыкIухэмрэ щIалэ цIыкIухэмрэ, классхэр, кIэлындор кIыхьыр, спортзалыр, езыгъаджэу щытахэр... жыпIэнурамэ, япэм зытета дунейр и нэгу къыщыщIыхьэкIэ, Викэ и нэпсхэр хуэубыдыжыртэкъым. ИкIи хъыджэбз гу пцIанэ цIыкIур гуауэм ихьыпэнкIи хъунт, а щIалэ цIыкIуитIыр мыхъуатэмэ. Зауэр къызэрыхъеиххэу, Викэ и адэр, Хьэжбий, фронтым кIуат, къызэджэну пIэрэ, жиIэу пэмыплъэу, езыр щIэлъэIури. Викэ и анэми абы зыкъыкIэригъэхущатэкъым. Нинэ дохутырт, хирургт. «Сэ къэралыр къысщогугъ. ЦIыху дапщэ къезгъэлынкIэ хъунут, зауэр къыщыщIидза

махуэм сыкIуауэ щытатэмэ», – жиIэу къэуври, къахузэтегъэувыIакъым. Апхуэдэу Викэ къэнащ и анэшхуэм, Тарасовнэ, и гъусэу.

Тарасовнэ, гуауэшхуэ игъэвати, и ныбжьми емылъытауэ, хьэлъэ, сымаджэрилэ хъуат. Гугъуехь имылъагъуу, ягъафIэурэ къекIуэкIа цIыхур гуауэ, гузэвэгъуэ хэхуэмэ, нэхъ кIуэдыгъуафIэ хъу хабзэщ.

Жьыр къыщепщэр имыщIэу псэурт Тарасовнэ. Василий химик цIэрыIуэт, профессорт, езым ахъшэр къыфIэмыIуэхущэми, и унагъуэр зэи зыхуей щигъащIэртэкъым. Зауэр къыщыхъейм, ар фронтым кIуащ. «Фоч сIыгъыну си ныбжьым къимытIэсыжми, сэ абы щысщIэн щызгъуэтынущ», – аращ и щхьэгъусэм къыжриIар. Военкоматми ар дыдэрщ щыжиIар.

Куэд дэмыкIыу Тарасовнэ хъыбар жагъуэ къыIэрыхьащ: Василий щыIэжтэкъым...

Нинэ ар зэрызэхихыу, емытIысэхыу Ленинград нэсат. ИкIи и анэр къыздишэри Налшык къигъэзэжат. Пэжщ, абы и анэр тынш дыдэуи къыхутегъэхьакъым. Тарасовнэ гъынанэурэ гъумэтIымаи, шхыдаи. Хьэжбий уэ уткIэщIишащи – зы, сэргуэрым сыт Налшык щысщIэнур жиIаи къытригъэзэжурэ... Ауэ, сыт жимыIами, дауэ зимыщIами, гуауэм иуплIэнщIа цIыхубз закъуэр фэтэр нэщIышхуэм къыщIэбнэ хъунутэкъым.

Зы мазэ хуэдэкIэ Тарасовнэ тIэкIу къэбэдзэуэжат, балконым кIуэрэ щызиплъыхьу, щызытригъэуу. Шей щигъавэ, зэзэмызэ шэщэху, щIакхъуэщэху кIуэну гукъыдэж щиIи къыхэхуэрт.

Абы ирихьэлIэу наIуэ къэхъуащ Нини фронтым кIуэну къызэрытричыр. Тарасовнэ хэтаи абы пэувыну, зигъэгуса хуэдэу зищIу щыхуэмышхаи, къыжриIэр зэхимых нэхъей, жэуап щримытыжаи щыIаи... АрщхьэкIэ, зыри къикIакъым. Нинэ зэ зытриубыдам пхутекIынутэкъым. Тарасовни фIы дыдэу ищIэжырт и пхъум и хьэлыр: «Фэ щыри, зы анэм фыкъилъхуам хуэдэу, фызэщхьт! – къызэрыгубжьари щIимыхъумэу, жиIащ абы зэгуэрым. – Василий аспирант дапщэ иIами, Хьэжбий хуэдэу зыри илъэгъуатэкъым. Ар къызыхэкIар сыт – зэщхьти! Василий жиIам пхутекIынутэкъым. Хьэжбии абы ещхьыркъабзэщ. Уэри уакъыкIэрыхуркъым... Зыр диIэжкъым. ЕтIуанэр фронтым Iутщ, жэщми махуэми шэр къытелъалъэу. Уэри узезыхуэр сыт?.. Уи сабий ныкъуэпIыр...»

ЖыпIэнурамэ, Тарасовнэ лъэкI къимыгъанэу хъущIаи, гъумэтIымаи. Нинэ зыри къыщыпимыдзыжым, езыри тIэкIу-тIэкIуурэ ужьыхыжри, ифI зыкъришэжат. Хэт ищIэрэ, и пхъур щIригъэгъуэжауэ къыфIэщIагъэнкIи хъунт...

АрщхьэкIэ, махуэ зыщыплI нэхъ дэмыкIыу, Нинэ быдэу жиIащ:

– Мамэ, сэ пщэдей сожьэ. Умыгъ икIи умышхыдэ. Къэнэжа сыхьэт бжыгъэм IэфIу дызэхэвгъэсыжи нэхъыфIщ. Сэ сокIуэ – папэ илъ сщIэжыну. Викэ уи анэмэтщ.

Тарасовнэ сыт ищIэжынт? Абы фIыуэ къыгурыIуат сыт жиIэми, зыри къызэримыкIынур. Къыхуэнэжыр арати, и дзэр зэтрикъузэри, жиIэшхуи щымыIэу, и пхъур иригъэжьащ, и нэпсыр гъэпщкIуауэ щIилъэщIыкIыу.

«Къызэрымыс а жейнэдыжьитIыр!» – йогупсыс Викэ, щхьэгъубжэм дэплъу здыщысым. И анэшхуэр къэмыуш щIыкIэ и ныбжьэгъуитIыр къэсамэ нэхъ къищтэнут: керогазыр зэщIэгъанэ, шей гъавэ жиIэурэ, игъэгувэнкIэ хъунут... Ар гувэнкIэ Iэмал иIэтэкъым: дыгъуасэ зэрызэгурыIуам тету, нобэ фIэмыкIыу зыгуэр къагупсысын хуейт а щым. Хуейт. Ауэ – сыт къагупсысынур?

Дыгъуасэ, джэгухэу щIыбым дэту, Нурбий, Толэ и пыIэр щхьэричри, хыфIидзащ.

И ныбжьэгъум и жагъуэ ищIауэ гу щылъитэм, Нурбийр къэубзэжащ:

– Хъунщ иджы, зумыгъэцыдж. Уи пыIэр хыфIэздзамэ, дяпэкIэ хыфIэздзэжыркъым. КIуэи къэщтэжи зэфIэкIащ.

Толэ щытт, екIи фIыкIи зыри жимыIэу, къызэщIэнауэ.

Нурбий жери:

– Хъунщ, Толэ, хъунщ, уи жагъуэ умыщI, сэ къыпхуэсхьыжынщ. Уи жагъуэ умыщI закъуэ.

Толэ и пыIэр институт унэмрэ абы къыдекIуэкI штакетникымрэ я зэхуакум дэхуати, Нурбий, пхъэбгъу сатырым елъэри, пыIэр къихьыжащ, итIанэ ар иутхыпщIурэ уэсыр кIэригъэщэщыжри, зейм иритыжащ. Толи, абы къыфIимыгъэкIыу, теужат. Ауэ иджы Нурбий и щытыкIэр Толи Вики къагурыIуэртэкъым: Нурбий и нэгур зэхэуфат, и нэкIущхьитIыр къызэщIэплъат, нэщхъыдзэу адэкIэ-мыдэкIэ плъэ мыхъумэ, зыри къыжьэдэкIыртэкъым. Арыншами абы щIалэ Iэсафэ цIыкIу теттэкъым: и пщэр кIыхьрэ-кIыхьу, псыгъуэрэ-псыгъуэу, и набдзитIыр къурашэрэ зэхэкIэжыпауэ, и нэ фIыцIэ цIыкIуитIыр кууиуэ къиплъу, и пэр щIэгъэщхъуэжауэ хуэкъашыргъэпэу апхуэдэт.

Викэ, хуэмышэчыжу:

– Ей, ныбжьэгъу, уи лажьэр къэIуатэ!

Нурбий зиплъыхьщ, зыри жывмыIэ къригъэкIыу, и Iэр и Iупэм Iуилъхьэри, итIанэ, и гъуситIым зэхах къудейуэ, къыжьэдэкIащ:

– Си ужьым фыкъиувэ.

Викэрэ Толэрэ сыт ящIэнт – Нурбий зэрыжиIэм хуэдэу ящIащ. Ауэ ахэр куэдри мыкIуэу, Нурбий къызэпсэлъэкIри:

– Зыми дызэхих хъунукъым.

– Зэ къэувыIэт, – жеIэ Викэ, – зыми дызэхихыну ухуэмеймэ, си деж фынышIыхьэ.

– Мыхъуххэнур аращ.

– Ар сытым къыхэкIыу!

– Тарасовнэ дыкъиищIэмэ, Iуэхур зэIыхьауэ бжы.

– Хъунщ, нтIэ, фыкъэдаIуэ мыдэ, – жиIэри, Викэ иришэжьащ и ныбжьэгъуитIыр.

Институтым ипщэIуэкIэ къыщытыр езыхэр зыщыпсэу унэр арати, я подъезд щIыхьэпIэм щынэсым, Викэ къызэтеувыIэри:

– Мы ди подъездым фынышIыхьи, абдеж сыт щыжытIэми хъунущ: япэ узыхуэзэ къатым зыри тесыжыххэкъым, ещанэри нэщIщ, етIуанэм къытенар дэращи, си анэшхуэр сымаджэу хэлъщ.

– ФыкъэдаIуэ иджы, – жи Нурбий, здэкIуэнум щынэсым, – институтым кабель йокIуалIэ!

Иджы чэзур адрей тIум я деж нэсат. Викэрэ Толэрэ къэуIэбжьат, къэундэрэщхъуати, жаIэнури ямыщIэжу щытт. НетIэ Нурбий къыгурыIуар иджыпсту щыми къагурыIуэрт: нэмыцэхэм институтыр къагъэуэну лагъым щIалъхьащ! Институтыр, студентхэр зыщеджэу щыта институтыр, иджыпсту фронтым Iут я адэ-анэхэм я лэжьэпIар!..

– Сыт тI-тI-щI-щIэнур? – жи Толэ.

Ар щыцIыкIум къыкъыу щытат. КъыдэкIуэтеихукIэ нэхъ кIащхъэ хъуурэ, а ныкъусаныгъэр кIэрыхупаи хуэдэт, ауэ, зыгуэрым къыщыхигъэзыхьам деж, езым гу лъимытэжурэ, и бзэр зэIынэрт. ИкIи, апхуэдэхэм

деж, и классэгъухэр «пIытхъ-сытхъ» жаIэу къыщыхэдыхьэшхыкI щыIэт. Ауэ иджыпсту абы зыри щыдыхьэшхакъым, Толэ и бзэр зэрызэIынами гу лъатэххакъым.

– Сыт тщIэнур? – жеIэ Вики.

– ТщIэнур аращ – кабелыр зэпыдупщIынущ!

АбыкIэ щыми я гупсысэр зэтехуэрт. Абы шэч къытезыхьэж яхэттэкъыми, а зымкIэ щыри зэгурыIуауэ убж хъунут. Ауэ – дауэ зэрызэпаупщIынур? ИкIи – дапщэщ?

Мис а упщIитIым я жэуапхэри икIэщIыпIэкIэ къалъыхъуэну еувэлIат а сабий мэжэлIаищыр...

– Иджы сэ къызгурыIуащ, – жеIэ Викэ, фIыуи хуэтIорысэ хъуа и цы Iэлъэ гъуабжэ лъэныкъуэр зыIэрылъ Iэ ижьыр мащIэу къеIэтри, – иджы къызгурыIуащ абдеж дыщыджэгуу зэрыщIэддзэу, а фриц кIыхьсолэжьыр, уафэм къехуэха нэхъей, асыхьэту къыщIыкъуэхур! Абы кабелыр ехъумэ!

– НтIэ, нобэ къэкIуакъыми!

– Нобэризэм къэмыкIуами, махуэ къэс, абдеж дыщыджэгуу зэрыщIэддзэу... Абы къикIыр мыракъэ: ар зыщIыпIэ деж къыкъуэсщ, дыкъилъагъуу.

Ар пэжмэ, абы нэхъри гугъу къищIырт сабиищым зыхуагъэувыжа къалэныр. Махуэм, укъалъагъунущи, хъунукъым: жэщырщ мыхъуххэнур: пшапэр зэхэуа нэужь, укъыщIэкIыу ядэртэкъым, зыгуэрым «цырхъ» жиIамэ, хьэм е джэдум зы Iэуэлъауэ гуэр ирагъэщIамэ, я автоматыр абыкIэ ягъазэрти – гъыргъыргъ!

– НтIэ, дапщэщ икIи дауэ?

Зы тэлайкIи, нэхъыбэкIи зэхэтаи а сабиищыр, зыри къахуэмыгупсысу.

ИтIанэ, щымыхъужым, Нурбий, къызэщIипхъуэтри, Викэ мыпхуэдэу зыхуигъэзащ: «Викэ, уэ ухъыджэбз губзыгъэ цIыкIущ. Быдэу егупсыс. Длэжьынур уощIэ, зэрыдлэжьыну Iэмалыр къэгупсыс. Толэрэ сэрэ дыкъикIуэтынтэкъым».

ИкIи зричри ежьэжат, и ныбжьэгъуитIыр, жаIэнур ямыщIэу, кIэлъыплъу къигъанэри. Ауэ, зэрежьэжам ещхьыркъабзэу, кIэщIуи къигъэкIэрэхъуэжри:

– ЦIыкIухэ...

Нурбий «цIыкIухэ» зэрыжиIэу, Викэрэ Толэрэ я нэкIухэр нэху къэхъуат. Ар къызыхэкIари мырат: а щым языхэзым «цIыкIухэ» щыжиIэм деж зэрыклассу зыхалъхьэ щымыIэу фIыуэ ялъагъу я классрук Iэубэчыр зыпищIыжу арат. Дауи, иджыпсту Iуэхум щымыщ гуэр къыхэплъхьэну зыкIи къезэгъыртэкъым. Нурбии, ар нэхъри игъэбелджылыну хэту, нэхъ макъ хэкъузакIэ пещэ:

– Мыр пщэдей фIэдгъэкI хъунукъым. Зы сыхьэтри, зы дакъикъэри... Кабель щекIуалIэкIэ...

– Ар п-п-пэжщ, – жи Толи.

А тIэкIури и кIэм нимыгъэс щIыкIэ, зопхъуэкIри, и блэгъукIэ сэмэгум йотIэхъу. Дауи, абы къикIыр псом я дежкIи гурыIуэгъуэт: зи лъы къэплъыгъуэ сабийм псы хуабэрэ сабынрэ и чэзум щимыгъуэтым деж... ИтIани... нобэ хъыджэбз цIыкIур пщэдей хъыджэбзщ, пщащэщ; нобэ щIалэ цIыкIур пщэдей щауэщ. Ауэ щыхъукIэ, а тIур зэщымыукIытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Толи ауэ къызэрымыкIуэу Викэ щыукIытат. Ярэби, хэт ищIэрэ, гу къыслъимытагъэнкIи хъунщ, игукIэ жери, къыфIэмыIуэхуфэ зытригъэуауэ щытщ. Викэ псори фIы дыдэу къыгуроIуэ. КъыгурыIуэми

къыщынэркъым – Толэ зэримыгъэукIытэн хэту, и нэр плъыза хуэдэу, зы тIэкIурэ йоплъыхь.

Абы хэту Нурбий, Толэ и Iэблэр еубыдри:

– НакIуэ, – зы лъэбакъуэ еч, къоувыIэжри, – Викэ, быдэу егупсыс. Пщэдджыжь, нэху здэщым, мыбдеж дыщызэхуозэ.

Викэ зэрыщыст, щхьэгъубжэм дэплъу. ПцIы хэлъкъым, гузави къищтат абы: Толэрэ Нурбийрэ къэмыкIуэмэ-щэ?.. Сыт итIанэ ищIэнур?..

Тарасовнэ здэжейм, хьэлъэу къыхощэIукI. Викэ, къаскIэри, къыхэкIиикI пэтащ, ауэ, зызэтреубыдэжри, дзыгъуэ ещэ джэдум нэхърэ нэхъ щэхужу щысщ, и анэшхуэр къимыгъэушын щхьэкIэ.

Абы хэту, щхьэгъубжэмкIэ дэплъмэ, Толэрэ Нурбийрэ, Iэри лъэри къащIу, къыщытт, Викэ щхьэгъубжэм дэплъ закъуэмэ, ахэр къимылъагъункIэ Iэмал имыIэу.

Викэ, пIэщIэгъуэр телъу, ауэ щыхъукIи Iэуэлъауэ зэрымыхъунур зыщимыгъэгъупщэу, и кIагуэр зыщедзэ, пщэдэлъ хуабэр и пщэм тIэуней кърешэкI, Хьэжбий и анэм къыхуигъэхьа цы лъэпэд фIыцIэшхуитIыр зылъетIагъэ, Тарасовнэ хузэрихъа цы пыIэ цIыкIур зыщхьэрекъузэ, кIэлошитIым йоувэжри, – зы напIэзыпIэм зэрыщIэкIынум хуэхьэзыр мэхъу.

Хуэму теувэурэ, бжэм нэблэгъауэ къегъэзэжри, Тарасовнэ и лэныстэ нэхъ ин дыдэр къещтэ, ар, хуэсакъыпэурэ, и гуфIакIэм дегъэлъадэри, итIанэщ щыщIэкIыр. Бжэри, Iэуэлъауэншэу, хуэм дыдэу къыхуещIыжри, и ныбжьэгъуитIым яхуопIащIэ.

Нурбийрэ Толэрэ подъезд щIэкIыпIэ дыдэм деж къыщыпэплъэрти, Викэ и гур къигуфIыкIат а тIум зэраIуплъэу.

– Мыдэ фыкъыщIыхьэ, абдеж фыщымыту, – жеIэ Викэ.

Сэлам зэраха нэужь, замыгъэгувэжу, зэныбжьэгъуищыр кIэщIу Iуэхум и ужь зэрихьэн хэтщ.

– Хэт сыт къыздищта? – щIоупщIэ Толэ икIи зы сэ зэщIэлъыкIа езым къызыкъуехри, и ныбжьэгъухэм ярегъэлъагъу. – Мыр щхьэупс жаным хуэдэу слъа нэужьщ ныжэбэ сыщыгъуэлъыжар. Хэт ищIэрэ, нэгъуэщI дымыгъуэтмэ, жысIэри...

– Сэ ди лэныстэ нэхъ ин дыдэр къыздэсщтащ, – жи Викэ.

– ТIури фымэлэдецщ, – жеIэ Нурбий, – ауэ а фэ фIыгъхэр зырикIщ – мис мыбы елъытауэ! Мыр «кусачкIэщ», кабелым я нэхъ быдэр, пIастэ бзыгъэм хуэдэу, зэпиупщIынущ.

Нурбий апхуэдэу щыжиIэм, Викэ, и гуфIакIэм щигъэпщкIуа лэныстэшхуэр къыдихри, зиплъыхьу щIидзащ, къыщыщIыхьэжкIэ къищтэжын хуэдэу, ар здигъэтIылъын къилъыхъуэу. ИкIи къигъуэта хуэдэщ.

– КъуэгъэнапIэ гуэрым къуэскуащ, – жеIэ абы гуфIэжу. – НэгъуэщIым гу лъимытэну. Къэдгъэзэжмэ, къэсщтэжынщ. – Мыри дыщIегъуж: – АпщIондэхукIэ мыбы къыщIыхьэни-щIэкIыжыни щыIэххэкъым.

– Апхуэдэу щыщыткIэ, мэ, мы сэри гъэтIылъ абы и гъусэу, – жи Толэ, сэбэп щымыхъунукIэ...

Ти, зэныбжьэгъухэр зы IуэхукIэ зэгурыIуат: сэмрэ лэныстэмрэ къыпрагъэхри, «кусачкIэм» траубыдат.

АдэкIэ...

Викэ жери:

– НтIэ, сэ къэзгупсысар мыращ. Си пыIэр Толэ сщхьэречри штакетникым щхьэдедзых. Сэ ар къэсщтэжын хуэдэу...

– Хъунукъым, – жи Нурбий.

– Сэращ штакетникым елъэнур! – жеIэ Толэ, къыпэрыуэIауэ зэримыдэнур и нэщхъ зэхэукIамкIэ къыигъэлъагъуэу.

Ари хъымпIар ищIыркъым Нурбий:

– Кабелыр блыным щекIуалIэр сэ слъэгъуащи, зы напIэзыпIэм ар къэзгъуэтыжынущ. Уэ ар къэплъыхъуэхукIэ... НтIэ, абыкIэ фыарэзымэ... Сэ жысIатэкъэ уэ узэрыхъыджэбз губзыгъэ цIыкIур! Мэлэдец, Викэ! ПыIэр уэ тэмэму къэбгупсысащ. Мис ар зэрытщIынур. Уи пыIэр Толэ къыпщхьэречри, штакетникым щхьэдедзых. Сэ, ар къэсхьыжын нэхъ Iуэху симыIэ хуэдэу, сыщIопхъуэри... А псори щэху цIыкIуу, дымыIэуэлъауэу. Ауэ, зэрихабзэу, кIыхьсолэжьыр къыкъуэхумэ, уэ, Викэ, угъуэгыу, зыплIэжу, Толи уефыщIауэу щIыбодзэ... А теплъэгъуэ цIыкIум къикIыр мобы къыгурыIуэхукIэ, сэ... АдэкIэ... АдэкIэ... къэхъум елъытауэ... Фыарэзы?

Викэрэ Толэрэ абыи арэзы тохъуэ.

КIуэ пэтми нэхъ пхъашэ къэхъу жьыр къакIэщIэIунщIэу кIуэрт а щыр, институтым хуэкIуэу, цIыхуи, хьэи, нэгъуэщI псэ зыIут гуэри къаIэщIэмылъагъуэу.

ЗдэкIуэм нос. Заплъыхь. ЗыщIыпIэкIи зыри щыплъагъуртэкъым.

– ЕужьэрэкIын хуейщ, – жеIэ Нурбий.

Абы и псалъэр и кIэм нигъэсатэкъым Толэ Викэ и пыIэр къыщхьэриуду ар штакетникым щыщхьэпридзам, блыным жьэхэуэу идзу.

Нурбии зигъэгувакъым. УафэхъуэпскIыу штакетникым елъэри, здэжэм, и «кусачкIэр» кърипхъуэтащ, пыIэмкIэ плъэ хуэдэурэ, кабелым гъунэгъу зыхуищIу. Викэрэ Толэрэ щыму заплъыхьри щытщ, нэмыцэжьыр къызэралъагъуу, кIий-гуо къаIэтыну хьэзыру...

Абы хэту кIыхьсолэжьри, уафэм къехуэха нэхъей, хьэчэхьэпсэу, кIийуэ, и автоматри кIэрылэлу къажэу ялъагъу. ИкIи, пIалъэ къыхамыгъэкIыу, Викэрэ Толэрэ «зэрыфыщIу» ирагъажьэ.

– Напэ зимыIэ! Подлец! Сволочь! ЩIыIэ махуэм... Вот я тебе! – лъэкI къимыгъанэу мэкIий Викэ, урыс псалъэри адыгэ псалъэри зэхитхъуэу.

– Ей, рус, кибердэн, сивния! – жиIэурэ, къыздэжэм мэгъуахъуэ нэмыцэжьыр.

Викэрэ Толэрэ абы хуагъэхьэзыра «теплъэгъуэ» цIыкIури пщIэншэ хъуа хуэдэтэкъым: зы тэлай хуэдизкIэ ар якIэлъыплъащ сабиитI «зэрыфыщIым». Ауэ штакетникым адэкIэ къыщыт Нурбий къызэрыIэщIэлъэгъуэххэу, абы и фэр зэкIуэкIат, и автоматми еIэ-епхъуэу щIидзат...

ИкIи зыми ищIэртэкъым сабиищым къапэплъэр зыхуэдэр, асыхьэтым къалапщэмкIэ, жьы фийм IупщI дыдэу къыхэIукIыу, «ча-ча-ча-ча-ча!..» жиIэу пулемет уэ макъ къыщымыIуатэмэ.

Ар зэхэзыха бийм, сабийхэр зэреплъыр щыгъупщэжа дэнэ къэна, езыр дунейм тетми, ахърэтым кIуэжами фIызэхэзэрыхьыжа хъунт: щытт ар, и жьэр Iурыхуауэ, и фэр пыкIауэ. КъалапщэмкIэ къиIукI макъхэр, нэхъыбэ къызэрыгъэхъуурэ, гъунэгъуу, гъунэгъу дыдэу къыщыIу хъуат.

Нэмыцэжьым къыхуэнэжыр арати, псалъэншэу абы кIэлъыплъ сабиищым гъумэтIымэурэ IэштIым къахуищIщ, абы езыр щыщтэжа нэхъей, кIэщIу игъэкIэрахъуэри, и автоматыжьыр кIэрыуэу, макIуэ-мэлъей!

Зэныбжьэгъуищыр щытт, я нэгу щIэкIыр къагурымыIуэу, дакъикъэ

бжыгъэ и пэкIэ ажалым хуэдэу зыщцышынэу щыта бийр езыр къэрабгъэу зэрыщIэпхъуэжар зыхуахьынур ямыщIэу. Ауэ, нэмыцэжьыр ямылъагъуж щыхъум, я гур къихьэжщ, зыкъащIэжри, щыри зэуэ къыщиудащ:

– Уа-хьа-хьа-хьа-хьа-хьа!

Зым щигъэтыжмэ, адрейм къыхидзэжурэ, зыкъомрэ зэрыгъэдыхьэшхаи ахэр. ИтIанэ, икIэм-икIэжым, Викэ штакетникым къытегъэщIауэ къыщыт Нурбий зыхуегъэазэ:

– Ей, ди ныбжьэгъу лъапIэ! Уэ езыр укъебэкъуэжыну а штакетникым хьэмэ оркестр къыпхуедджэу музыкэкIэ укъыщхьэдэтшэхыжыну! Къащтэ мыдэ си пыIэри, куэдщ зэрыпIуэтар. Зэрыуейпсейр плъагъуркъэ?

Толэ зигъэкIэрахъуэрэ Нурбий дежкIэ еплъэкIмэ, пэж дыдэу, и ныбжьэгъур штакетникым адэкIэ къыщытт иджыри, и Iэ ижьымкIэ «кусачкIэр» икъузу, Iэ сэмэгум Викэ и пыIэ цIыкIур IэщIэлъу.

А теплъэгъуэр нэгъуэщI зыгуэрым дыхьэшхэну къыщыхъунуми, Толэ, и фIэщыпэу, и нэщхъри тIэкIу зэхэлъ жыпIэну, и ныбжьэгъум ткIийуэ зыхуигъэзащ:

– Ей, кабелыр зэпыбупщIа уэ?

Нурбий абы къыпидзыжар зы псалъэ закъуэщ: «Нейзэман!»

«Нейзэман» жаIэмэ, куэд щIащ абы лъандэрэ, – къргагъэкIыу аращ. УщIэдыхьэшхыни хэлъ хуэдэкъым абы. АрщхьэкIэ а зыIэзыбжьэм къриубыдэу апхуэдиз зи нэгу щIэкIа сабиищым ар дыхьэшхэн дыдэ къащыхъури, аргуэрыжьу:

– Уа-хьа-хьа-хьа-хьа-хьа!

Сытми, дыхьэшхынкIэ зэ ирикъуу, зэныбжьэгъуищыр къежьэжа нэужь, куэд къамыкIуу, Нурбий жери:

– Абы и жэкIэр флъэгъуа?

– Ауэ сытми!

– НтIэ, – жи Нурбий, – мис а флъэгъуаращ абы я лIыгъэр. – КъызэтоувыIэ, и ныбжьэгъухэри къегъэувыIэри. – Иджы мобыкIэ фыплъэт, – Нурбий и Iэр институт лъэныкъуэмкIэ еший, – институтыр щытщ. ИкIи щытынущ. Мис ар – дэ ди фIыгъэщ!

**Авторым къыбгъэдэкIыу.**

*Мы тхыгъэм къыщыIуэтэжар пэж дыдэу къэхъуа Iуэхущ. Налшык щыдэкIыжкIэ пединститутыр къагъэуэн я мураду, абы лагъым щIальхьат нэмыцэхэм. Унэм екIуалIэ кабелыр зэпызыупщIу бийм и мурадыр къызэпызыудар зауэм и пэкIэ институтым щылэжьа, зауэ зэманым фронтым Iута егъэджакIуэхэм я бынхэу зы хъыджэбз цIыкIурэ щIалэ цIыкIуитIрэщ. Сэ ар къысхуэзыIуэтэжар Iуэхум щыгъуазэ цIыхут. Зауэм и ужькIэ а сабийхэм я Iуэху зэрыхъуам сыщыщIэупщIэм, абы къызжиIэфар зэрыхъур мыращ. Я щыгъынкIи я шхынкIи зыхуей хуэмызэу, щIымахуэ ткIийм зеиншэу къалэм къыдэна щIалэ цIыкIуитIым кIуэцI уз ягъуэтри, зыр а гъэ дыдэм (1943) и гъатхэм, етIуанэри илъэс зыщыплI нэхъ дэмыкIыу лIащ. Хъыджэбз цIыкIум и адэр адыгэт, и анэр урыст, Ленинград щыщу. И адэ-анэр зауэм щыхэкIуадэм, ар и анэшхуэм и гъусэу Ленинград мэкIуэж. Мыгувэу фызыжьри щылIэм, абы и шыпхъу нэхъыщIэм сабийр зришэлIэжауэ щытащ. А цIыхубзыр щыпсэуар езы Ленинград мыхъуу, Ленинград областым хыхьэ къалэ цIыкIу гуэрщ. Абдеж щокIуэд хъыджэбз цIыкIум и лъэужьри.*

МЭКЪУАУЭ Амир

# Дыщэ апельсинхэр

*Новеллэ*

ПIалъэ-пIалъэкIэрэ къызэIузох сэ а бжэр – зи бжэщхьэIум сызэребакъуэу сабиипсэм и хыщIэ макъыр къызыхэIукI пщIыхьэпIэхэмрэ къызэмыхъулIа хъуэпсапIэхэмрэ я дуней щэхум сыхэзышэжыр. А лъагъуэ зэщIэкIэжахэм иджы къыщызыкIухьыр си гугъапIэ лъэлъэжахэм я ныбжьхэрщ: къуэдзэщ бгынэжам и плIанэпэм тхьэмыщкIафэу къыдоплъ сабэм иуэжа хьэфэ мыщэ шырхэр, пхъэм къыхэщIыкIа алъпхэр; Iэджэ хъуауэ цIыху зэрымыхьэжа хадэр бэджыхъым зэщIищтащ; куэд щIащ хъыринэхэм, таурыхъ псэущхьэхэмрэ жыгхэмрэ зэманым и фэеплъ жыглыц къазэрытекIэжрэ. Удз ежьужьхэм щIагъэнэжа хадэм къинэжар зи щхьэкIэхэм жьыбгъэм зыкъезышыхьэкI жыг закъуэтIакъуэхэрщ. Адэ, унэ лъабжьэм щыпсэуа дзыгъуэ бынри Iэпхъуэжащ, мелыIыч Iэсэхэри ди сабиигъуэ пIейтеиншэм щхьэщытыжкъым. Зы зэман нэзыншэу щыта хыри шэдыпс цIыкIум хуэкIуэжащ, си хъуэпсапIэ кхъухьыр мыхъеижу къыхэнэри...

Зыгуэр, сэ сэщхьу, блэкIам и нэпкъыжьэ зытелъ мывэжьым тотIысхьэ, си гукъэкIыж бжыгъэншэхэр зэхидзыжу, икIи а псом къыхещыпыкIыж си япэ гуфIэгъуэхэмрэ гукъеуэхэмрэ, си хъуэпсапIэ гугъапIэншэхэмрэ гум дыркъуэ къытезына удынхэмрэ. О-о, сыту цIыкIущэу къилъытэрэ иджы абы а дунейр! И пIэм имыкIыу ар нобэ лъэIэсыфынущ зэгуэр си гупсысэр зыгъэпIейтейуэ щыта лъахэ жыжьэхэм, уеблэмэ псыхэм я жапIэхэри ихъуэжыфынущ, жэщым уэгум къыщызэщIэнэ вагъуэхэри и Iэгум щигъэджэгуфынущ. Зэм гурыфIыгъуэкIэ, зэми хэкIыпIэншагъэкIэ щыз хъууэрэ къыщхьэпрыкIутыкIыу щыта си гурыщIэ толъкъунхэр иджы абы дежкIэ зырикIщ.

Мис а дуней зэгъэдзэкIам, мэз дэгужь жагъуэм къыхэна сабиипсэм и гуауэр ноби си гум къысфIызэпхев, тепыIэншэу ежэкI илъэсхэм трашэ уIэгъэпххэми яхущIэмыхъумэу. Зэм ар нур зыщIэмытыж и нэкIум хуэмейхуэмейуэ щызэтеж и Iупэ псэншэхэмкIэ къысIуощIэ; зэми щэху дыдэу къызбгъэдотIысхьэри и щхьэр си куэщIым кърелъхьэ, и псэгъур къызэригъуэтыжам и гур дэпсэхужауэ. Ауэ апхуэдэу куэдрэ щыткъым, и псэм къыхэуэ гуэрым егъэпIейтей, и нэпсыр къыфIыщIеху; абы ириукIытэжми, щэху дыдэу магъ...

Ауэ, мис, аргуэру жыжьэу къыщоIу тхьэкIумэкIыхь бэрэбэнауэхэм я Iэуэлъауэр, хьэлъэзешэхэмрэ мафIэсгъэункIыфIхэмрэ я сыринэ макъхэр. Топхэмрэ лагъымхэмрэ ядз мафIэм «къызэщIигъэплъа» уафэр «нэкIущхьэплъщ», бийм егъэрыкIуэ дзэху зауэлI цIыкIухэм я «урам» тхьэкIумэIупсыр ирач. Аргуэру дунейм псэщIэ къыхохьэж, аргуэру жыг хадэхэр зэщIогъэгъэж, си пэшым къыщIозэрыуэ гум дыхьэу, псэр иIэту зыщIэсшэ хьэуа IэфIыщэр. Чэщанащхьэм щыфIэдза пасэрей сыхьэтыр макъамэ дахащэ кърищу мэзу. Си гъащIэ кхъухьхэм дыгъэм пэлыд я чэтэн фащэхэр ягъэбырыбауэ хы абрагъуэр пхаупщIэ, я топ уэ макъхэмкIэ гъуэгуанэ зэрытехьар къыдагъащIэу. АдэкIэ гъащIэ хъуэпсэгъуэ, кIэух зимыIэ дуней...

Пэж дыдэу, абы щыгъуэ сэ къысфIэщIыр т гъащIэр кIэи пэи зимыIэ

къэгъэщIыныгъэ гуэру. Сегупсысын хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэр къысхуэгубзыгъыжыркъым, ауэ абы сыщыщIэупщIар фIы дыдэу сощIэж. Дыгъэ бзий гуащIэхэм дащызыхъумэ жыг щIагъым дыщIэту дыкIуэ пэтрэ абыкIэ сеупщIыгъат си адэм, гъуэрыгъуэу си жьэм хуэсхь псыIэфI птулъкIэ къэхуэбамрэ къысIэщIэткIухьа морожнэмрэ щIэфыныр згъэувыIэри. Сядэр къэувыIэри ней-нейуэ къызэплъащ, сэр-сэру а гупсысэм сыхуэкIуарэ сабиийм и щхьэр зыгуэрым игъэутхъуэрэ зэхигъэкIыу, ауэ си упщIэми зыпыIуидзакъым:

– Пэжщ, си псэ, дэ игъащIэкIэ дыпсэунущ, – жиIащ абы. – ЩIыри? ЩIыри аращ, ари игъащIэкIэ щыIэнущ.

Ауэ адэм и жэуапымкIэ сэ арэзы сыхъуакъым икIи жысIащ, дыгъуасэ дызэплъа фильмым зэрыхэтам хуэдэу, щIыри зэгуэчынкIэ зэрыхъунур. Абы дэхуэрт цIыху гужьеяхэр, псэущхьэхэр, машинэхэр.

– Папэ, – сыхудэплъеящ сэ абы аргуэру, – уэ лэжьапIэ ущыIэу щIыр зэгуэчрэ лъэныкъуэ зырызкIэ дыкъанэмэ дауэ хъуну?

– Лъэмыж теслъхьэнщи, абыкIэ мамэрэ уэрэ фи деж сынэкIуэжынщ. Хъунщ, си псэ, афIэкIа апхуэдэ делагъэкIэ укъызэмыупщI.

Ауэ а си делагъэр къызэрызжьэдэкIыу Тхьэм ипхъуэтами ярейт: куэд мыщIэу си дунейр тIууэ зэгуэщIыкIащ, къуаншэр си адэрами, си анэрами схузэхэмыгъэкIыу сыкъанэри. Ди адэм сыкъызэригъэгугъа лъэмыжри ухуэн щIимыдзэ щIыкIэ лъэлъэжащ. Иджы а тIур зэпэIэщIэ зыщIа къуэ абрагъуэр зэпыбгъэхьэн щхьэкIэ, дунейм лъэмыжу тетыр зэпыбгъэувами хурикъунутэкъым.

ДяпэкIэ си адэм сыкъилъагъу щыхъунур махуэ, сыхьэт хэхахэм дежт.

Иджы си анэмрэ сэрэ дыщыпсэур нэгъуэщI унагъуэт, ехьэжьауэ хуэкъулейуэ. Ауэ папэ куэбжэм къыIухьэху, абы зэрызехьэ, хьэргъэшыргъэ къыщыхъурт. Псом хуэмыдэу пIейтей хъур мамэт. Си адэм теплъэ мыхъу фызыжьыр, си мылъху адэм и анэр, занщIэу гъумэтIымэу хуежьэрт, «зи унагъуэр зыхуэмыпIыжа мыкIуэмытэжькIэ, факъырэкIэ» ещырт. «Хэт хуейр абы и щIэныгъэм, ахъшэ къызыпэмыкIуэ а зэман гъэкIуэдым?» – жиIэурэ шхыдэрт фызыжьыр. И къуэ дыдэри игъэтынштэкъым, мопхуэдиз хъыджэбз къомыр къигъанэу, къуэшхуэ зыщIэс цIыхубз я унагъуэ хейм зэрыхишар ириудэкIыурэ.

А псоми си адэр щыгъуазэти, и щхьэр егухарэ и лъакъуэхэр зэблихзэблихъуу Iутт куэбжэпэм, сахуапэу пщIантIэм сыкъыдагъэкIыху.

Дызэрыгъуэтыжа нэужь, тенджыз къэукъубеяхэми къурш щхьэ хужьхэми дащхьэпрыбэкъукIырти, пшэ хьэлъэ щхьэхыныжьхэм я щыгу дыкъыщыхутэрт, уэшх къудамэ лъэкIыхьхэм нэзыншэ губгъуэхэмрэ мэзхэмрэ зэрагъэпскIым дакIэлъыплъу. Арыххэурэ дыкъыхэхутэрт таурыхъ дунейм, зауэлI-лIыхъужьхэмкIэ гъэнщIам; абы дыщрихьэлIэрт жин жьакIэ хъужауэ адакъэшым тес лъэбыцэжьейхэм. БгъуэнщIагъ бгынэжахэм щIэгъэпщкIухьа хъугъуэфIыгъуэхэр къыщыдгъуэткIэ, хъумакIуэ гущIэгъуншэхэм дыкъыщIагъэIэрт...

Си дунейм псэ къыхэзыгъэхьэжыр си адэм къысхуиIуэтэж хъыбархэрт, адрейхэм сыщрагъусэм деж, си гупсысэри си щытыкIэри нэгъуэщIт.

Сыт хуэдизу иджы сызэмыныкъуэкъужми, къысхуэгубзыгъыжыркъым абы щыгъуэ къэхъуа псор – илъэс блэкIахэм си гъащIэм халъэщIыкIыжа а пщыхьэщхьэм щыщу къысхуэнар пIалъэ-пIалъэкIэрэ гум къыхэуэ узырщ. АпщIондэхуи си щхьэр фIызоудыж, сабий акъылым къимыубыдыгъамкIэ зызгъэкъуэншэжу. Акъылымрэ псэмрэ сфIызэпоув. «Сыт, – жи япэм, – пхуэмыгъуэтыр? Уи анэмрэ мылъху адэмрэ лажьэ яIэкъым. Уэ абыхэм я

деж щIэх-щIэхыурэ уокIуэж, фIыуи ахэр уолъагъу – сыт нэгъуэщI узыхуейр? Зыбгъэдэху зепшыхьэкIауэ къыздепхьэкI а уи гукъеуэр! ЩIрехьэж ари а уи сабиигъуэм и мэз Iувым. Уэри а щIы зэгуэчам афIэкIа умыкIуэ – абы мыхьэнэ иIэжкъым!»

Ауэ си псэр схуэубыдыркъым. Абы сфIегъэзэж япэм дыщыпсэуа уэрамым. Аргуэру жыгхэр къыIуоувэж гъуэгу Iуфэм. ТетIысхьэпIэхэри куэбжэпэхэм къыIуохутэж, вагъуэбэ уафэми мазэм зыщигъафIэу къоувэж.

Ныбжьым хуэдэу си нэгу къыщIохьэж куэбжэм гъунэгъу къыхуэхъуа цIыхухъур. Мес ар, зи нэхэм гъащIэм и хъуаскIи къызыщIимыхыж си адэр, гъуррэ кIыхьу, хуэсакъыпэурэ куэбжэм къыIуохьэри уэзджынэм къытрекъузэ. Сэ мыдэкIэ благъуэ абрагъуэм и ныбэм сисщ, сызэрыджэгу хьэпшып псори фIыуэ щIэсIуантIэу зэуэ сутIыпщын мурад сиIэу – зэгуреуд къыстеплъэ мыхъу фызыжьыр. Абы хэту зэхызох си псэм фIэфI макъыр: «КхъыIэ, къысхуэвгъэгъу! СощIэ иджыпсту абы зэримычэзури, ауэ сэ пщэдей сожьэри, си къуэм зыгуэр жесIэжын хуейщ. Зы сыхьэт хуэдизкIэ, моуэ, мыбдеж къыщыткIухьынщи...».

Си анэм абы пхъашэу жэуап иретыж, пщыхьэщхьэр зэрыхэкIуэтар, вэсэмахуэ сыкъилъэгъуа къудейуэ зэрыщытыр гуригъаIуэу. Адрейри хуикIуэтыркъым, и макъ IэфIыщэмкIэ, уэрэду къысщыхъумкIэ, къыхегъэзыхь: «Уэ къыбгурыIуэркъэ сэ абы фIэкIа мы дунейм нэгъуэщI зэрыщызимыIэр?!»

Сэ адэкIэ схуэмыхьыжу пэшым сыкъыщIолъэт, зэуэ лажьэу сутIыпща си машинэ къомым я шэрхъ зэрышх макъыр си ужь къинауэ.

– Я дэ ди Тхьэ, делэ сыфщIынущ сэ фэ! – си анэр щIолъадэ сыкъызыщIэкIа пэшым.

Си кIагуэмрэ пыIэмрэ къызощтэри, унэм сыкъыщIокI. Иджы дунейр зейр дэ тIуращ. Дыабрагъуэщ, апхуэдизкIэ дылъагэщи, ди щхьэхэмкIэ вагъуэхэм далъоIэс. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ къыкъуэу бжьыхьэ жьы пхъашэри зыуи къытщыхъуркъым, уеблэмэ ди кIагуэ жыпыр хузэIудохри абы идоубыдэ. Лъэс лъагъуэр щыдухкIэ, сакъыу ихъуреягъыр къыдоплъыхь, адэ-мыдэкIэ пIащIэу щызэхэзежэ цIыху жьгъейхэм зэран дахуэмыхъун щхьэкIэ. Ди вакъэ лъэгухэм щощащэ къурш лъагэкIейхэр, гуэл, тенджыз жыхуаIэхэр зикI зы лъэбакъуэщ. «Ей-ей, щIалэ, плъагъуркъэ дэ иныжьитIым тщIар – ток зэрыкIуэ кIапсэхэр зэпытчащ, пкъохэр итщIыкIащ!» Дызоплъыж, ди Iэхэр зэроубыдри дыщIопхъуэж, щIыналъэ пхыдзахэм я цIыху емылыджхэм я шабзэшэхэр, благъуэхэм къыткIэлъадз мафIэхэр къытлъэщIэмыхьэу. Адэ, дунейр щиухым и зы плIанэпэм, дыкъыщызэтоувыIэ: нэм къиплъыхьыр губгъуэ дахащэщ; иджы япэу си адэм мыбы сыкъишэу аращ. Губгъуэм щхьэщыт гъуэз нэхум къыхобэкъукI зэи сымылъэгъуа гуэрхэм я ныбжьхэр. «Плъагъурэ мохэр, си псэ, ахэр Дон Кихотрэ Санчо Пансорэщ, мыр Гамлетщ, сэ уэ ар иджыри уэзгъэцIыхунщ. Мисри Одиссей! Уэ ар къэпщIэжын хуейщ, абы теухуауэ куэд бжесIэжати!» – къысхупогуфIыкI адэр.

Дешауэ, ди нэгу щIэкIа къомым ди щхьэр мащIэу ягъэунэзауэ, мывэжь гуэрым дытотIысхьэ. Си адэр и жыпым йоIэбэри:

– А-а, сщыгъупщэ пэтаи! Сэ уэ апельсин къыпхуэсхьат! Мис, пэжщ, ахэр плIы къудейщ зэрыхъур, ауэ еплъыт я инагъым! Еплъыт мазэм и нэхум ахэр дыщэ хъурей зэрищIым, мэ, шхы! – къысхуеший.

– Дэри диIэщ, иджыпсту сыхуейкъым! – къеIысхыркъым.

И жагъуэ хъуауэ, ар къызоплъри:

– Хъунщ, – жи, – ущыщIыхьэжкIэ уэстыжынщ!

ИтIанэ къоувыIэри, зыри жимыIэу сызэпеплъыхь. Ауэ хуэшэчыркъым:

– Плъагъурэ ар зэрыхъур, «дэри» жыпIэу ухуежьащ. Си гум дзасэ къыхаIуауэщ сэ а псалъэхэр къызэрысщыхъуар... Сыт нэхъри нэхъ къэсщтэнт а зэманым къигъэзэжыну. Дэ иджыри хъыджэбз цIыкIу диIэнкIэ хъунут. Ухуейтэкъэ шыпхъу цIыкIу? Ауэ уи мамэм идакъым, абы... идакъым.

Асыхьэтым сабиигу зэIухам къобыргъукI шыпхъу цIыкIу иIэну зымахуэ мамэ зэрыжиIар. КъыщыщIар умыщIэу, адэм и щхьэр фIеубыдыкIыжри, щым мэхъу...

МафIэм илыпщIа губгъуэ фIыцIэшхуэм абы и нэкIур къыхэщыжыркъым. Сэри щыму сыщысщ, кIыфIым къыхэтэджыкI ныбжь мыгурыIуэгъуэхэм сахэплъэу. Мес, зи щхьэ щIэIуа лIыжь гуэр къытхуокIуэ, абы иужь итщ ажэгъафэри. АдэкIэ къакIэлъокIуэ цIыху гупышхуи, япэ итым зыгуэр и щхьэщыгум щоблэ. Къэсмэ, зи щхьэм чэсей щэкI къешыхьэкIа лIыжь цIыкIу гуэрщ, шыдым тесу...

Си адэм и щхьэр къеIэтыж:

– А-а, уахэплъэу ара? Абыхэм уэ Iэджэрэ иджыри уаIущIэнущ, – жеIэри и псалъэр зэпегъэуж.

СощIэ сэ: езым мыхьэнэшхуэ зрит псалъэмакъ гуэрым сыхуигъэхьэзыру аращ.

– ПщIэрэ, – жи, си дежкIэ зыкъриIуэнтIэкIыурэ, – сэ пщэдей сожьэ, мис сатуущI сыхъуащ! Плъагъуркъэ, ахъшэ къэдмылэжьу хъунукъым, сондэджэрыныр си мыIэщIагъэ, абы хэсщIыкIыр мащIэ пэтми. СыкIуэнщ, Тхьэм жиIэмэ, адэ хым адрыщIкIэ щыIэ хэкухэми, уэ зыгуэрхэр къыпхуэсхьынщ, игъащIэм мыбы щамылъэгъуауэ. Уэращ а псор сэ щIэсщIэр. Уэ узыхуэныкъуэ щымыIэу упсэун хуейщ, ар къыпхузэригъэпэщыну зи къалэнри сэращ – сэ уэ срыуиадэщ! Ауэ сэ си ахъшэхэр къабзэу щытынущ, уэ уигъэхуэбэн хуэдэу. ИкIи зыкIи ещхьынукъым уи мылъху адэм ейхэм, пщIащэрэт ахэр зыхуэдэ ахъшэр! Ауэ уи анэм дежкIэ а псоми мыхьэнэ яIэкъым, къыбгурыIуэрэ, мыхьэнэ яIэкъым! ПщIэрэ уи деж сыкъэкIуэху уи анэр щIэпIейтейр? Зэрыкъуаншэр къыгурыIуэжащи аращ, хэт зыфIэфIынур зэпыу имыIэу ар ягу къагъэкIыжу? Плъагъурэ, балигъхэм я деж апхуэдэ къуаншагъи къыщохъу... Сыт мыгъуэ мы жысIэхэр?! Си акъылыр зэтекIащ, а псоми уэ ухуейкъым, иджыпсту къыбгурыIуэнуи щыткъым. Уэракъым ахэр зыхуэгъэзар, сэ езым си щхьэм хужысIэжа къудейуэ аращ. Къысхуэгъэгъу. Уэ уи мамэр псом нэхърэ нэхъ дахэщ, абы къелэжь къулейуэ псэунуи, дахэу зихуэпэнуи. А нэджэIуджэр къызэрытеплъэу къытелIэри нэгъуэщI Iуэху иIэжакъым, хамэ унагъуэ зэрызэтрикъутэми еплъакъым. Ауэ ари Iуэхукъым, си псэ, дэ а псоми датекIуэнщ. Нэхъыщхьэр уэрэ сэрэ дызэкъуэтынырщ, абы щыгъуэ адрей псоми дахуэгъэзащ. Сэ уэр щхьэкIэ сымыщIэнрэ слъэмыкIынрэ щыIэкъым – уэ зыращ сэ сиIэр! Сэ мыгувэу къэзгъэзэжынщ.

Дэ хуэмурэ унэм дыхуокIуэж, абы дызэрынэсыжу си гум фIэфI гуэр зэрысIэщIэкIынур си псэм къызиIуэкIми. Бжьыхьэ жэщ щIыIэтыIэм пигъэдиикIа си Iэхэм си адэм и Iэгу хуабэхэм зыщагъафIэ; зызокъузылIэ, сыхуейкъым ар сутIыпщыжыну. Си сабий акъылым къыхуэубыдыркъым ар къызэрытыну жыхуиIа пIалъэр зыхуэдизыр, ауэ сошынэ, ар кIыхь хъумэ, жызоIэри. Си адэр зыгуэрым игъэпIейтейуэ уафэмкIэ щIэх-щIэхыурэ доплъей, фIэкIуэда гуэр вагъуэ бжыгъэншэхэм къыщилъыхъуэж нэхъей, сэ езым нэхъри зыкIэрызокъузэ, и кIагуэ жыпыр къыгуэзыша апельсинхэм я мэри къысщIихьэу къысщохъу.

Куэбжэм деж къыщыдэжьэрт мылъху адэмрэ абы и шоферымрэ. ДызэрыIухьэжар щалъагъум, ахэр машинэм къикIащ. Мылъху адэм зигъэбзэIэфIу си дежкIэ зыкъигъэзащ икIи къызэхъурджауэу жиIащ, си анэр зэрыгузавэр къидмыдзэу, жэщыбгым къызэрыткIухьыр и жагъуэ зэрыхъур. Ауэ асыхьэтым гу лъыстащ абы и нитIыр шынагъуэу зэрыхъуэпскIам. Куэбжэм сыдигъэхьэжыну къызэIэдэкъэуами, си пIэм сыхуикIакъым: слъэгъуащ абы и шофер къуабэбжьабэжьым си адэр лъэныкъуэкIэ зэрыIуишыр. Си пщIыхьэпIэ къыхэхуэркъым си адэм шынагъуэ гуэр къытехьэну, сызыпэплъар сыщыдыхьэжкIэ абы сыт щыгъуи къызжиIэ хабзэ псалъэ IэфIхэрт.

Шоферым и Iэпкълъэпкъ абрагъуэм си адэ иригъэкIуэтар къыкъуэщыжыртэкъым:

– Иджыри дапщэрэ цIыхухэр я пIэ къызэрипшынур? Дапщэрэ, зо, цIыхубз тхьэмыщкIэм и фэр зэрипхынур? КъыбжаIакъэ укъыщыкIуэну махуэмрэ сыхьэтымрэ? Хьэмэрэ узыхуейр... – ебгъэрыкIуэрт ар си адэм.

Адрейм абы и дамащхьэм зыкъыщхьэпришиикIри къэлъэIуащ:

– Тхьэм щхьэкIэ, цIыху хуэдэу, си къуэм сэлам езвгъэхыж! ИтIанэ дызэпсэлъэнщ, мы псор абы щIызэхихын щыIэкъым...

Си адэм, лъэныкъуэкIэ екIуэтэкIри, къысхуэгуфIэурэ зыкъысхуишиящ. Шоферыр Iэбэри ар къигъэувыIащ.

– Уэ жаIэр къызыгурымыIуэ гуэру укъыщIэкIынщ! – пхъашэу жиIэри ар си адэм еIэдэкъэуащ. Апхуэдэ пэмыплъар лъэбакъуэхъуу иувыкIа щIалэжьым и лъакъуэм фIэнэри щхьэ щIыбкIэ техуащ, асыхьэтми гъуэгум къытелъэдащ апельсин дыщафэхэр. Сэ сыкъыхэкIиикIри абыкIэ зыздзащ, ауэ мылъху адэр къапхъуэри сыкъиубыдыжащ икIи гуауэм сыкъызэгуиудрэ зыри слъэмыкIыжу унэм сыщIилъэфэжащ...

Ныбжь къудейщ иджы къысхуэнэжар. НэщI хъуа унэшхуэм абы къыщекIухь. Мис: мафIэгури и гъуэгум тежри лъэмыжым ехуэхащ, чырбыш къуэлэн цIыкIухэм къыхэщIыкIа унэм хьэлъэзешэр жьэхэуэри игъэщэщэжащ, зэгуэр къысхуэгуфIэу щыта номин шырхэмрэ кIэпхъ цIыкIухэмрэ я абджынэ цIыкIухэри идиихьыжащ.

Зэзэмызэ мыбы къыщIохьэ дэнэкIи нэсын зыфIэфI жьыр: мэлъыхъуэ, мэпапщэ, унэ лъэгум кърана тхылъ гъуэтэжам и напэхэр къызэрегъэдзэкIнызэрегъэдзэкIри, гъэщIэгъуэн гуэри къыхуэмыгъуэтауэ, щIокIыж. Зэзэмызи а пэшхэм ящыщ зым къыщIоIукI си анэм и гъы макъ щэхур. Сэ абы хуэмурэ сыбгъэдохьэ, и пащхьэ сыщотIысэхри солъэIу: «КхъыIэ, къызжеIэ, мамэ, сыт адэкIэ къэхъуар? Си адэр дэнэ здэкIуар?» Абы и напIэ хьэлъэхэр къеIэт икIи губжьыр зыщIэт и нэхэр къыстреубыдэ: «СкIэрыкI, скIэрыкI жысIакъэ, къуэ гущIэгъуншэ! КIуэдыкIейр къысхуэбгъэкIуэну ара?»...

ЗымащIэкIэ щосыжри, си адэм и ныбжьыр жэщ кIыфIым Iубахъэу хокIуэдыхьыж. Аргуэру си закъуэу сыкъыхуонэ псэхугъуэ къызэзымыт узым. Дэ тIури дыщымщ, дыщысщ зыр адрейм доплъри. Ауэрэ тэлай докIри ар мэтэджыж, гуфIэ зыщIэмытыж и нэхэмкIэ зэ къысхуоплъэкIыжри, къызыхэкIа мэз IувымкIэ егъэзэж. Егъэзэж, сэ ар зэи IэщIыб зэрызмыщIыфынур къыгурыIуэжауэ.

АтIэ, си адэм и Iуэхур дауэ хъуат? Пщэдджыжьым, езым къызэрызжиIам хуэдэу, и ныбжьэгъум щIыгъуу «щIэупщIэ зиIэ хьэпшыпкIэ» хьэлъэзешэр якъури ежьащ, къалэ жыжьэм кIуэну. ТхьэмахуитI дэкIауэ къалэжь цIыкIу гуэрым и бгъум къыщагъуэтыжащ ахэр зэрыса машинэм къыхэнар. Хьэлъэзешэр яхъунщIэри ягъэсыжат. Абы иужь си адэми, и ныбжьэгъуми я хъыбар дунейм къытехьэжакъым. ЖаIэж

а зэманым апхуэдэхэр куэдрэ къэхъуу щытауэ. А щIыпIэ жыжьэм и хабзэхъумэхэм я тхылъым къинар абы кIуа коммерсантитIым я кIуэдыкIауэ сэтей къахуэмыщIам теухуа сатыр зыбжанэщ.

Абы лъандэрэ илъэс Iэджэ дэкIа пэтми, си тэмакъым схуемыгъэхыу телъщ: апхуэдизу фIыуэ сыкъэзылъагъуу щыта цIыхур, и псэр зыхэлъыр сэрауэ илъытэу псэуар, щIэпхъаджащIэ ерухэм яукIыу гъуэгубгъу гуэрым зэрыщыщIатIэжар, ауэ сэ, абы и пкъым къикIа закъуэм, зыри Iуэхум зэрысхухэмылъхэр, уеблэмэ си адэм и лъы щIыхуэ зытелъыр хэтми зэзгъэщIэн зэрыслъэмыкIыр...

Сыт сымыщIэми, си нэгу схущIэгъэкIыркъым си адэм и джэлэкIар: къыщыщIамкIэ и къуэм щыукIытэжауэ къысхуеплъэкIыу, симыгъэгузэвэн щхьэкIэ, и Iупэ фIызэтежахэр, и кIагуэ жыпым къихуа апельсиниплIыр... Абы щыгъуэ ар сфIэпсэкIуэд зэрыхъуар илъэсхэм дыхэхъуэурэ си бгъэм имыхуэжу ибэгыхьащ...

Адэм и щIэин дунейр хуэм-хуэмурэ уэшххэм кърalъэсэхыжащ, жьыбгъэхэм япхъэхыжащ. Сэ иджы къысхуэщIэжыркъым дэ тIум къыщыткIухьыгъа а таурыхъ губгъуэ телъыджэхэр здэщыIэр. Ар зэрызимыгъусэж лъандэрэ сэ хыри щIыри зэпызыупщI цIыху абрагъуэу зэи зыслъытэжакъым, ноби сигу къысхуэгъэкIыжыркъым си сабиигъуэм и уэрам нэщIхэр кърizгъэщIэрэщIэжыну къызжиIэгъа мэгъу псалъэхэр.

Бэзэр утым зыкъэзыгъэлъагъуэу ита ажэгъафэхэри ежьэжащ, цыджан зэрыбынми заIэтри уэгум ихьэжащ, вагъуэхэм хуэкIуэу. Си джэгуэгъухэми я хьэпшып цIыкIуфэкIухэр пшахъуэм къыханэри зэбгрыжыжащ. Къэнар а бжьыхьэ жэщ щIыIэм и закъуэщ: си адэм иужь дыдэу сыщригъусэжар. Псэху зымыщIэ жьыбгъэм епхъэнкIыж уэрам нэщI хъуар, зэщIекъуэж адэ-мыдэкIэ щикъухьа кIэнфетыфэхэр, тхылъымпIэжьхэр... Жэщ хъуамэ, бжьамий хыфIадзэжахэм кърaш блэкIа жыжьэм и гъыбзэр.

А дунейр нэщI хъуащ, абы зыри щыпсэужыркъым. Ауэ си адэр сигу къыщихьэкIэ, зыгуэр, сэ сэщхьыркъэпсу, лъэгуажьэмыщхьэу мэтIысри ди куэбжэпэм къыщызэщIекъуэж мазэм и нурыр зытелъэщIыхь дыщэ апельсинхэр.

*«Iуащхъэмахуэ» журналым еджэхэм я тхыгъэхэр*

ШЫГЪУШЭ Алий

# Уи япэкIэ мывэ хъурей бгъажэмэ, ухуозэж

Назир къызэрысыжу и портфелыр диваным иридзэри, и нэщхъыр зэхэлъу и анэм бгъэдэуващ:

– Сыт, мамэ, узэрызимыанэр иджыри къэс къыщIызжумыIар?

ПщафIэу кIэрыт анэр умэзэхащ. ИтIанэ, хуэмурэ зыкъищIэжри, и къуэм еплъащ:

– Хэт, на, а делагъэр къыбжезыIар?

– Хэт къызжиIами сыт абы иIыгъыр, ауэ ар пэж?

Назир ебланэ классым щеджэрт. Нобэ есэпымкIэ контрольнэ ятхыу Къантемыр тригъэтхыкIатэкъыми, «илъ ищIэжащ»: «Уэ Хужь укъилъхуакъым, хэт урейми ящIэркъым», – жери къещащ. Назир а хъыбарыщIэр шэуэ къытехуащ. Иджы, унэм къэсыжащи, анэр зэрехуэ и «къуаншагъэр» къригъэIуэтэну.

Пэж дыдэу, Мурадинрэ Хужьрэ Назир къуэ ящIауэ арат. Гува-щIэхами а щэхур къызэрыщIэщынур ящIэ пэтми, ябзыщIу зэманыр кIуэрт. Хужь ар цIынэ цIыкIуу къихьу бын зэрищIар хьэблэм щащIэкIэ, сабийми ямыщIапIэ иIэт. ЯщIэми, абыхэми ябзыщIт. Ауэ, мис, нобэ и ныбжьэгъу Къантемыр «мылъхукъуэ» псалъэ жагъуэр къриупщIащ. Аращ унагъуэр хьэлэбэлыкъ хэзыдзар.

– Ар къыбжезыIаращ езыр къэзылъхуар зымыщIэжыр, – къэгузэващ Хужь. – къызжеIэ хэтми, сэ абы узыр естынщ.

Назир хэтащ ибзыщIыну, арщхьэкIэ, анэм щыхигъэзыхьым, жриIащ къыжезыIари къыщIыжриIари.

– ЗэрытрумыгъэтхыкIам щхьэкIэ зэгуэпри къыбжиIауэ аращ, – пцIы хуеупс анэм Назир. Ауэ Назир сабиижтэкъым, тынш цIыкIуу къэбгъэпцIэну. Нэхъ и фIэщ хъуар Къантемырщ. Ар абы ауэ сытми, игу кърихыу, жиIакъым.

Назир анэм хуэшхакъым, сымэжалIэркъым, буфетым сыщышхащ жери. Хужь нэщхъейуэ диваным итIысхьащ, Назир адрей пэшым щIыхьащ. Ар гъуджэшхуэм бгъэдэувауэ зоплъыж: «Сыхэту пIэрэ? Хэт сызикъуэр? Псэу си анэр? Псэумэ, щхьэ сыхыфIидза? – и нэпсыр къытелъэдауэ зоупщIыж. – Сарещхькъым сэ Хужьи Мурадини. Пэжщ Къантемыр къызжиIар. Си мамэрэ папэрэ ящIэ, дауи, си анэ дыдэр хэтми. Папэ къызэрысыжу, тIури згъэтIысынщи сеупщIынщ».

Назир щIегъуэжащ. ЕупщIакъым тIуми. Сыт еупщIкIи? Къантемыр къыжриIар пэжщ, ар Нэзрэн Назиркъым, ауэ Назир къудейуэ аращ. Ар ящIэ егъэджакIуэхэми, и классэгъухэми – псоми, псоми, езым щынэмыщIа, ауэ псоми къыщабзыщI, и жагъуэ зэрыхъунур ящIэри: папэрэ мамэрэ директорым елъэIуагъэнщ, директорым класcрукхэм унафэ яхуищIыжа хъунщ. Сыт-тIэ абы езым и лажьэу хэлъыр? Нэхъыщхьэращи, псоми фIыуэ къалъагъу, «тху» защIэкIэ йоджэ.

Мурадин хьэрычэтыщIэт, хуэщIауэ псэурт, и къуэм и жьэм къыжьэдэкI псор хуищIэфынут, ауэ хуейтэкъым и ныбжьэгъухэм къахигъэщыну. «Аращ псори зейри къызыхуэнэнури» – жриIэрт Хужь, я къуэм теухуауэ мыарэзыуэ зыгуэр къыжриIэмэ.

Зэманыр кIуэрт, Назири лIы хъурт зыщыщ лъэпкъыр имыщIэу, и адэанэми къыжрамыIэу. ГъащIэм къридза фэбжьым фэжьIужь хуэхъужат, хэт сыт къыжриIэми зыуи къримыдзэжу. Нэхъыщхьэращи, папэрэ мамэрэ фIыуэ къалъагъу, езыми елъагъуж, ахэм зэи я жагъуэ ищI хъунукъым.

Назир школыр фIы дыдэу къиухри, Академием щIэтIысхьащ, экономисту еджэну. А гъэ дыдэми, абы и гъащIэм нэгъуэщI зы насыпи къыхыхьащ: Залинэ фIыуэ илъэгъуащ. Залинэ университетым щIэст, егъэджакIуэ IэщIагъэр къыхихауэ. А тIур япэу щызэхуэзар автобусырат. Щэбэту къуажэм къэкIуэжхэу, зэбгъэдэхута хъуаитIыр зыр зым щэхуу еплъу, жамыIэIауэ автобусыр Налшык къыдэжыху щысахэщ. Ягу зэрихьат. Назир хущIегъуэжащ хъыджэбзым емыпсалъэу иджыри къэс зэрыщысам. Шэджэм е Бахъсэн деж щикIыжмэ, хъыджэбз дахэр фIэкIуэдыжакъэ?

– Удэнэ къуажэ? – тогушхуэри йоупщI Назир.

Хъыджэбзыр абы къоплъри къыпогуфIыкI:

– Сы-Зеикъуэщ, сыкъыумыцIыхуу ара? Сэ уэ узоцIыху.

– НтIэ, сыхэт? – хуогуфIэж Назир хъыджэбз дахэм.

– У-Нэзрэн Назирщ, – аргуэру нэхъ гурыхьыжу къыхуогуфIэ ар щIалэм. – Сэ ипщэ школым сыщеджащ, уэ ищхъэрэр къэбухащ.

«ИщIэу пIэрэ сызэрымы-Нэзрэныр? - щIыIэу и гум къокI Назир. – СыкъыщицIыхукIэ, дауи, ещIэ».

– Иджы, уи цIэр къызжепIамэ, дызэрыцIыхупат.

– Залинэщ. Сызейми ухуей? – щIалэм хуоплъэкIри мэдыхьэшх.

– Абыи сыхуеинкIэ хъунщ, пщIэнукъым. Сэ Академием сыщоджэ, уэ-щэ?

– Университетым и филологическэм.

Къуажэм къэсыжыху зэжраIэн ягъуэтащ ныбжьыщIитIым. Блыщхьэм зэхуэзэну зэгурыIуэри, сэлам зэрахыжащ. Абы и ужькIэ ахэр куэдрэ зэхуэзащ, зэныбжьэгъуащ къаухыху, фIыуи зэрылъэгъуащ.

Назири Залини къаухауэ лажьэрт. Назир и адэр щылажьэ IуэхущIапIэм бухгалтеру щыIэт, Залинэ егъэджакIуэт. Хужь ищIэрт Назир зыпылъ хъыджэбз зэриIэр, ар къыжезыIар Ланэт. Лани Залинэ щIыгъуу школым щылажьэрт. Хужь абы хуэзамэ, пкърымыупщIыхьу иутIыпщыжыртэкъым, хуэзэхукIи япэу зэреупщIыр зыт: «Дауэ къыпщыхъурэ, Ланэ, си Залинэ?». Залинэ и цIэр зэи жиIэртэкъым и пэм «си» пымыту. Лани, ар къищIати, дыхьэшхыурэ жэуап иритыжт: «Тхьэ, уи Залинэ хъарзынэм».

* * *

Мазэм щIигъуауэ ХьэIишэт хьэлъэу хэлът. Абы ефи-ешхи иIэжтэкъым, залымыгъэкIэ псы тIэкIу жьэдакIэу арат. И узым щIыгъуу, абы игъэвырт зы гуэныхьышхуэ. Игугъат ар имыпшыныжу здихьыну. АрщхьэкIэ, и напIэр зэрызэтрилъхьэу, зы блэ фIыцIэшхуэ къыкIэщIэпщхьэрти, къыщIэфу хуежьэрт. КъаскIэрти, блэр кIуэдыжырт. Шэч хэлъкъым: иджыпсту щыщIэдзауэ Алыхьым иригъэпшыныжу аращ и гуэныхьыр. Дауэ здихьыну а щэхур? ЯжриIэмэ нэхъыфIкъэ?

Жэщыр хэкIуэтауэ ХьэIишэт нэхъыфI къыщыхъум, къыбгъэдэса Iыхьлыхэр зэбгрыкIыжащ. Иджы щхьэщысыжыр и къуэмрэ и нысэмрэт.

– А-а, Женя, Исуф, нэхъри фыкъызэкIуэталIэт, – и Iэблэ гъуахэр шхыIэным къыщIешиикI ХьэIишэт.

– Сыт, мамэ... щхьэ угузавэрэ? – нысэм и щхьэр сымаджэм ирехьэлIэ.

– Фэ тIум фи гуэныхь стелъщ, къысхуэвгъэгъу...

– Сыт жыпIэр, ди анэ? Уэращ зи гуэныхь ттелъыр, уэ узианэщ, – и щхьэфэ щIыIэм щабэу Iэ делъэ къуэм.

– Фи къуэр... псэущ... си шыпхъум ес-с-тащ.

ЗэлIэзэфызыр зэплъыжащ, сымаджэм жиIэр къагурымыIуэу. ИтIанэ Женя къыгурыIуэри къыхэкIиикIащ:

– Назири? Назир дэ ди къуэуи?

– НтIэ... – аращ иужь дыдэу ХьэIишэт къыжьэдэкIыжар.

– Апхуэдэу щхьэ къыдэпщIа, дянэ? – ерагъыу къыдришеящ Исуф.

Анэр къуэм къеплъырт и нэ дияхэмкIэ, «Къысхуэгъэгъу, си къуэ» – жиIэ хуэдэ.

* * *

ХьэIишэт и нысэр къызэришэрэ мазибл фIэкIа мыхъуауэ сабий игъуэтат. Къилъхуар щIалэ цIыкIут, узыншэт, мазибгъу мыхъуами. АрщхьэкIэ гуащэр хуейтэкъым сабийм – ар и къуэм имейуэ гурыщхъуэ ищIырт. ХьэIишэт и шыпхъу Хьэлиматт сабий дохутырри, зэшыпхъуитIыр зэгурыIуэри, сабийр лIауэ ягъэIуащ. Ар Жени и фIэщ ящIри, и нэпсыкIэ щIиутхыкIыу къаутIыпщыжащ. Сабий цIынэр хъыданжэрумэ ящIри я шыпхъу Хужь Iэрагъэхьащ. Абы бын иIэтэкъым. «Къалэ лъхуапIэм къыщIанауэ къеIысхащ» – жери, хьэблэм яхигъэIуащ. И къаруи, и псэ Iыхьи хилъхьащ Хужь зауэм хэкIуэда и адэм и цIэр зыфIища щIалэ цIыкIур зыхуей хуэзэу къэхъун папщIэ. Ягъэсащ, ирагъэджащ зэлIзэфызым. Иджы мэлажьэ, физи кърагъэшащ.

* * *

И гуащэм кърищIар бдзэжьей къупщхьэу и тэмакъым тенауэ псэурт Женя. Жей иIэжтэкъым, махуэми жэщми егупсысырт: «Ар дауэ къызищIа? Сабийр и къуэм имейуэ игугъауэ аращ... Сыт иджы сщIэнур? Назир ищIэу пIэрэ? Сыхуэзэу псори жесIэмэ мынэхъыфIу пIэрэ?».

Пщыхьэщхьэм, лэжьапIэм къикIыжа лIыр зэригъашхэу, абы фызыр бгъэдотIысхьэ:

– Исуф, ди къуэм жедгъэIэ зэшыпхъухэм къыдащIа лейр.

– Сыт жепIэкIэ, – хуигъэщIэгъуэщакъым абы фызым жиIар.

– А-на, дэ къуэ диIэкъым икIи диIэнукъым. Абы къыдащIар суд Iуэху пщIы хъунущ.

– КъеIыпхыжыну ара? УкъыкIэрыхуащ. Ар балигъщ, къишащ, дэ зыкIи къытхуеижкъым.

– ПщIэнукъым, ар щIалэ губзыгъэщ, дыхыфIидзэпэнкъым. Дызэрибыныр, узэрилъэпкъыр къедгъэщIэнщ, мыхъуми. Дэ абы Хужьрэ Мурадинрэ хуэдэу, дауи, дыкъилъагъунукъым, ауэ дыхыфIидзэнкъым. Дэ абы зыри етщIакъым. Ар си кIэтIий кIапэщ, дапхуэдэу щымытми, – Женя, и нэпсыр къьокIуэри, и тэмакъыр щеубыдыкI.

«Анэр нэм хуэдэщи, адэр дэм хуэдэщ» – жиIакъэ пасэрейм. Анэм и псэм игъэвыр зыгъэвыфын цIыхухъупсэ Тхьэм къигъэщIакъым, къигъэщIынуи къыщIэкIынкъым.

– Уэлбанэ блэкIам щIакIуэ кIэлъащтэжыркъым, жаIэу зэхэпхакъэ? – Исуф пэшышхуэм щIохьэри телевизорыр пегъанэ, Женя и нэпсыр зэпелъэщIыхьыжри Iэнэр зэлъыIуехыж, хьэкъущыкъухэр зэхетхьэщIэжри, и Iэр илъэщIыжурэ, и лIым кIэлъыщIохьэ, напэIэлъэщIыр шэнт натIэм иредзри, и гукъеуэм пещэ:

– Зы махуэ сыкъилъагъу хъуакъым, сэ абы къызищIар Алыхьым къыхуимыгъэгъукIэ.

– Iэу, умыбгэ, лIам ебгыркъым. Дапхуэдэу щымытами, си анэщ, си жагъуэ уощI, – жеIэ Исуф, и физым ней-нейуэ хуоплъэкIри.

– Дякум къыдыхьэу и дунейр ихьащ. Хьэбзри куэпэчри къысхуигъанэртэкъым. Уи хьэтыркIэ зыхуэзгъэшэчащ, сыт жиIэми.

– Хъунщ иджы. ЦIыхум захыумыгъэх мы жыпIэхэр, – пхъашэ зещI Исуф.

Исуф Iуэхум емыгугъуми, Женя пIащIэрт пэжыр сэтей къищIыну, и гуащэмрэ абы и шыпхъухэмрэ кърашIа лейр и къуэм жриIэну. Хьэ-

блэм къаригъэщIэну. ХьэIишэт и псэр щыхэкIым и къуэмрэ и нысэмрэ зришалIэу иужь дыдэу къажриIэжар арыншами куэдым ящIэрт, Назири яхэту – зы жьэм жьэдэкIыр жьищэм жьэдохьэ, жи. ИтIани Женя хуейт и закъуэу и къуэм IущIэну. Къуэр анэм къызэрыхущытын хуей гуапагъэм хуэдэ дилъагъуну щымыгугъми, Женя хуейт абы бгъэдэсыну, и нэгу иплъэну; щIэкIуэнум зыри къимыкIми, и къуэр псэущ. Хуеиху илъагъуну хуиту. СыткIэ ищIэнт апхуэдэ насып къеуэлIэжыну? Назир щылажьэр ищIэрт Жени, и къыщIыхьэгъуэм хуэзэу кIуэну триухуащ.

* * *

Залинэ Маринэ цIыкIу жьыуэ къигъэтэджри ихуэпащ, и щхьэр хуижьащ, зригъэтхьэщIри шхэн щIэзыдза адэм бгъэдигъэтIысхьащ, езыри ябгъэдэтIысхьэжащ. Маринэ садым ириту, езыр школым кIуэну арат. Назири пIащIэу шхэрт, телефонкIэ къепсэлъауэ ищIэрт и анэ дыдэ Женя къызэрыхуэзэнур. Абы Iэнкуну кърigъэжьащ:

– Сэ школым сызэрыщIэсрэ шэч сщIырт Хужьрэ Мурадинрэ сыкъызэрамылъхуар, нэгъуэщIу жыпIэмэ, сызэрамылъхукъуэр. Си классэгъуэхэр зэкIэщIэхъуцацэу сабгъэдыхьамэ, щагъэтыжырт, къасщIэрт сэ къызэрыстепсэлъыхьхэр, къысфIэнахэмэ, къызэщхэри къахэкIт: «Уэ Хужь урикъуэкъым» – жаIэу. Ауэ псори си гум тезгъахуэу сыпсэуащ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, сыкъэзылъхуа дыдэхэри наIуэ хъуащ иджы. Ауэ ахэм хэт япэ ибгъэщынур жыпIэмэ, дауи, сызыпIахэращ – Хужьрэ Мурадинрэ. Женярэ Исуфри я жагъуэ сщIынуи сыхуейкъым. Ахэри слъагъунущ зэрысхузэфIэкIкIэ.

Назир шхэн еухри, щIэкIыну къотэдж.

– Тхьэ, Назир, жыпIэр тэмэму собжым, – жиIащ Залинэ сабийм и Iупэр хуилъэщIыжурэ. – Лей трагъэхьат уи анэм. Лейр Тхьэм игъэгъуркъым, жи. Арагъэнщ дэри сабийкIэ Тхьэр къыщIытхуэмыупсар. Уи япэкIэ мывэ хъурей бгъажэмэ, ухуозэж.

– Щыгъэт, сэракъым мывэр зыгъэжар, – къэгубжьащ Назир, – дэ сыт ди лажьэр, Тхьэм тезыр къыттрилъхьэну.

– Ар жумыIэ, Тхьэр ищIэнумкIэ хуитщ, зыми еупщIыркъым, – жеIэ Залинэ, гъуджэшхуэм бгъэдыхьэурэ.

Назир Маринэ цIыкIу и Iэпэр еубыдри унэм къыщIеш. Залинэ и щхьэцыр зэрегъэзэхуэж, бжэр егъэбыдэри, зэадэзэпхъур зэрыс «Волгэм» якIэлъотIысхьэ.

Садымрэ школымрэ зэгъунэгъути, Залинэрэ Маринэрэ сад дыхьэпIэм деж щрегъэкIри, Назир лэжьапIэм кIуэну ирегъэзых. Ар пщIантIэ хуитышхуэм долъадэ, и маршынэр лъэныкъуэегъэз ещIри, къежьэу бжэIупэм Iут Женя бгъэдохьэ:

– Къеблагъэ, – абы и Iэ пIыщIар Назир еубыд, бжэр Iуехри, езыр япэ йощ.

Дунейр пшагъуэт, бжьыхьэ уэтIпсытIт. Женя жьауи иIыгътэкъым, плащи щыгътэкъым, пIыщIат, псыфи хъуат.

– ТIыс, – жеIэ Назир, шэнт къыбгъэдэтыр хуигъэкIуатэурэ.

Женя хуэм дыдэу мэтIыс, ягъэкъуаншэу къаша гуэр фIэкI умыщIэну. Назир къотIыс, къыхуэкIуам жиIэнум ежьэу. Женя, къызэрыщIидзэнур имыщIэу, зепIытI-зехуз, йоплъых, къыдоплъеиж. Иужьым.

– Дауэ фыщытхэ, Назир? – хамэгу-хамащхьэу йоупщI и къуэм.

– Тхьэр фIыкIэ къыпщIэупщIэ, дыIейкъым, – жэуап ирет Назир, и

анэу къыхузыфIэмыгъэщI, зеиншафэ къытеуэу къыбгъэдэс цIыхубзым игу щIэгъуу. Женя зыщимыгъэнщIу еплъырт илъэс щэщI хъуауэ ицIыху щIалэм. Ауэ ар япэм ауэ Назиру щытауэ аращ, иджы и къуэ Назирщ. И гур къилъэтыным хуэдэу къеуэрт, къыщылъэту IэплIэ хуищIыну хуейми, и къуэр къыщеплъкIэ, укIытэрти еплъыхыжт. «Хэт нэхъ зэщхьыр, и адэра хьэмэрэ сэра?» – игу къокIри, аргуэру худоплъей.

– ПщIэрэ, Назир, – тогушхуэри къыщIедзэ къыщIэкIуар жриIэну, – уэ уи... анэр... с... сэращ, – и нэпс къекIуар и Iэщхьэпэм кърилъэфа бэлътокумкIэ елъэщIри пещэ.– Тхьэм къахуимыгъэгъу сэ къызащIар, – гъыныр хущымыгъэту нэхъри кърегъэбл.

– СощIэ. Псори сощIэ, си анэ, – Назир къотэдж, бгъэдохьэри IэплIэ хуещI.

«Си анэ жиIащ», – игукIэ жеIэри, Женя къыщеуд, зрешэкIри зэщыджэу магъ.

– Си щIалэ, си щIалэ закъуэ, – анэм и гуфIэгъуэ нэпс лыдхэм щIауфа нэ къуэлэнитIыр хуит ещIри и къуэм треубыдэ, – сэ си щIыхуэ зэрыптемылъыр сощIэ, зыгуэркIэ сыпщыгугъынуи сыхэткъым. Тхьэм и шыкуркIэ... Ауэ си гум схутегъэхуэнукъым дяпэкIэ узихамэу дунейм сыбдытетыну. Сэ сыхуейщ узэрызикъуэр пщIэну.

Назир щытт сын гъэжам ещхьу, гъыным хуэдэу анэм жиIэм едаIуэу.

– Сэ узыпIахэр умылъагъу бжесIэу аракъым, лъагъу, тIасэ, ахэращ гъащIэ гъуэгу утезыгъэувар, ауэ сэ укъызэрыслъхуамрэ лъэпкъ узэриIэмри пщIэну сыхуейщ, – аргуэру къыщеудри магъ.

– Мамэ, – Назир аргуэру анэм IэплIэ хуещI.

«Мамэ» жиIащ, – здэгъым Женя доIэбейри, Назир и щхьэм Iэ делъэ япэ дыдэу. Абы зэи Iэ дилъакъым и къуэм и щхьэм, и бгъи щIилъхьакъым, уеблэмэ и нэгу иплъакъым. Илъэс щэщI хъуа и сабийр къигъуэтыжащ.

Назир и анэм и нэпсыр хуелъэщI:

– Уэ зыкIи укъуаншэкъым, сэ сызэрымыкъуаншэм ещхьу. Ара хъунт къытхуиухар. Сэ иджы хуэм-хуэмурэ сесэжынущ дяпэкIэ адитIрэ анитIрэ сызэриIэнум. Ауэ уи деж нэзгъэзэжыфынукъым, уи жагъуэ умыщI. Хужь и лъапсэм сисми, уэри услъагъунущ Хужь хуэдэу.

Женя щIэхъуэпсат я лъапсэр Назир и цIэкIэ иригъэтхыу къишэжыну, ауэ Хужь къыщыхихым, и жагъуэ хъуами, зиущэхужри, зыри жиIэжакъым. Иджы ар псомкIи арэзыт – и къуэр псэущ, ецIыху, къецIыхуж, зэрыианэр ещIэ, пэмыжыжьэу мэпсэу, Тхьэм хуигъэузыншэ.

Женя и къуэм и кабинетым къыщIокIыж зэхэзэрыхьу зы хъужа гуфIэгъуэмрэ гукъеуэмрэ я толъкъуным псыхьэлъахуэм хуэдэу зэрихьэу.

# Уэращ си папэр

Хьэбас лэжьапIэ къикIыжырт. Ар зэрыс автобусым цIыхур игуат, и джабэхэр пхатхъыным хуэдэу. КъэувыIэпIэ къэс цIыху гуп иурти, уи псэм «уэху» жиIа къудейуэ, асыхьэту нэхъыбэж къызэригуэжт. Хьэбас иужь дыдэ тIысыпIэм щыст, зригъэщIауэ. Ар хуабжьу ирагъэшат нобэ иIа сыхьэтихым, ауэ иджыри ямыутIыпщауэ нобэрей дерсхэр зэритам и гупсысэхэм яIыгът. Уи дерсыр фIы хъуамэ – гукъыдэж уогъуэт, мыхъуамэ – гунэджыншэу унагъуэм уохьэж. Дерсыр фIы хъуныр псом япэу зэлъытар еджакIуэхэр къызэрыдэпхьэхыфырщ, псом хуэмыдэу – «Iуэхуншэхэр». Хьэбас «Iуэхуншэ» ищIыр емыджэу, зэран хъууэ классым щIэсхэрт.

Хьэбас и гупсысэр зэпеуд щIыIэм исауэ, и пэр дрилъэфейуэ и пащхьэм къит сабийм. ЩIалэ цIыкIум хуабагъэ гуапагъэ къыщилъыхъуэрт зызыщихъуэу зыбгъэдэт цIыхухъу балигъым деж. Хьэбас нэкIэ къилъыхъуащ сабийр зейр, ауэ къыхуэщIакъым. КъэувыIэпIэ къэс цIыхухэр пIащIэу икIыжырт, щIалэ цIыкIур зыми здришыжыртэкъым. Хьэбас щикIынур иужь дыдэ къэувыIэпIэрати, автобусым къинахэр мащIэ дыдэ щыхъум, къогузавэри щIалэ цIыкIум йоупщI: «Дэнэ щыIэ уи мамэр?» Зыри къыжримыIэу, къоплъ сабийр, «ГущIэгъу къысхуэщI» – жиIэ хуэдэ. Сыт ищIэнур – сабийр шоферым къыхуигъанэу езыри икIыжыну хьэмэрэ я унэ ишэну?

Хьэбас и Iуэхур къыщигъэпсынщIащ, ар зэгупсысыр къыгурыIуам хуэдэу, автобусым къыкIэлъикIыу и ужь къиува щIалэ цIыкIум.

СэIихьэт и лIым хуэпщэфIауэ, къэсыжыным ежьэу диваным ист, телевизор еплъу. Уэзджынэр къыщызум, гуфIэу къыщолъэтри, пожьэ. Бжэр зэрыIуихыу хъурымэ-жьэрымэкIэ гъэнщIа бахъэ Iэрамэ щIолъэтри, абы и пIэкIэ, Хьэбасрэ щIалэ цIыкIумрэ ящIыгъуу, щIыIэ гуэрэн пэшым къыщIоуэ.

– Мыри хэт? – щIоупщIэ СэIихьэт, бжэр якIэлъыхуищIыжурэ.

– Мыр... СщIэркъым. Ди хьэщIэщ. Япэ щIыкIэ дгъэшхэнщ, къэдгъэхуэбэжынщи, хэтми итIанэ къыджиIэнщ, аракъэ, ПIытIэ? – Хьэбас хьэщIэм дэIэпыкъуурэ кIагуэ тешхыхьа хуабэ зыщIэмылъыжыр щрегъэх. И хьэукIпыIэ тIэкIур езым зыщхьэрехри къыхуеший, мыри фIэдзэ, жыхуиIэу. Хьэбас и курткэмрэ пыIэмрэ фызым Iехри фIедзэ. ЦIыхухъуитIым затхьэщIри, СэIихьэт хьэзыр къиищIа Iэнэм бгъэдотIысхьэ. ЩIалэ цIыкIур дыгъуужь нэщIауэ шхэрт, хэгъэрейхэм яхудэплъейуэ. Iэнэм къыпэрыкIыжу диваным зрагъэзэгъа нэужь, Хьэбас и хьэщIэм зыхуегъазэ:

– Иджы, уи цIэр къыджеIэт, щIалэфI.

– Сэ сы-Русикщ, – зи ныбэ из хъуа щIалэ цIыкIур нэщхъыфIэ къэхъуауэ, жэуап ирет нэIуасэ зыхуэхъуа лIым.

– Хэтхэ уарей? – Зыри жиIэркъым Русик, гъуэрыгъуэурэ зэлIзэфызым йоплъ. – Уи папэр хэт?

– Уэращ.

Хьэбасрэ СэIихьэтрэ зоплъыжри мэдыхьэшх. Русик Iэнкун къохъу.

– Пэжщ Русик жиIэр, – Хьэбас, сабийр фIэтхьэмыщкIэу, и щхьэм Iэ делъэ.

Хьэбасрэ СэIихьэтрэ бын ямыIэу илъэс зыхыбл хъуауэ зэдэпсэут. Дохутыри Iэзи къагъэнатэкъым я нэр къызыхуикI сабийр ягъуэтын щхьэкIэ. Иджы, бын зэрыщыгугъыжи щымыIэу, зэдэпсэуххэрт. Хьэбас и Iыхьлыхэм яхэтт «игъэкIыжи, нэгъуэщI лъхуэн гуэр къашэ» жызыIэ. Хьэбас ар хуэщIэртэкъым: бын ямыIэми, фIыуэ зэрылъагъуххэу зэдопсэу, адэкIи Тхьэм жыхуиIар ялъагъунщ.

Я хьэщIэм и цIэр къажриIа щхьэкIэ, и унэцIи и адэцIи къахупыхакъым.

– Пщэдей къэдгъуэтыжынщ уи папи уи мами, Русик. – жеIэ Хьэбас, абы игу фIы хуищI и гугъэу, и щхьэм Iэ дилъэурэ.

– Уэращ си папэр, сэ зы щIыпIи сыкIуэнукъым, – Хьэбас и пщэм зрешэкI сабийми, и нэпсхэр къыщIолъэлъ.

– НтIэ, нтIэ, тIасэ, – зрекъузылIэ Хьэбас сабий къэпIейтеяр.

СэIихьэти ябгъэдотIысхьэ IэплIэ зэхуэзыщIхэм. Абы и гур кIэрыпщIат Русик нэ къуэлэн цIыкIу, ауэ и лIым зыкъригъэщIакъым, сабийми зыуи зыхуищIакъым.

* * *

Пщэдджыжьым жьыуэ, Русики здишэри, Хьэбас мылицэм кIуащ. ЯжриIащ щIалэ цIыкIур зэрыщхьэрыуар, ишэу и дей ныжэбэ зэрыщигъэIар, иджы зейр къигъуэту иритыжыну зэрыхуейр. Куэд дэмыкIыу и адэ-анэр хэтми къащIэ. Ахэр зэбгъэдэкIыжри, унагъуэ зырыз яухуэжауэ псэурт. И адэр щIыпIэ жыжьэ Iэпхъуат, ауэ и анэр мы къалэм дэст. АрщхьэкIэ зыдэкIуэжа лIым идакъым фызым и къуэр и дей ишэну, «ухуеймэ, хэти ет» – жери. Апхуэдэу щыхъум, анэм и анэм кIэщIидзащ. Анэшхуэри куэдрэ къыхуеякъым пхъурылъхум: лIы дэкIуэжыну триухуати, ари хуейтэкъым и лъэм лъахъэ ирилъхьэжыну. Ар иджыри жыытэкъым, унагъуэ насып игъуэтыжыну гугъэ къыщIэкIынт. Махуэ гуэрым анэшхуэм сабийр здыщIегъури цIыхур игуауэ зэрыс автобусым йотIысхьэ. КъэувыIэпIитI-щыкIэ зрегъашэри, и закъуэ къокIыж, сабийр къренэри. ЩIалэ цIыкIур апхуэдэу губгъуэм къизынар анэшхуэрами, бынымкIэ жэуап зыхьыр къэзылъхуа анэрати, хъыбар ирагъащIэри, ар мылицэм къашэ. Русик и анэр щилъагъум, Хьэбас бгъэдолъадэ. Фызыр и анэм хуохъущIэ, къуэ иритар щхьэрыутIыпщ ищIауэ лIы Iуэху зэрызэрихуэм щхьэкIэ:

– Сыту мыукIытэрэ и жьыщхьэ, пхъурылъхур хыфIидзэри ежьэжащ. НакIуэ, – и къуэм бгъэдохьэри Iэпэр щIыкIейуэ еубыд.

– Сыхуейкъым, сэ си папэ къэзгъуэтыжащ, – анэм зыIэщIеудри Хьэбас йожалIэ.

– Сабийр къэбгъапцIэри зыIэщIэбубыдауэ аращ, – хъущIэ хуэдэу зещI анэм, ауэ игу илъыр нэгъуэщIщ: «Хуеймэ, естынт, сшэжынущи, си лIым идэнукъым, къызэIыхьэнурэ щIэпхъуэжынущ. Сэ ар фIыуэ солъагъу, щIэпхъуэжыну сыхуейкъым. Фызыжьыр къыхуеиххэкъыми пихыжащ, дэнэ здэсхьынур?»

– Уэ къуэ уиIэкъэ? – фызыр Хьэбас йоупщI.

– Къызэптыну арат?

– Ухуеймэ, уэстынущ. Си лIым идэркъым, си анэм дэкIуэжыну зегъэхьэзыр. Сабий унэм естын хуей хъунущ.

– ЖыпIэр сыт? Дауэ уанэ, лIы щхьэкIэ уи быныр хыфIэбдзэу, улIэмэ нэхъыфIщ абы нэхърэ!

– Уэ сыбгъэIущыжыну дэнэ укъикIа, накIуэ, Русик, – и Iэпэр еубыдри ирелъэфажьэ.

– Сыхуейкъым, сынэкIуэнукъым! – ЗыIэщIеудри Хьэбас зыкъуегъапщкIуэ. АрщхьэкIэ, токIиери, аргуэру ирелъэфажьэ.

– Сыхуейкъым, сыхуейкъым. Сэ папэщ сызыхуейр! – сабийр мэгъуэг, хуэкIуэркъым. Хьэбас къоплъ, къыздэIэпыкъу, жыхуиIэу.

– Сабий унэм пшэныр пэжмэ, уэзгъэшэнукъым, – поув фызым Хьэбас.

– Уи Iуэхуу хэлъыр дапщэ? Мыр сэращ зи сабийр, текIуэт! – фызыр къытокIие.

– Укъэмыгубжьу ди фIэщу дызэгъэпсалъэ, дахэ. Уарэзымэ, Русик сэ къуэ сщIынущ. Ар нэхъыфIщ сабиймкIи, уэркIи, сэркIи. Гуэныхьщ, зеиншэ умыщI.

– Уэ къуэ пщIынумэ, узот. Сыарэзыщ, – мэгуфIэри и къуэм и Iэр еутIыпщыж фызым, – ауэ фIыуэ лъагъу, тэмэму гъасэ, – къыхущIегъуж. Хьэбас, абы жэуап иримыту, ауаныщIу погуфIыкIри, сабийр зрешэлIэж...

Илъэсищ мэхъу Русик ХьэбасрэСэIихьэтрэ ящIыгъуу зэрыпсэурэ. Абы а тIури фIы дыдэу елъагъу, къызэрамылъхуар игу къигъэкIыжыххэркъым. И ани, и анэшхуи, и ади я гугъу зэи ищIыркъым. Папэ школым

къикIыжыху хуэпIащIэу махуэ къэс поплъэ. Абы Iэджэ щIауэ тетради ручки къыхуищэхуащи, егъатхэ, сурэт ирегъэщI, хьэрфхэр ирегъэцIыху. Портфели, буквари, альбоми, къэрэндащ зэмыфэгъуи – зыхуеину псори мамэ къыхуищэхуащ. Дауи къыхуимыщэхунрэ – мы гъэм и школ кIуэгъуэщ.

* * *

Нобэ сентябрым изщ. Русик япэу школым кIуэнущ. Зыхуеину хьэпшып псори, и папэ къыдэIэпыкъуурэ, тхылъылъэм дигъэзэгъащ. Папэщ школым зышэнур, мамэ щыIэкъым, сымаджэщым щIэлъщ, Русик шыпхъу цIыкIу къыхуилъхуауэ. Абы нобэ и гуфIэгъуэ тIуащIэщ – япэу школым макIуэ, шыпхъу цIыкIуи иIэщ, РадимэкIэ еджэу.

Хьэбасрэ СэIихьэтрэ къыхуэмыгуфIа хьэблэм дэскъым. «Плъагъурэ, – жаIэ ахэм, – зэрыцIыхуфIхэм щхьэкIэ зы хъыджэбз цIыкIуи Тхьэм къаритащ. АдэкIи Алыхьым къахуищIэр ялъагъунщ...»






*«Насып Iуащхъэ» («Гора Счастья») фIищащ Красноярск щыщ тхакIуэ-журналист Майстренкэ Валентинэ 2009 гъэм къыдигъэкIа тхылъым. Документальнэ повесть жанрым иту тха а лэжьыгъэр Урысейм и цIыхубэ сурэтыщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Урысей академиемрэ АМАН-рэ я академик, профессор Пащты Герман теухуащ. Иужьрей илъэсипщIым Красноярск къалэм щыпсэу ди лъэпкъэгъум и сабиигъуэр, щеджа илъэсхэр, и Iэзагъым зэрызиужьа щIыкIэр, и унагъуэр, и лэжьыгъэр – а псори гу хуабагъкIэ гъэнщIа сатырхэм иригъэзэгъащ Герман и IэдакъэщIэкIхэм фIыуэ щыгъуазэ журналистым. Пащтым теухуа тхылъыр зэрыщыту къытхутемыдзэми, абы щыщ Iыхьэхэм щыгъуазэ фыхудощI.*

## Розэ плъыжь мелуан

Пащты Герман и сурэтхэм розэхэм куэдрэ уащрохьэлIэ. Мелуан дыдэм нэсынкIи хъунущ, езыр зэрыхуейм хуэдэу хъуа розэ сурэтыр къыхихын папщIэ сурэт щэ бжыгъэхэр зэрищIар къэплъытэмэ.

– Удз гъэгъа щащэ тыкуэнхэм щIэлъ розэхэм мэ къакIэрихыркъым,







бани ятеткъым, – жеIэ езы сурэтыщIым. – Розэ нэсыр пщащэм и хъуэрыбзэм хуэдэу къыпхэуэу щытын хуейщ, дэтхэнэ зыми къыпимычыфу.

Герман и розэ сурэтхэм ящыщ зыбжанэм я цIэ къисIуэнщ: «Розэ. Iуащхьэмахуэ», «Къамэрэ розэрэ», «Розэм и гъусэ хъуэхъу», «Бжьэмрэ розэмрэ», «Розэ зэхуэзыхьэс пщащэ»... Пащтым и розэ мыгъуэлэжххэр псори банафIэщ, къыпхоуэ. Абы и розэхэм къалъэтыхь, уэрэд жаIэ, магъ. Псалъэм папщIэ, уафэ щIэншэм къелэлэх розэм уи гуауэр зыхищIэфынущ, КIыщокъуэ Алим и «Усэ шэрыуэхэм» хуищIа сурэтым хэт розэми нэпс щIегъэкI.

– Хэт абы игъейр? – соупщI сурэтыщIым.

– Сирием, Иорданием, Тыркум щыпсэу адыгэхэра къыщIэкIынщ, ахэр Хэкужьым къыщIэбэг зэпытщ. Дунейм мелуан зытхухым нэс адыгэ тепхъащ.

– Урысейм дапщэ-тIэ исыр?

– Тэмэм дыдэу сщIэркъым, мин 700-м щIигъу къыщIэкIынщ...

## Мысырымрэ Щамымрэ я IэмыщIэ илъащ

Кавказ лъэпкъ псори зыуэ къэтлъытэу деса щхьэкIэ, абыхэм я тхыдэхэр щхьэхуэ-щхьэхуэу дджынри зэрантэкъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, «адыгэ» жаIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ исщ, аращ Герман зыщыщри. Абыхэм «къэбэрдейкIэ» йоджэ. Адыгейми щыIэщ адыгэхэр. Абыхэм «адыгей» фIащащ. Къэрэшей-Шэрджэсым ис адыгэхэм щхьэкIэ «шэрджэс» жаIэ. Ауэ а псори зы лъэпкъщ. А лъэпкъыжьым щыщ мамлюкхэращ илъэси 135-кIэ Мысырымрэ Щамрэ (1382 гъэм щегъэжьауэ 1517 гъэм нэсыху) зи IэмыщIэ илъар. ИкIи ахэращ цIыхухэр ящэн-къэщэхун хабзэр япэу зыгъэувыIэжауэ щытыгъар. Куэдым ящIэркъым Урысейм и япэ генералиссимусу щытар Черкасский Михаилу зэрыщытыр. Сыбырым и япэ губернатору щытари адыгэщ – Черкасский Алексей Михайловичщ. 1741 гъэм ар Урысейм и Канцлерышхуэу ягъэуващ щытащ. «Аращи, – къыпогуфIыкI Герман, – мы Сыбырыр япэу къэзыхута адыгэр сэракъым».

## Бгырысхэм я шэр техуакъым

– Iуащхьэмахуэ жиIэмэ –Насып Iуащхьэ жиIэу аращ. А насыпым и мэр къащIихьэрт Пушкинми Лермонтовми, – жеIэ сурэтыщIым. Абыхэм хуэдэу Кавказыр усэкIэ зыгъэлъэпIэфа нобэкIэ кавказ усакIуэхэм къахэкIакъым. Бгырысхэм ахэр езыхэм я усакIуэу ябж.



Урыс усакIуэхэм Кавказым хуаIэ лъагъуныгъэм папщIэ фIыщIэ яхуищIу, езы Германи ахэр фIыуэ илъагъужырт. Къэрэндащ къиищтэурэ я усэхэм хуэкIуэн сурэт ищIырт зэрыцIыкIурэ.



СурэтыщI Пащты Герман зыпIари зыгъэсари езым и Налшык къалэм и закъуэ-

къым. Абы и хамэкъым урыс къалэхэу Ростови, Мэзкууи, украин къалэ Львови, лъэпкъ куэду зэхэт Сыбырри. Мыбдежщ, Красноярскщ, Герман Пушкиным и дунейм нэхъ кууэ хыхьэу куэд щIауэ иIа хъуэпсапIэм щылъэIэсар. Тхьэм ещIэ, и Насып Iуащхьэм хуэзэшу къыщIэкIынт, Пушкиным  и тхыгъэхэмрэ Лермонтовым и Кавказ поэмэхэмрэ сурэт яхуищIыну  яужь щихьам.  «Лермонтовым и  Кавказ поэмэхэр» тхылъым ихуащ Герман ищIауэ сурэт 40. Ар  1990 гъэм мин 200 хъууэ  Мэзкуу къыщыдагъэкIащ.

Пащтым и IэдакъэщIэкIхэм уащыхэплъэкIэ, зэуэ сурэтитI къыхогъэщхьэхукI – Лермонтовымрэ Демонрэ, къарумрэ нэхумрэ, къарууншагъэмрэ кIыфIыгъэмрэ я щапхъэ лъэныкъуитIу. Лермонтовым и апхуэдэ сурэт сэ зыщIыпIи сыщрихьэлIауэ сщIэжыркъым. УсакIуэм и нэгур  нэхущ икIи гупсэхущ, ар зэрыщыту лIэныгъэм пэщIэт къару щэхущ. Дэнэ апхуэдэ  лъагагъыр къыздикIыр?

– Пушкиным  ныбжь иIэу къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт. Ар щыцIыкIуми балигът. Ауэ си Лермонтовыр щIалэщ. Абы адыгэ пыIэрэ щIакIуэрэ  щыгъыу  къэзгъэлъэгъуащ. Ахэр фIэфIт.  Шэ къытрамыгъахуэу  къахъумэрт. Бгырысхэм я шэракъым ар зыхьари.  Абы къытехуар  нэгъуэщI шэщ.

## Сурэт телъыджэхэр

ИлъэсипщIым и кIуэцIкIэ  Герман махуэ къэс Пушкиным  и тхыгъэхэм еджащ.  Махуэ къэс сурэтыщIымрэ усакIуэмрэ зэгъусэт. А илъэсипщIым и кIуэцIкIэ Пащтым сурэт 70 ищIащ.  УсакIуэшхуэр илъэс 200 щрикъум, абы





зыхуигъэхьэзыра хуэдэ,  илъэсипщI къару зытекIуэда лэжьыгъэр тхылъеджэхэм я дежкIэ саугъэт лъапIэ, езы сурэтыщIым и дежкIэ  –  зылъэIэса плъапIэ хъуащ.

Хуэмурэ зэтызодз Пушкиным и усэ тхылъыр.  Мис  Кърымым, Кавказым хуэгъэза усэхэр, «Бахъшысэрей  фонтаныр». Абыхэм я  гъусэу Пащтым и гравюрэхэми дуней телъыджэ къызэIуах.  ИлъэсипщI лэжьыгъэр зэфIэкIащ. Мы тхылъыр, зэрыжытIащи, дунейм къыщытехьар усакIуэм и махуэшхуэращ. КъызэрыдэкIар зи фIыщIэри  Красноярск крайм и губерна-

тору щыта Лебедь Александрщ. Езыр сурэтыщIым и лъэщапIэм къакIуэри лэжьыгъэр къыдиIыгъащ, къыдэгъэкIынымкIи къыдэIэпыкъуащ. Пащтым и япэ «Пушкин саугъэтыр» къезытари а губернаторырщ. Ар 1999 гъэрт.

## МафIэ бзий ныбжьхэр

Герман Сыбырым щыкIуэм, «ЩIыIэм уисынщ» жаIэурэ ягъэгузавэрт Москва щыщ и ныбжьэгъухэм. Ауэ щыхъукIи, Кавказ щIымахуэхэр куэдкIэ нэхъ кIащхъэкъым, Сыбыр жьапщэхэм нэхърэ. Къалмыкъ тафэмкIэ къыщежьэ ищхъэрэжьым зэ зыкъызэщIищIэмэ, Сыбырыр къущигъэщтэжыни къыхохуэ.

... Уэс, борэн, шыхэр зыгъэдыкъа щIыIэ, балигъхэр хьэуазэрэ мэкъурэ зэрылъ Iэжьэхэм исщ. Езы Герман цIыкIущи, щIыIэм имысын щхьэкIэ, Iэжьэм бгъурыту жэну зэзэмызэ хуит ящI. Абы, пэж дыдэуи, щIыIэм укърегъэл. Ар сабиигъуэм щыщ зы сурэтщ.

Япэу Герман илъэгъуа сурэтхэр тхылъымпIэтэкъым зэрытыр. Ахэр и анэшхуэ Дыщэхъанрэ и адэшхуэ Алимырзэрэ я хьэку джабэм кIэридзэ сурэтт. ЩIымахуэ щIыIэхэм хьэкур хьэуазэкIэ ягъэплъырт. Абы и бзийхэм я дахагъыр пхуэмыIуэтэным хуэдизт. А зэманым Герман тхылъымпIэ къудеи илъэгъуатэкъым, ауэ мафIэ бзий ныбжьхэм я джэгукIэм щIалэ цIыкIур ятхьэкъурт. Хьэкум деж тIысырти, нэрымылъагъу гуэрым сурэт дахэхэр мафIэкIэ зэрищIым еплъырт. «Абы щыгъуэм сурэт щIын жыхуаIэр сщIэххэртэкъым, ауэ си псэр ихьэхуат си нэгум щIэкIым». Апхуэдэу сурэтыщIым щыгъупщэркъым зэгуэрым адэм и куэщIым иригъэтIысхьэу шы сурэт хуищIауэ зэрыщытар. ЩIалэ цIыкIум къыфIэщIырт абы нэхърэ нэхъ шы дахэ дунейм темыту.

## Пащтыхэ я шы гуартэ

Куба къуажэм дэс Пащтыхэ зэгуэр шы гуартэ псо яIащ, шищэм нэблагъэу. 1920-30 гъэхэм Къэбэрдейм щыцIэрыIуэу щыта Къалмыкъ



БетIал – обкомым и япэ секретарыр – Пащтыхэ я шыхъуэу щытат. КъулыкъущIэ хъуа иужьи, а лъэпкъым къыхуэгуапэу къэнат ар. Къалмыкъыр 40 гъэхэм ягъэкIуэдащ. Нобэр къыздэсым БетIал теухуауэ цIыхухэм жаIэхэр хуабжьу зэщхьэщокI, ауэ хуагъэува фэеплъыр Налшык и курыкупсэм итщ.

Колхозхэр къежьа нэужь, Герман и адэшхуэ Алимырзэ иIэу хъуар колхоз мылъкум хилъхьащ, и шы гуартэри яхэту. И адэм хуэдабзэу, шыр фIыуэ илъагъурт Суфадини. Дзэм къулыкъу щищIэну щыкIуэм, ар шуудзэм хагъэхьэри, лIыгъэ къигъэлъагъуэу хэтащ. Хэт хуищIыфынт-тIэ и къуэм шы зыкъизыхым и сурэт, зауэм къикIыжа и адэм нэмыщI? А зэманым щегъэжьауэ Герман и сурэт псоми шы щыплъагъунущ. Абы и шы сурэтхэр зэхуэпхьэсыжмэ, и адэшхуэм и шы гуартэр пхуригъэкъужынкIи хъунщ...

Зауэ нэужь лъэхъэнэр Герман и адэр щыпсэуа къуажэм щигъакIуэрт. Зэманыр гугъут. Гъаблэм къела сабийхэр губгъуэм къина шэ къэуэжым икIуэдыкIынкIи хъунут.

Адыгэхэм къэмыфэ куэд яхэбгъуэтэнукъым. Герман и нэгум къыщIэнащ и адэмрэ и анэмрэ къафэу тету. Шыр зыгъэджэгуфыр лIыхъужь дыдэт. «А зэманым яухуэ унэхэр лъахъшэт, метритI-щы хъур унэшхуэу къалъытэрт», – игу къегъэкIыж Герман. ГуфIэгъуэ куэд сурэтыщIым и сабиигум къринащ Куба дэта адэжь лъапсэм. «Шы слъэгъуамэ, си гур схуэубыдыртэкъым, – пыгуфIыкIыурэ гукъэкIыжхэм хохьэж Герман. – Абыхэм я дахагъыр, лантIагъыр, я бэкъуэкIэ къэс зэрыдахэр зыми пхуегъэщхьынукъым». ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ дэкIа нэужь, Пащты Герман, иджы график цIэрыIуэр, 1990 гъэм иужь ихьащ «Шыхэр» зыфIища сурэт гуп ищIыну. Абыхэм лъабжьэ яхуэхъуар сабиигъуэ гукъэкIыжхэрщ. Пащтыхэ я шы гуартэр и щIалэгъуэм щегъэжьауэ къыдогъуэгурыкIуэ сурэтыщIым: зэм ар усэ тхылъхэм къыщохутэ, зэм дамыгъэ цIыкIуу – экслибрису – тхылъ напэм йохуэ. Хъыбар гъэщIэгъуэн Iэджэ къызжиIэжащ Герман адыгэшым теухуауэ.

40 гъэхэм Сталиным и унафэкIэ адыгэшхэр Монголие лъэныкъуэкIэ яхуащ. Лъэпкъ псохэр ирашырт, лIот шыхэр ипшыным хэлъыр? Арати, лIэщIыгъуэкIэрэ гъусэ пэжу цIыхум къыдекIуэкIа адыгэшхэм ящыщу адыгэщIым мащIэ дыдэ фIэкIа къинакъым. Адыгэ хъыбарыжь щыIэщ Македонский Александр адыгэшым тесу Индием нэсауэ. Хэт ищIэрэ, пэжынкIи хъунщ.

Дэтхэнэ зы адыгэ лIыжьми къыбжиIэжыфынущ адыгэшым тесу я адэжьхэр Щам, Тыркум, Урысейм щэхуакIуэ кIуэуэ зэрыщытар. Жэщым хъупIэм зыщагъэпсэхужу, шыхэр махуэ псокIэ гъуэгу тетыфынут. Алыдж хъыбарыжьхэм ещхь нарт хъыбархэм куэду хэтщ шыхэр. «Сыт хуэдэ хьэл фишхэм яхэлъу хъыбархэм къыхэнэжар?» – соупщI сурэтыщIым. «Укъагъэпэжу, зейр къахъумэу. Шыр цIыхум хуэдэкъым – укъигъэпцIэфынукъым, сытым дежи къыпщхьэщыжынущ. Адыгэхэм зэи яшхэр ящэу щытакъым, ар напэм къемызэгът. Уи ныбжьэгъур пщэжыным хуэдэт ар». Сыту пIэрэ-тIэ ныбжьэгъухэм я нэхъ пэж адыгэшым цIыхухэр епцIыжын хуей щIэхъуар?

## Шынэрти, къызыхэкIа лъэпкъыр ябзыщIырт

40 гъэхэм адыгэшхэр зэрыкIуэдыр шынэурэ ябзыщIырт. Сталиныр псэуху ар я жьэм къыжьэдэкIыу щытакъым. ЦIыхухэр Iэщым хуэдэу

щызэтраукIэ зэманым шыхэм хэт къащхьэщыжынт? ЦIыхухэм ящыщ Iэджэм къызыхэкIа лъэпкъыр ябзыщIырт. «Дэ дымыщIэр нэхъыбэт. Дэнэт сэ щызэхэсхынур сэшхуэр адыгэхэм къагупсыса Iэщэу? Мамлюкхэм илъэси 135-кIэ Мысырым пащтыхьыгъуэ щаIыгъауэ? Иорданием я пащтыхьыгъуэр адыгэхэм зэтрагъэувауэ? Ататюрк къэрал унафэр IэщIыхьэным адыгэхэр хуабжьу хэлIыфIыхьауэ?» – игу хэщIу жеIэ сурэтыщIым.

Зэгуэрым, инджылыз щIэныгъэлI гуэрым и гукъэкIыжхэм къеджэ пэтрэ, Герман игъащIэм зэхимыха гуэр къиухутащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Тигррэ Евфратрэ яку дэлъ щIыпIэр хьэт-хеттхэм я къэралыгъуэу щытащ. ИужькIэ хы ФIыцIэмрэ Каспий хымрэ я зэхуакур псэупIэ зыхуэхъуа адыгэхэр, жыпIэнумэ, кавказ хьэтхэу аращ. Адыгэбзэм къыхэнэжа псалъэхэми къыуагъащIэ ар: Ухэт уэ? Хэт ар? «Хьет» жегъэIэ.

Адыгэхэм я эпосым хэтщ алыджхэм я Прометей ещхьу бгым кIэраIулIа Нэсрэн ЖьакIэ. Геракл ещхь лIыхъужьи яIэщ – Бэдынокъуэ. Пащтым и мурадщ абыхэм ятеухуа сурэт гуп утыку кърихьэну.

Мы Iуэхур хэIущIыIу ящIыщэн яфIэмыфIурэ яущэху, ауэ илъэсищэкIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэм, адрей кавказ лъэпкъхэми хуэдэу, адыгэхэми лей куэд къащытехьащ. XIX лIэщIыгъуэм кърихубыдэу адыгипщIым щыщу бгъум я щхьэр зауэм халъхьащ, е я хэкур ябгынащ. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэр псэууэ къэнахэм къащIэна щIэблэщ. Хамэ къэралхэм нобэ адыгэу мелуан зытхух щыпсэумэ, я Хэку дыдэм исыжыр мин 800-м нэсыркъым.

## И псэр зытхьэкъуа

Гугъущ Герман сурэт щIыным гу щыхуищIа зэманыр къэбубыдыжыну. Хьэку джабэм кIэридзэ бзий ныбжьхэм щIалэ цIыкIуу кIэлъыплъу щыщыта лъэхъэнэра? Хьэмэрэ адэм зэзэмызэ ищIу щыта сурэтхэм кIэлъыплъурэ? Е еджапIэм щIэтIысхьэу «рисованиекIэ» зэджэ сыхьэтхэр яIэ хъуа нэужь? Езым ар и лъым хэту къалъхуауэ, и адэжьхэм къратауэ къыфIощI, шыхэм яхуиIэ лъагъуныгъэм хуэдэу.



Куба къуажэм япэ классыр къыщиухами, Герман Налшык школым щыщIагъэтIысхьэн ядэртэкъым... урысыбзэкIэ зы псалъэ зэримыщIэм къыхэкIыу. Адыгэбзэр бзэ гугъущ, абы укъытекIыу зэуэ урысыбзэм уте-

хьэфкъым. Арати, сабийхэр япэ щIыкIэ «первэныкъуэ» жыхуаIэ классым щIагъэтIысхьэрт, тIэкIу еджэным хэгъуэза нэужь, япэ классым хагъэхьэжырт. Япэ дыдэ Герман егъэджакIуэу зыIэрыхьар и адэ шыпхъу Жанпагуэщ. Первэныкъуэмрэ япэ классымрэ зэрыщригъэджам нэмыщI, Жанпагуэ Герман рисованиемкIи иригъаджэрт. Сыту и жагъуэ хъуат щIалэ цIыкIум псом нэхърэ нэхъ зыхуэгумащIэ адэ шыпхъум и сурэтым «тху» къыщIимыгъэувэу «плIы» къыщыхуигъэфэщам. Тхьэм ещIэ, и благъэ щIалэ цIыкIум худечых жригъэIэну хуей къыщIэкIынтэкъым.

Адыгэхэр зэрытхэ алыфбейр кириллицэм тегъэпсыхьащ. Япэ щIыкIэ адыгэхэр хьэрып хьэрфхэмкIэ тхэуэ щытащ. Революцэ нэужьым латин хьэрфхэмкIэ зэхэлъхьа алыфбейм хуэкIуащ, иужькIэ – кириллицэм техьэжащ. Урысейм ижь къыпщIимыхупIэ иIэтэкъым. «Сыт абы гъэщIэгъуэну хэлъыр, ди лъэпкъ щIэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Нэгумэ Шорэ Бытырбыху щыщыщIалъхьакIэ», – жеIэ езы сурэтыщIми.

И анэдэлъхубзэмкIэ фIы дыдэу еджэу, математикэри мыIейуэ къехъулIэу, ауэ урысыбзэм игъэлъэпэрапэурэ къекIуэкIащ Герман. Абы нобэми гуапэу игу къегъэкIыж хуабжьу къелIалIэу урысыбзэ къезыгъэщIа и егъэджакIуэ Берестовэ Антонинэ Ивановнэ.

## «Лъагъуныгъэм и чэщанэр»

Зэгуэрым, дерсхэр яуха нэужь, Герман и ныбжьэгъур къыщыхьэри, Пионерхэм я унэм ишащ. Абы студие щыIэт, Ткаченкэ Андрей Лукич сабийхэр сурэт щIыным щыхуигъасэу. Псоми фIыуэ ялъагъу, и зэфIэкIи,



и зэмани щымысхьыж а цIыху телъыджэр къызыхуигъэщIар сабийхэм къыдалъхуам зегъэузэщIынырт. Андрей Лукич и гъащIэ псор триухуат и гъэсэн къэс сурэтыщI нэс, цIыху тэмэм къыхищIыкIыным.

Кавказым щIыпIэ Iэджэ къыщызэхакIухьащ сурэтыщI ныбжьыщIэхэм,

я егъэджакIуэ Ткаченкэ я гъусэу. Ауэ Герман псом нэхърэ нэхъ игу къинэжар зыщ. Пушкинра хъунщ ар зи фIыгъэр. Герман и сабиигъуэм щыгъуэ Тэтэртуп чэщанэр Осетие Ищхъэрэм хыхьэрт, ауэ Пушкиным и лъэхъэнэм ар КъэбэрдеищIрат зыхиубыдэр. Илъэс зыбжанэ дэкIыу Пушкиным и тхыгъэхэм сурэт щахуищIым, Пащтым зи гугъу ищI чэщанэм теухуа сатырхэр «Тазит» поэмэм къыхиубыдыкIащ нэхъ гулъытэ хуищIу:

ФыгъуэнэдыIэм Гъэсуб и къуэр
Тэтэртуп лъабжьэм щиукIат...

«Абы «Лъагъуныгъэм и чэщанэкIи» еджэу щытащ, – жеIэ Герман. – Абы щIыхьэм цIыхуIэ къемыIусэжыфу, зыри къыпэмылъэщу мэхъу жаIэрти я фIэщ хъурт, щIэпхъаджащIэхэм нэгъунэ екIуалIэрт абы».

1988 гъэм чэщанэр къагъэщIэрэщIэжын мурад ящIащ осетинхэм. Хуэсакъыурэ еIуса къыщIэкIынкъым, арати чэщанэр къэлъэлъащ. Иджы ар щыIэжкъым.

Ткаченкэ и студием ауэ сытми сурэт пщIыуэ ущрагъасэ къудейтэкъым – дунейм уи нэр хузэIухауэ, гуапэу гъащIэм ухэплъэу урагъасэрт. Абы щыкIуэ лъэхъэнэрат Герман Налшык дэт музейм япэ дыдэ щыщIыхьар. Абы щилъэгъуа сурэтхэм щIалэ цIыкIур бзагуэ ящIат. «Айвазовский, Брюллов, Рубо зэрахэтар къызощIэж, – жеIэ Герман, – копие мыхъуу, я сурэт дыдэхэр. Ауэ а зэманым абыхэм я унэцIэхэр зэи зэхэсхатэкъым. Слъагъум апхуэдизкIэ ситхьэкъуати, мыр цIыхуIэм хуэщIыну жысIэрт». ИужькIэ Ткаченкэ сабийхэр Ваннах Михаил и лъэщапIэм щишэм, абы и сурэтхэр зэи узылъэмыIэсыфын гуэру къыщыхъуат Герман, езым апхуэдэ зыгуэри хуэщIыну и пщIыхьэпIи къыхэмыхуэххэу.

## Дон псышхуэм и Iуфэм

Ткаченкэ Андрей министерствэм къикIауэ письмо къыIэрыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу художественнэ училищэхэм цIыхуищ щIагъэтIысхьэну: тIур – Краснодар, зыр – Дон-Iут-Ростов. ЕгъэджакIуэм Герман къыжриIащ: «Хэди, узыхуейр къыхэх, уемыджэу хъунукъым». Адэмрэ анэмрэ Iуэхум зэрыхущытыр, дауи, зэщхьтэкъым. Анэм къуэм гъуэгу нэхъ тынш къыхихмэ нэхъ фIэфIт: пщIэи мылъкуи гугъу уемыхьыщэу къыщыпIэрыхьэу. Ауэ адэм «Иреджэ» жиIэрт икIи и къуэм къылъыкъуэкIа талантым щэхуу иригушхуэрт. Ебланэ классыр къэзыу-



ха щIалэ цIыкIум дежкIэ Ростов къалэм нэс еджакIуэ укIуэныр щIым и гъунэм укъыщыщIидзыным пэлъытат. Псом хуэмыдэу адэ-анэм я дежкIэ. ИтIани ирагъэжьат, зэрыгузавэм текIуэхэри.

Къэпщытэныгъэхэр гугъут. Сурэт щрагъэщIым Герман кIэзызырт, езым ищIам нэхъ Iей хэмыту къыщыхъуу. Зэпеуэр апхуэдизкIэ инти, зы цIыхум пщыкIутху къыпэщIэтт. Iэпэлъапэсыс хъухэрэ, экзаменым хэтын темыгушхуэу, зи дэфтэрхэр къеIызыхыжу кIуэжхэри къыхэкIт. И сурэтхэм гу къызэрылъатар къыщищIэм, Герман и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжат. ИкIэм-икIэжым зыпеуа гупым езым фIэкIа зыри къыхэнэжакъым. Ауэ ар сурэт щIынымкIэт. Иджы урысыбзэмкIэ къэпщытэныгъэхэр къыпэщылът. Арат псом хуэмыдэу зыщышынэр. ЩIэхуахэм езым и унэцIэри хэту къыщилъэгъуам и фIэщ мыхъужу еплъу щытт. «СыщIэхуащ» жиIэри телеграммэ унэм иригъэхьащ. Ауэ мычэму игъэщIагъуэрт: дауэ урысыбзэмкIэ диктантыр зэрыхуэтхар? Етхуанэ курсым нэсауэ ар библиотекэм щылажьэ цIыхубзым къригъэлъагъужащ. «Диктантым уеплъыну гужьеигъуэт, зэрыщыту шакъэ плъыжькIэ зэхэтхыхьат, шакъэ щIыхур умылъагъужу. Нобэр къыздэсым къызгурыIуэркъым, дауэт сыкъызэращтар?» ЕгъэджакIуэхэми къагурыIуэ къыщIэкIынт Налшык щыщ щIалэ цIыкIум урысыбзэ иджыну къызэрымыкIуар, сурэтыщI гъуазджэм и насып зэрыхэлъыр.

## Импрессионистхэм гу зэрахуищIар

Училищэр къиухыным нэблэгъауэ Герман импрессионистхэм дахьэхащ. Абы бэлыхь къимыкIыуи къэнакъым. Кулагин Александр жыхуаIэм къыфIэщIырт импрессионизмэр социализмэмрэ коммунизмэмрэ пэжыжьэ «ныбэизхэм я гъуазджэу». КъыфIэщIым и закъуэт? Пащтыр хьэлэбэлыкъ хидзауэ экзаменхэр итыну хуит ищIыртэкъым. «Уи зэранкIэ сэ КГБ-м сраджэну сыхуейкъым», – жиIэри егъэджакIуэм жылэр зэхэту импрессионистхэм яжь зыщIихуа Герман и диплом лэжьыгъэр зэхицIэлат.

Зэман дэкIри, Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьа Пащты Герман хуэзэжащ Кулагиным. Зэрыкъуэншар, зэрыщыуар къыжриIэри къыхуигъэгъунуи къелъэIуащ, сурэтыщIхэм я зэхуэсми зыкъыщиумысыжащ. Езы Германи гужьгъэжь хуиIэтэкъым егъэджакIуэм, стипендиеншэу къызэригъэнам имыгъэтхъами.

## Танкист зэрыхъуар

Училищэр къызэриухыу, Герман дзэм ираджащ. Налшык къызэрагъэнэжыр къыщищIэм, лъэIуат нэхъ жыжьэIуэ Iуашыну. Къыхуадакъым. «СурэтыщI димыIэу хъунукъым, Iэджэ щIауэ апхуэдэ дыхуэныкъуэщ», – къыжраIащ. Герман и адэ Суфадин дзэм щыхэтам щыгъуэ къулыкъу щищIа щIыпIэм къыщыхутащ. А зэманым ар шуудзэм и хэщIапIэу щытат. Иджы шыхэм я пIэкIэ гуэщ кIыхьхэм танкхэр щигъэувыкIат. Герман и къалэныр къыгурагъаIуэри, лэжьэн щIидзащ. Куэд мыщIэуи частыр цIэрыIуэ хъуащ и «нэрылъагъу агитацэр» адрейхэм щапхъэ зэрыхуащIымкIэ. Илъэс дэкIа нэужь, Пащтыр хуит къащIащ Репин и цIэкIэ Ленинград дэт художественнэ институтым щIэтIысхьэфым еплъыну, кхъухьлъатэми ирагъэтIысхьащ. Училищэр къэзыуха, дзэми хэт сурэтыщIым «щы» защIэ фIэкIа къимыхьми къащтэнут институтым. Ауэ щыIэщ насыпыр

тыншу къызыIэрымыхьэ. Экзаменхэм и пэ къихуэу Герман къыпаубыдащ еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэхэм яIыгъын хуей медицинэ справкэм хуэдэ яритыну. «Сэ дзэм сыкъыхэкIри сыкъэкIуащ» щыжиIэм, ди Iуэху хэлъкъым жаIэри, гъунэгъуу щыт поликлиникэм ягъэкIуащ. Абы а щIыпIэм щымыщхэм дахэ-дахэу къащемыпсалъэу къыщIэкIащ. АфIэкIа хэмылъу, мыхьэнэ зимыIэм щхьэкIэ Iуэхур зэрызэхуэмыхъум зытригъэгусэри, Герман Петродворецым кIуащ сурэт ищIыну. ЕпщтырыIуэкIат, шэч хэмылъу, ауэ гъащIэм къыщыхъу псоми мыхьэнэ гуэр яIэу къыщIедзыж.

## Адэм и жьауэ

Унэм къекIуэлIэжа нэужь, Герман, зэрихабзэу, нэхущым деж къэтэджырт. Ауэ пэшитI фIэкIа мыхъу унэм цIыхуий щыпсэурт, абы къыхэкIыу лэжьапIэ пэшу иIэр... щIыбрат. И адэр а зэманым арматурщикхэм я бригадирти, ахъшэ хъарзынэ къилэжьырт. Унагъуэр и пщэ зэрилъым хуэдэу,



Герман и сурэт IэмэпсымэхэмкIи зыкъыщIигъакъуэрт. Холстрэ краскэрэ къыхуищэхуащ зэи, тIэуи, щэи... ИтIанэ къеупщIащ: «Дапщэщ лэжьэн щыщIэбдзэнур?»

Лэжьыгъэ къэбгъуэтыныр бэлыхьышхуэт. Художественнэ фондымрэ СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэмрэ Герман къыхуэхамэгу-хамащхьэт. Iэмалу къанэр зыт: оформителу кIуэну. Ар сурэт щIыныр Iэпэдэгъэлэл уэзыгъэщI Iуэхут. Ахъшэ къыболэжь, псалъэм папщIэ, плакат гуэр бощIри. ИтIанэ-щэ?.. Сыту къаруушхуэ текIуэда Герман творческэ лэжьыгъэм гъуэгу хухишыным. Адэм Тхьэр арэзы къыхухъу, сытым дежи и къуэм зыкъыщIигъакъуэрт.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, зэгуэрым Герман ираджэ СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм. Абы къыщыжраIэ рисованиерэ черчениерэ щригъэджэну школ гуэрым кIуэну. Герман и лъыр къэкъуэлъащ. «Сыт сэ сыкIуэу сабийхэр щIезгъэджэн хуейр, фэ фэщхьу сурэт сщIыну сыхуейуэ?» Къыщытрамыгъэхьэфым, къэралым ахъшэ къытригъэкIуадэу зэрыригъэджар, ар ипшынижыну зэрикъалэныр кърaIуэкIыу щIадзащ. КъыжраIащ дяпэкIэ

художественнэ фондым зыкъыщимыгъэлъагъуэми зэрыхъунури. Апхуэдэ псалъэмакъхэм иужькIэ ар «Щхьэи сыщеджат училищэм» жиIэурэ зэныкъуэкъужырт.

ЛэжьапIэ къилъыхъуэурэ Герман тхылъ тедзапIэм нэсащ. Ар ехъулIэныгъэм хуэзышэну и щIэдзапIэт, езым абы щыгъуэ ар имыщIэми. ИтIанэ тхылъ жинтхэр ирагъэщIу щIадзащ. Къилэжьыр сурэт ищIхэм тригъэкIуэдэну ирикъутэкъым, ауэ итIани Iуэхуншэтэкъым. Адэм аргуэру зыкъыщIигъэкъуащ: краскэмрэ холстымрэ я уасэ сэ уэстынщ, школым егъэджакIуэу умыкIуэ къыжриIащ. Апхуэдэу тхылъ тедзапIэм я лъэIухэри игъэзащIэу, езыми и лэжьыгъэри зэпимыгъэууэ псэун щIидзащ.

## Мэзкуу ирагъэблагъэ

Насыпыр и закъуэ къакIуэркъым. Зэман дэкIмэ щхьэгъусэ хуэхъуну Жаннэ, хъыджэбз Iущ, лъагъугъуафIэ, зэпIэзэрытыр зригъэцIыхуа къудейрэ и гум щыщигъафIэ махуэхэм языхэзым Герман ираджэри къыжраIэ: «Мэзкуу ебгъэхьа лэжьыгъэхэр ягу ирихьащ. Творчествэм и унэм урагъэблагъэ, гъуэгупщIэри, ущыпсэунум и уасэри къуатынущ». Ар щымыгугъыххауэ къеуэлIа гуэрт. «Челюскинский» зыфIаща Творчествэм и унэм Герман зыщыхуигъэсащ алъандэм зыхуэIэзэу щымыта офортым. АбыкIэ сэбэпышхуэ къыхуэхъуащ Фейгин Михаил. Хуэм-хуэмурэ и лэжьыгъэхэр къытехуэ хъуащ «Советская культура», «Москва» журнал хуэдэхэм.

1966 гъэм Краснодар щекIуэкIынут Урысейм и СурэтыщIхэм я япэ выставкэ. Зэпеуэм ирагъэблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэри. АрщхьэкIэ Пащтым ар къылъагъэсынт: узэрыдгъэкIуэн ахъшэ диIэкъым жаIэри яутIыпщыжащ, СурэтыщIхэм я союзым зэрыхэмытри игу къагъэкIыжри. Ар унэм щыщигъэхъыбарым, куэдрэ мыгупсысэу, адэр гъунэгъум екIуэкIри тумэнитху щIыхуэу къыIихащ. «КIуэ сурэтыщIхэм я гъусэу, абы ухэмыту хъунукъым», – къыжриIащ. Апхуэдэу и лъахэгъу 15-м я гъусэу Герман Краснодар кIуащ. И гум зикъузу сурэтыщI щIалэр щIэбэкъуащ сурэтхэм щыхэплъэ пэшым. Герман дэнэ щищIэнт выставкэм иша сурэтиблым щыщу тхур занщIэу абдеж зэрыщащэхунури, Академием и президент езы Серов дыдэр къызэрыщытхъунури. Нэхъ сурэтыщI цIэрыIуэу къэралым исхэр Iэгу къыхуеуащ, и офорт къэс тумэнипщI уасэу хуагъэуври, ахъшэри къратыжащ. Герман и гур къилъэтырт егъэлеяуэ куэду къыфIэщI и япэ улахуэр и адэм щыхуихьым: тхылъымпIитху, дэтхэнэ зыри сомищэ хъууэ – ар мин ныкъуэ ирикъурт. Адэм, лэжьакIуэжь хьэлэлым, и IэкIэ ахъшэр Iихри, «ТхылъымпIэжь цIыкIухэм мыпхуэдэ уасэ абрагъуэ хуэзыщIхэр губзыгъэ?» жиIащ. Ауэ игукIэ, дауи, арэзыт. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Пащты Суфадинщ и къуэр сурэтыщI зэрыхъунур псом япэ къэзыщIар. Мис иджы уафэм къыщызэщIэнат Герман и вагъуэр.

Академикхэм Герман и лэжьыгъэхэр къызэрыхахар уафэхъуэпскIым хуэдэт. Бжьэдыгъукъалэ щыщ ныбжьэгъухэм «шу пашэр» рестораным щагъэлъэпIащ, хъуэхъухэм я нэхъ гуапэхэр къыхуагъэшу. Апхуэдэ защIэу екIуэкIыну къыфIэщIырт Герман иджы гъащIэр. Ауэ текIуэныгъэм ухуэзышэ гъуэгухэр зэрыкумблIэмбыр иужькIэ IупщI хъуащ. Абы щыгъуэми адэр чэнджэщкIэ къыкъуэуващ: «Плъагъуркъэ, мэхъу, еуэ, укъимыкIуэт!»

1967 гъэм Пащтыр СССР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ, къызэрагъэлъагъуэрэ зы илъэс фIэкIа дэмыкIыу. Ари пщIэ лей къызэрыхуащIам и щыхьэтт. Иджыпсту Пащтым Сыбырым щыпсэу

щIалэгъуалэр тхылъ графикэм хуегъасэ. Пушкиным, Достоевскэм, Гоголь, нэгъуэщI тхакIуэ цIэрыIуэхэм я тхыгъэхэм иллюстрацэ щыхуащIкIэ, ар хуейщ сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я гум цIыхум нэхъыфIу, нэхъ лъэщу, езыр нэхъ зыузэщI къарууэ хэлъхэр къыщыушыну. Апхуэдэущ Насып Iуащхьэм узэрыдэкIуеипхъэр. Уи кIуэкIэр мызахуэмэ, цIыху къабзэу ущымытмэ, езы гъуэгур пIэщIокI – аращ нэхъыщхьэу Герман ныбжьыщIэхэм яхипщэну зыхуейр.

## ЖаннэкIэ зэджэ мелыIыч цIыкIур



Герман нэхъ насыпышхуэу, къару къезыту иIэхэм щыщщ сыт щыгъуи и жьэгу пащхьэр зэрыхуабэр. Жаннэ къэмыланджэу абы и щIыбым къыдэтщ: гу хэщIыгъуэм зыкъыщIегъакъуэ, гуфIэгъуэр къыдегуэш, я сабийхэр гъащIэм хуэгумызагъэрэ гу пцIанэу егъасэ. Абы и акъылымрэ и зэхэщIыкIымрэ хурикъуащ щIэх-щIэхыурэ щхьэгъусэр ежьэн хуей зэрыхъур игу тригъэхуэфыну. КъызэрыщIэкIымкIэ, абы сурэтыщI цIэрыIуэхэм ятеухуа тхылъ куэд иджат, и щхьэгъусэм и лэжьыгъэмрэ и дуней тетыкIэмрэ нэхъыфIу къыгурыIуэ хъун папщIэ.

Зэгуэрым Пащтым Мэзкуу щекIуэкI выставкэм лэжьыгъэ гуэрхэр утыку къыщрихьащ гъусэ иIэу ищIауэ. Адыгэ фащэ зыщыгъ гуащэшхуэхэр егъэлеяуэ зыкъизыхт. Абыхэм я нэкIухэр зыщIар езы Германт, адрей псори, иужькIэ наIуэ зэрыхъуамкIэ, зи Iэ къыщIэкIар Жаннэт. ЗэрыжаIэщи, узигъусэм ещхь уохъу.

## ЕтIуанэ Ван Гог дыхуейкъым

Герман и щIалэгъуэм импрессионизмэр фIэфIу зэрыщытам щхьэкIэ, гушыIэрейхэр абы «Ван-Гог»-кIэ къеджэрт, «адыгэ Ван-Гог» жызыIэхэри къахэкIыу. Сыт щIэ-Ван-Гогыр? – соупщI Герман. «СщIэркъым», – жи езыми, ауэ дыхьэшхыурэ хъыбар гуэр къызжеIэж: «Училищэм сыщыщIэсым Ван-Гог ситхьэкъуат, и IэдакъэщIэкIхэм тращIыкIа сурэтхэр зыIэрызгъэхьэну сыхэтт, ящэу слъагъуху. Зэгуэрым унэм телеграммэ изогъэхь: «ПсынщIэу ахъшэ къысхуевгъэхь, Ван-Гог къэзмыщэхуу хъунукъым». Сыт ищIэнт, къысхуригъэхьащ ди адэм ахъшэ. Унэм сыкъэкIуэжа нэужь къызоупщI: «Дэнэ щыIэ къэпщэхуар? Сыгъэлъагъут», – жи. ЗызгъэщIагъуэу репродукцэхэр и пащхьэм изолъхьэ. Абыхэм еплъурэ си

адэр зэрызэкIуэкIыр слъагъурт. ИкIэм-икIэжым зигъэгусэри, зы псалъэ къызжимыIэу щIэкIащ. Ар къыбгурымыIуэу хъунт – «тхылъымпIэжь цIыкIухэм» пщIэнтIэпскIэ къалэжьа апхуэдиз ахъшэ текIуэдат».

Адэм къуэр игъэгушхуэну хэт зэпытт, ауэ критикхэм я нэхъ иныр и анэшхуэ Дыщэхъант. Абы и закъуэ комиссэ псо хъурт. Герман и сурэтхэр Дыщэхъан иригъэлъагъуурэ анэшхуэм игу ирихь-иримыхьхэр зригъащIэрт. Къуажэдэсу къекIуэкIа а нанэ цIыкIум, франджы салон иIыгъа фIэкI умыщIэну, пхуемыгъэкIуэтэкIын чэнджэщхэр къритырт. Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныр «абстракцэм» хыхьэ и лэжьыгъэхэр Налшык къыщрамыдзащэми, анэшхуэм ахэр игу зэрырихьырт, абы къыхиха сурэт псори икIэм-икIэжым выставкэхэм яшэрт.

Илъэс бжыгъэ дэкIа нэужь, мэзкуу искусствоведхэм «адыгэ Ван-Гог» жаIэжыртэкъым – «адыгэ сурэтыщI Пащты Герман» и гугъу ящIырт, зыми хыумыгъэгъуэщэн хъэтI зиIэхэм хабжэу.

## Си Хэкур – мастерскойрщ

90 гъэхэм Урысейпсо выставкэхэм график-сурэтыщI щIалэщIэм и цIэ къыщыIуащ – Пащт-Хъан. Апхуэдэу Герман и къуэ Алим утыку къихьащ. И адэм и Iэзагъым къыгуэкIыу, Алим нэгъуэщI сурэт щIыкIэ гуэр зэриIэр нэрылъагъут, ауэ ари мы Iуэхум къызэрыхуигъэщIар наIуэт. Арати, Герман и къуэм зэран хуэхъуакъым.

Алим 1972 гъэм къалъхуат, Герман Львов дэт полиграф институтым щыщIэсым щыгъуэ. Пащтыхэ я унагъуэм хъыбар дыхьэшхэн илъщ щIалэ цIыкIур езанэ классым щыщIэсам къэхъуауэ. «Си Хэку» жиIэу дерс екIуэкIырти, егъэджакIуэм жиIащ: Хэкур ар укъыщалъхуа, ущыпсэу щIыпIэращ, жи егъэджакIуэм. Алим и Iэр еIэтри: «Сэ си Хэкур – мастер-



скойращ». «Сыт мастерской?» «Хэкур – укъыщалъхуарамэ, сэ сыкъыщалъхуар папэ и мастерскойрщ, аращ си Хэкур».

ЩIалэ цIыкIум жиIэр пэжт. Къыщалъхуну махуэр декабрым и 31-м хуэзати, абы и анэр роддомым щашэм, сабийр дунейм къытехьакIэт.

Красноярск диплом плъыжькIэ художественнэ институтыр къыщиуха нэужь, Алим Германием ягъэкIуащ Гете и цIэр зэрихьэу Гетенгейн дэт институтым и щIэныгъэм щыпищэну. Галле къалэм дэт ГъуазджэмкIэ ЕджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьащ. Ар къиуха нэужь, абы графикэмкIэ аспирантурэр къыщиухащ. Куэд щIакъым Пащтынэхъыщ Iэм скульптурэмкIи аспирантурэр къызэриухрэ. Алим и адэмрэ и анэмрэ я унэцIэхэр зэпигъэувэри Пащт-Хъан цIэмкIэ утыку къихьащ. Нэрылъагъущ Урысейм и графикэ гъуазджэм иджыри зы вагъуэшхуэ къызэрыщыкъуэкIар.

## Сыт ущIэгъыр, розэ дахэ?



Герман и хэкуэгъу, «Советская молодежь» газетым щылажьэ журналист ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэгуэрым къыхуозэри къоупщI: «Сириемрэ Иорданиемрэ кIуэн гуп зэхуашэс, унэкIуэн?» жеIэри. Герман къэуIэбжьащ: хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм уахыхьэныр пщIыхьэпIэм хуэдэт, ахэр щыпсэу щIыпIэхэм иджыри адыгэ куэд нэсатэкъым. Апхуэдэу Пащтыр КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщыхутащ, дэни лъэIэс хабзэхъумэхэр къыпэрымыуэу и сурэт нэгъунэ здрагъэшащ.

Къэбэрдей гъатхэмрэ Мэзкуу и щIымахуэмрэ хокIри, Дамаск нос. Сирием градус 30-м нэсу дыгъэр щыжьэражьэт. Илъэс 11 и пэкIэ Израилым иубыда Джолан лъагапIэхэм иса адыгэхэм я щхьэр щIахьэн хуей хъуат я псэр кърагъэлу, ауэ зы адыгэ бзылъхугъэ гуэр Къунейтрэ яхудэкIакъым Сирием и дзэхэм къагъэзэжыху. Къэралым и Iэтащхьэ Асад Хафез а цIыхубзым къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэр хуигъэфэщауэ щытащ, «Къунейтрэ и анэ» цIэри къыфIригъэщащ. Герман зыщимыгъэнщIу щIэупщIэрт Сириемрэ Иорданиемрэ ис и лъэпкъэгъу мин 200-м щIигъум я псэукIэм, нэхъыбэ зэрилъагъуным, нэхъ куэд зэрицIыхуным яужь итт. Пащтым и сурэтхэр урыс посольствэм щагъэлъэгъуащ, дэнэкIэ мыкIуэми,

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм адыгэхэр къапежьащ. Абыхэм адыгэбзэр фIы дыдэу ящIэ, я хабзэри яIыгъыжщ. Псалъэм папщIэ, Иорданием и пащтыхьыр зыпIар адыгэ бзылъхугъэщ, езы пащтыхь сэрейми нэхъ гъунэгъу дыдэу унафэщIым къыщыбгъурытыр адыгэхэращ. Абыхэм яхэтщ къэрал лIыкIуэхэр, генералхэр, политикхэр, тхакIуэхэр.

Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныр 60 гъэхэм пщIондэ Иорданиемрэ Сириемрэ щыщ адыгэхэм Хэкужьым адыгэ имысыжу къащыхъуу зэрыщытаращ, псори Сыбыр яшэу ягъэкIуэдауэ къалъытэрт. Абы къыхэкIыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр нарт лIыхъужьхэм палъыту ягъэхьэщIэрт. Апхуэдэ дэтхэнэ зы зэIущIэри Герман кууэ зыхищIэрт, Хэкужьым хуэпабгъэ псэхэм я къарум езым и гущхьэри къызэригъэдзэкIыу.

Мы ежьэгъуэм иужьщ Герман сурэт гуп щищIар, псоми «Нэпс щIэзыгъэкI розэ» цIэр яфIищу. Сыт ягъейр а розэхэм? Я Хэкужьыра? Iуащхьэмахуэ? Iуащхьэ Махуэр – Насып Iуащхьэр адыгэм дежкIэ дахэу узыIуплъэ Iуащхьэ къудейкъым. Ар адыгэм и гум, и псэм хэпщIа Насып Iуащхьэщ.

## Батырыбжьэр зыхуэфащэр

Тхылъ графикэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ сурэтыщIым и хъэтIыр тхакIуэм игу ирихьыным. Апхуэдэу къэхъумэ, а тIур тыншу зэгуроIуэ. Абы и щапхъэщ КIыщокъуэ Алимрэ Пащты Германрэ зэрызэдэлэжьар.





УсакIуэр а зэманым цIыху цIэрыIуэт, республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэт, абы и пэкIэ Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу щытат. КIыщокъуэм и «Дамыгъэ» усэ тхылъыр игъэщIэрэщIа нэужь, усакIуэшхуэм абы дзыхь къыхуищIащ «Батырыбжьэри». Абы Пащтыр елэжьат езым щIэуэ къыхилъхьа ксиллографие IэмалымкIэ. А лэжьыгъитIым къакIэлъыкIуащ КIыщокъуэм и «Усэ шэрыуэхэри».

СурэтыщIым и зэфIэкIыр къабыл зэрищIам и щыхьэту КIыщокъуэм ныбжьэгъу хуэхъуат Герман и адэ Суфадини.

## Ныбжьэгъугъэр щыIэщ мы дунейм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын Пащтым и гъащIэм къыщцыхыхьар нэхъ иужькIэщ. Ар цIыху къызэрыгуэкIт, и гур хэти хузэIухауэ. Зым нэхъри нэхъ лъагэу зибжыжыртэкъым, зэгъэзахуи хэмылъу, хьэлэлт: зым шей дефэнт, адрейм мэл дишхынт. Герман Кулиевым





и усэ тхылъ зыбжанэм сурэт хуищIащ. Ахэр къыщагъэлъэгъуащ Чехословакием, Венгрием, Югославием, Болгарием, нэгъуэщI къэрал куэдми. Кулиевыр КIыщокъуэм нэхърэ илъэсищкIэ нэхъыщIэт. А тIум куэдрэ ягу къагъэкIыжырт КIыщокъуэм Кулиевыр псэзэпылъхьэпIэм кърихауэ зэрыщытар. УсакIуитIыр зэрытхэр бзэ зэмыщхьт, зыпIари лъэпкъ зырызщ, ауэ щыIэщ а псом нэхърэ нэхъ лъагэ гуэр – ар ныбжьэгъугъэрщ. КIыщокъуэми зэрыжиIащи: «Дэ тIури Шэджэмыпсым дыхэфащ: уэ – нэхъ ипщэкIэ, сэ – нэхъ ищхъэрэIуэкIэ».

Сыту къаймэщIэкIрэ нобэ цIыхухэм апхуэдэ зэкъуэтыныгъэ!

## Кавказ поэмэхэр

Илъэситхукlэ елэжьащ Пащтыр Лермонтовым и Кавказ поэмэхэм сурэт хуэщIыным. «Демон» къудейм и закъуэ илъэс псо щIэгупсысащ. СурэтыщIыр щIэхъуэпсырт езым и иллюстрацэхэр иту Лермонтовым и тхылъ бзитIкIэ – урысыбзэрэ езым и анэдэлъхубзэкIэ къыдэкIыну. Тегушхуэри КIыщокъуэм елъэIуащ «Измаил-бей» поэмэр адыгэбзэкIэ зэридзэкIыну. КIыщокъуэр пыгуфIыкIащ: ар Iуэху хъарзынэт, ауэ...

«КIыщокъуэм щIимыдар гурыIуэгъуэщ, – жеIэ Пащтым, – Лермонтовым и Iэдакъэ къыщIэкIахэм щыщу «Измаил-бейр» ехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ поэмэщ, ар совет зэхэтыкIэм хэзагъэ дыдэу щыттэкъым».

Пащтым Лермонтовым и Кавказ поэмэхэм трищIыкIа гравюрэхэр япэ дыдэ утыку къыщрихьар Иркутск щекIуэкIа Урысейпсо выставкэрт.



Абыхэм зэраIуплъэу «Детская литература», «Советская литература» тхылъ тедзапIэхэм я унафэщIхэр Герман къыбгъэдыхьэри къепсэлъащ и сурэтхэр къагъэсэбэпыну хуит ищIыну. ИужькIэ ахэр ящэхуащ къэралым и музей куэдми.

## Екатериноградскэм щызэхуэзэри…

Пушкиныр къызэралъхурэ илъэс 200 щрикъум ирихьэлIэу Пащты Герман къыдигъэкIащ усакIуэ щэджащэм и тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэр щызэхуэхьэса тхылъ, а тхыгъэхэм езым хуищIа сурэтхэр щIыгъуу. Абы и презентацэ телъыджэ Красноярск щекIуэкIащ. ИужькIэ а лэжьыгъэм СурэтыщIхэм



я зэгухьэныгъэм Пушкиным и медалыр къыхуигъэфэщащ. Пушкиным и цIэкIэ музей къыщызэIуахым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Екатериноградскэ станицэм Пащтыр ирагъэблэгъат и тхылъри абы щагъэлъэпIэну. Таурыхъым щыщу къыпфIэщIырт урыс усакIуэшхуэм и фIыгъэкIэ Пащтыр а музейм Путиным зэрыщыIущIар. Тхылъыр иримыту дауэ хъунт? «Сыт ксиллографием къикIыр?» – къеупщIащ Президентыр сурэтыщIым, тхылъым ириплъа нэужь. Герман къэралым и унафэщIым жриIащ тхылъымпIэм трагъэуэну сурэтыр япэ щIыкIэ пхъэм щытращIыхьым деж абы ксиллографиекIэ зэреджэр, апхуэдэ сурэт щIыкIэ куэд щIауэ зэрыщыIэр, иджы езымрэ и гъэсэнхэмрэ къызэрагъэщIэрэщIэжыр. Президентым и нэгу къиищт тхылъыр гурыхь зэрыщыхъуар.

## Гумрэ гумрэ щызэрыщIэм деж

«Хэт и тхылъ иджы узэлэжьынур?» – къоупщI куэдрэ Герман и цIыхугъэхэр. Зэгуэрым дихьэхауэ щытащ тхакIуэ цIэрыIуэ Маркес Габриэль Гарсиа, ауэ сурэт хуищIын хуэдизу зыщIиубыдакъым. Хэт щIэмыхъуэпсыр Байрон, Шекспир сымэ я тхыгъэхэм сурэт хуащIыну? Германи щIохъуэпс. Ауэ зэхуэзэну пIэрэ абыхэмрэ адыгэ сурэтыщIымрэ?



Дауэ жэуап ептыфын абы? Лермонтовым сатыр гуэр иIэщ «Вагъуэр вагъуэм йопсалъэ» жиIэу. Апхуэдэщ тхылъым ущелэжькIи: псэхэр зэрощIэ, зэрыщIэмэ, итIанэщ лэжьыгъэр щыкIуатэр. Пащтым и псэр блэкIакъым фIыуэ илъагъу адыгэ усакIуэхэм, Пушкиным, Лермонтовым сымэ. Иджыпсту хэт ищIэн Герман и псэм здиунэтIыну лъэныкъуэр.

*ЗэзыдзэкIар* **Чэрим Марянэщ.**

## Пщыналъэ

# Гум и псысэр зыжесIэн солъыхъуэ



*Хьэтыхъу Владимир Урожайнэ къуажэм къыщыхъуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым физикэм щыхуеджащ. ИужькIэ аспирантурэр Москва къыщиухри, и кандидат лэжьыгъэри абы щыпхигъэкIащ.*

*Хьэтыхъум илъэс зыбжанэкIэ щригъэджащ Налшык дэт еплIанэ курыт школым, иужь илъэс 35-м ди университетым щолажьэ, мы зэманым кафедрэм и унафэщIщ.*

*Зэрыстудентрэ усэ итхми, ахэр Владимир зэи зыщIыпIи къытрыригъэдзакъым, итхрэ игъэтIылъыжу къекIуэкIа мыхъумэ. Апхуэдэу щытми, Владимир и усэхэм щыгъуазэ зыхуэтщIа нэужь, дэ къэтлъытащ ахэр ди журналым еджэхэми я пащхъэ итлъхъэ хъуну. Зигу ирихьын куэд къыфхэкIынуи догугъэ. Дауи, япэ дыдэу зи тхыгъэ утыку къизыхьэм зыгуэри худэчыхын зэрыхуейр къэлъытауэ.*

ХЬЭТЫХЪУ Владимир

### ЖЭЩ

Пщыхьэщхьэ пшэплъыр хуэмурэ токIуэтри,
Жэщ кIыфIу IэфIыр уафэм къысхуеший.
Пшэм хэту си пкъыр уэгум иту сщохъури,
Гум IэфIу илъыр уафэм хузоший.

Жэщ кIыфIым зыдигъафIэу, си гур хуэму къоуэ,
Гурылъхэр нэрылъагъуу сэ къысфIощI.

Дунейр мамырщи, си гупсысэ IэфIхэм
Махъсымэ IэфIу си гур щабэ къащI.

Дунейм си закъуэ фIэкI зы цIыху темыту
Къысщыхъуу, си зэманыр пщIыхьхэм сфIахь.
Жэщ дахэм пщэдджыжь пшэплъыр къыхоIэбэ,
СыкIэлъыIэбэу жэщри пщIыхьри сфIехь.

## ГУПСЫСЭ

Гум илъым псалъэ схущIэмылъхьэу,
Зэманыр хуэмурэ сIэщIокI.
Гум телъыр гъащIэм схухэмылъхьэу
Си псэ къарухэр хуэму сщIокI.

Си ныбжьэгъу пэжхэу фIыуэ слъагъухэм
ЯхуэсщIэр мащIэу гъэхэр блокI.
Къэрэгъул бжыхьу сыухуахэр
БыдапIэ нэпцIщи, псори пхокI.

А псор сэ хуабжьу къыстохьэлъэ,
Къэслъэтыхьыжкъым — къызокIухь.
Гупсысэр куэдрэ сфIохъури хьэлъэ,
БлэкIа зэманым сытокIухь.

## ГЪАЩIЭ

Гъатхэ хьэндырабгъуэу си гупсысэм
ГъащIэ-губгъуэр пIащIэу къелъэтыхь,
Удзым я нэхъ дахэм зэм тотIысхьэ,
Зэми тхьэмпэ гъуам зыщехущыхь.

ГъащIэми зехъуэжри напIэзыпIэм,
Зэм уафэгур си гум хуримыкъу,
Зэми хъумпIэцIэджым и лъакъуапIэм
Себэкъуэну къарур схуримыкъу.

Зэпичыху нэхъыбэ си гупсысэм,
Дамэхэр нэхъ хьэлъэу зэгузох.
ГъащIэм и нэхъ IэфIыр къыщысльысми,
Псэм и щатэ макъыр зэхызох.

* * *

Гум и псысэр зыжесIэн солъыхъуэ,
Псэм и усэм къедэIуэн сыхуейщ.
ЩIым темыт хэкIыпIэхэм салъахъэ,
Псэр схутемыпыIэуэ пIейтейщ.

Гум къиIукIым махуэм сегъэIэхъуэ,
Псэм къиIуатэм жэщым сегъэплъыр,
Усэ-псысэм гъащIэм схухегъахъуэ,
Щэхуу къосри, зэшыр схуохъу тезыр.

Сымыгъуэт псэлъэгъуи дэрэжэгъуи,
Уси псыси чысэм изолъхьэж.
Жьыбгъэм ипхъэхауэ си псэ тIэкIур
Губгъуэ нэщIым щатэурэ йохьэж.

Гум и псысэм содэIуэж си закъуэу,
Псэм и усэр уафэм сфIыдокIуей.
ХэкIыпIэншэщ нобэ си щхьэ закъуэр,
Хэзмыхыжми гугъэр си пщэдейм.

## ПСЭМЫДАIУЭ

Бжьыхьэ уафэр зыгъэдахэ кърууэ
Си псэм зэм уафэгур къелъэтыхь,
Зэм, зи дамэ якъута тхьэрыкъуэу,
Дамэр щIым илъэфу къызокIухь.

Псэр щылъатэм, щIылъэр къызолъыхъуэ.
ЩIым сытетмэ — уафэм сыдоплъей.
ХэкIыпIитIым я кум сыщелыгъуэ
Псэ мыдаIуэм къызидза лыгъейм.

* * *

Гум илъыр схъумэурэ мэтIыгъуэ,
IэфIыншэ мэхъури, мэкIуэдыж.
КъэкIуэну махуэм хуэсщIми гугъэ,
Пщэдджыжь уэсэпсу сфIытокIыж.

Си гъащІэр хуэмурэ мэлыгъуэ,
Іугъуэ къыхихури мыІэфІыж.
Псэм си гупсысэхэр дэщІыгъуу
Ихьащи уафэм, къемыхыж.

* * *

ГъащІэ гъуэгум сыздырикІуэм
Си лъакъуапІэр мэхъу нэхъ чэнж,
Си гуращэу сызыхуэкІуэм
Къызитыжкъым гукъыдэж.

Си дамитІыр уэшх-уэлбанэм
Псыф ищІащи, мыжэпхъыж,
КъысфІэщІыжми си гур бланэу,
Си лъэр жану щІэмыкІыж.

Куэдрэ хъуами зыхуэзгъазэ,
Псэм си упщІэхэр къедзыж,
Жэуап лъыхъуэм сещІри щхьэзэ,
КъыщІэдзапІэмкІэ сохыж.

Сыроплъэжри къэскІуа гъащІэм —
Псыр кхъузанэм зэрижащ,
ГъащІэм дахэу щысщІа мащІэм
БлэзгъэкІахэр къатежащ.

* * *

ПщІыхьым и кум сынэмысу
Си жэщ дахэр иухащ,
Пщэдджыжь пшэплъыр къызэрысу
Си жэщ псысэр сІэпихащ.

Зы тэлайкІэ къызэжьатэм —
Си мурадым сынэсат,
Си пщІыхьэпІэр си нахуапІэм
Дахэ дыдэу тезгъэхуат.

Аращ гъащІэри — ди гугъэм
Мэскъал гуэркІэ дынэмыс,

Iэгум илъу быдэу тIыгъыр
ПщIыхь зимыIэхэм ялъос.

## ЧЭНДЖЭЩ

Дыгъуасэрей махуэм ухуэщыгъуэу,
Нобэ дыгъэ къепсым зыхыумын.
ГущIэм илъыр куэдрэ бгъэтIыгъуэу,
ГъащIэ дахэм иумыгъэщI губгъэн.

Жэщыр махуэм тебгъэкIуэн уи гугъэу,
Уэздыгъищэу мафIэр умыгъэс,
Уи гум хуабэ илъыр умыIыгъыу
ЩIыIэм иубыдахэм ялъыгъэс.

Уи зэманыр къэблэгъауэ пщыхъум,
ГъащIэр къутэжауэ пщыремыхъу.
Дуней нэхур убгынэн хуей хъумэ,
ЩIыпIэ жыжьэ укIуэу зыщыгъэхъу.

## СИГУ

Си гум къыщыщIар сэ къысхуэмыщIэ,
Си усэбзэр убзэщхъуащ, кIуэдащ:
Псалъэхэр Iэрамэу зэпызмыщIэ,
Дунейм щекIуэкI псори сигъэдащ.

Уафэ дахэм сеплъмэ, сымыгуфIэ,
Уэшх къыщешхым си гур мыпIейтей,
Пшагъуэ телъкIи, нэгум зимыуфэ,
Си пкъыр лантIэу жьыбгъэм дэмыхъей.

Дуней псор дияуэ сэ къысфIощIыр,
Псалъэр гум къарукIи къысхуимыш.
Си гур къэувыIауэ зэм къысщохъур,
Ауэ, си псэ, дунейм сытумыш!

Сытумыш уэ, си гур тIэкIу диями,
Гур щыдийми, гугъэм пэмылъэщ.
Вагъуэижыр жыжьэу блэлъэтами,
Абы къидза хъуаскIэр си гум хэлъщ.

## ХЫЩІ АДРЫЩІ

ЩІалэгъуэр блэлъэтащ сымыщІэу,
Лыку и зэманхэри Іусхащ.
Илъэсхэр кІуэри сыкъамыщІэу,
ХыщІ адрыщІым сытехьащ.

БлэкІа зэманыр сэ сфІэмащІэщ,
Къэнари, соплъри, нэхъ мащІэжщ.
Сохъу махуэ къэскІэ нэхъ гумащІэ.
Гупсысэм куэдрэ зысфІехъуэж.

СогъэфІыр си гур — къэна гъащІэм
СымыщІа псор згъэзэкІуэжынщ,
Махуэл дэмыкІыу хъуми мащІэ,
Мурадым си Іэр нэзгъэсынщ.

Илъэс блэкІар къызопщытэжыр —
Аргуэру мащІэщ хэзгъэщІар.
Зэман къэнар пызобжыкІыжыр —
НэхъыфІт ямыбжмэ къэзгъэщІар.

## УЭШХ

Дыгъуасэ лъандэрэ мыувыІэ,
ЩІы щхьэфэм лъагъуэхэр пхыреш,
Уэшх щабэм псысэхэр къызжеІэ,
Гущэ уэрэдхэр къысхуреш.

Уэшх макъым си пкъыр лалэ сфІещІыр,
Си напІэр хуэму сфІрешэх,
ПщІыхьэпІэ дахэхэм сыхешэр,
Гурылъ гъэпщкІуахэм сыдешэх.

Гум ІэфІу илъыр нэрылъагъущи,
СоІэбэ — си Іэри лъоІэс!
Гупсысэ псори псынщІэ хъуащи,
Тынш гуэру си гур дэни нос…

Макъ щабэр хуэмурэ мэкIуэдыр,
ЩIы щхьэфэр жьыбгъэм елъэщIыж.
Пшэ щIыбым дыгъэр къыдокIуэтыр —
Дуней гъущыжым и IутIыжщ.

* * *

Дыщэ вагъуэ уафэм къесхьэхыну
ДэкIуеипIэ сщIыурэ гъащIэр кIуащ,
Си мурадым си лъэр нэсхусыну
СыщIэкъухукIэ, псэ къарур сщIэкIащ.

Си гъуэгуанэ ныкъуэм сыфIэкIащи —
ЩIым сытеткъым, уэгури схуIуамых.
ДэкIуеипIэр лъахъшэу къыщIэкIащи,
Сытенащ — сыдэмыкIуей, семых.

ХэкIыпIэщIэ лъыхъуэу си псэр маджэ,
Ауэ жэуап гуэри къыслъымыс.
Дыщэ вагъуэр гъунэгъу дыдэу маблэ —
ТеувапIэр кIэщIщи, сынэмыс.

# ЖьанIэ



*Къызэралъхурэ зи ныбжьыр илъэс 95-рэ ирикъуа адыгэлI щэджащэ КъардэнгъущI Зырамыку ди лъэпкъ щэнхабзэм къыхина фIыгъуэр къызэрыплъытэн уасэ къызэрыпхуэмыгъуэтынум шэч хэлъу къыщIэкIынкъым. ГуфIэгъуэхэмкIи нэщхъеягъуэхэмкIи гъэнщIауэ гъуэгуанэ кIыхь къезыхьэлIэу 2008 гъэр щиух дыдэм (и ныбжьыр илъэс бгъущI ирикъуным тхьэмахуитI фIэкIа къэмынэжауэ) дунейм ехыжа Зырамыку и цIэр игъащIэкIэ яIурылъынущ щIы хъурейм адыгэу тету хъуам. Ар абы къилэжьащ и цIыхугъэ дахэмкIи и IуэхущIафэ щхьэпэхэмкIи.*

*Адыгэ щэнхабзэм, литературэм и жанр псоми зи гуащIэдэкIышхуэ хэзылъхьа КъардэнгъущIыр псалъэ дыгъэли щытхъу ямылеи хуэныкъуэкъым – абы и цIэр, и фэеплъыр зэи хэмыгъуэщэжын щIыналъэ гъуэгууи уэгу Шыхулъагъуэуи и лэжьыгъэфIхэмкIэ дунейм къытринащ.*

*Дыщэ пхъуантэдэлъу Зырамыку къытхуигъэнахэр куэд мэхъу. Ахэр гулъытэншэуи къэнакъым. КъардэнгъущIым къыфIащауэ щытащ «КъБАССР-м искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэхэр. ТIэунейрэ къыхуагъэфэщат ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь*

*тхылъри, Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ къэралым и дамыгъэ лъапIэхэри. Абы нэхъыбжи хуэфащэу зэрыщытам шэч хэлъу къыщIэкIынкъым.*

*Ди журналым и напэкIуэцIхэр зыгъэбжьыфIэ автору диIа КъардэнгъущIым цIыху цIэрыIуэхэм хужаIа псалъэ гуапэхэм ящыщи езы Зырамыку и лэжьыгъэхэм къыхэтхахэри аргуэру зэ фи пащхьэм идолъхьэ.*

# КъардэнгъущIым и батырыбжьэ

Мы гъэм КъардэнгъущI Зырамыку и ныбжьыр илъэс блыщIрэ тхурэ ирикъуащ. Ар сэ нэхърэ илъэсипщIкIэ нэхъыжьщ. Ауэ и теплъэкIи, и лэжьэкIэкIи, и дуней тетыкIэкIи сэр нэхърэ илъэс тIощIкIэ нэхъыщIэу фэ тетщ.

Зырамыку сабийуэ и адэ-анэр щхьэщылIыкIащ.

Зырамыку илъэсиплIкIэ Хэку зауэшхуэм хэтащ, фашистыIуэми исащ. И щхьэм топышэ къутахуэ зэпридзащ. Телъыджэщ ар абы къызэрелар.



Зырамыкурэ Жанпагуэрэ



Зырамыку и щIалитIыр щIыгъуу

Зырамыку къуищ иIэти, щыри щIилъхьэжащ. КъуэрылъхуитIи сабий дыдэу Алыхьым Iихыжащ. «Алыхьталэм къыптрилъхьэр шэчыгъуафIэу уегъэшэч», – жыхуиIаращ уэрэдым.

Нэмыцэ гъэру ущытащ, жаIэри, хьэIупс ящIыну хэтащ къулыкъущIэхэм.

Адыгэр игъащIэми дыапхуэдэу жаIэ – дэр-дэру дызэрышхыжу, дызэфыгъуэжу, дызэрыгъэпудыжу… Ар пэжмэ, дэ абы нэхъ бий бзаджэ диIэкъыми, Ялыхь, дыIэщIэх, Ялыхь, губзыгъэ дыщIыж!..

КъулыкъущIэми яхуэмыгъэныщкIуу къаIурыхужащ Зырамыкур: хьэкъыр наIуэ къэхъужри, Хэкум и орденри кърэтащ.

И кIэщIыращи, КъардэнгъущIыр къызэла псэзэпылъхьэпIэмрэ хьэзабымрэ уакъелын щхьэкIэ, псибл пIутын хуейт. Ауэ Зырамыкуи Тхьэм къритар а псэ закъуэращ – фэрэ дэрэ ещхьу.

АтIэ, сыт къару лъэпкъыу пIэрэ ар къыIэщIэзыгъэкIар а тхьэщишэу яужь къита гузэвэгъуэм?

Зырамыку дэрэ дызэроцIыху 1946 гъэм и гъэмахуэ лъандэрэ. Дызэрогъэныбжьэгъу. Пединститутми зы илъэс щезгъэджащ. Илъэс куэд щIауэ щIэныгъэхутэ институтми дыщызэдолажьэ. IуэрыIуатэ зэхуэтхьэсу экспедицэ зыбжанэ дыздыхэтащ, Адыгейри, Шапсыгъри, Шэрджэсри, Мэздэгу адыгэри, Къэбэрдейри щIэтщыкIыу. Тхыдэм къинэжын лэжьыгъэшхуи зэдэтщIащ.

Си гугъэщ КъардэнгъущI Зырамыку соцIыху жысIэмэ, фыкъэзмыгъапцIэу.



Зырамыкурэ Адыгейм щыщ тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ ХьэдэгъэлI Аскэррэ илъэс куэдкIэ зэныбжьэгъуащ.

… Доуэри, Адыгейм IуэрыIуатэщыпэ дыкIуэну дожьэ. РАФ дахэ цIыкIум дису. Дынэжэгужэщ. Доуэршэр, дызэрогъэдыхьэшх. Зырамыку къытхилъхьэ щымыIэу жьантIэм дэсщ. Бахъсэн дыдож, Псыхуабэ дыблож… ДокIуэри-докIуэ, докIуэри-докIуэ… Ди гукъыдэжри, ди гушыIэри, ди хъыбархэри Армавир нэсщ зыхурикъуар. Дешащ, дыулэуащ. Гъуэгум и нэхъ гугъур адэкIэт… Армавир деж къыщыбгъэшу дэбунэтIея нэужь, игъащIэкIэ Мейкъуапэ унэмысин хуэдэу къыпфIощI. Нэхъ щIышхуэ зэпыпчыхукIэ, Мейкъуапэр нэхъ жыжьэ мэхъу.

Мис абдежыращ Зырамыку зыкъыщызыкъуихыр.

Япэ щIыкIэ псалъэншэу макъамэ дахэ дыдэ къоIу. Хэти зэхех, хэти зэхихыркъым. Ауэ абы уIэщIэкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Дакъикъэ, дакъикъитI докI… Иджы псори додаIуэ, ауэ щхьэж и псэмкIэ едэIуэжу аращ. Ар бэлъшэвич табу зытелъ уэрэдхэм ящыщт, радиокIи жрамыгъэIэу, концертхэми хамыгъэхьэу, уи щхьэм хужыпIэжу зэхахамэ, уагъэсысыну:

*ИпщэкIэ сыныдэплъеймэ,*
*КIэмунэхэр пшагъуэ гуэрэнти:*
*Дотэхур шу гуэрэнышхуэу*
*КубаныскэмкIэ екIуэкIыжа мыгъуэщ.*

Уэрэдыр къыдгурыIуэу зэрыхуежьэу, маршынэм ис псори зы псэкIэ дедаIуэу дохъу. Ар бампIэм къыхэкIа уэрэдт, итIани ди псэр къыхегъэхьэж. Гъуэгу нэшэкъашэри тщегъэгъупщэж.

АдэкIэ – «Хъымсад гуащэ», «Щэуей Нэкурэ», «ГъущIыпсэ»…

Зырамыку хъыбар дыхьэшхэну ищIэм гъуни нэзи иIэкъым. Ауэ Мейкъуапэ ущыкIуэкIэ, абы нэхъыбэу игу къэкIыжыр сыт? – адыгеибзэм-

рэ къэбэрдеибзэмрэ щызэтекIхэм деж къэхъу гъэщIэгъуэнхэращ. Дэри нэхъ хьэлэмэт къытщыхъуауэ щытахэр игу къэдгъэкIыжурэ жыдогъэIэ.

Еуэри, – жи езыми, – абазэхэхэм выгу тIощIырыпщI хъууэ чырэ яшэрт. Ахэр здэкIуэмкIэ зы шу цIыкIу къикIырти, нэхъыжьым нэхъыщIэр егъажэ: «Жэт, тIу, Уарп лъэмыж телъмэ еупщIыт», – жери. НэхъыщIэр мажэри йоупщI. Шур къэбэрдейуэ къыщIокIри, «телъкъым», – къыжреIэ. ЩIалэр Iэнкуну къокIуэж. «Сыт шум жиIар?» – жи нэхъыжьым. «Уэлэхьи, къызгурымыIуа!» – жи, и дамэр дрешей. «ЖиIар сыт, зо!» «Телъкъым», жиIащ». «Телъ, жиIамэ аращ. Къым-м къикI щыIэкъым: фынеуэ адэ!» – жиIэщ нэхъыжьми, гупыр иришэжьэжащ. Уарп нэсхэри – лъэмыж темылъу къыщIэкIащ! «Пу, алаурсын! – жиIащ, жи, абазэхэ нэхъыжьым. – Ар дауэ бзэ: телъ-м зыри къимыкIыу, псори къызэрыкIыр къым-рауэ!»

Псори дыкъыщеуд аби, дызэщIодыхьэшхэ. ГушыIэр апхуэдизу дыхьэшхэну аратэкъым, ар дыхьэшхэн зыщIыр Зырамыку и гушыIэкIэрат. Абы и гушыIэн къыщикIам деж, «уэшх къошх» жиIами, умыдыхьэшхынкIэ Iэмал иIэкъым.

Ди ешри тщыгъупщэжауэ, дыкъэбэдзэуэжауэ, ди дыхьэшх макъым къалэдэсхэр къигъаплъэу, Мейкъуапэ дыдолъадэ.

Гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ, – жиIакъэ пасэрейм. Абы шэч хэлъкъым. Ауэ сэ гу зылъывэзгъэтэнур нэгъуэщI ныбзт: ярэби, Зырамыку и щхьэм зыпхидза шэми къезыгъэлар, зауэшхуэми псэууэ къизышыжар, апхуэдиз гуауэми къыIэщIэзыхар, хьэзабу ирагъэшэча псоми тезыгъэкIуар и гушыIэ мыухыжыр армырауэ пIэрэ? ГушыIэр зыпэмылъэщ мы дунейм къару теткъым, делэмрэ ажалымрэ фIэкIа. Хьэлэмэтыракъэ, диктаторхэри бюрократхэри зыпэмылъэщ щыIэкъым, гушыIэм фIэкIа: еджагъэшхуэхэри, тхакIуэхэри, философхэри ягъэщхьэрыуэф абыхэм, ауэ анекдотым зыри яхуещIэркъым. Сталинми гушыIэн фIэфIт, Гитлери щыгушыIэ къэхъурт, Муссолинирэ Франкори гушыIэ яхэлът жаIэ, ауэ, езыхэм фIэкIа, нэгъуэщI гушыIэу яфIэфIтэкъым. Сатирэми, юморми, критикэми еныкъуэкъуу, езауэу я гъащIэр яхьащ. Сыт хуэдиз цIыху яукIа, сыт хуэдиз цIыху каторгэ ягъэкIуа, тутнакъ ящIа – псоми я жьэри япхыфат, зыри зрамыщIэфар анекдотыращ.

Сэ жысIэнуращ: дунейр нэхугъэрэ кIыфIыгъэу, фIырэ бзаджэу, дахагъэрэ Iеигъэу, Iущыгъэрэ делагъэу, гъащIэрэ лIэныгъэу зэхэлъмэ, гушыIэр япэрей лIэужьыгъуэм яхэбжэн хуейщ. Аращ ар гуауэми хьэзабми щIыпэлъэщыр. Ар зыпэмылъэщ делагъэмрэ ажалымрэ, Ялыхь, дыщыхъумэ псори – Зырамыкуи, дэри, ди бынри!

ЗэрыжаIэу, КъардэнгъущIыр и жьэм текIуэдэжынкIи хъунт, Алыхьым къимыхъумамэ: Сталиным и зэманым гушыIэр хинакъым, Брежневым щыгъуи анекдотыр щигъэтакъым. Ар зыщыдыхьэшхам, абы ауан ищIам ящыщщ щхьэзыфIэфIхэр, напитIхэр, зыкъызыфIэщIыжахэр, Iэбжьанэ фIейхэр, делэхэр, щхьэхынэхэр… НэгъуэщI Iэджэхэри. Абыхэм политикэм емыкIуэлIэж яхэткъым. Зыгуэр кIуэрэ зыгуэрхэм яIуридзэжамэ, зэфIэкIат. И кIэ къинамэ, щIэх зыкъимыужьыжын хуэдэу ягъэсысынт.

Апхуэдэу «обкомым дей нэмысын псалъэхэр» Зырамыку и тхыгъэхэми къыщыбгъуэтынущ, ухуей закъуэмэ: «Хъуэжэ» комедиер е Хъуэжэ и хъыбар цIыкIухэр зэрыт тхылъыр къызэгуэхи – уи кIэдахъуэр щIэущIэ. Ауэ сэ зи гугъу сщIар тхыгъэхэракъым, атIэ езы КъардэнгъущIым къыIурыщэщ гушыIэ миныращ.

А щIыкIэм тету зэпыщIа мэхъу а гушыIэм и жылагъуей мыхьэнэмрэ

езы Зырамыку кърит къарумрэ. Жылагъуей мыхьэнэ щыжысIэм дежи, сэ нэхъыбэу зытезгъащIэр бэнэныгъэ Iуэхуракъым, атIэ цIыхум къахухэкI узыншагъэращ, гукъыдэжыращ, гупсысэ гъэщIэгъуэнхэращ. Ауаным иреудых жылагъуэр зэсэжа Iуэху еплъыкIэр, гупсысэкIэр, ауэ абы нэхърэ нэхъ мащIэкъым уи благъэхэм, уи ныбжьэгъухэм, уи цIыхугъэхэм, уи уэршэрэгъухэм гукъыдэж, узыншагъэ ептыныр. Ар дохутырхэми жаIэ хьэкъщ. Зырамыку тхьэмадэу гупым яхэсу зылъэгъуам къыгурыIуэнущ ар тыншу. Апхуэдэ гупыр есагъэпщIэкIэ ефэ мыхъумэ, нэжэгужэу зэхэсын щхьэкIэ, аркъэи коньяки хуеижкъым: тхьэмадэм и гушыIэмрэ и уэрэдхэмрэ къаIэт абы я гукъыдэжыр, зэхэсхэми я гушыIэр кърегъэбл – ар фадэм зэIигъэхьэ фIэкIа, игъэдахэркъым. ТхьэмадэфIым и мыхьэнэр джэгуакIуэфIым и мыхьэнэм хуэбгъадэ хъунущ.

КIэзетхэм, журналхэм, радио-телевиденэхэм, докладхэм а лъэныкъуэм гу лъамытэу йобакъуэ. Аращ сэ мы темэм зегъэубгъун хуейуэ къыщIэслъытар.

Алыхьым цIыху къэс насып зырыз къарет, жи. Хэт и насыпыр мэкъумэшым хелъхьэ, хэт и насыпыр сатум, е IэщIагъэм, е щIэныгъэм, е нэгъуэщI гуэрым хелъхьэ. Хэт и насыпыр тыншу къегъуэтыж, хэти къыхуэмыгъуэтауэ дунейм йохыж. КъардэнгъущIым и насыпыр IуэрыIуатэм хэлъти, псынщIэу къигъуэтыжащ. Зэгуэрым Зырамыку и ныбжьэгъухэм къахэхъыжьауэ гушыIэрт: ярэби, мы совецкий властыр щымыIамэ, хэт сыт хъуну пIэрэт? – жаIэри. Зырамыку и деж къыщысым, «уэлэхьи, сэ шыдыгъу сыхъуну къыщIэкIынтэм», – жиIэри зэщIигъэдыхьэшхат, жи. Революцэм и пэкIэ шыдыгъу ухъуным зыри хуэIуатэкъым, ауэ сэ си фIэщыпэу сызэрегупсысымкIэ, ар джэгуакIуэ цIэрыIуэ хъунт – езыр хуэмейми. ЦIыхум ящIынт, сыту жыпIэмэ Зырамыку и талантри джэгуакIуэ талантщ, и хьэлри джэгуакIуэ хьэлщ. Ауэ ар Iэбэу икIи слъэгъуакъым, икIи зэхэсхакъым.

КъардэнгъущIым нэхъ ехъулIэныгъэшхуэу иIэхэр псори IуэрыIуатэм пыщIащ.

– Мыбы къибжыр сыт! – жаIэу къысхуилъын гуэрхэр къыкъуэкIынкIэ тIэу еплъынкъым. – Зырамыку ГИТИС-р къиухакъэ? Къэбэрдей пединститутыр къиухакъэ? ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэкъэ? Урысей културэм иузэщIакъэ? КультурэщIэр къэзыгъэщIахэм ящыщкъэ?

Пэжщ, зиусхьэнхэ! Ауэ ар пэжым и щхьэфэ тIэкIуращ. Пэжыр абы и щIагъыращ здыщIэлъыр.

Зырамыку и талантхэм щыщу щы къудейм дыкъытеувыIэнщи, абы нэрылъагъу къытщащIынщ ар.

КъардэнгъущIыр сэ япэ дыдэ къызэрысцIыхуар драматургыущ.

СыщIалэтанэу, хьэмым сыкъикIыжри (1946 гъэрат), хьэщIэ диIэу сыкърихьэлIэжащ – КъардэнгъущI Зырамыкурэ Жыгун Тимэрэ ди пэш ипщэм щIэст, зыгуэр ятхыу: адыгэ труппэм спектакль къашэри Хьэтуей къэкIуауэ арати, зэрыхабзэу, артистхэр унэ-унэкIэ щытрагуашэм, дэ мы тIур дгъэхьэщIэну къытлъысат. А зэманым цIыхур къулейсыз дыдэ хъуа пэтми, артист хьэщIэ зылъыса унагъуэр гуфIэрт, уеблэмэ загъэщIагъуэрт. Абы щыгъуэ цIыхум артистыр зэрагъэлъапIэу щытам хуэдэу, нобэ зы къулыкъущIи, зы бизнесмени ягъэлъапIэркъым.

Арати, сэри сыукIытэу, зыспIытI-зысхузу сыщIыхьэри сэлам есхащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, Зырамыкурэ Тимэрэ КъардэнгъущIым и пьесэ «Андемыркъаныр» урысыбзэкIэ зэрадзэкIыу арат, обкомым

щIэс къулыкъущIэ гуэрхэр къеджэу тхыгъэм и унафэр ящIын хуейт; зэрыфщIэжщи, бэлъшэвичым я Iизыныншэу цIыхум Iым жаIэ хъуртэкъым. Ауэ мы зэм «Андемыркъаным» и Iуэхур къэзылъахъэр нэгъуэщIт. А лъэхъэнэм идеологиер зыIэщIэлъар Диденкэ Алексей жаIэри щхьэзыфIэфI гуэрти, абы и шынэхъыжьми Андемыркъан теухуа пьесэ итхауэ къыщIокIри, хэдэн хуей мэхъу. Шэч къытевмыхьэ игъащIэм зы диалог е зы сюжет зымыухуа Диденкэм нэхърэ Зырамыку драматургием тIощIкIэ нэхъыбэ зэрыхищIыкIым, IуэрыIуатэмрэ адыгэ тхыдэмрэ зэрыщыгъуазэм и гугъу умыщIыххи. Ауэ обкомым ар къърадзакъым, Диденкэм и «Андемыркъаныр» бэлъшэвичым ягъэдурысами, цIыхум ящтакъым: лъэс къабзэщ жыхуаIэм хуэдэт сыт и лъэныкъуэкIи – режиссерми артистхэми сыт ямыщIами, ар искусствэм нагъэсыфакъым.

Мыр дигу къэдгъэкIыжын хуей щIэхъуаращи, КъардэнгъущIым и «Андемыркъаныр» и сюжеткIи, и образ гъэпсыкIэкIи, и дуней еплъыкIэкIи IуэрыIуатэхэкIт. Авторым и щIэныгъэм къызэрыхуэIэткIэ къэIэтауэ. А пьесэр икIи къагъэлъэгъуакъым, икIи къытрадзакъым, нэхъ убгъуауэ дытепсэлъыхьыфынкъым, ауэ къыжыIэн хуейщ «Андемыркъаным» япэкIи яужькIи Зырамыку литературэ тхыгъэу къыIэщIэкIам лъабжьи псэи яхуэхъуар IуэрыIуатэрауэ зэрыщытыр: «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», «Хъуэжэ», «Мыщэ шу», «Ныбжьэгъу пэж», иджы дыдэ къытрадза «Къэбардэрэ Алътудрэ»…

КъардэнгъущIым и пьесэхэри и рассказхэри зытриухуэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ сыхуейт мыпхуэдэ лъэныкъуэм фезгъэгупсысыну. Коммунист Зырамыку зэи къищтэркъым обкомым ягъэпажэу щыта тематикэр: революцэр, абы адыгэм къахуихьа насыпыр, колхоз псэукIэр зэрытхъэжыгъуэр, жэмыш хъыджэбзыр къэрал унафэщI зэрыхъуар, парт лэжьакIуэхэр зэрыфIэрафIэр… Хъуа-мыхъуами апхуэдэ пьесэхэр спектаклу ягъэувырт, къытрадзэрт, уеблэмэ къэрат саугъэти къыщрат куэдрэ къэхъурт. Мыпхуэдэу жызыIэни щыIэнщ: Зырамыку IуэрыIуатэм щIеуэкъулэр, сюжет хьэзыр къилъыхъуэу аркъудейщ, иджырей фабулэ игъэпсу гугъу зримыгъэхьын щхьэкIэ. Апхуэдэу хэт игугъэми щоуэ: а сюжет «хьэзырым» авторей гупсысэр къикIын щхьэкIэ, гугъу зригъэхьу, елIалIэу елэжьын хуей мэхъу, щIэрыщIэу игъэпсыжу. Лъэпкъым я гум ижыхьауэ яхъумэ фабулэм ущымысхьуи мыхъуу, зыкъомкIэ уемыIэзащIэми узыхуейр къимыкIыу – ар уеблэмэ нэхъ гугъужу къыщIэкIынущ, сюжет «щIэрыпс» къэбгупсыс нэхърэ. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, КъардэнгъущIым IуэрыIуатэмрэ тхыдэмрэ зыщIригъэтхьэкъур – япэ къэс къулыкъущIэм и пцIы «Iущым» зыдимыгъэшын щхьэкIэщ. Ауэ абы и закъуэкъым, нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэри щыIэщ.

IуэрыIуатэр Зырамыку бзэ гъэпса хуэхъурт, жьыми щIэми ягурыIуэу: литературэр къыщыхъу зэманым, тхылъ еджэным, спектакль еплъыным емыса цIыхур културэщIэм ешэлIэнымкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэт.

IуэрыIуатэм драматургым къритырт и гухэлъыр къызэриIуэтэн материал телъыджэ: тхакIуэ Iэджэ щыхъуэкIуащ, дяпэкIи щыхъуэкIуэнущ а губгъуэшхуэм.

IуэрыIуатэр абы гъэпщкIупIэ хуэхъурт, пцIым, къэралым зэрихьэ пцIым, IэщIэмыхьэн щхьэкIэ.

Ар зы жыIэт. ЕтIуанэу, адыгэ уэрэдыжьыр къиIэтыжу радиом, телевиденэм, концертхэм щIэзыхьар КъардэнгъущI Зырамыкущ,

жысIэмэ, куэд къызэмыныкъуэкъуу къащтэн си гугъэщ. Ар Зырамыку и Iуащхьэмахуэхэм язщ. Сэ а «Iуащхьэмахуэр» псалъэ цIуугъэнэу къэсхьа фи мыгугъэ. Сэ мыIейуэ сощIэж Хэку зауэшхуэм и пэ къита илъэс зыбжани, абы яужь зэманри. Сыщыуэмэ, сыкъыжьэдэфкъуэж, ауэ, фщIэжыркъэ, хьэгъуэлIыгъуэ зэхэхьамэ, чэф зэрыщIу зэбгрыкIыжтэкъым цIыхур, атIэ екIуу хъуахъуэхэрт, зэпеуэу къафэхэрт, зэпадзыжу уэрэдыжьхэр жаIэрт: хъыджэбзхэр губгъуэм щыкIуэкIи, къыщикIыжкIи, лажьэу здыхэтми лъагъуныгъэ уэрэдхэр къграшырт, гушыIэ уэрэдхэри яукъуэдийрт. Ауэ радиоми, патефонми жаIэр, концертми нэхъыбитIу, нэхъыбищу щагъэIур кIэлъхуоз уэрэд, хъыджэбз уэрэд жыхуаIэм хуэдэхэрат («Хьэмид», «Нэкъуэлэн», «Юрэ», «Рэмэзан», «Таужан», «Сталиным и уэрэд», «Конституцэм и уэрэд»…). Ар къэрал политикэт, блэкIар игъэуфIейрэ фIейуэ къежьа псори иIэту, игъэпIийуэ. А псом я къалэнри зыт: цIыхубэм я дуней еплъыкIэр зы къупхъэ зэвым ирагъэтIысхьэну, дяпэкIэ къэмыпIэтIэуэн хуэдэу.

50-60 гъэхэм цIыхубэм я уэрэджыIэныр псынщIэу кIащхъэ хъууэ щIедзэ. ЛэжьакIуэ кIуэхэм, къикIыжхэм я уэрэдыр печ. ХьэгъуэлIыгъуэм хэсхэм урыс уэрэдхэр къатекIуэ мэхъу, уеблэмэ къэмыфэу, уэрэди жамыIэу, ефэрэ зэбгрыкIыжу ирагъажьэ. РадиокIи, патефонкIи, концерткIи адыгэ уэрэдыжь («Андемыркъан», «Щолэхъу», «Шэджэмокъуэ Хьэсанш», «Къэбэрдейм и жэщтеуэр», «Лабэдэсхэм я гъыбзэр», «Кушыкупщ», нэгъуэщI Iэджэхэри…) къыщыIужыр зэзэмызэххэт. Консерваториехэм къыщащта урысей, европей уэрэд гъэIукIэм бжьыпэр еубыд. Бжьыпэр иубыд дэнэ къэна, хамэхьэ къихьэм унэхьэр ирихуну хуожьэ. «Обработкэ» жыхуаIэу щытар фщIэжрэ? Ар адыгэ уэрэдыжьыр, адыгэ уэрэд гъэIукIэм ирашу, урысей уэрэд жыIэкIэм зэрырагъэтIысхьэ Iэмалти, сыт ямыщIами, цIыхум яхуегъэщтакъым. Шейблер Т. К. мыгъуэм, шэч хэмылъу, и мурадат ди уэрэд культурэм сэбэп къыхуэхъуну, ауэ абы и «обработкэхэм» цIыхум хужаIар фщIэжрэ? «Шейблер хэпшэфIыхьыжащ» щIыжаIар композиторыр Iэгуахъуэу аратэкъым, атIэ илъэс мин бжыгъэкIэ къагъэщIа уэрэд гъэIукIэр лъэпкъыпсэм и благъэт, и щIасэти аращ. «ХэпщэфIыхьыжыным» щыщт, псалъэм щхьэкIэ, Андемыркъан и уэрэдыр ежьууншэу епшэжьэнри.

Адыгэ уэрэдыжьхэр адыгэ уэрэд гъэIукIэкIэ зыгъэIу Хэку зауэшхуэм иужь илъэсхэм щыIагъэххэкъым, жыпIэ хъункъым: ХьэхъупащIэ Амырхъан и ансамблыр зэзэмызэ радиом кърагъэтIысхьэрт, Шыкъ Мыши «Гуащэмахуэ и уэрэдыр» жрагъэIэрт. Ало ЛутIэ радиокIи игъэIурт, и концертхэми щыжиIэрт «Нарт Сосрыкъуэ и пшыналъэр», «Iэдииху и гъыбзэр», «Шэджэмокъуэ Хьэсанш и уэрэдыр», нэгъуэщI зыбжани. Ауэ уэрэдыжьым иIа пщIэри, къарури, дахагъэри игъуэтыжыртэкъым.

Адыгэ уэрэдыжьым и дахагъэри, и къарури, и пщIэри нэсу къыдэзыхыжар КъардэнгъущI Зырамыкущ.

1957 гъэм Къэбэрдей радиом адыгэ уэрэдыжьхэм я конкурс иригъэжьат. Зырамыку игу къэкIыххэртэкъым а зэпеуэм хыхьэну. Мыбы и пэкIэ хьэгъуэлIыгъуэхэм, ныбжьэгъу зэхэсхэм щыжиIа мыхъумэ, абы радиокIи концерткIи уэрэд игъэIуатэкъым, уэрэдгъэIууи зилъытэжтэкъым, хэкуми уэрэдгъэIуу къыщацIыхутэкъым. Драматургыу, артисту, IуэрыIуатэзэхуэхьэсу мыхъумэ. Ауэ, ди насыпти, усакIуэшхуэ КIуащ БетIал мыгъуэм, Зырамыку и талантыр къыгурыIуэщ аби, лъэщыгъэкIэ жыхуаIэм хуэдэу, а конкурсым хишащ. Арати, радиом и хорыр ежьууэ,

КъардэнгъущIым уэрэдищ ирегъэтх: «Сэрмахуэр», «Нартыжь уэрэдыр», «Хьэтхым и КъуэкIасэм и уэрэдыр».

Ахэр япэ дыдэу радиокIэ къыщатым зэхэзыхахэм сэри сащыщщ. Сэ абы япэкIэ адыгэ уэрэдыжьым апхуэдиз лъэщагъэрэ дахагъэрэ къакъуэкIыну къызжаIами, си фIэщ хъунтэкъым. Апхуэдизу си псэр зытхьэкъуа уэрэд зэхэсхатэкъым! Нобэми ныжэбэми а уэрэдищыр си гум дыгъэрэ мазэу илъщ, къыкъуэкI-къухьэжу. Нэхъ иужьыIуэкIэ абыхэм къапыувэжащ «Нартыгу и уэрэдыр», «ГъущIыпсэ и тхьэусыхафэр», «Бэдынокъуэ и пшыналъэр», «Хъымсад гуащэ и тхьэусыхафэр». «Жансэхъухэ я тхьэусыхафэр», «Хьэтхым и къуэ Мыхьэмэт», нэгъуэщI Iэджи.

Мис а гъэм (1957) КъардэнгъущI Зырамыку Къэбэрдей псом уэрэдгъэIу цIэрыIуэ щохъу, и уэрэд къыщаткIэ, цIыхум я Iуэху къагъанэрэ едаIуэу.

Ауэ фи мыгугъэ Зырамыку и уэрэд гъуэгур тынш цIыкIуу ежьауэ. Зи гугъу тщIа конкурсым и жюрим зэдэарэзыуэ япэ увыпIэр КъардэнгъущIым къыхуагъэфэщащ, арщхьэкIэ абы къилэжьа хъупхъапщIэр (призыр) къратакъым: зыгуэрхэм яфIэфIтэкъым Зырамыку и цIэр Iууэ, и пщIэр хэхъуэу. Фэ къывгуроIуэ сэ «зыгуэрхэм» щыжысIэкIэ, абы мэкъумэшыщIи, егъэджакIуи, шофери, пхъащIи, ухуакIуи, дохутыри къызэримыкIыр: апхуэдэ унафэ мышыу зыщIынкIэ хъур къулыкъущIэщ.

Сыту гуфIэгъуэ, сыту насып зы бюрократи, зы щхьэзыфIэфIи Зырамыку и уэрэдым зэрыпэмылъэщар!

Абдежым щыувыIауи фи мыгугъэ КъардэнгъущIым и уэрэдыжьхэр зытхьэлэну хэтахэр. Сэ си нэгу щIэкIащ мыпхуэдэ хьэдыгъуэдахэ. Йоуэри, зэгуэрым Ленинград къокIри экспедицэ къокIуэ ди уэрэдхэр ятхыу пластинкэм ирадзэну. А зэманым сытым и унафэри зыщIыр обкомырати, студие къэкIуам ирагъэтхыну уэрэдхэм Зырамыку ейуэ хагъэхьар мащIэ дыдэт. Iуэхум етIуанэу хэплъэжыну комиссэм сэ сагъакIуэ, ди щIэныгъэхутэ институтым я цIэкIэ сыщыпсэлъэну. «Фэ унафэ фщIы закъуэ, сэ уэрэд дапщэ фыхуейми стхынущ», – жиIэрт экспедицэм я унафэщIым. Ауэ адыгэ гуэрхэм, Зырамыку и пIэкIэ, нэгъуэщI гуэрхэр пхралъэфыну никъуакъуэрт: «Зырамыку уэрэд жиIэркъым, Зырамыку мэкIий» («не поет, а кричит»), – жаIэурэ. Сэ сапэлъэщакъым абыхэм: обкомым я унафэр унафэу къэнэжри, щIэупщIэ зимыIэ «уэрэд» зыбжанэ ирагъэтхащ.

Абы и ужькIэ хьэлэмэт дыдэ къохъу. Экспедицэр, ди деж щищIэнур зэфIэкIа нэужь, Адыгейм макIуэ. Абы ирагъэтхынри гъунэжт, ауэ ахэр я щхьэ Iуэхум нэхърэ лъэпкъ культурэм нэхъ егупсысти, КъардэнгъущIыр Мейкъуапэ яшэри, и уэрэдхэр псори ирагъэтхащ. Сэ згъэщIагъуэу, сризэгуэпу сызэгупсысаращ: дэри дыадыгэщ, кIахэм дракъуэшщ, итIани къэбэрдейхэр апхуэдизу щхьэ дыщхьэзыфIэфIу пIэрэ? Зы талант къытхэхъуамэ, дыщыгуфIыкIыным и пIэкIэ, щхьэ дыхуэдзэлашхэу пIэрэ? Щхьэ лъэкIампIэщIэуэ хуэтщIыныр ди напэм къедгъэзэгъыфу пIэрэ?

Арати, абдежми Зырамыку и уэрэдхэр яхуэтхьэлакъым: абы къыпэувахэр псэ жыгъейхэт, уэрэдхэр щэджащэти, щэджащэм гъуэгу ягъуэтащ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Зырамыку и уэрэдхэм къебийхэр абдежи щыбэяуакъым. Хьэзыр хъуа пластинкэхэр заказ щащIкIэ, Зырамыку ейхэр нэхъ мащIэу, щIэупщIэ зимыIэхэр нэхъыбэу кърагъэшэну хуежьэрт, къашам и никъуэр, тыкуэным ирамыту, складхэм щIагъэкIуэдэжын мурадкIэ ябзыщIырт. КъардэнгъущIым и гъусэу сэри куэдрэ сыникъуэ-

къуащ мы Iуэхумкlэ, сыт щыгъуи ар обкомым екIуэлIэжу къыщIэкIырт – идеологиер зыIэщIэлъ къулыкъущIэ жьгъейхэм.

Арщхьэкlэ хэт дауэ зыкъыфIэмыщIыжми, уэрэдым и насыпыр зыIэщIэлъыр, Алыхьым и нэужь, цIыхубэрати, жьгъейхэм, Зырамыку зэрагъэбампlэм фlэкlа, зыри яхузэфlэкlакъым: КъардэнгъущIым и уэрэд къомыр, къру дамэкъуэм хуэдэу, къэбэрдей уэгум ихьэжащ. Адыгейми, Шэрджэсми, Шапсыгъми я уэгум итщ а къру къомыр. А зэманым къэрал гъунапкъэм бадзэ щхьэдэмыхыфу щытами, Зырамыку и кърухэр хуэубыдакъым гъунапкъэми: ахэр Иорданиеми, Сириеми, Тыркуми – адыгэ здэщыIэ къэрал псоми къыщоIу.



**Зырамыку и къуажэгъу цIыху цIэрыIуэхэм я гъусэу**

Алыхьым и шыкурщ политикэр талантым зэрыпэмылъэщыр: хуей-хуэмейми, 1961 гъэм, Шортэн Аскэрбий мыгъуэм и жэрдэмкIэ, КъардэнгъущI Зырамыку «Къэбэрдей-Балъкъэрым искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащ.

Зырамыку адыгэ уэрэдыжьым къыхуигъэушащ уэрэдгъэIу Iэзэ куэд – Къуныжь Хьэждал, Уэтэр Анатолэ, Мэремыкъуэ Хъусен, Бэрэгъун Владимир, Тут Заур, нэгъуэщI Iэджэ. Нобэ адыгэ уэрэдыжьым нэхъ лъапIэ уэрэд лIэужьыгъуэ лъэпкъым диIэкъым – дяпэкIэ зэрыхъунур Тхьэм ещIэ. Сэ Алыхьым солъэIу КъухьэпIэмрэ Урысеймрэ къикI джэду уэрэдхэм дыщихъумэну!

ЦIыхур къалъхуа нэужь, езыр-езыру зиузэщIын щхьэкIэ, и бынжэр пыупщIын хуейщ. Культурэм и бынжэр пымыупщIамэ нэхъыфIщ: къэзылъхуа анэм – цIыхубэм! – илъ къыщIэмылъэдэжмэ, ар псынщIэу хамэ мэхъу. Нобэрей адыгэ культурэм и бынжэр псэууэ, лажьэу къэзыгъэнахэм язщ КъардэнгъущI Зырамыку. Ар, шэч хэмылъу, Зырамыку и Iуащхьэмахуэщ.

КъардэнгъущIым и насып ещанэр щIэныгъэхутэ лэжьыгъэрщ, нэхъ гъэбелджылауэ жыпIэмэ – IуэрыIуатэм и зэхуэхьэсынымрэ тхылъу къыдэгъэкIынымрэщ.

Уэрэду, хъуэхъуу, усэу, псалъэжьу, къуажэхьу, таурыхъыу, хъыбарыжьу, анекдоту, къинэмыщІ Іуэрыіуатэу абы и гум щызэтрихьар тхылъ зыбжанэ хъунщ. Дэ дылъэпкъ лъэщу, ди Іущыгъэр хурикъуу щытамэ, ахэр, зы налъи дэдмыгъэхуу, магнитофонкІэ иттхыжынти, томтому къыдэдгъэкІыжынт. «Зырамыку и ІуэрыІуатэр» жиІэу. Си Іуэхут, ар зэбгрымыкІмэ! Арщхьэкlэ дылъэпкъ тхьэмыщкІэщи, апхуэди дигу къэкІыркъым икІи тхузэфІэкІыркъым.

1949 гъэм КъардэнгъущІыр Шортэным хешэ ІуэрыІуатэ зэхуэхьэсыным. Абы иужькІэ Зырамыку хэмыту экспедицэ куэд иригъэжьакъым ди щІэныгъэхутэ институтым. Профессор Яковлев Николай, Шортэн Аскэрбий, КІуащ БетІал, Балъкъэр Борис, Албэч Іэуес, Щоджэн Хьэзешэ, Чэрим Мухьэз сымэ я гъусэу Іэджэрэ щІищыкІащ Къэбэрдейри мэздэгу адыгэри, Шэрджэсейри, Адыгейри, ХыІуфэ Шапсыгъри. Нэхъ иужьыІуэкІи дэ нэхъыщІэхэм тхьэмадэу къытхэту, а хэкухэм къыщыддэлэжьащ Зырамыку, уэрэдхэр, макъамэхэр, хъыбарыжьхэр, хъуэхъужьхэр, таурыхъхэр итхыжу.

Мы ІуэхумкІэ КъардэнгъущІым хузэфІэкІар бжыгъэкІи къэплъытэ хъунущ – ар Іэджэ мэхъу, ауэ сэ гу зылъывэзгъэтэнур нэгъуэщІ лъэныкъуэщ. ІуэрыІуатэзэхуэхьэсым къыдежьащ ІуэрыІуатэцІэри: ІуэрыІуатэр «ирагъэфІэкІуэн», нэхъ «бей» ящІын, уеблэмэ пцІы ираупсын, ахъшэ къралэжьын мурадкІэ хэпщэфІыхьхэр икъукІэ зэранышхуэ хуохъу культурей тхыдэм. ІуэрыІуатэ зэхуэхьэсынми къыдэгъэкІынми Іэбжьанэ фІей егъэкІуэлІэн хуейтэкъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди ІуэрыІуатэзэхуэхьэсхэми къахэкІащ апхуэдэ «патриот». Абдежи къыщыувыІакъым ар, уеблэмэ «теорие» ящІауэ щытащ: «сэвецкэ ІуэрыІуатэр нобэ къалъхуу аращи, дэ акушеру дыщытыпхъэщ: иджырей ІуэрыІуатэр «Нартхэм» нэхърэ нэхъыкІэ хъун хуейкъым!» – жаІэу. Ар Урысейм къыщежьа гупсысэкІэт, Сталиным и Іужажэхэм «къагупсысауэ».

КъардэнгъущІым зэикІ хуэгъэдурысакъым апхуэдэпцІыр: абы итхыжа псори къабзэу – щымыщ хэмыхьэу, «емыгъэфІэкІуауэ», зэрыжаІам хуэдэу къызэтенащ. Ар фІагъышхуэу къэлъытапхъэщ. Зырамыку зэхуихьэса ІуэрыІуатэм дэ нобэ сыт и лъэныкъуэкІи дзыхь худощІ.

Апхуэдэщ абы къыдигъэкІа ІуэрыІуатэ тхылъхэри. Абыхэм ящыщу плІым я цІэ къисІуэну сыхуейт: (1) «Адыгэ ІуэрыІуатэхэр» (томитІу), Налшык: япэрей томыр – 1963, етІуанэрейр – 1967, (2) «Адыгэ псалъэжьхэр» (томитІу), Налшык: япэрей томыр – 1965, етІуанэрейр – 1967; «Нартхэр. Адыгэ лІыхъужь эпос». М., «Наука», 1974; «Адыгэ уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ», М., «СК», япэрей томыр – 1980, етІуанэрейр – 1981, ещанэрейр (Іыхьитіу) – 1986-90. ЕплІанэмрэ етхуанэмрэ дяпэкІэ къыдэкІыну дыпоплъэ.

Псом хуэмыдэжу ехъулІэныгъэшхуэр иужьрейращ. Лъэпкъым уэрэдрэ къызэрыфэ макъамэу иджырей зэманым къихьэсахэм я нэхъыфІхэр къыхэщыпыкІауэ ярытщ томитхум. Ахэр щІэныгъэм къихута нэхъ принцип щыпкъэхэм тету нотэм идзэжащ. Псалъэхэри, а принципхэм тету къитхыкІащ, урысыбзэкІи зэдзэкІыжащ. Хэзыгъэгъуазэ тхыгъэри, хъыбархэри, информацэхэри ярытщ. Мыри КъардэнгъущІым и Іуащхьэмахуэхэм ящыщ зыщ.

Мы антологием, Зырамыку нэмыщІ, елэжьащ Бэрэгъун Владимир, ГъукІэмыхъу Іэбубэчыр, Иуаныкъуэ Нурбий, Кабанов Андрей, Гъут Іэдэмрэ сэри дахэту. Дэ псори дигъэгъуазэу, диузэщІу къытщхьэщытащ

антологием и редактор нэхъыщхьэу щыта проф. Евгений Владимирович Гиппиус мыгъуэр – Алыхьым жэнэткIэ игъэгуфIэ!

Дэ дяпэ апхуэдэ антологие зыщIыфа къэралышхуэм исакъым зы лъэпкъ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэр сыт щыгъуи адыгэщ: мы тхылъ щэджащэм хуэфащэ пщIэ лъэпкъми, правительствэми, щIэныгъэлIхэми, композиторхэми, тхакIуэхэми хуащIыфакъым. Уеблэмэ тхылъыр зытхахэм тхьэигъэпсэу къажезыIэн къахэкIакъым. Ауэ абы щхьэкIэ зыми зигъэгусэу тIысыжакъым: лэжьыгъэр ноби йокIуэкI.



**Жанпагуэ и гъащIэ псор мы сурэтым зэритым хуэдэу кърихьэкIащ: хьэщIэкIэ фIыуэ, и шыгъупIастэр берычэту, и нэгур зэлъыIухауэ Зырамыку и хьэщIэ бжыгъэншэхэм сыт щыгъуи гуапэу яIущIэу.**

КъардэнгъуэщIым и Iуащхьэмахуищым язри зылI ирипэгэну ирикъунт. Дэ дощIэ – Бещто нэхъ лъагэ зимыIэ Iэджэм я бгъэр кърагъэкI, дэ тхуэдэ дэнэ къикIа жыхуаIэу. Iуащхьэмахуищ иIэ пэтми, Зырамыку зигъэщIагъуэркъым, и бгъэри къригъэкIыркъым, афэрым къилъыхъуэркъым. Дэ тхуэдэ зыуэ зилъытэжу къытхэтщ.

Афэрым, Зырамыку, афэрым!

Хэт дауэ зигъэпIиинуми хуитщ, ауэ батырыбжьэр зыхуэфащэр уэращ, ди ныбжьэгъужь, ди къуэшыжь, ди лIы щэджащэ!

**НАЛО Заур.**

# ХэкулI



Къыщыхъу щыIэщ, зыгуэрым дыщытхъуну щIэддзэмэ, дыщIихьэIуэу щедгъэлей, игъэлъэпIэным и пIэкIэ, а зи гугъу тщIыр дыхьэшхэн зыщIэхъукI псалъэшхуэ нэд куэдыIуэ щыжытIэ. Ауэ фи фIэщ зэрыхъун, Зырамыку елъэгэкIын хъуэхъу дэ нобэ тхужыIэну къыщIэмыкIын. Сыту жыпIэмэ инщ икIи бгъуфIэщ абы и Iуэхущiафэри.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ IуэхущIафэхэм я инагъыр дэ къабыл щытщIри гуапэ дыдэу дытепсэлъыхьын щыщIэддзэри а псалъэхэр зыхуэгъэзам щызэхимыхыжынум дежщ. Аращи, девгъэпIэщIэкI гуапагъэ зэжетIэну.

ГуапагъэкIэ гъащIэм щигъэкIахэм ящыщкъым КъардэнгъущI Зырамыку езыр. Ар сэ нэхъри хьэкъ сщыхъуащ и гукъэкIыжхэм сыкъеджа иужькIэ.

Зырамыку и цIэр фIыкIэ жыпIэ хъунут, лъэпкъ театрыр къэунэхуным, зиужьыным теухуауэ илэжьам фIэкIа абы и гъащIэм хэмытами.

Зырамыку бгъэлъапIэ хъунут, Iэщэр иIыгъыу зауэ гъуэгуанэ кIыхьыр, хьэлъэр, псэзэпылъхьэпIэкIэ гъэнщIар зэрикIуам щхьэкIи.

Ауэ зы лIыфI щIагъэлъэпIэн хуэдиз апхуэдэ лъэныкъуэ зыбжанэу зэхэлъщ КъардэнгъущIым и цIэрыIуагъэм лъабжьэ хуэхъу щхьэусыгъуэр.

ЩIэи гъуни иIэкъым жыхуаIэм хуэдэщ Зырамыку IуэрыIуатэхэкIыу зэхуихьэсыжар. Нарт пшыналъэхэр, хъыбарыжь гъэщIэгъуэныщэхэр, таурыхъхэр, псалъэжьхэр, къебжэкIхэр... ЖыпIэнуракъэ, «Адыгэ IуэрыIуатэкIэ» зэджэу нобэкIэ дызэрыгушхуэ къомыр зэрымыкIуэдыжам, зэрыщыIэм КъардэнгъущI Зырамыку и фIыщIэ ин хэлъщ. ФольклористикэкIэ зэджэ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ жыпIэмэ, ари мащIэ къехъуэкIынущ абы илэжьам.

Зырамыку, сыщымыуэмэ ящыщщ пасэ дыдэу ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьахэм. Адыгэ тхакIуэхэм ар нобэ ди нэхъыжь дыдэщ, ди тхьэмадэщ. Зыкъомым ямыщIэнкIи хъунщ, ауэ адыгэ театрым япэ дыдэу ягъэува лъэпкъ пьесэр зытхауэ щытар КъардэнгъущIырщ. Нобэр къыздэсым ди театрым и репертуарым хэтщ а пьесэ хъарзынэр. «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ», «Андемыркъан», «Къэбардэрэ Алътудрэ», «Хъуэжэ» тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэри Зырамыку и Iэдакъэм къыщIэкIащ, публицист, журналист лэжьыгъэ куэди иIэщ.

НэхъыфIыжу жызыIэн Тхьэм къигъэунэху, Зырамыку и пщIэмрэ и щIыхьымрэ абы зыкIи игъэлъэхъшэну къыщIэкIынкъым, ауэ си щхьэкIэ адыгэ уэрэдыжьхэм тепсэлъыхьIауэ щызэхэсхкIэ, сэ зи теплъэ си нэгу къыщIыхьэри, зи макъ си тхьэкIумэм итри КъардэнгъущI Зырамыкущ.

Шэч къытесхьэркъым «Адыгэ уэрэдыжь» жыхуиIэ псалъэхэр ди лъэпкъым куэдрэ, куэдрэ зэрызэрихьэнум.

«Дыщэ фонд» жыхуаIэм хуэдэ ди радиом иIэу щытмэ, шэч хэмылъу, абы хыхьэ нэхъ пажэхэм ящыщу къыщIэкIынщ Зырамыку къигъуэтыжамрэ гъэщIэгъуэныщэу къиIуэтэжахэмрэ. Абы и макъым, и къэIуэтэжыкIэм хэлъщ къыбдамылъхуамэ зыхэплъхьэфынкIэ Iэмал имыIэу узыIэпызышэ гуэр. А жысIэм щыхьэт тIуащIэ къытехъуэну къыщIэкIынщ, радиокIэ, телевизоркIэ мыхъуу, езы Зырамыку бгъэдэсрэ гу ихакIэ ар гушыIэу зэхэзыха дэтхэнэри.

Дауи, насыпышхуэщ лъэпкъ псо зэрыбгъэгушхуэн лъэкIыныгъэ уиIэу дунейм укъытехьэныр. КъардэнгъущI Зырамыку нэхъ цIыху насыпыфIэ дыдэхэм яхэбжэн хуейт. Ауэ гъащIэм ар зэи щигъэщIакъым и удынхэм: зыр адрейм кIэлъыкIуэу жыхуаIэм хуэдэу дунейм ехыжащ абы и бынищри. Уи пкъым къикIа щIалищ уи IэкIэ щIэплъхьэжын жыхуэпIэр – ар хьэлъэ дыдэщ, гу махэрэ псэ махэрэ зиIэ цIыхур къызэмылхэм ящыщщ. Ауэ IуэхущIафэ инхэм хэт цIыхур гъащIэм и удын хьэлъэхэм нэхъ пэщIэтыфу къыщIэкIынущ. Къелауэ ноби лъэпкъым хуолажьэ.

НтIэ, гукIи псэкIи сынохъуэхъу, Зырамыку, гуауэри гуапэри къыбдэзыгуэш уи щхьэгъусэ Жанпагуэ къыббгъурыту, уи къуэрылъху цIыкIухэм я насып плъагъуу, лъэпкъым ухуэтхэу, дыбгъэгушхуэу, дыбгъэгуфIэу иджыри куэдрэ укъытхэтыну!

**IУТIЫЖ Борис.**

# ШЭРДЖЭС Алий

## ПХУЭДЭ ЩЫIАКЪЫМ...

*КъардэнгъущI Зырамыку и фэеплъу*

Дуней къутэгъуэм ухалъхухьати,
Зэман шынагъуэм ухапIыкIат.
Гъуэгу зэхэкIыпIэм упхыплъыфати,
Лъэпкъым и фIыгъуэр уи гум къищтат.

Уи макъ телъыджэу псэр дэзыхьэхыр
Си гъащIэ гъусэу сыкъэтэджат.
Ди уэрэдыжьхэу зэхуэпхьэсахэм
Уи зэчийм псэщIэ къахилъхьэжат.

«ГъущI» зыпыт псалъэт уи унагъуэцIэр.
Жырым хуэмыхьри уэ бгъэвыфат!
ЯфIыпхырыптхъри гъащIэм и фIыцIэр,
Уи цIыхугъэшхуэр пхъумэжыфат!

Зауэм и дыджи, тетхэм я пыджи
Уэ цIыху псэ къабзэм къызэбнэкIат.
Ди IуэрыIуатэ щылъыр бгъэтэджри,
Ар бгым дэпшыни пхузэфIэкIат!

Сэ зэзэмызэ сыныщыпIущIэр
Тхьэшхуэм и тыгъэут зэрыслъытар.
А зэIущIэгъуэм и къаруущIэр
Куэдрэ схурикъуут зэрыщытар!

Лы ныбжь гуащIафIэ къэбгъэщIэфами,
Уи жьауэм нэхъри дыщыгугъат…
Зэманыр зыми къигъэпцIэфакъым,
Ар уэ плъэкIынуи дэ къытфIэщIат…

Дызэмыжьауэ дыджт уи ухыгъэр,
Лъэпкъым ар махуэ фIыцIэ хуэхъуат.
КъытфIэщIт гуэхуауэ ди щIэлъэныкъуэр,
Къыптемыплъари къыпхуэщыгъуат…

Уи гъащIэ хьэлъэм, ауэ купщIафIэм
Угъущ I Iэпкълъэпкъыу упхыкIыфащ.
«Зырамыку щыгъуэ!» пхужаIэфыну,
Уи щIагъэр фэеплъ уэ пщIыжыфащ!

Лъэпкъым и тхыдэм и куэдщ лъэхъэнэ —
НобикI зэм-зэмкIэ къызыкъуэтхыж.
Уэ здэпхьыжа лъэхъэнэ нэхунэр, —
ЩыIэху адыгэ, — гуимыкIыжщ…

Сэ сыщIэтат уи кхъаблэм нэщхъейуэ,
КхъащкIэ IэмыщIи пкIэлъиздзэжат…
Ауэ укъонэ сэркIэ упсэууэ —
Уи макъ си унэм зыкъыщеIэт!

ЗауэлI, тхакIуэшхуэ, уэрэдгъуо Iэзэ,
ЦIыхугъэ лъагэр ену зиIа!
Ди лъэпкъ щэнгъуазэм щыта и гъуазэу,
ЩIэблэм я щапхъэу сыткIи къэна!

ЦІыху гъащІэр тхыдэ напІэ Іэтыгъуэщ,
Уи цІэр ди уэгум вагъуэу къихъуащ.
Іэужь телъыджэр уасэншэ щІагъэщ,
Лъэпкъ хуэпэжыгъэм нып ухуэхъуащ!..

Сыпхыроплъыжри адыгэ тхыдэм,
Пхуэдэ щызгъуэткъым узэзгъэпщэн!
Си лъэІур зыщ, си гущІэм щыбыдэу:
Тхьэм къыдитыну лъэщтэгъу пхуэхъун!..

**Хьэбэз. Бадзэуэгъуэ, 2009 гъэ.**

# ГЪУТ Іэдэм

## ЗЫРАМЫКУ АХЪШЭФІЫМ ЗЭРЫХЭКІЫЖАУЭ ЩЫТАР

*ГукъэкІыжхэм щыщщ*

Мыр илъэс зыбгъупщІ ипэкІэ езы ди нэхъыжьым жиІэжу зэхэсхыгъати, зэрысщІэжым хуэдэ дыдэу къызоІуэтэж.

Зырамыку и автобиографием зэрыритхэжащи, зауэр и кІэм нэсауэ, уІэгъэ хьэлъэ хъури, куэдрэ госпиталым щІэлъащ. Дунейр мамыр зэрыхъужрэ зыкъом дэкІауэ къигъэзэжа нэужьи, зыхуеджа артист ІэщІагъэм асыхьэтым иримылэжьэфынкІэ шынагъуэ иІэти, зы илъэс енкІэ къуажэм дэсащ. ИтІанэщ Налшык къыщигъэзэжар. Зауэм фэбжь хэзыхахэр илъэс къэскІэ зэ медкомиссэм яшэрти, я Іуэху зытетым еплъхэрт: хъужахэр никъуэдыкъуэхэм хагъэкІыжырт, мыхъужахэм, а зэманым елъытакІэ, пенсэ пэлъытэу, ахъшэ хъарзынэ къратырт. Зырамыку и лъэдакъэхуэм фочышэ къытехуат, и щхьэми шэр зы нэкІубгъумкІэ къыщыхыхьэщ, къупщхьэ зыкъом зэхикъутэри, сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкІэ, нэзэрыхъэм деж хэнауэ, хирургхэм къахухэмыхыжауэ хэлът. ИкІи ар зэрыхэлъу дунейм ехыжащ.

АтІэ, зэгуэрым а илъэс комиссэ хуэдэм яшауэ, дохутырхэм ящыщ зым Зырамыкур лъэныкъуэкІэ Іуешри къыжреІэ:

– Уэ, Кардангушев, пхуэтщІапхъэ къэнакъым, псори пхуэтщІащи, нобэ щыщІэдзауэ ахъшэ зратыпхъэхэм ухэдгъэкІыжыни укъыхэднэни тлъэкІынущ, дэ Іуэхум дызэреплъщ. Укъыхэнэну ухуеймэ, нэхъыбэІуэ зратынухэм ухэдгъэхьэфынущ, ауэ къуатым и никъуэр дэ къыдэптыжыну дызэгурыгъаІуэ.

Зауэм фэбжьышхуэ хэзыхам, гъэр хъууэ нэмыцэІуэм куэдрэ исам, хъыбарыншэу абы илІыхьынкІэ хъуну щытауэ насыпырыхькІэ къелам ар и гум техуакъым:

– Фэстынукъым!– жиІэри пиупщІащ.

Арати, комиссэм и пащхьэ щихутэм, мо Іузышар къотэджри мыпхуэдэу жеІэ:

– КъардэнгъущІыр фэбжь телъу къэкІуэжахэм ящыщщ. Госпиталми щІэлъащ, иужькІэ унэми зыщигъэпсэхужащ. Дохутырхэм хуащІапхъэ псо-

ри ящIэурэ, къэралым и собес органми иджыри къэс зыкъыщIигъэкъуащ. Иджы мис, лэжьапIэ Iутщ, и щхьэ епIыж, дяпэкIэ ахъшэ лей щIептын ныкъуэдыкъуагъэ бгъэдэлъыжкъым.

Арати, и ныкъуэдыкъуагъэр зауэм къызэрыхихар нэрылъагъу щхьэкIэ къэмынэу, «ягъэхъужауэ» щытащ. Абы и Iуэхур сыт хуэдизу мынаIуэми, лъаIуэу, дауэу, тхьэусыхэу къикIухьын и щхьэ хуигъэфэщакъым, икIи, жыгъэкIэ пенсэм кIуэуэ тIысыжыху, зы сом кърату щытакъым, къилэжь улахуэмрэ гонорар гуэрхэмрэ мыхъумэ, ауэ щыхъукIи, и щхьэм шэ хэлъу, и лъэдакъэхуэр зэпыудауэ, жьыр къыпиубыд зэпыту, и шхалъэм сэкъат иIэу, радикулитми пIалъэ-пIалъэкIэ къриуду екIуэкIами.

– АтIэ, ныкъуэдыкъуапщIэ къыумылэжьауэ къыпфIэщIыжрэт, щхьэ умытхьэусыхэжарэ? – жиIэу абы зыгур къыщеупщIым, мыращ Зырамыку жэуапу итыжар:

– А сэ сыкъызэлам зы шэ цIыва закъуэт сыкъэмыкIуэжыххэн щхьэкIэ хуейр. Сэр нэхърэ нэхъ лIыфI Iэджи хэкIуэдащ абы, я цIэ къудей дунейм къытемынэжу. Псэууэ сыкъызэрыкIуэжар икIи ахъшэщ, икIи насыпщ, икIи орденщ, медалщ.

Зи щхьэ и пщIэ фIыуэ зыщIэж адыгэлIым зыхуигъэфэщэжакъым мо хьэжьвакъэжьышххэм запэщIисэу дэуакIуэ утыку ихьэн. Абы щхьэкIэ нэхъыкIи хъуакъым. Хэт ищIэн, апхуэдэ шыIэныгъэ хэмылъатэмэ, а лIы телъыджэм игъэхъа псор къемыхъулIэнкIи хъунт.

## ЗЫРАМЫКУ И ГУШЫIЭКIЭХЭМ ЯЩЫЩ

Мы хъыбарыр зи ахърэтыр нэху хъун Шэвлокъуэ Петр жиIэжу зэхэсхащ. ИужькIэ езы Зырамыкуи къезгъэIуэтэжри, зыгуэрхэр згъэтэмэмыжащ.

Зэгуэрым Зырамыку зы рассказ итхри, а зэманым къыдэкIыу щIэзыдза «Iуащхьэмахуэ» журналым ихьащ. Абы Iэрытхыр зритар Шырыхъу Хьэмырзэт (цIэмрэ унэцIэмрэ зэхъуэкIауэ къызохь), ар лIыфIт, гуапэт, Iуэхуми фIыуэ хищIыкIт, ауэ а сыхьэтым абы и гушыIэныр къикIри, тхыгъэр къыщищтэм щыгъуэ къыжиIащ:

– Ахьа, Зырамыку, иджы уи Iуэхур си IэмыщIэ илъ хъуакъэ? Сызэрыхуей дыдэу унафэ сщIыну сыхуитщ!

– Ухуитщ, ухуитщ, – жиIэри къыщIэкIыжащ мыдрейри.

ГушыIа щхьэкIэ, Зырамыкум и рассказыр къахутемыдзэурэ, журналым и зы номерыр къыдэкIащ, етIуанэри дунейм къытехьащ. Хьэмырзэмрэ Зырамыкурэ зэхуэзамэ, япэ дыдэм щыгъуэ зэрызэдэгушыIам тету: «Си IэмыщIэм уилъкъэ!» – къыжриIэрт, мыдрейри пыдыхьэшхыкIт.

Зыкъомрэ ишэчащ ар тхакIуэм. Ауэ зэгуэрым Хьэмырзэ зыщIэс пэшым и бжэм зыгуэр сакъыпэурэ къытоуIуэ. «КъыщIыхьэ!» – щыжаIэм, бжэр хуэм дыдэурэ Iуехри, мащIэу зигъэщхъауэ, Зырамыкур бжэщхьэIум нытоувэ:

– Пэж дыдэу, сынықIыхьэ хъуну?

ЩIэсхэр, Къардэнгъущ Iыр зэрыактерышхуэр ящIэрти, мыбы сыту пIэрэ дигъэлъагъуну теплъэгъуэр жыхуаIэу, щым хъуащ.

– Сыт щIэмыхъунур, Зырамыку? Си IэмыщIэ уилъми, къакIуэ мыдэ! – жеIэ Хьэмырзи.

А зэманхэм щыгъуэ унэр хьэкукIэ ягъэплъу щытащ, иджырей бата-

реехэр щыIакъым. Зырамыкур лъапэкIэ щытурэ, Хьэмырзэ и стIолым бгъэдохьэри, убзэ пэлъытэурэ жеIэ:

– Уа, Хьэмырзэ, а зэгуэр уэстауэ щыта рассказым зыгуэрхэмкIэ сигу хуэныкъуэщи, зэзгъэзэхуэжынут, къызэптыж хъуну пIэрэ?

– Сыт щIэмыхъунур, зиунагъуэрэ, мис мыбдеж дыдэм телъщ, – жеIэри модрейми, зыкIи шэч имыщIу, Iэрытхыр къещтэри авторым къыхуеший.

Зырамыку, а зэрыIэдэбым хуэдэурэ, мэIэбэ, къещтэж, щабэу къикIуэтурэ хьэкум йокIуалIэри, мо зэхэсхэм ящыщ гуэри пэрыуэнкIэ Iэмал ямыIэжу, «ПщIэр сыт, зиунагъуэрэ!» жаIэу зэрыгъэкIийхэу, хьэкубжэр зэIуегъэж аби, тхыгъэр мафIэ гуащIэм пэредзэ. ИтIанэ и щхьэр лъагэу еIэт, и бгъэр кърегъэкIри, стIолыр зейм зыхуегъазэ:

– Ахьа, Хьэмырзэ, уи IэмыщIэм сыкъикIыжакъэ иджы! Си Iуэхущ дяпэкIэ си щхьэр пхуэзгъэщхъыжмэ, – жи.

Хьэмырзи адрей щысахэри къэуIэбжьат, ауэ япэ зыкъэзыщIэжахэм ящыщ зыр къэпсалъэри:

– Уэлэхьи, Хьэмырзэ, Зырамыку лIыгъэкIэ къыптекIуам, – жиIащ. – Ауэ къэхъуар зэбгъэзэхуэжыну ухуеймэ, мыбы щIэс псори дыщыхьэту, зэкIужыпщIэ Iэнэ къэбгъэувыну къыптохуэ.

Арати, Iуэхур зэныбжьэгъу зэхуефэкIэ иухыжауэ щытащ.

## ИНАРЫКЪУЕЙХЭМ Я УЭРЭДЫР КЪЫЗЭРЫДГЪУЭТАУЭ ЩЫТАР

ХэкулIым и гъащIэмрэ езы хэкумрэ зэхэхыпIэ яIэкъым – зыр адрейм щыщ Iыхьэщ. Зэгуэрым Зырамыку и щхьэ закъуэм кърикIуахэмрэ адыгэ уэрэд нэхъ дахэхэм ящыщ зым и тхыдэмрэ зэрызэпыщIар мыращ.



**Зырамыку и лэжьэгъуа ЩIыпIынэ Аслъэнрэ Гъут Iэдэмрэ я гъусэу.**

1972 гъэм и гъэмахуэкIэу, сэ аспирантурэм сыщеджэу, зыгъэпсэхуакIуэ сыкъэкIуэжат. Зырамыкурэ Нало Зауррэ къызэджащ, экспедицэ укIуэн, жаIэри. Абы щыгъуэщ сэ Зырамыку нэхъыфIу къыщысцIыхуари, езым IуэхукIэ сыкъыщицIыхуари. Гупышхуэу дежьэри, мазэкIэ къэткIухьащ. Абы щыгъуэ слъэгъуахэм ящыщу сигу нэхъ къинэжащ мыр.

Дэнэ къуажэ дыдэмыхьами, Зырамыку и гупым дыщыщу къащIэмэ, я унэбжэхэри ягухэри къытхузэIуахырт. Дыщылажьэр Тэрч районра-

ти, хьэщIэщ дызыщIэсым мыIэрысэр, жызумыр ашычкIэ гъуэлъыпIэ щIагъхэм щIэгъэлъэдэжауэ щIэтт, икIи ар зи фIыщIэр джылахъстэнейхэм КъардэнгъущI Зырамыку хуэдэхэм хуащI пщIэшхуэрат.

Еуэри, къуажэ-къуажэкIэ къыздэткIухьым, зы махуэ гуэрым Инарыкъуей дынэсащ. Зэрыхабзэу, япэ щIыкIэ къуажэ советым дыIухьэри зыгуэр нэхъ жызыIэфыну жылэм дэсхэр зэдгъэщIащ. Абы и ужькIэ гупышхуэм хэтхэр тIурытI-щырыщурэ зыдгуэшщ аби, КIасэ Алий мыгъуэмрэ сэрэ Ныбэжь Хьэбалэ къытлъысащ. Абы дыкIуэну дыкъыщыщIэкIым, гъуазэ тхуэхъуа щIалэм щэхуу къыджиIащ:

– Фыкъаплъи-фыкъэдаIуэ, хэт дэнэ кIуэми, а фэ фыздэсшэм псори щызэхуэсыжынукIэ. Абы нэхъ Iэзэ ди къуажэ дэскъым.

Ныбэжь Хьэбалэр лIы зэпIэзэрытт, ауэ дызытекIухьар тэмэму къыгурыIуа хъунтэкъыми, занщIэу зыкъызэIуихын игу къэкIыххакъым. Ижь зытщIкIи, сэмэгу зытщIкIи щымыхъум, иужь дыдэ Iэмалу диIэж закъуэр къэдгъэсэбэпащ:

– Дэ ди закъуэкъым, – жиIащ Алий, – ди пашэр КъардэнгъущI Зырамыкущ, ар нэгъуэщIыпIэкIэ яшащи аращ, армыхъумэ нэхъыжьыншэ гупу дыкъежьакъым, абыи мыбыкIэ къигъэзэн хуейщ.

Ар зэрызэхихыу, Хьэбалэ, и теплъэм зихъуэжри, и нэгухэр зэлъыIуихыжащ, дригъэблэгъащ, щIалэ игъакIуэри и гъунэгъуитI ежьууну къишащ, ди магнитофоныр дигъэухуэри, езыри хьэзыру къэтIысыжащ. А махуэм Хьэбалэ жиIэуи, и гъусахэм жаIэуи уэрэдрэ хъыбару зыбжанэ ттхащ. Ныбэжьым макъ щабэ дахэ иIэт, уэрэд жыIэным хуалъхуакъэ мыр жыпIэну. Ар икIи гурыхуэт, куэд ищIэжт, гуп хэхуэмэ, куэдрэ уэрэд жрагъэIэу щытуи къыщIэкIынут.

Дыкъэзыша щIалэм зэрыжиIа дыдэм хуэдэу, хэт дэнэкIэ кIуами, Хьэбалэ деж къаутIыпщурэ, икIэм-икIэжым экспедицэм хэт псори зы унэм дыщызэхуэсыжащ. Ауэрэ езы Зырамыкуи къыщыщIыхьэм, Хьэбалэрэ и ныбжьэгъухэмрэ, хэкур зи пщэ дэлъ къулыкъущIэшхуэ зэрыпемыжьэну пежьахэщ, нэмысышхуэ хуащIащ. Псори тIысыжа щхьэкIэ, лэжьыгъэм пытщэным дынэмысауэ Хьэбалэм жеIэ:

– Уа, Зырамыку, радиокIэ уи макъ щызэхэсхым деж, мыбы сыпеуащэрэт, жысIэу си гум къокI. Уэрэд зэдэжыдгъэIэ.

АрщхьэкIэ, Зырамыкум зы уэрэдыжь къыхидзэу, радиокIэ мыхъуу, атIэ и пащхьэ дыдэ къыщыIуу и макъыр щызэхихым, Хьэбалэ зэуэ икIуэтыжащ:

– Уэлэхьи, сыт хуэдэу зызмыгъэIэзэми, уэ сызэрыппеуэфын макъ сэ симыIэ, ауэ, хэт ищIэн, ди нэхъыжьхэм къапысхауэ сщIэж гуэрхэр ныбжесIэмэ, ари зыгуэркIэ къыпщхьэпэнщ.

Арати, ирагъэжьэжри, абдежым инарыкъуейдэсхэм зы уэрэди уэрэдитIи дагъэтхащ. Ауэрэ, зы нокIуэ жаIэм, тIу нокIуэ жаIэурэ, уэрэду ящIэр яухыу пIэрэ жыпIэн хуэдэ мэхъу. Дэри щабэуэрэ дыщIоупщIэ: иджыри зыгуэр къанэу пIэрэ? Абдежым ди бысымхэр щэхуу зэхъуцацэ мэхъу, ауэ Хьэбалэм мащIэу зехъунщIэ. Псалъэ кIапэлъапэу зэхэтхым щыщу си тхьэкIумэм къоIуэ: «Хьэуэ, ахэр егбгъэтх хъунукъым... емыкIущ». АрщхьэкIэ Зырамыку апхуэдэу фIырыфIкIэ уIэщIэкIынт, япэ щIыкIэ зи гугъу ящIыр зрегъащIэ. ИгъащIэм дэри зэхэдмыхауэ, езы Зырамыку дыди зэхимыхауэ, революцэм и пэкIэ Инарыкъуей къыщыхъуа мафIэсым хуаусауэ щыта уэрэду къыщытщIэм, дэ Хьэбалэм дытегуплIэу дыхуежьащ, мыкIуэдыжыпэн щхьэкIэ дигъэтхыу фоноархивым хыдигъэлъхьэну. Сытми, ди хьэтыр къилъагъури, Ныбэжь Хьэбалэ абдежым а уэрэдыр япэу щигъэзэщIащ, къыбгъэдэса и къуажэгъухэр дежьууэ.

Дэ Хьэбалэ сымэ псалъэ еттат, уэрэдыр архивым хэдгъэлъыну фIэкIа радиокIэ къедмыгъэтыну, ауэ бзур пIэщIэлъэтамэ, къыпхуэубыдыжын? Апхуэдэ уэрэд дахэ птха хъуауэ, Къэбэрдей псом щыпхъумэфыну къыщIэкIынтэкъым. Арати, «Инарыкъуей мафIэсым и уэрэдыр» Зырамыку къыхидзэу, радиом и хорыр дежьуужу ятхри, мис аращ утыкум къихьа зэрыхъуауэ щыта щIыкIэр.

## КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку

*Тхыдэ хъыбар*

# Мысостей бжьищ

Гуп зэхыхьамэ, къыкIэрыхуар «Мысостей бжьищ» жаIэу ирагъафэ хабзэщ. Иныкъуэми ар ядэркъым: «Дэ ды-Къетыкъуейщ» е «дэ ды-Бэчмырзейщ» жаIэри. Мысостейхэми: «Дэ ды-Мысостейщ, уэ дэ удихьэщIэщ, ди хабзэр бгъэзэщIэн хуейщ», – жаIэ. Абы щыгъуэми, «Мысостейуэ» зыкъэзылъытэжхэми куэд къахэбгъуэтэнукъым Мысостейуэ зыкъыщIалъытэжымрэ «Мысостей бжьищ» щIыжаIамрэ ящIэжу. Абы къыхэкIкIэ куэд щIоупщIэ: «Сыт апхуэдэу щIыжаIэр? Дэнэ а хабзэр къыздикIар?»

А хабзэм щытепсэлъыхьхэм деж езы къэзыIуэтэжхэри зэтехуэркъым. Зэрызэтемыхуэр а хабзэр къезыгъэжьауэ жыхуаIэ пщыхэм я цIэхэр къыщраIуэм дежщ. Иныкъуэм зэрыжаIэмкIэ, а Iуэхум хэтахэр Къазий и къуищ Бэчмырзэ, Мысост, ХьэтIохъущыкъуэ сымэщ. Ауэ апхуэдэу жызыIэхэр щоуэ. Сыту жыпIэмэ, Къазий къуэ иIакъым Бэчмырзэ и цIэу. Мыдрейхэм зэрыжаIэмкIэ, ахэр Къазий и къуищырщ: Къетыкъуэ нэхъыжьу, Мысост курыту, ХьэтIохъущыкъуэ нэхъыщIэу. Апхуэдэу жызыIэхэри щоуэ. Сыту жыпIэмэ, Къетыкъуэ и цIэу Къазий къуэ иIакъым. Къетыкъуэ зи къуэр Беслъэн ПцIапцIэщ, ар Къазий и адэшхуэщ. (Беслъэн ПцIапцIэ и къуэр Къетыкъуэщ, абы и къуэр Къазийщ – зи гугъу тщIыхэм я адэрщ).

ИпэжыпIэкIэ Къазий къуищкъым, атIэ къуитху иIащ. Мис ахэр, нэхъыжь-нэхъыщIэкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу: 1. ХьэтIохъущыкъуэ – нэхъыжьщ (ХьэтIохъущыкъуэ лъапсэр къыщежьар абы и дежщ). 2. Щолэхъу къуэ етIуанэщ. Щолэхъуу пщыхэм щы яхэтащ. Япэрейр Тепсырыкъуэ и къуэрщ, «Щэджащэу ди Щолэхъужь» жыхуаIэ уэрэдыр зейрщ. ЕтIуанэр Сэнджэлей и къуэрщ. Ещанэр мы зи гугъу тщIырщ. 3. Янбулэт къуэ ещанэщ. 4. Мысост къуэ еплIанэщ. 5. Ислъам къуэ етхуанэщ.

Къазий къуитху иIа пэтрэ, къэзыIуэтэжхэм псоми жаIэ: «Къазий и къуищ», «Къазий и къуищым хэкур яхуигуэшащ». Апхуэдэу псоми щыжаIэкIэ, абы зы пэж хэлъу къыщIэкIынщ. Сыту жыпIэмэ, абы и къуитхум ящыщу зи жылагъуэцIэ къэнахэр 3-щ: ХьэтIохъущыкъуей, Мысостей, Ислъэмей (зи гугъу тщIыр Бахъсэн аузым дэс Ислъэмейрщ). Къазий адрей и къуитI Щолэхъурэ Янбулэтрэ е дунейм пасэу ехыжахэу къыщIэкIынщ, – дауэ щытми, Къазий и щIапIэм щыщ абыхэм ялъысауэ е тхыгъэхэм ярыткъым, е къэзыIуэтэжхэм ящыщу зыми жиIэркъым. КъимыдэкIэ, «Къазий и къуищым Къэбэрдейр яхуигуэшащ» зэрыжаIэр пэжу къэплъытэ хъунукъым. А зэманым куэдкIэ и пэ къихуэу Къэбэрдейр арыншэми пщыгъуэ-

пщыгъуэкIэ гуэшауэ щытащ. Джылахъстэнеймрэ Талъостэнеймрэ я гугъу умыщIыххэми, езы Къэбэрдейм а зэманым пщыгъуэр ину щаIыгъыу, Хэкум щыщу щIыпIэшхуэ яубыдауэ Темрыкъуэ и бынхэм, и къуэшхэм я бынхэм, абыхэм я быныжхэм яIыгъащ. Къазий и адэ къуэш Жансэхъу и къуиблыр, Къазий и къуэш дыдэ Щоджэнокъуэ и къуихыр (Алыджыкъуэ ЩхьэцIакIэ я Iэтащхьэу), езы Къазий и къуитхур и гъусэу – а лIакъуищыр Бахъсэн псыхъуэ (иджы Зеикъуэ къуажэм и Iэшэлъашэм) щыпсэуахэщ.

Аращи, зи гугъу тщIы «хабзэр» – «Мысостей бжьищыр» – къезыгъэжьам хэтауэ къэплъытэ хъунур Къазий и къуэхэм ящыщу ХьэтIохъущыкъуэ, Мысост, Ислъам сымэщ. Ахэр щыпсэуа Бахъсэн псыхъуэр езы Къазий яхуигуэшауэ щыта е езыр лIа нэужь, и къуэхэр зэбгрытIысыкIа (абыхэм яубыдауэ щыта щIыпIэхэр иджы къэхутэжыгъуейщ), сытми, зэбгъэдэкIри, илъэс зыбжанэ дэкIауэ Мысостым игу къихьащ и къуэшитIыр къригъэблагъэу зыбгъэдигъэсыну, зэш-зэхуефэ яхуищIыну. Арати, къыщригъэблагъэ пIалъэмкIэ и къуэшхэм хъыбар яригъэщIащ, езыми а пIалъэм ирихьэлIэу фадэ-пIастэкIэ зигъэхьэзыращ.

ПIалъэр къэсри, и къуэшитIыр къэкIуащ, я шу гуп зырызыр я гъусэу. Я пщылI гъусэхэр ящхьэщыту зэшищыр Iэнэм тIысащ, мэрэмэжьейр ярыту я бжьэ зырызи Iэнэм къытрагъэуващ. ХьэтIохъущыкъуэ нэхъыжьт, хъуахъуэу япэ ефэн хуейр арт. Ауэ бажэм нэхърэ нэхъ бзаджэт, щхъухь хэлъкIэ шэч ищIырти, хъуахъуэри емыфэу тригъэувэжащ (и ныкъуэм зэрыжаIэмкIэ, хъуахъуэри къыщхьэщытхэм ящыщ зым иритащ). Ар пэжу къыщIэкIынукъым, сыту жыпIэмэ, нэгъуэщI зыгуэрым иритрэ ирифамэ, Мысост ирифа бжьищыр дэнэ къикIа? Ислъам нэхъыщIэти, ари хъуахъуэри, и шынэхъыжь ХьэтIохъущыкъуэ зэрищIам хуэдэу, тригъэувэжащ, емыфэу. И къуэшитIым ефэну дзыхь зэрамыщIыр Мысост щилъагъум, губжьри гукъанэ яхуищIу жиIащ: «АтIэ, нобэ щыщIэдзауэ сэ си блыгу щIэтхэм хабзэ яхузощI, езыхэр гуп яхыхьами, Мысостей бжьищ ефэнхэу, езыхэм къахыхьари ирагъэфэну». Езым и бжьэри зытехъуэхъухьу къуэшитIым ирамыфа я бжьэхэри – бжьищри ирифащ. «Мысостей бжьищыр» абы къыщежьащ. Къезыгъэжьар Къазий и къуэшищырщ, къыщежьари Бахъсэн псыхъуэщ.

«Мысостей бжьищым» нэмыщIауэ, къэбэрдейхэм «Къетыкъуей бжьищ» жаIэ. Апхуэдэу жаIэныр къызыхэкIа Къетыкъуэхэми хъыбар гъэщIэгъуэн тражыIыхь. Абы къыхэкIыу «Къетыкъуей бжьищым» и хъыбарри жыIэпхъэщ.

Мысостейхэр а зэманым Бахъсэн псыхъуэ дэсамэ, Къетыкъуейхэр иджы Аргудан, Лэсчэн, Урыху къуажэхэр здэщыс щIыпIэхэми исащ. (А щIыпIэхэр япэ щIыкIэ «Талъостэнейуэ» щытащ – Янхъуэт и къуэ Талъостэн и цIэкIэ, иужькIэ Талъостэн и къуэш нэхъыщIэ Беслъэн ПцIапцIэ и къуэ Къетыкъуэ и цIэкIэ а щIыпIэм «Къетыкъуей» хужаIэу щIадзащ. Къетыкъуэ щылIэм, абы и къуэ Аслъэмбэч пщыгъэр къыхуэнащ). «Къетыкъуей бжьищ» псалъэр Аслъэмбэч деж къыщежьауэ, зэрыхъуари мыпхуэдэу яIуатэ.

Къетыкъуэ и къуэ Аслъэмбэч и пщыгъэ зэманым, осетин къуажищ абы къелъэIуащ къыдэкIыу къурш лъапэ тафэм къытетIысхьэну хуит ищIыну. «Захуэщ, – жиIащ Аслъэмбэч, – ауэ а IуэхумкIэ дызэгурыIуэн щхьэкIэ япэ щIыкIэ дызэхуэзэн хуейщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, фи лIыкIуэхэр мыпхуэдэ махуэм Улэ и Iуащхьэм къевгъэкIуалIэ. Сэри сынекIуэлIэнщи, абы дыщызэгурыIуэнщ».

Къетыкъуэ и къуэ Аслъэмбэч лIыкIуэхэм пIалъэ щIаритар зыт:

осетинхэр и щIы кIапэ къытригъэтIысхьа нэужь, къызэрыхущытыну щIыкIэм, къалэну къыхуащIэн хуейр зыхуэдэм фIыуэ егупсысу зэхуэзэну лIыкIуэхэм абыкIэ быдагъэ ярищIылIэну арат. А пIалъэм и кIуэцIкIэ Аслъэмбэчыр фIыуэ Iуэхум егупсысащ, и уэркъхэм ечэнджэщыжри, ярытыну жэуапым хуэхьэзыру, и чэнджэщакIуэхэр и гъусэу Улэ и Iуащхьэм екIуэлIащ. (А Iуащхьэр Урыху псым уикIауэ Шэгуолэ ущыкIуэкIэ Шылъэныкъ бгыщхьэм тетщ, Шэгуолэмрэ Урыхумрэ я щIыр щызэпылъым деж). Ауэ Iуащхьэм осетинхэр къекIуэлIатэкъым. ЩIакIуэр иубгъури, абы тетIысхьэжауэ Аслъэмбэч тесщ, ауэ осетинхэр къакIуэркъым. ИкIэм, ешри къэтэджащ осетинхэр къакIуэрэ-къэмыкIуэрэ плъэну. ЛулэкIэ тутын ефэрти (аращ зэрыжаIэр, ауэ ар фIэщ хъугъуейщ, сыту жыпIэмэ адыгэхэм тутын ефэн къызэрыщIадзэрэ куэд щIакъым) ари зэрыIурылъу, осетинхэм яхуэхъущIэу Iэдакъэжьауэ ищIауэ здэплъэм, зы фоч закъуэ къауэри лулэ Iурылъым и щхьэр фIиудащ. «Iэу, мыбы даукIыну араи я мурадыр!» – жиIэри и щIакIуэр къищтэжащ, ар иIыгъыу, шым шэсыжыну Iуащхьэм къыщехыжым, осетин шу гуп къызэрыкъуэхри къыбгъэдыхьащ. «Уэлэхьэ, Аслъэмбэч, узэдгъэжьам, къытхуэгъэгъу! ФочкIэ къэуа щIалэри дыдейщ. Апхуэдэ фочауэ дызэриIэр уэдгъэлъагъуну арат. Дэ дыкъыщIэкIуа Iуэхур Къэбан и къуэжьым къыщищIэм къыдэгиящ. «Сыт хьэдыгъуэдахэ фщIар, Iуащхьэ пIалъэ зратыр Аслъэмбэч хуэдэлI? КъевгъэблагъэикIэщIыпIэкIэ си деж, мыбы дыщызэпсэлъэнщ, къыджиIащи дынолъэIу, Аслъэмбэч, унытхуеблэгъэну!», – къыжраIащ лIыкIуэхэм. Осетинхэр и щIы кIапэ къытригъэтIысхьэу, и Iумэтым къригъэхьэу IурыщIэ къищIыну езы Аслъэмбэчи и гуращэти, абы щахуеблэгъэну махуэмкIэ аргуэру пIалъэ зэIахри зэбгъэдэкIыжащ.

ПIалъэр къэсри, Мамхэгъхэ я щIалэ пщафIэу и гъусэу, Къетыкъуэ и къуэ Аслъэмбэч Къэбан лIыжьым деж еблэгъащ. Къэбанхэ осетин алдархэм ящыщт. Къэбан лIыжьыр Талъостэнхэ я уэркъыу, Талъостэн и къуэрылъху Щолэхъужьым и ныбжьэгъуу щытауэ, къэбэрдеипщхэм я хьэл-щэнхэр фIыуэ зыщIэ, Талъостэн и лIакъуэхэр къарууншэ хъууэ, абы и къуэш Беслъэн ПцIапцIэ и лIакъуэхэр къыщыдэуейм, абы я дежкIэ зригъэбэну мурад зыщIа лIыжьт. Азэпщ и къуэ Гъудэберт Хэкум икIын хуей щыхъуам Къэбан пщIэгъуалэр къезытар арат. Иджы, и ныбжьыр илъэси 150-рэ нызэрыхьэса пэтми, ар зи лъэм зэрихьэ, зи нэр жан, зи акъылыр зыфIэмыкIуэда, зи унафэ Iущхэм осетинхэр едаIуэ лIыжь Iущт. Къэбан лIыжьым и хъыбар дахэ куэд Аслъэмбэчи зэхихырти, абы и деж къыщыщIидзэну, нэхъыбэу щIыхуеблагъэри арат.

Къэбан лIыжьым хьэщIэм «выгъуэ ныш» гъэшха къыхуиукIащ. «Мыр уэр щхьэкIэ езгъэщIащ, япэу уэ урефэнщ, здэпхьынщи, хьэщIэ къыпхуэкIуэхэр иребгъафэу си фэеплъу зепхьэнщ!» – жиIэри фалъищу зэгуэту, зым итыр щрифкIэ, адрей тIум ярытри абы къилъадэрэ, абыи уемыфэу мыхъуну, фалъэ гъэщIэрэщIа, пхъэм къыхэщIыкIауэ, къыIэщIигъэуващ. Фалъэхэр фалъэшхуэт, осетин фадэ фIыцIэр изу ярытт, арщхьэкIэ лIыгъэм зригъэхьщ, пщы напэм еплъыжри, зыри къримынэу ирифащ Аслъэмбэчым. Пщым ар щрифым, абы къекIуэлIа псори а фалъэмкIэ зэрызэххэ иригъэфащ лIыжьым.

ИкIэм, щхьэр къахьри къытралъхьащ. «Мыращ Къетыкъуэ и къуэ, зил пшхари, хуэщI унафэ!» – жиIащ Къэбан и къуэжьым. Къэбэрдеипщхэм хьэщIэм щхьэр къызэрыхутралъхьэ хабзэри, ар зэракъутэ щIыкIэри Къэбан и къуэжьым куэдрэ Къэбэрдейм щилъэгъуат. «Хьэуэ, уэ илъэси 150-м унэсащ, уэ ущысу сэ дауэ унафэ сщIын!», – жиIэри, Аслъэмбэч

идакъым. Къэбан и къуэжьым и къамэщIэлъысэр кърихщ, тхьэкIумэр къытриупщIыкIри, Аслъэмбэч къыщхьэщыт Мамхэгъхэ я щIалэм къыхуишийщ. Мыдрейр пхъуэуэ сапэм фIэлъыр къыпимыхыу, и Iэщхьэр дрихьейщ, и Iэгур хуиущIри хуиту къригъэлъхьащ. «Апхуэдэу IэкIуэлъакIуэу щысIыпхакIэ, улIщ, мыбы итми уефэну пхуэфащэщ!» – жиIэри, а бжьищу зэгуэт фалъэмкIэ къригъэфащ. Мамхэгъым и зыIыгъыкIар Аслъэмбэчым игу ирихьащ. КъэкIуэжа нэужь, Мамхэгъыр уэркъ ищIри, Мамхэгъхэ уэркъыу щытащ.

Къетыкъуэ и къуэ Аслъэмбэчрэ осетинхэмрэ Къэбан и къуэжьым и фIыгъэкIэ зэгурыIуэри осетинхэр къыгухьащ. Къэбан и къуэжьри яхэту къэIэпхъуэри, Уэзрэджыр къэтIысащ, Лэсчэнми Урыхуми осетин куэд къыдэтIысхьащ, лъэпкъитIыр я псэукIэкIи, лъыкIи зэгъунэгъу хъуащ. МыдэкIэ Аслъэмбэч къыздихьа фалъэмкIэ «Къетыкъуей бжьищкIэ» еджэу тезыр зытралъхьахэр, къыкIэрыхуахэр ирагъэфэну унафэ ищIащ, иужькIэ а фалъэ зэгуэтым и пIэкIэ зэкIэлъыкIуэу бжьищ ирагъафэу щIадзащ. Аращ «Къетыкъуей бжьищ» псалъэмрэ хабзэмрэ къыщежьауэ хъыбарым къиIуатэр.

Беслъэн ПцIапцIэ и къуэ Къетыкъуэ къуитху иIащ: нэхъыжьнэхъыщIэкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэтхьынщ: 1. Пщыапщыкъуэ, 2. Аслъэмбэч, 3. Тепщэныкъуэ, 4. Къаныкъуэ, 5. Яным-Мырзэ. Нэхъ зылъэкIыу яхэтар – Пщыапщыкъуэрэ Аслъэмбэчрэщ. Беслъэн ПцIапцIэ (иджырей Аушыджэрым ипщэкIэ) Шэрэдж псыхъуэ дэсащ, абы щылIэжауэ и хьэдэр зыщIэлъ Iуащхьэ дэтщ. Iэпхъуэми къигъэзэжми, и адэшхуэм и щIапIэм нэхъыбэрэ исар Аслъэмбэчщ. Пщыапщыкъуэ Iэпхъуами, е абы и къуэ Къазийр арами – сытми, абы я бынхэр – ХьэтIохъущыкъуэ, Ислъам, Мысост сымэ, «Мысостей бжьищыр»къезыгъэжьар, Бахъсэн псыхъуэ дэсащ. Зи гугъу тщIы хабзэр хэт япэ къригъэжьами иджы къэпхутэжыну гугъущ.

# Хъымсад и гъыбзэ

1809 гъэм къэбэрдей пщыжь-уэркъыжьхэр зэхуэсри, Жанхъуэт и къуэ Кушыку пщы уэлийуэ хахащ, лIэжыхукIи пщы нэхъыжьу щытащ. Кушыку подполковник цIэр зэрихьащ, урыс пащтыхьым улахуэ къриту. Абы и япэрей фызым къилъхуауэ иIащ пхъуитIрэ къуищрэ. ЕтIуанэрейм къилъхуа щIалэр сабийуэ лIэжащ.

Кушыку ипхъу нэхъыжь Хъымсад Талъостэнхэ яхьащ, Чэбэхъан Нарызхэ яшащ.

Хъыбарым зэрыжиIэмкIэ, Хъымсад дахэу, зэкIэлъыкIуэу щытащ. Ар Аргудан Хьэмырзэхэ (Хьэмырзэр Къетыкъуэ и къуэ Аслъэнбэч и къуэщ, «Хьэмырзэ ЛIыкIэщI» жыхуаIэу «Къэбэрдейм и жэщтеуэ» уэрэдыр къызытекIа зауэр зэхэзышауэ щытари аращ) я джэгум щыIэу Талъостэнхэ я къуэм илъагъури къехъуэпсащ. Язынықъуэхэм Талъостэнхэ я къуэм и цIэр Къэрэщейуэ жаIэ. Е ар пцIыщ, е Талъостэнхэ я лъэпкъым Къэрэщейуэ тIу исагъэнущ. Япэрей Къэрэщейр – Мудар-хьэфэм къиукIар – щыпсэуар XVII лIэщIыгъуэм и япэрей Iыхьэрщи, ар аракъым. Хъымсад щыпсэуар XIX лIэщIыгъуэм и япэрей Iыхьэрщи, а тIум илъэс 200 я зэхуакущ. Аращи, Хъымсад илI Талъостэнхэ я къуэм и цIэр тхыгъэхэм къыхэщыркъым,

хъыбархэм хэт Къэрэщейуэ, хэти Талъостэнхэ я къуэу къаIуатэ мыхъумэ. Уджым здыхэтым зэгурыIуащ: мобыи ишэну, мыдрейри дэкIуэну, ауэ, имыхьмэ, зэрырамытынур гуригъаIуэри, пIалъи зэратащ.

ПIалъэр къыщысым, Талъостэнхэ я къуэр щолэхъу шы лъэпкъ тесу Псыгуэнсур здэщыс къуажапщэм деж екIэпцIэ лъэгум и мэз щIагъым къыщIэуващ.

Хъымсадми, я дежхэм ящыхьэри, гуимэм ису, шу гъусэхэр иIэу мэракIуэхьэ зригъэшащ. Талъостэнхэ я къуэр мэзым къыщIэжщ, гуимэ блэкIым бгъэдэлъадэщ, Хъымсади зыкъиишийри, абы зыIэригъэхьащ. ЩIалэр и шым и бланагъым щыгугъырти, тIури зэрытесу, Вындыб джабэ задэм кIэрихуащ, абыкIэ нэхъ яIэщIэкIын и гугъэу. Мыдрейхэми шум къыпажыхьу хуежьащ. Щолэхъур шы бланэт, цIыхуитIыр зэрытесу джабэ задэм дихащ, ауэ и щхьэм щынэсым, шыр зэгуэудащ. Талъостэнхэ я къуэм и шым и дамыгъэр къытригъэжри къамыгъуэтыну игъэпщкIуащ. Хъымсад и Iэпэр иубыдри, мэзым лъэсу щIыхьэжащ. Мэз защIэкIэ щIэкIри, Къуэгъулъыкъуэхэ кIуащ.

Уэрэдхэми хъыбархэми къазэрыхэщыжымкIэ, лъэпкъ мащIэ пэтми, Къуэгъулъыкъуэхэ нэхъ лIыгъэ зиIарэ нэхъ хабзэ зыхэлъарэ къэбэрдей уэркъым яхэтакъым. Талъостэнхэ я къуэмрэ Хъымсадрэ Къуэгъулъыкъуэ зэкъуэшитIым, хабзэм тету, ирагъэблэгъащ, дахэ къыжраIащ. УвыIэпIэ иратри, Къуэгъулъыкъуэ ЛIыгъурыр пщы уэлий Жанхъуэтыкъуэ Кушыку деж кIуащ: «Унэрыхьэ сыкъыпхуэкIуащ, Жанхъуэт и къуэ! Уэ уи щIыбагъ дэри дыкъыдэмытмэ, уэри пщы уэлий ухъунукъым. (Апхуэдэу хъыбарым хэт пэтми, Кушыку а зэманым пщы уэлийуэ щытауэ къыщIэкIынукъым. Дэ къызэрытфIэщIымкIэ, ар пщы уэлийуэ щыхахар ипхъухэр яша нэужьщ. – Къ. З.). Ауэ щыхъукIэ, зыгуэркIэ укъыдэплъын хуейщ. Уи пхъур Талъостэнхэ я къуэм нызихьэлIауэ си деж тешэрыщ щыIэщ. Уэ упщы уэлий пэтми, сэ къызэкIуэлIа ныбжьыщIэхэм хабзэ яхуэсщIыну си къалэнщ», – щыжриIэм, Кушыкуи къэхъуамкIэ арэзы хъуащ. ЛIыгъур къэкIуэным и пэ къихуэу, Кушыкум и шу гуп Тэрч Iуфэ игъакIуэри икIыпIэм деж тIысыгъэ иригъэщIауэ щыст, Талъостэнхэ я къуэр иригъэукIыу и пхъур кърригъэхьыжыну. Абыхэм лIыкIуэ якIэлъигъэкIуащ кърригъэшэжыну.

Хъымсад Къуэгъулъыкъуэхэ хьэгъуэлIыгъуэшхуэу ирашри Талъостэнхэ яшащ. Талъостэн и къуэр а зэманым Джылахъстэнейм Бэзэр Iуащхьэжьым деж щыпсэуащ (иджы Мэртэзей станцымрэ Дей къуажэмрэ я кум). Ауэ Хъымсадыр нысащIэу, зэрыдэкIуэрэ куэд мыщIауэ, Талъостэнхэ я къуэр жэщым щIашри къаукIащ. Хъыбарым зэрыжиIэжымкIэ, Хъымсадыр, фызабэ щIалэу къыщынэм, тешэрыщIыпIэу здэщыIа Къуэгъулъыкъуэхэ я деж яшэжащ.

Нэгъуеипщ Тыгъуэнхэ Беслъэн Мэртазэхэ къэкIуауэ щыхьэщIэу Хъымсад и хъыбарыр зэхихри къылъыхъуу щIидзащ. Мэртазэхи Къуэгъулъыкъуэхи Iуэхум хыхьэри, Кушыкур къытрагъэхьащ, Хъымсади фIэмыфIу Беслъэным иратащ. «Емынэм и бэракъ фIыцIэр Мэртазэхэ къыщызэфIащIэ, гуимэжьыр зэщIэщIагъэххэти, Къуэгъулъыкъуэхэ сынадашыж», – жеIэ уэрэдым.

Тыгъуэн Беслъэн а зэманым нэгъуей къуажэшхуэм пщыуэ дэст. (Апхуэдэу жеIэ Къэрэгъул МытI. Нартан).

Хъымсадыр Беслъэн зэришэрэ куэд мыщIауэ, махуэ гуэрым пщыр къуажэбгъум щыт Iуащхьэжьым уэршэракIуэ дэкIащ. Ар щалъагъум, я пщым дэуэршэрыну и къуажэгъухэр зырыз-тIурытIурэ къыкIэлъыдэкIхэри хъурейуэ къатIысыхьащ. И къуажэгъухэр я пщым догушыIэ, мэхьэуэ-

жьыуэ. Ауэрэ куум зэрыхэгъэхьащ. Беслъэн нэхъ и гъунэгъу-ныбжьэгъуу, и гушыIэгъуу зы къопсалъэри:

– Уа, Тыгъуэн и къуэ, мы иджы къытхуэпшэжа гуащэр зэи тлъэгъуакъыми, ар зы гукъеуэ, а гуащэм и щыпэлIу щытамрэ уэрэ нэхъыфIу илъагъур тщIэркъыми – ар гукъеуитI. КъыджеIэт уи гугъэр? – жеIэ.

– Япэрауэ, гуащэр флъагъунуми, кIасэ хъуакъым, етIуанэу, абы нэхъыфIу илъагъур сэ жысIэкIэ фи фIэщ хъунукъым, фэ езыр хуит фызощI вгъакIуэу евгъэупщIыну! – жиIащ Беслъэн, гуащэм езыр нэхъыфIу къызэрилъагъумкIэ и щхьэр игъэгугъэжу.

– Уэ нэхъыфIу укъилъагъуу жыпIэрэ? – щIэупщIащ аргуэру ныбжьэгъур.

– ЖысIэм къыщынэркъым. ФыкIуи феупщI, итIанэ фи фIэщ хъунщ!

– Дэ дыкIуэнт, ауэ уэ къыпщышынэнщи, пэжыр къыджиIэнкъым, – апхуэдэурэ гушыIэу здэщысхэм, къуажэм зы факъырэ къыдыхьэу ялъэгъуащ. «Къэдгъуэтащ дгъэкIуэн»! – жаIэри факъырэр зыхашащ.

– Уэ къэплъэIухуэнум хуэдэ мин уэттынщ, мы пщым и гуащэм деж тхуэкIуэ, дэ удгъэкIуауи жумыIэ, Къэбэрдейм укъикIа хуэдэу тхуеупщI уи щыпэлIымрэ иджы уиIэмрэ дэтхэнэр нэхъыфIу плъагъурэ, жыIи.

– СыкIуэнщ, сеупщIынщи, пщыми сыщымышынэу, пэжыр вжесIэжынщ, ауэ сыт абы щхьэкIэ къысхуэфщIэнур? – яхэупщIыхьащ факъырэр.

Псоми жэм зырыз, Беслъэным былымипщI къратыну къагъэгугъащ.

Факъырэр гуфIащ, и хъуржыныр хыфIидзэри гуащэм деж жащ.

Гуащэм къыщыхигъэзыхьым зыгъэкIуари щIагъэкIуари лIыкIуэм иIуэтащ. Хъымсад, псалъэ къыпимыдзу, факъырэр щIригъэшри къабзэу иригъэгъэпскIащ, щыгъын щIэрыпскIэ и лъакъуэм щыщIэдзауэ и щхьэм нэс иригъэхуэпащ, ахъшэ тумэни 10 иритри жриIащ:

– Абыхэм пэжыр ящIэну апхуэдизу щафIэфIкIэ, кIуэи яжеIэ: «Тыгъуэн и къуэ Беслъэн и мылъкумрэ и жылэмрэ нэхърэ, Талъостэн и къуэм и Iэгур си напэм и зэ къыдэлъэгъуэр нэхъыфIт» жиIащ гуащэм жыIи!

Абы и ужькIэщ Хъымсад уэрэдыр щиусар.

Уэрэдыр цIыхубэм яхыхьа нэужь йотхъунщIауэ, зыхуэмейхэр хадз, зыхуейр щIагъу. Аращи, Хъымсад жиIамрэ иужькIэ халъхьамрэ зэхэгъэкIыгъуейщ. Уэрэдыр зэмылIэужьыгъуэ Iэджэу жаIэж.

Факъырэм ищIа Iуэхутхьэбзэм и пщIэр къыIэрыхьэри хъуржыныр зыпщIыхихыжащ. Ауэ нэр ирищIу пэжыр къыжезыIа Хъымсад дахэр игу пыкIыу Беслъэн иригъэкIыжакъым.

Мыр къыщыхъуар XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэрщ. Жанхъуэтыкъуэ Кушыку 1829 гъэм лIащ, Хъымсад 1848 гъэ пщIондэ псэуащ.

Уэрэдыр япэ дыдэ жызыIэу зэхэсхар Хьэвеящхьэ Жамырзэщ (Псыгуэнсу).

## Хъымсад и гъыбзэ

Цыбылэхэ я гуащэ дахэ, ией…
Ежьу: Уойра!
Хэтхэ щхьэкIэ укъысхуэкIуа, рэтIэ?
Ежьу: Уо!

Тэтэркъанхэ щхьэкIэрэ укъысхуэкIуамэ, ией,
Ежьу: Уо!
Шууищэти,  хэкум зэдисхэт, рэтIэ.
Ежьу: Уо!
Талъостэнхэ щхьэкIэ укъысхуэкIуамэ, рэтIэ,
Ежьу: Уейра!
Шу закъуэти, епсыхыжати, рэтIэ.
Ежьу: Уо!
Суншыжь гущэм и тобылыгъур
Пщы дадэм и зэпэбашти,
Арыкъыжь гущэм и бланэ пшэрыр
Пщы дадэм и хьэщIэнышт.
Сыгуащэт, сыгуащэ мыгъуэти,
Гуащэ псоми сафIэтхьэмыщкIэт.

Емынэ гущэм и бэракъ фIыцIэр
Мэртазэхэ къыщызэфIащIэ,
Гуимэжьхэри зэщIэщIагъэххэти,
Талъостэнхэ сынидашыжыр.

Уэрэдыр Къуэдзым къыхидзэурэ,
Пхъэш мэзыжьымкIэ сынышIашыжыр.
Сэ гъищэри си уэредати,
ТэтэртупкIэ срашэкIыжыр.

Жыр гущэу си лэныстэшхуэр
Хьэщхъуэжь хабзэу зэрызогъэшхыр.
Пщы щауэмэ зишхыхьыжыххэурэ,
ЖагъуэлI гущэм сэ сыныхуашэ.
Сыгуащэт, сыгуащэ мыгъуэти,
Гуащэ псоми сафIэтхьэмыщкIэт.
Айрэщ, жыпIэркъэ!
Хъымсадыр  хьэдэ гуузт!

Талъостэнхэ сыщыранысэм,
Жыхафэр си шэджагъуакIуэт.
ЖагъуэлIым сыщыратыжым,
Мыжьыкъ алащэр къысщIэмыхьэж.
Сыгуащэт, сыгуащэ мыгъуэти,

Гуащэ псоми сафIэтхьэмыщкIэт!
Уайрэщ, жыпIэркъэ!
Хъымсадыр магъыр, мэусэр!

Абджыщхъуэу си щхьэгъубжэшхуэр
IэгупэкIэрэ зэIузогъэжи,
Сэ нэпситIри къезгъэжэбзэхыурэ,
ПIэ лъапэр ныпызокIухьыр.

Таж гущэуэ си пыIэ лъапIэр
Мэртазэхэ къыщыфIызолъэ,
Хьэгъэбанэмэ сыныпэплъэнути,
Пщы уэлиймэ сэ къысхуимыдэ.
Си анэурэ Щэхугъуей гуащэми
Данэху-данапIэм сыкъыхимыхти,
Нэгъуей жэмурэ сэ къысщIэпхари
ЧэрэчэкIэ яугуэшыжи!
Айрэщ, жыпIэркъэ!
Хъымсадыр хьэдэ гуузти!

Пщы уэлиймэ срипхъу лъапIэм,
ХьэтIохъуцокъуэхэ щхьэ саримытрэ?!
Къэбэрдейм пщыжь имысыжым,
Бэкъэлдыжьым хъыбар схуевгъащIэ!
Сыгуащэт, сыгуащэ мыгъуэти,
Гуащэ псоми сафIэтхьэмыщкIэт.
Айрэщ, жыпIэркъэ!
Хъымсадыр магъыр, мэусэр!



*Балъкъэр усакIуэ цIэрыIуэ Додуев Аскэр и ныбжьыр илъэс 60 ирикъуащ. Ар 1953 гъэм и январым Къэзахъстаным къыщалъхуащ. Леишхуэ зытехьауэ щыта балъкъэрхэр я лъахэм къихьэжа нэужь, и адэ-анэр Щхъэлыкъуэ къуажэм щотIысэх. Курыт школыр а жылэм къыщызыуха щIалэщIэр 1969 гъэм КъБКъУ-м щIотIысхьэ. Математикэм щыхурагъаджэ къудамэр дэгъуэу кърехьэлIэри, абы егъэзэж езыр зыщIэса школым щылэжьэну. ИтIанэ ар «Минги-Тау» журналым редактору къащтэ. Илъэс зыплIытхукIэ абы щолажьэри, телевиденэм макIуэ. Ар мэхъу журналист нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зы: Додуевым и Iэдакъэм къыщIэкIащ нэтынхэу, телефильмхэу, телеочерккэу 800-м щIигъу.*

*Апхуэдиз лэжьыгъэм нэмыщI, Аскэр зэи IэщIыб ищIакъым усэ тхынри. Ахэр щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт ди къэралми нэгъуэщI хэкухэми къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ. Зи творчествэм зиузэщI зэпыт, зи тхылъ щхьэхуэхэмкIэ щытхъушхуэ къэзыхь усакIуэ Iэзэ, журналистыфI щIалэр хагъэхьэ къэралым и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм.*

*Зи IэдакъэщIэкIхэмкIэ Урысейми, Тыркуми, Болгариеми, нэгъуэщI щIыпIэхэми фIыуэ къыщацIыху, усэ тхылъ зыбгъупщI къыдэзыгъэкIа Додуев Аскэр икIи жылагъуэ лэжьакIуэшхуэщ: ар Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и депутатщ, «Минги-Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэщ. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ цIэр зезыхьэ Додуевым къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэри, Щытхъу, ЩIыхь тхылъхэри.*

*ЛъыпIэ иува ди ныбжьэгъу, ди лэжьэгъу Аскэр дохъуэхъу узыншагъэ*

*быдэрэ творческэ ехъулIэныгъэшхуэрэ иIэу ди республикэм и щэнхабзэм дяпэкIи куэдрэ хуэлэжьэну.*

*Мы тхыгъэ кIэщIым щIыдогъу Аскэр и ныбжьэгъуфI Iэджэм ящыщ, Ингуш Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Чахкиев Сэхьид Додуевым хуигъэпсауэ щыта усэ цIыкIури:*

## АСКЭР ДЕЖ

Щыбалъкъэрщ ар балъкъэр къуршхэм,
Щыадыгэщ Къэбэрдейм.
Щикуэдщ Аскэр дэни къуэшхэр —
Кавказ псом зэхуэдэу ейщ.

Псори зылъагъуэщ. ЗыщIэщ псори.
ИIэщ псэ хьэлэл. Жумартщ.
ТхакIуэщ. Журналистщ. ЩIэпсэури
И лъэпкъ уардэ къэзылъхуарщ.

Ухуэхъуамэ абы гъусэ,
Зы дакъикъи уемызэш.
И гушыIэ дахэм, усэм
Гури псэри ягъэтынш.

Сыт хуэдизри сыпыгъэлъи,
СлъэкIкъым абы сыдэхъун:
ЦIыхугъэшхуэу, лIыгъэу хэлъым
Схуэмыух сэ ехъуэпсэн.

Ар сщIымыгъумэ, сехь гупсысэм:
Аскэрыншэу псэугъуейщ,
Ауэ уиIэу ар шу гъусэу
УзекIуэнри мытынш Iей.

ДОДУЕВ Аскэр

## ГЪУЭГУР СЛЪАГЪУКЪЫМ

ЗысIэтакъым лъагэу уафэм нэс сэ,
Алыхьым щхьэкIэ укъызэмыхъуапсэ,

Ушынауи, усхуэмыгузасэ.
Тыншу бийхэм сащІыфынукъым лъэгущІэт,
Іыхьлыми ныбжьэгъуми я гур хъуащ схуэщІыІэ,
Ауэ хьэІуцыдзым сашхыжынуи схужумыІэ...

Мыри сыхуейщ зыпхыбгъэкІыну хьэкъыу,
Зезгъэсакъым иджыри къэс  сыгупсысэфу,
КъыздиІукІыр сымыщІэу жэщым къэІумэ макъыр,
СыщІокІри сытохьэ гъуэгу, гунэфу,
СымыщІэжу  сыздихьыр  си лъэм.
Жэщыр кІыхьщ. Спэжыжьэщ нэхущ пшэплъыр.
Гугъэ закъуэрщ нэху схузэзыгъэпцІыр,
КъыщІэкІыжынкІэ хъунущ ари нэпцІу.

ПсынщІэу сыкІуащ, сыщымысхьыжу си лъэм,
Сыздынэсар бгы щыхупІэ мылылъэщ.
КъытхущІокІыр апхуэдэ нахуапІэу
Гугъэ дахэу щыдгъэфІар пщІыхьэпІэм.
Сяпэ уищыну иумылъхьи нэхъыфІщ уи гум,
Къысхуэлъагъужкъым сэри адкІэ гъуэгур...

Си зэхуэдэщ гуауи гуфІэгъуи,
Куэд щІащ а тІури зэрызиныбжьэгъурэ.
Дэтхэнэми иІэжщ езым и гуауэ.
КъищІыкІакъым зым и гъуэгуи удз гъэгъауэ,
ЖыІэдаІуэу тхьэ уемылъэІуауэ,
Къыпхуридзыхыркъым Алыхьым зыри ауэ.

Узын щимыгъэтами уІэгъэжьым,
Къожыр лъы си уІэгъэщІэм, зигъэткІыбжьу,
ПхыплъыпІэншэщ, гугъапІэншэщ жэщ къысщІэлъыр.
ГъащІэр дыджщ, солъыхъуэ щІакхъуэ Іыхьэ,
Абы бланэ сищІурэ, къару къысхелъхьэ.
Ауэ а къарури йожьэжыр,
СхулъэмыкІахэр къысхуимыгъэгъужу.

## УИ НЭХЭР

ПцIы пхуэупсыркъым —
Уи нэхэм укъыщIагъэщыр -
Пэж защIэщ нэкугъуэхэм къарыщыр.
«IукIыж!» жыпIэу сыщепхужьэжкIэ,
«Къанэ!»- жи уи нэ къызыщIихым хъуаскIэ!

Уи нитIыр си нэщхъеягъуэхэм я абгъуэщ,
Си уафитIым къыщыблэ вагъуэщ,
А тIуращ сиIэххэри фIыгъуэу,
ЩысфIэкIуэдыр — си кIуэдыжыгъуэщ.

Си уэрэдым и кIэух ежьуурэ
Уи нитIыр къысхузэщIожьуурэ.
Къызопсалъэ ахэр, ирепсалъэ,
Зэрылъагъужкъым езы тIур, зэтемыплъэ,
Си ажалри си гъащIэри ящIэлъщи.

**ЗэзыдзэкIар Уэрэзей Афликщ.**

* * *

Жэщ мазэхэщ. Къуажэм дэтыр
Хьэуэ —
Уафэм добэней.
Зым къыщIедзэ, зым щигъэтмэ.
Уафэм щхьэ щыхуа я ней?

Езы дыдэхэм ямыщIэ
Я гум къеуэр. ЯщIэр зыщ:
Уафэ лъащIэр, шыуаныщIэу.
Макъ зэмыщхькIэ ягъэзу.

Хьэхэр щIылъэрщ гугъу Iей щехьыр —
Епха защIэу яIыгъщ.
Ауэ ирагъэхьу мыхьыр,
Уафэм добэней, мэкъугъ…

Арагъэнущ ягу темыхуэу
ЩIым губгъэн хуащIыну хьэхэм.

* * *

*Абаев Мухьэдин хузотх*

Дызытетыр дэ къурш гъуэгущ,
Мэгузавэ си псэр.
Мыл къэчахэм я зэхуаку
Куухэр егъэпщкIу уэсым...
Сигъэщ япэ, сынолъэIу,
Си ныбжьэгъу мышынэ,
СщIэркъым сэ зэрагъэудэIу
Зи бын зыгъей анэ...

**ЗэзыдзэкIар Бицу Анатолэщ.**

## ЩЫМЫIЭУ, ЖАIЭ, ХЬЭРШЫМ ГЪАЩIЭ

Пэжыр жепIамэ, бий узыщIхэр щыIэщ –
Акъылыншагъэр тхьэмыщкIагъэ Iейщ.
СхуэмыщI зикI си фIэщ хьэршым гъащIэ щыIэу –
Ар щIыгуми щыдурдылу жыIэгъуейщ.
ЗэрыукIыжу,
НэкIэ зэпыджыжу,
Дыгъужь нэпсейуэ цIыхур щызэхэт
Дунейм утеткIэ,
Уи кIэм ущыщтэжу,
СынасыпыфIэщ жиIэфыну хэт?
ЩымыIэр пэж хъунщ гъащIэ уэгум;
ЩIыгуми
ЩытщIащ ар жыхьэрмэм и фэгъу;
Ди псэ щIыIагъкIэ,
Я щIыIагъкIэ ди гум
Итф псы нэгъунэ щIыIэмыл догъэхъу...
ЩыIэкъым, жаIэ, хьэршым гъащIэ.
Ауэ
Щыдыджщ ар щIыгуми.
Къуаншэри дэращ:
Зым зыр и фIэщ мыхъужу, узэзауэу
ЕпхьэкI уи гъащIэр мылъ бгъэщту арщ.

Дыдэ1эбейуэ, гугъуехь лъэпкъ хэмылъу,
Дызыхуей вагъуэр къытщохъу къэтщтэфын —
Къытф1эщ1къым ахэр пщтыру, жыжьэу дыплъэм,
Ауэ е1усэт —
Занщ1эу уалыпщ1ынщ…
Псэ зы1ут дибгъук1э щымыт нэхъей, уафэ
Гъащ1эншэм нэск1э щхьэ хуей ды1эбэн?
Ат1эми, ди щ1ыгу вагъуэр ещхьми маф1эм,
Тлъэмык1 пэ1эщ1э абы зыхуэтщ1ын.

**Зэзыдзэк1ар Елгъэр Кашифщ.**

## ГХЫДЭ ЛЪАГЪУЭХЭР

ЛАПИНСКИЙ Теофил

# Пщыкъуий и яужь зекIуэ

*Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу*

Адыгэ хэкум и гъунапкъэхэм (хымкIи Псыжь лъэныкъуэкIи) урысхэм къытращIыхьа быдапIэхэм темыуэу зы махуи дагъэкIыркъым шэрджэсхэм. Илъэс хъурейм зы махуэ закъуи къыхэхуэ хъункъым адыгэхэмрэ урысхэмрэ шэр зэтрамыкIутауэ. БыдапIэхэм къыдэкIын хъумэ, урысхэм дзэшхуэ къэрашажьэ, къежьамэ, зрихьэлIэр зэтрафыщIэ, зэтрагъэсхьэ, зэкъуэхуауэ къапэщIэхуэр е яубыдри Псыжь зэпраху, е зэтраукIэ. Ялъ ящIэжын хуей мэхъури, адыгэхэри щIэх-щIэхыурэ зэпрокI Псыжь, къэзакъ щIыналъэм йохьэри кърашIар зэрахузэфIэкIкIэ кърагъэпшыныж. Псыжь и ижьырабгъу Iуфэм быдапIэхэмрэ къэзакъ плъырхэм я бэтэгъейхэмрэ Iузщ – абы уаблэкIыныр тыншкъым. БлэкIын зыхузэфIэкIхэр жыжьэ кIуэцIрокIри, шы, былым къаху, кIэс къахь. Хабзэ зэрахуэхъуащи, Псыжь зэрызэпрыкIыр гуп-гупурэщ, гуп къэс шу тIощIым щыщIигъур зэзэмызэххэщ. Апхуэдэ гупхэм зылъежьар къащехъулIэр нэхъыбэщ, я щхьэр щыхалъхьэ къэхъуми. Апхуэдэ гупхэм ящыщ зым зэрихьа лIыгъэм и хъыбар иджыри къэс яIуэтэж адыгэхэм. Сэри ар сигу къыщIинар адыгэ шум и гъащIэр зыщIит лIыгъэм и щапхъэ си гугъэщи аращ.

Убын псым и Iуфэм Iус Уаей лъэпкъым щыщ Бэрокъуэ Пщыкъуий Псыжь Iэджэрэ зэпрыкIат, къэзакъхэм яхыхьэурэ шыи былыми къафIихуат, кIэси къафIихьат. И ныбжьыр илъэс блыщIым нэсауэ, 1857 гъэм и бжьыхьэм лIыжьым аргуэру зекIуэ ежьэн мурад ещI. Зы къутыр ицIыхурт Пщыкъуий – Псыжь узэпрыкIрэ сыхьэтитху гъуэгу зэпыпчмэ. Илъэс тIощI и пэкIэ теуэри игъэсат а къутырыр. Абы унэщIэхэр зэрыдащIыхьыжам шэч къытрихьэртэкъыми, и къуэхэмрэ и къуэрылъху щIалэхэмрэ зыщIигъущ, шу пщыкIущ хъууи, лIыжьыр гъуэгу техьащ. Пшапэр зэхэуауэ псым зэпрыкIри, шу гупыр къэзакъ щIыналъэм ихьащ, нэху щыху епсыхакъым, къамыл кIырымрэ чыцэмрэ хэт зэпытурэ къутырым нэблэгъащ. Зы цIыхуи Iууакъым апщIондэху, я лъэужьи къыхагъэщыфынутэкъым. Нэху щыщым, къутырым пэмыжыжьэу, нартыху хьэсэм зыхаудыгъуащ шу гупым: махуэр нартыху хьэсэм щрахынщи, пшапэр зэхэуэмэ, къутырым теуэнщ – апхуэдэ унафэ ищIащ лIыжьым. Шэджагъуэ хъуауэ, лIыжьыр плъакIуэ IукIащ, арщхьэкIэ хьэ банэ макъ къыщыIум, щIэх дыдэ къигъэкIэрэхъуэжащ. КIыфI хъуа нэужь, я Iэщэр къагъэхьэзырри, гупыр ежьащ, къутырым техьэри, я нэ къыфIэна зы унэшхуэ екIуэлIащ. Щхьэгъубжэм нэху къыдидзырт, унэми цIыхур щIэзт, музыкэ макъи къыщIэIукIырт. Бжыхь лъагэм екIуэталIэри, гупыр чэнджащэ хъуащ: ныжэбэ дытевмыгъауэ, жиIащ зым, адрейм нэгъуэщI къыхилъхьащ. Нартыху хьэсэм хыхьэжрэ пщэдей жэщ пщIондэ заIэжьэмэ, нэхъ

фIэзахуэт лIыжьым. Псалъэмакъ зэрыгъэхъури, аращ гупыр зытекIуэдар. Хамэ къазэрыхыхьар мэкIэ къищIэри, зы хьэ къэбэнащ, гъунэгъухэм я хьэхэри къыдэжри, гупым къажьэхэпхъуащ. Уунэхъунумэ, куэдрэ: пщIантIэм зы къэзакъ шу къыдэжащ, хьэм кхъуэпIащэ къапэщIэхуа и гугъэри. Къэзакъыр абрэдж гупым къажьэхэлъэдащ. Гупым ящыщ зы щIалэ фочыр триунащIэри, къэзакъыр къригъэпсыхащ. Унэр зейр къэзакъ шу пашэт. Абы и къуэм физ къишати, къэзакъ унагъуэм я хьэгъуэлIыгъуэт, къэзакъ офицерищэм щIигъу, я фызхэри я бынхэри я гъусэу, къызэхуэсауэ цIыхур Iувт. Хьэ банэ макърэ фоч уэ макърэ къыщыIум, офицерхэр унэм къызэрыщIэхащ. Лъым хэлъ къэзакъым, и псэр хэмыкI щIыкIэ, офицерхэм яжриIащ абрэдж гуп къазэрещакIуэр.

Къутырым тес къэзакъ шу пашэм гъунэгъу станицэхэми Псыжь Iуфэ Iус плъырхэми хъыбар яригъэщIащ. Сыхьэт нэхъыбэ дэкIатэкъым топхэм гъуэгъуэн щыщIадзам; къэзакъ бэтэгъейхэм хьэуазэ мафIэ зэщIагъэнащ, Псыжь хъунщIакIуэ гуп къызэрызэпрыкIам и хъыбар ягъэIуу.

Нартыху хьэсэм зыхаудыгъуэри, шу гупыр зэчэнджэщащ. ПсыжькIэ ягъэзэжын идакъым лIыжьым: сыхьэтитху гъуэгу дэлъщ, къэзакъ плъырхэри сэлэтхэри сакъынущ, ямыгъэбэлэрыгъмэ, блэкIыфынукъым. Псыжь бгъэдэкIуэтын мурад ищIащ лIыжьым: IукIуэтынщи, пхъэрыр ягъэплъэкъуэнщ, жыжьэу къыпакIухьынщи, плъырхэр бэлэрыгъмэ, Псыжь зэпрыкIыжынщ. Гъуэмылэ яIыгъщ, гъуэмылэр къаIэщIэухэми, нартыху цIынэм къуэлIыкIынукъым махуитI-щыкIэ. Адыгэхэр апхуэдэ Iэмал зэрыхуекIуэм щыгъуазэ хъуакIэт къэзакъхэр: хьэ зыщIагъури, шу гупым ялъежьащ. Пхъэрыр къащыщIыхьэм, лIыжьым унафэ ищIащ: «Къутырым дгъэзэжынщ». ЛIыжьыр зэрегупсысаращ: къутырым цIыхухъу къытенэжакъым, псори къакIэлъыпхъэращ, къутырым нэсмэ, цIыхубзхэр яубыдынщи, гъуэгу кърatыху, яутIыпщыжынкъым. ЦIыху пщыкIущ фIэкI зэрымыхъур пхъэрхэм ирамыгъэщIэн щхьэкIэ, шу гупым, зэрыгъэкIийуэ, зэрыгъэгуоуэ, къутырымкIэ къаунэтIыжащ. АпхуэдизкIэ кIий-гуо макъ къаIэтати, шуудзэ къатеуа къафIэщIагъэнщ къэзакъхэм. Шу пщыкIущыр къутырым телъадэри къэзакъ шу пашэм и унэм ежэлIащ. ЛIыжьым и мурадыр къехъулIэным зы мэскъалщ иIэжар: абы зэрыхуигъэфэщауэ, къутырым цIыхухъу къытенэжатэкъым – абрэджхэм якIэлъыпхъэрат псори. Ущыунэхъунум деж аракъэ зэрыхъу хабзэр: хъыбар зрагъэщIа станицэхэм къикIа къэзакъ шу гуп къутырым къытелъэдауэ ирихьэлIащ шу пщыкIущыр. Къэзакъхэр къапэуври, къахэуащ, зы ирагъэпсыхащ, зы уIэгъэ къащIащ. КIуапIэ яIэжтэкъым шу гупым. КIуапIэ щамыIэкIэ, къахуэнар зыт: я щхьэр халъхьэнщ, ауэ езыхэми зыкъом зыдахьынщ.

Къэзакъ шу пашэм и унэм лъэбакъуищэ хуэдэкIэ пэжыжьэу зы гуэщыжь къилъэгъуащ лIыжьым. Хьэдэмрэ уIэгъэ хъуамрэ къапхъуатэри, шу гупыр гуэщыжьым зэрыхьащ, абы зыщIагъэзагъэри блыныр къамэкIэ яугъуэнащ, фочкIэ удэукI хъун хуэдэу.

Нэху щыуэ щIидзащ. Къэзакъхэр бжыхьым къыкъуоукI, пкIэунэхэм итIысхьауэ къоуэ. Хуэм-хуэмурэ нэхъ кIащхъэ хъуащ фоч уэ макъыр. Абрэджхэм шэр зэрагъэзэхуэн хуейт – шэм и ныкъуэрат къахуэнэжар. Нэху щыпауэ, зы къэгуоуащ адыгэбзэкIэ: шэр вгъэувыIэ, къэзакъ пашэр къывэпсэлъэнущи. Куэбжэм зы къэзакъ офицеррэ зы адыгэ уэркърэ къыдэкIащ. Офицерым и псалъэр адыгэ уэркъым (къэзакъыдзэм хыхьауэ яхэтт ар) тэрмэш къахуищIащ: «Фи Iэщэр къэвгъэтIылъръэ зыкъэфтмэ, зыри къывaщIэнукъым, хъунщIакIуэ фыкъежьами, фи щхьэ

псэууэ фаутIыпщыжынущ. Фи щхьэр афIэкIа зэрывмыхъумэжыфынур фолъагъу, зыкъэвмытын мурад фщIымэ, гуэщым мафIэ щIэддзэнщи, дыфхэуэурэ фызэтедукIэнщ».

Пщыкъуий жэуап яритащ: «Фи деж хъунщIакIуэ дыкъэкIуар пэжмэ, фэри ди деж хъунщIакIуэ фызэрынакIуэри пэжщ. Фэ дзэшхуэ фызэрогъэхъури фынытхохьэ, топи нывошажьэ, ди зы цIыху къэс сэлэтипщI къыдывоутIыпщ, фэ фи цIыхуипщIым ди зы цIыхущ пэувыр. Сабий хуэдэ, ди Iэщэр хыфIэддзэу ди щхьэр зэрыфхуэдмыгъэтIылъынур фIыуэ фощIэ. Ди Iэщэр къызыкIэрыфхынур ди хьэдэхэращ. Тхьэм фи IэмыщIэ дызэрырилъхьари дызэрызэтевукIэфынури дощIэ дэ. Дэ дымащIэщ, фэ мин фызэрыгъэхъуащ. СыткIэ къыфщхьэпэн ди хьэдэр, дызэтевукIэмэ? Фэри фхэдукIыкIынуIащ. Ди лъэпкъым дилъ ящIэжынущ. ДывутIыпщыжи, ар нэхъыфIщ фи дежкIэ. ЩхьэщэхужыпщIэр къыджефIэ. Сэ сыкъулейкъым, ауэ си лъэпкъыр къыскъуэувэнущ. Си щIалэ нэхъыщIэр шэсу къыфхузогъанэ».

Къэзакъ офицерымрэ къумалымрэ IукIыжри, щIэх дыдэ къагъэзэжащ. Тэрмэшым жиIащ: «Узыщымыгугъыным ущогугъ, Бэрокъуэ и къуэ. Урысхэр еувэлIэнукъым уи псалъэм. Лей мащIэ щызепхьакъым уэ, дыгъужьыжь, Псыжь адрыщI. Къапхъэным удэхуакIэщ, уаутIыпщыжыным ущымыгугъ. Акъыл уиIэмэ, зыкъэптынщ. Зыкъыумытрэ – кхъуэпIащэ хуэдэ мафIэм упэрагъэлъэдэнурэ уагъэлынцIынущ». А псалъэм къигъэчащ лIыжьыр: фочыр триубыдэри уэркъым и куэпкъ ижьыр игъэщэщащ. «Тхьэм и нэлатыр къыптихуэ, кхъуэцIапIэ, – щIэкIиящ лIыжьыр тэрмэшым. – Зи жьакIэ тхъуа уи лъэпкъэгъум псалъэ фIейкIэ уещащ. Уи пIэ уизукIыхьынт, ауэ ар пхуэфащэкъым уэ. Уи щхьэ зэрыхьщ, псэу, ауэ къумалыпщIэ къыпхуэлэжьынукъым дяпэкIэ». Офицерыр Iужыжащ; тэрмэшыр, хьэлъакъуиплI зищIри, къыхэкъугъыкI защIэурэ, Iупщыжащ, лъыр къыпыжу.

Шэр къытракIутэн щIадзэжащ. Гуэщыжьым и блынхэр гъуанэпщIанэ ящIащ къэзакъышэм; мыдрейхэми щIачэркъым – я шэр зрагъэпщам фIэкIыркъым. Зы сыхьэтым щы къаукIащ къэзакъхэм, блыр уIэгъэ къащIащ. УIэгъэ хъуат лIыжьри. И щхьэр фIеудыж лIыжьым, и гум къыщIитхъыр къызэраукIынуркъым – и къуэхэмрэ и къуэрылъхухэмрэ укIыпIэ къызэрыришарщ. «Ди адэ, – жиIащ лIыжьым и къуэ нэхъыжьым, Зэчрей зи цIэм, – ди щхьэр тхухэхынущ». «Дауэ?» – лIыжьыр и къуэм еплъащ. «Дэ дакъыхуэгъани, уэ кIуэж. Дэ я IэмыщIэ зитлъхьэмэ, уэ зыр уаутIыпщыжынщ. Зи напэ текIынур уэракъым, дэращ. Бэрокъуэр зымыцIыху адыгэ щыIэкъым: щхьэщэхужыпщIэ къэпхьынщи, дыпшэжынщ. Уи щхьэр зыфIумыудыж: уэ лажьэ уиIэкъым, Тхьэм иухат апхуэдэу хъун хуейуэ». ЛIыжьым и щхьэр игъэсысащ: «Урысхэм саутIыпщыжынукъым сэ – ялъ куэдыIуэ стелъщ. Къумалри уIэгъэ сщIащи, къыдэпсэлъэн ядэжынукъым». «Сэ сыкIуэнщ, сэ сеплъынщ, – жиIащ Зэчрей. – Урысыбзэ тIэкIу сощIэ». «Зы псалъэ къыбжьэдэмыкI щIыкIэ уаукIынщ», – идакъым лIыжьым. «СаукIынкIи хъунщ, – жиIащ Зэчрей. – СымыкIуэми, саукIынущ – тIум щыгъуэми зыкъэ?». «КIуэ-тIэ, Тхьэм укъихъумэ», – жери лIыжьыр къызэфIэуващ. Шэр нэхъ мащIэ щыхъум, Зэчрей гуоуащ: «Зыгуэр фыкъызбгъэдыхьэ, сынывэпсэлъэнущи!». «Уэ къыщIэкI, дзыхь фхуэтщIыркъым», – къыжраIащ Зэчрей. Фочыр и дамэм трилъхьэри, Зэчрей гуэщым щIэкIащ, бжыхьым бгъэдыхьэри, яжриIащ: «Ди адэмрэ ди шынэхъыщIэмрэ футIыпщыж. Ди адэр

Псыжь зэпрыкIыжмэ, ди шынэхъыщIэм къигъэзэжынурэ, псоми Iэщэр дгъэтIылъынущ. Армырамэ, ди псэр ттын мурад тщIащ».

Урыс офицер хэкIуэтар – ара хъунт я унафэщIыр – арэзы хъуа хуэдэт абыкIэ. Зэчрей къигъэзэжри, и адэр гуэщым къыщIишащ. ЛIыжьым и фочыр дохъутейм ирилъхьащ, и къуэ нэхъыщIэр зыщIигъури ежьащ, бжыхьым нэмыс щIыкIэ шэр къытракIутэри, лIыжьыр джэлащ. ЩIалий къыщIэцIэфтащ гуэщым. Къэзакъхэри сэлэтхэри къатезэрыгуэри, плIыр абдежым къыщаукIащ, тхум лIыжьым и хьэдэр гуэщым нахьэсын яхузэфIэкIащ. Псэууэ тху фIэкI къызэрымынар ялъэгъуарэ пэт, къебгъэрыкIуэн къракуакъым, къуэгъэнапIэм къыкъуэукIыурэ шэр къытракIутэ фIэкI. Псэууэ къэнахэр уIэгъэт, лъы защIэт. Заул дэкIри, фоч уэ макъыр зэпыуащ. Аргуэру зы заул дэкIыжри, гуэщыжьым мафIэр къыжьэхэлыдащ: топкIэ къеуащ. Топышэм къелар Зэчрейрэ и къуэмрэщ. Зэчрейрэ и къуэмрэ, я Iэ ижьымкIэ сэшхуэр, я Iэ сэмэгумкIэ фоч кIэщIыр яубыдри, топымкIэ задзащ. Шэр къателъэлъащ зэадэзэкъуэм. Топым нэмыс щIыкIэ Зэчрей джэлащ, и къуэр топым нэсауэ къаукIащ. УIэгъэ хьэлъэ хъуами, Зэчрей и псэр пытт. Екатеринодар къашэри, дохутырхэм кърагъэлащ Зэчрей, иужьым къакIэщIэкIуэсыкIыжын хузэфIэкIащ. И адэмрэ и къуэшхэмрэ зэрыкIуэда щIыкIэм и хъыбар и лъэпкъэгъухэм къахуихьыжащ Зэчрей. ДжэгуакIуэхэм уэрэд хуаусащ Бэрокъуэ хахуэм; абы и хъыбарыр сэ къызжезыIэжар мафIэм псэууэ къыхэкIыжа и къуэ закъуэрщ.

*(«Кавказ бгырысхэмрэ абыхэм*
*я хуитыныгъэм папщIэ урысхэм*
*драгъэкIуэкIа бэнэныгъэмрэ»).*
***1863 гъэ.***

# Гуащэхужь

*Офицер тIасхъэщIэхым и гукъэкIыж*

Я щIыналъэр, я бжыгъэр, я гъуэгухэмрэ я быдапIэхэмрэ ирагъэхутэн, нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, я тIасхъэ щIрагъэхын папщIэ, Кавказ зауэм и зэманым адыгэхэм тIасхъэщIэх щIэх-щIэхыурэ къыхаутIыпщхьэу щытащ урыс пащтыхьым и дзэпщхэм. Хэкумрэ лъэпкъымрэ епцIыжа къумалхэр гъусэ яхуэхъуурэ, абыхэм ящыщ зыбжанэм яхузэфIэкIауэ щытащ адыгэ щIыналъэм зыщаплъыхьын – я тIасхъэ щIахын. И пщэ апхуэдэ къалэн къыдалъхьэри, адыгэхэм я деж 1836 гъэм «зыплъыхьакIуэ» къагъэкIуат урыс офицер Торнау Федор. Абрэдж зыбжанэ IупэфIэгъу къащIри, Торнау Шэрджэсым ираутIыпщхьат, арщхьэкIэ Абазэхэм нэсауэ къаумысри, яубыдащ. Яубыда нэужь, Торнау илъэситIкIэ гъэру иIыгъащ абазэхэхэм яхыхьэжауэ щыта къэбэрдей лIакъуэлIэш Тамбий Аслъэнбэч. ГъэрыпIэм исыху, Торнау Федор адыгэхэм я псэукIэм, я зэхэтыкIэм, я хабзэхэм щыгъуазэ зищIащ, я бзэр зригъэщIащ. Абазэхэхэм къакIэщIэкIуэсыкIыжын хузэфIэкIащ урыс тIасхъэщIэхым, зэрыгурыIуэгъуэщи, илъэгъуамрэ игу къинамрэ дзэпщхэм я деж нигъэсыжащ. ИужькIэ, 1865 гъэм, дунейм къытехьащ Торнау итха «Кавказ офицерым и гукъэкIыжхэр».

И пщэ къыдалъхьа къалэныр игъэзэщIэн мурадкIэщ Торнау адыгэхэм къащIыхыхьар, ар и кIэм нэс хузэфIэмыкIамэ, езым и лажьэкъым: гъэр хъури, ар къызэрехъулIа щIагъуэ щыIэкъым. Торнау нэхъ къехъулIар нэгъуэщIщ: зауэ гуащIэм хэт адыгэхэм я хъыбар къихьэсащ ди деж – аращ нобэ дэркIэ нэхъыщхьэр. ГъэщIэгъуэныракъэ: гъэр ящIами, Iэхъулъэхъу иралъхьауэ илъэситIкIэ яIыгъами, Торнау и «ГукъэкIыжхэм» щигъэпудыркъым адыгэхэр, я цIэ Iей жиIэркъым. Торнау зи цIэ IейкIэ ириIуэр езым гъусэ къыхуэхъуауэ щыта, иужькIэ къепцIыжа къумалхэрщ. Адыгэхэр я хуитыныгъэм щыщIэзэу зэманым ахэр – лъэпкъым епцIыжа къумалхэр – зыпылъар я щхьэ Iуэхущ. Торнау и «ГукъэкIыжхэм» къыхэтха пычыгъуэм дыщрихьэлIэнущ апхуэдэ зыбжанэм – Кавказ зауэм и тхыдэм къыхэнащ абыхэм я цIэр. ЛIыгъэншэкIэ уеджэнукъым абыхэм, а лъэныкъуэмкIэ я Iыхьэ яIыгъащ. Уи жагъуэ хъур а лIыгъэр зауэ гуащIэм хэт лъэпкъымрэ хэкумрэ зэрыхуамыунэтIарщ, я гъащIэр зыщIатын хуей Iуэхум зэремыгупсысарщ…

Ермоловым Къэбэрдейр зэхикъута нэужь (1822 гъэм), пщыхэмрэ уэркъхэмрэ ящыщ куэд, урыс дзэлIхэм я унафэм щIэмыувэн щхьэкIэ, хэкур ябгынэри, Псыжь Iэпхъуауэ щытащ. Псыжь Iэпхъуахэм яхэтащ къэбэрдеипщ цIэрыIуэ Хьэмырзэ Бeслъэни: абазэхэхэм яхыхьэри, илъэсищкIэ бгым итащ ар, иужьым щIегъуэжри, Ермоловым елъэIуащ Къэбэрдейм къригъэхьэжыну. ЦIыхур зыгъэутхъуэр уэркъхэрауэ илъытэрти, Псыжь кIуэсахэр Къэбэрдейм къригъэхьэжын идэртэкъым Ермоловым. Ар хуидакъым Хьэмырзэ Беслъэни, ауэ хуит ищIащ, Iэщэр игъэтIылъмэ, Уарп деж щетIысэх хъуну. Бгым къикIыжри, пщыр Уарп деж щетIысэхащ. Беслъэныпщым иратыжащ Къэбэрдейм щыфIатхьэкъуа мылъкури, Iэщри, и пщылIхэри паубыдакъым. Ермоловым и нэфI Беслъэным щIыщыхуар щхьэусыгъуэншэтэкъым: пщIэшхуэ зиIэ, цIыхур зыфIэлIыкI пщыти, абы дэплъеинкIэ хъунут Псыжь Iэпхъуауэ урысыдзэм къезауэ уэркъхэр. Ермоловыр щымыуауэ къыщIэкIащ: Уарп деж хэщIапIэ щызыщIа пщым зы илъэсым и кIуэцIкIэ цIыху минитху нэхърэ мынэхъ мащIэ къетIысылIащ, Абазэхэмрэ Шапсыгъымрэ къикIыжурэ. Абыхэм Хьэмырзэ Беслъэн пщы уэлийуэ хахащ. Уарп деж къэтIысыжащ Беслъэн и къуэш Бэчмырзи. Беслъэн зы къуэ иIэт, АслъэнджэрийкIэ еджэу. Хэкур щабгынам щыгъуэ Аслъэнджэрий и ныбжьыр илъэс пщыкIутI фIэкI мыхъуами, и адэм щIыгъуу зауэурэ и цIэ IуакIэт, хъыжьэт, щхьэмыгъазэт. Бэчмырзи зы къуэ иIащ – Адэлджэрий. Я ныбжь нэсри, шууей хахуэ хъуащ зэшитIым я къуэхэр: Аслъэнджэрий IэщэхуэфIт, пщтырт, къыщIикIуэтын щыIэтэкъым, бзаджэт, хьилэшыт; Адэлджэрий шууейт, и къуэшым лIыгъэкIэ пэмыхъуми, и цIыхугъэкIэ цIэрыIуэт, цIыху хьэлэлт, щIалэ екIут. Зым цIыхур щышынэмэ, адрейр фIыуэ ялъагъурт. Ахэр Уарп деж къетIысылIэжауэ, и цIэ Iуащ беслъэнеипщ Къанокъуэ Етэч и шыпхъу Гуащэхужь. Адыгэхэм я цIыхубзхэр ягъэпщкIуртэкъым, джэгу хыхьэнуми, хьэщIапIэ кIуэнуми, пэрыуэ щыIэтэкъым, я щхьэ хуитт, дэни пщIэ щагъуэтырт. Арат зи ныбжь нэса пщащэ дахэхэр щIэх дыдэ цIэрыIуэ щIэхъури, псэлъыхъур щIакуэдри. Къанокъуэ Етэч и шыпхъу Гуащэхужьи куэд къылъыхъуащ, ауэ пщыр епIэщIэкIакъым и шыпхъур лIы иритыным: япэрауэ, адыгэхэм я бзылъхугъэхэр хагъэзыхь я хабзэкъым, езыр хуэмейуэ лIы иратынукъым залымыгъэкIэ, сыт хуэдиз уасэ къыхуагъэлъэгъуами; етIуанэрауэ, беслъэнеипщым лъэпкъкIэ къыпэхъун яхилъагъуэртэкъым Гуащэхужь къыщIэупщIэхэм. Къанокъуэхэ пасэрей пщы лъэпкъ цIэрыIуэт, езы Етэч лIыгъэрэ цIыхугъэкIэ

къефӀэкӀыр мащӀэт. Аслъэнджэрии Адэлджэрии итхьэкъуащ беслъэней пщащэ дахэкӀейм, лъыхъуащ. ТӀуми я адэхэр, Беслъэнрэ Бэчмырзэрэ, епсэлъащ пщащэм и дэлъхум – жэуап къаритакъым, и шыпхъур хигъэзыхьыну хуейтэкъыми. Гуащэхужь игу нэхъ ирихьыр Адэлджэрийт, абы дэкӀуэнут, ауэ ар ибзыщӀын хуей хъурт, и дэлъхум Беслъэнрэ абы и къуэ Аслъэнджэрийрэ бий хуимыщӀын щхьэкӀэ: Беслъэн, урысхэм ягурыӀуэжауэ, и уэлиигъуэт, и къуэ Аслъэнджэрий лей зымыгъэгъу цӀыху къанлыт. И Ӏуэхур хэплъэгъуэ щыхъум, Беслъэнми къыщыхигъэзыхьым, Къанокъуэ Етэч Аслъэнджэрийм жриӀащ: «Узот, езыр арэзымэ», – жери. Ар Аслъэнджэрийм жриӀэри, Етэч Адэлджэрийми гурыӀуащ: «Узот, ехьэжьэ – фыслъэгъуакъым, сыкъэфлъагъужакъым».

Гуащэхужь Адэлджэрийм ихьащ. Ар игу техуэнт Аслъэнджэрий: Къанокъуэм и шыпхъум зэрыхэкӀыжар ищӀэ пэтми, тхьэ иӀуащ апхуэдэ лейр имыгъэгъуну. Ар Адэлджэрийрэ Гуащэхужьрэ я ужь екӀэ куэдрэ итащ – лей къытехьауэ, и напэр трахауэ илъытэрти. ЗэшитӀыр зэрихьэлӀэри, уӀэгъэ зэрыщӀащ, зэрымыукӀыпэ щӀыкӀэ зэӀэпашащ я гъусэхэм. ЗэрагъэкӀужын мурад ящӀащ я ныбжьэгъухэм, ауэ ар Аслъэнджэрий и тхьэкӀумэ иригъэхьакъым: тхьэлъанэ ищӀати, Адэлджэрийр имыукӀауэ етӀысэхынутэкъым. Аслъэнджэрий хъийм щикӀыпар и адэ Беслъэн дунейм ехыжа нэужьщ: къыжьэдэзыкъуэн, зыфӀэлӀыкӀын щыӀэжтэкъым. Ӏуэхур лъыгъажэм намыгъэсын щхьэкӀэ, Адэлджэрийрэ Гуащэхужьрэ, Псыжь щӀыналъэр ябгынэри, Шэшэным кӀуэсащ. Абы нэхъри къигъэгубжьри, Аслъэнджэрий и адэ къуэшыр, Адэлджэрий и адэр, иукӀащ. Ар къыхуагъэгъунутэкъым урысхэм: шынэри, Аслъэнджэрий щтапӀэ ихьэжащ – абазэхэхэм я деж зыщигъэпщкӀуащ. Абы гъусэ хуэхъуащ дэшэс зи хабзэ шууей щӀалэхэр: бгым къикӀыурэ, урыс быдапӀэхэм къебгъэрыкӀуэу, Псыжь зэпрыкӀыурэ къэзакъ жылагъуэхэр зэтракъутэу, лъы ягъажэу щӀадзащ. Бгым щихьэжым, Аслъэнджэрий фӀатхьэкъуащ и адэм къызэринэкӀа мылъкур, я унэӀутхэри я Ӏэщри фӀаубыдащ.

Адэлджэрий Шэшэным илъэс зыбжанэкӀэ исащ, ауэ и адэм илъ ищӀэжын хуейти, Псыжь игъэзэжри, абазэхэхэм яхыхьащ. Абазэхэхэр хуейтэкъым зэшитӀыр зэрыукӀыну: абрэдж цӀэрыӀуэ Аслъэнджэрий и пщӀэр лъагэт, езыри бэлэрыгъыртэкъым. ЗэшитӀыр зэрагъэкӀужыну хуожьэхэр. Аслъэнджэрий и адэ къуэшыр иукӀыжамэ, Адэлджэрии захуэкъым – Къанокъуэ Етэч и шыпхъур идыгъури, Шэшэным щтапӀэ кӀуэжащ, апхуэдэу щыщыткӀэ, тӀури къуаншэщ, зым и хьэкъ адрейм телъкъым. Апхуэдэ унафэм ирагъэувэлӀащ зэшитӀыр. ЗэкӀужауэ фэ зытрагъауэри, зэӀущӀэ, зэрихьэлӀэ, уеблэмэ зекӀуэ зэдежьэ хъуащ Аслъэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ. ЦӀыхум зыкърамыгъащӀэми, зэшитӀыр зыр зым ещэрт: Аслъэнджэрий и напэр трахауэ илъытэрт, Адэлджэрий и адэм илъ ищӀэжын зэрыхуейр щыгъупщэртэкъым. Абы тетурэ, урысхэм екӀужын мурад ищӀащ Аслъэнджэрий. ЕкӀужащ, арщхьэкӀэ щӀэх дыдэ къахэкӀуэсыкӀыжри, бгым ихьэжащ. Адэлджэрий ар къигъэсэбэпащ: абазэхэхэм къахэкӀыжри, Уарп деж щетӀысэхащ, урыс гъунапкъэм благъэ зыхуищӀащ. Абрэдж гупым пашэ яхуэхъуурэ, Аслъэнджэрий бгым къикӀырт, Псыжь зэпрыкӀырти, къэзакъ жылагъуэхэр ихъунщӀэрт. ХъунщӀакӀуэ щежьэкӀэ е къыщигъэзэжкӀэ, Аслъэнджэрий и адэ къуэшым и къуэм щыхуэзэ къэхъурт. Ар нэхъри игъэбэлэрыгъын щхьэкӀэ, Адэлджэрий и къуэшым хуиӀуатэрт урысхэм я тӀасхъапӀэр, Псыжь зэпрыкӀауэ къыщӀагъэӀэрэ къэзакъхэр къыкӀэлъыпхъэрмэ, пхъэрыр кӀэрыхужыху,

езым деж щигъэпщкIурт: урысхэм екIужауэ фэ зытригъэуати, Адэлджэрий шэч къыхуащIынутэкъым.

Апхуэдэурэ екIуэкIащ зыбжанэрэ – Аслъэнджэрий нэхъри бэлэрыгъыху. 1837 гъэм и бжьыхьэку мазэ пщIондэ абы тетащ зэшитIым я Iуэхур: абрэдж цIэрыIуэр бэлэрыгъыпащ, ауэ Адэлджэрий игу ирилъхьар зыщигъэгъупщакъым. Илъ ищIэжыну игъуэ хъуауэ щилъытэм, абы гъусэ хуэхъуащ абазэпщ Ло Мэмэтджэрийрэ нэгъуей хъаныкъуэ Къанмырзэрэ – тIуми ягу хуэплъырт къэбэрдей абрэдж хьилэшым: шы, Iэщ яфIихуат.

Абрэдж гуп зыщIигъури, Аслъэнджэрий бгым къикIащ, Псыжь зэпрыкIын, къэзакъ жылагъуэ ихъунщIэн мурад ищIауэ. Псыжь зэпрыкIын и пэ Аслъэнджэрий и къуэшым деж еблэгъащ; Адэлджэрий къыжриIащ къэзакъи сэлэти Псыжь къызэпрыкIауэ Уарп мэзым къызэрыщыпэплъэр, псы Iуфэм Iут къэзакъ бэтэгъейхэм абрэдж гупым я хъыбар зэраIэрыхьар. Адэлджэрий и къуэшым жриIар пэжтэкъым: абрэджхэм я хъыбар яIэрыхьатэкъым къэзакъ бэтэгъейхэм, къэзакъи сэлэти къызэпрыкIатэкъым псым. Адэлджэрий зэщэр къехъулIащ: абрэдж гупыр мэзым щигъэпщкIури, зы гъусэ фIэкI имыIэу, Аслъэнджэрий и къуэшым и унэ ихьащ, жэщыр абы щрихын щхьэкIэ. Ешхэщефэри, Аслъэнджэрий зы пэш щыгъуэлъащ, и гъусэри зыщIигъури. Пэшым зы щIалэ цIыкIуи къыщIэнащ, мо тIур жейм хилъэфа нэужь, бжэр къыIуихын щхьэкIэ. Жэщыбгым бжэр къыIуихащ щIалэ цыкIум. Адэлджэрий, Ло Мэмэтджэрий, Къанмырзэ сымэ пэшым щIэлъэдащ, фоч кIэщI тIурытI яIэщIэлъу. ПIэм жейуэ хэлъыр хэбукIыхьыну тыншт, ауэ мобыхэм Аслъэнджэрий къагъэушащ, щIаукIыр жраIэн щхьэкIэ. ЩIаукIыр езым ищIэжырт, дауи: фоч кIэщIищыр и бгъэгум ираубыдэри, Аслъэнджэрийр и пIэ кърагъэкIакъым, пэжщ, абы хузэфIэкIащ и пIэщхьагъым щIэлъ фоч кIэщIитIыр къатриунэщIэн, арщхьэкIэ шэр щыми къалъэIэсакъым. Аслъэнджэрий и гъусэм и гугъу ящIакъым: ягъэшэсыжри, мэзым зыхэзыгъэпщкIуа абрэджхэм я деж хъыбарегъащIэ яутIыпщыжащ.

Абрэдж цIэрыIуэм и щхьэр паупщIри, сэлэтхэм Псыжь зэпрахащ, бжэгъу щхьэкIэм фIаIури тхьэмахуэкIэ фIагъэлъащ, Аслъэнджэрий кIэ зэригъуэтам щыхьэт тращIэу…

Аслъэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ я адэхэр, Беслъэнрэ Бэчмырзэрэ, Къэбэрдейм и тхыдэм щыцIэрыIуэ Къетыкъуэ Аслъэнбэч и къуэрылъхущ. Беслъэнрэ Бэчмырзэрэ я адэм и цIэр Хьэмырзэти, ар унэцIэ яхуэхъуауэ ущрохьэлIэ тхыдэм. Дзэпщ къанлы Ермоловым куэдрэ езэуа къэбэрдейхэм яхэтащ тIури, иужьым Псыжь Iэпхъуэри, абазэхэхэм ядэзэуащ.

Беслъэн и къуэ Аслъэнджэрий яхэтащ Торнау тIасхъэщIэх зышахэм. Абы и гъусащ Ермоловым и зэманым Къэбэрдейм ирахуауэ щыта Тамбий Аслъэнбэч, Жансит-хьэжы, абазэпщ Ло Мэмэтджэрий сымэ, нэгъуэщI абрэджитIи. Ахэр Торнау гъусэ щIыхуэхъуар урыс дзэлIхэм трахауэ щыта (Къэбэрдейм къина) мылъкумрэ пщIылIхэмрэ кърагыжынкIэ къызэрагъэгугъарщ, ауэ абы хунэсакъым: хъыбарым къызэрыхэщщи, и IэщIагъэм текIуэдэжащ. Торнау зэритхымкIэ, Беслъэн Аслъэнджэрийрэ ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэтрэ нэхъ цIэрыIуэ абрэдж исакъым Псыжь а зэманым. ХьэтIохъущокъуэм Мыхьэмэт IэшэкIи еджэу щытащ, 1825 гъэм шэм икъутэри и зы Iэр нэхъ кIэщI хъуати. Тыркум кIуэри, зригъэIэзащ ХьэтIохъущокъуэм, ауэ и Iэр нэхъ кIэщI зэрыхъуауэ къэнат.

Абы щхьэкIэ щIичакъым  зэуэн. Ар 1846 гъэм Шэткъалэ (Ставрополь) деж къыщаукIащ.

Аслъэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ зэпаубыда Гуащэхужь и дэлъху Къанокъуэ Етэч 1845 гъэм Зассовкэ быдапIэм деж къыщаукIащ. Барон Сталь зэритхамкIэ, «кIэмыргуейхэм япщ Бэлэтокъуэ Жамболэт, ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт Iэшэ, Къанокъуэ Етэч сымэ нэхъ цIэрыIуэ щыIакъым иужьрей илъэс тIощIым».

Къанокъуэ Гуащэхужь, дахэкIейуэ зэрыщытам фIэкI, нэгъуэщIкIэ къыхэщыркъым адыгэ тхыдэм, ауэ IуэрыIуатэм къыхэнащ «Къанокъуэ Гуащэхужь умыхъуамэ, сыт узэрыпагэр?» жиIэу псэлъафэ.

# Хэкум и хъумакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу



## Хьэзиз

Сэ ар зыхэслъхьэ щыIэтэкъым. ФIыуэ слъагъуртт. ПщIэ хуэсщIыртт. Си чэнджэщэгъут, си гъуэгугъэлъагъуэт. Си закъуэтэкъым абы апхуэдэу хущытыр. Хьэблэм дэс псори арат – я нэм щIэлъми щIамыхыным хуэдэт. Умылъагъун хуэдэ цIыхутэкъым ар: псэ къабзэт, хьэлэлт, Iэдэбт, зэпIэзэрытт. ЦIыху Iущт. ГуфIэгъуэ зиIэм деж япэ нэсыртт, гуауэри, фэрыщIыгъэ лъэпкъ хэмылъу ядигуэшыртт гукIи псэкIи. Жьым щхьэ, щIалэм лъакъуэ ядишхыртт. Зэманым декIуртт, цIыхухэм яхэт зэпытт. ЖимыIэпхъи пхужиIэнутэкъым. ИщIар, илъэгъуар, зэхихар къыIурыщэщу зыIуэтэжхэм ящыщтэкъым.

МащIэрэ и ужь сита ар и гъащIэм, къикIуа зауэ гъуэгуанэхэм тезгъэпсэлъыхьыжу газетым, радиом е «Iуащхьэмахуэ» журналым стхыну. Ауэ сэ абы сыт щыгъуи къыпысхыр зы жэуапт: «Си закъуэкъым зауэм хэтар – къэралыр зэрыщыту зэуащ». Зи гугъу сщIыр Зеикъуэ жылэшхуэм пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIу дэса ХьэфIыцIэ Хьэзизщ. Абы фIэфIтэкъым и цIэр радиом, телевизорым, газетхэм щигъэIуну. Зы илъэскъым, илъэситIкъым, илъэсищкъым сэ ар сымыгъэпсэууэ и ужь сызэритар. Уэ сэ слъагъур ускIэрыкIынукъым жиIа, сытми, къысхуиIуэтэжащ ХьэфIыцIэ Хьэзиз къикIуа гъащIэ гъуэгуанэр. Ар гугъуащ, хьэлъащ, псэзэпылъхьэпIэ Iэджэми иришащ абы.

Хьэзиз зэманым и зэрызехьэгъуэр нэхъ кIащхъэ хъууэ къэрэхьэлъкъ

тхьэмыщкIэр зэIубз дыдэу щымыт гъуэгуанэ хьэлъэ щытехьа лъэхъэнэ 1920 гъэм къалъхуащ. И адэ Къанщобий Зеикъуэ къуажэм къыщызэрагъэпэща колхозым псом япэ хыхьащ. ЛIы губзыгъэм къыгурыIуат жьыр къыздепщэри, абы здигъэзэнури, ар тыншу зэрыщымытынури.

Пэж дыдэу, щытакъым тыншу. Хьэлъащ, гугъуащ. Нобэрей зэманым уи нэгу къыщIэгъэхьэт белыр пIэщIэлъу колхоз губгъуэшхуэхэр лъапэкIэ къэптIыну, вым удэкIуэтэнт, жэм мыгъасэр бжьым еныкъуэкъуу, хьэсэм дэмызагъэу къыпфIыхэкIыу, ежьэжамэ, абы дэукIуриеу, шэ къыщIэжам щIыгулъ фIыцIэр ириIэу, бууэ, зиукIыжу къыщыплъэфыжурэ уривэну, выгум щIэпщIэу заготовкэ ирипшэну. Къанщобий сымэ къахуихуащ жэщым шэху уэздыгъэ яIыгъыу нартыху къыдачыжыну. Къэхъуащ щIымахуэ уаем нартыху сэмбым фIищIа Iумылыр башкIэ къыпагъэщэщурэ нартыхур къыщыдачыжаи.

ЦIыхуфэр Iувщ, быдэщ, куэд ешэч. Ауэ гъунапкъэ гуэр зимыIэ щыIэкъым. Хьэзиз и адэ Къанщобий гъащIэм иришэлIащ псэм и зэпылъыпIэ гъунапкъэм. Ар гуузу зэпоч щIалэ цIыкIум и ныбжьыр илъэс 12-м иту. Гугъущ къэпIуэтэну абы щыгъуэ Хьэзиз и гум щыщIар. ПсэухукIэ ар хьэлъэу и псэм телъащ.

Анэм сыт ищIэнт? ЩIалэр пIын, гъэсэн, и адэм ещхьу, цIыху пэрыту, пэжу къэгъэхъун хуейти, ХьэкIулэ IэнатIэ гугъум пэроувэ. Ар сытым хуэдэу гугъут икIи хьэлъэт. Къару пщIэкIми зыгуэр епщIэнт, ауэ дунейр кIыфI къыпщызыщI псэ щIэлIэм дэкIуэтэгъуейт, ар абы къемылынкIи хъунт, и къуэ закъуэр мыхъуамэ. И лIым имылъэгъуа IэфIыгъэр, гуапагъыр, дахагъэр и къуэм зыхригъэщIэн хуейтэкъэ. Апхуэдизу псэ къабзэу дунейм тета и щхьэгъусэм и пащхьэ ихьэжмэ, сыт къыжриIэн? КъыжримыIэпэми, езыр дауэ абы Iуплъэну, сыт мыгъуи хужеIэн? А гупсысэхэр, цыджан чнутIу, къытехуэрт ХьэкIулэ, ауэ лэжьыгъэ хьэлъэм игъэундэрэщхъуа Iэпкълъэпкъыр псэ кIэкуакуэмкIэ пхрилъэфырт гъащIэ дыджым.

А псор илъагъурт, зыхищIэрт Хьэзиз цIыкIуи, егугъуу еджэрт, жыIэщIэт, щэныфIэт. Школ нэужьым, пщIантIэм дэлэжьыхьырт, хадэр зэрихьэрт, къыщыдэхуэхэм Бахъсэн аузым щаухуэ ГЭС-м кIуэрти, ухуакIуэхэм ящIэм кIэлъыплъырт. Абыхэм яхэтт фIыуэ ицIыху, апхуэдэуи илъагъу и благъэ ЩоджэнцIыкIу Мухьэмэд. Ар шоферу лажьэрт. ЩIалэ цIыкIур къыздришэкIырт, игъэгушхуэрт, машинэм щыкIэлъыплъкIэ зыдигъэIэпыкъурт.

ЩIалэ цIыкIур а IэщIагъэм дехьэх. 1938 гъэм школыр фIы дыдэу къиуха нэужь, щIолъэIури, Бахъсэн дэт мехшколым щIотIысхьэ. А еджапIэри Хьэзиз нэхъыфI дыдэу зи цIэ къраIуэхэм яхэту къеух. Нагорнэ районым щыIэ автоколоннэм макIуэри, и IэщIагъэм зыщыхуегъасэ. ЩIалэ жан гурыхуэр абы щIэх дыдэ хозагъэ. ФIыщIэрэ щытхъурэ иIэу Бахъсэн къегъэзэжри, хьэлъэзешэ машинэмкIэ лажьэу щIедзэ.

1940 гъэм и бжьыхьэм Тырныауз ягъакIуэ. А зэманым «Молибден» рудникыр щIэгъэхуэбжьауэ яухуэрт. Рудникым кIуэ гъуэгур бгъузэт, машинитI щызэблэкIыфыртэкъым, нэшэкъашэт, щыхупIэ и куэдт, кIэщIу жыпIэмэ, псэзэпылъхьэпIэт. Абы хьэлъэ къыщепшэкIыну тынштэкъым, дзыхьщIыгъуэджэт. Япэ къэс шоферым апхуэдэ дзыхь ирагъэзыртэкъым. Зрагъэзыр зэкъуэтIакъуэхэт. Абыхэм яхэхуащ Хьэзиз икIи 1942 гъэм зауэм дашыху жэщ, махуэ имыIэу ирикIуащ а гъуэгум. Хьэлъэ мащIи кърашэкIакъым ар зэрыса ГАЗ-АА, ЗИС-5 машинэхэм.

Тырныауз щыщу цIыху 40 Мэздэгу яшэ, Хьэзиз яхэту яхуапэ. Зэрахуэпар нэгъуэщI сэлэтхэм ящыгъа щыгъыныжьхэт, фIейхэт, лъы защIэхэт.

Мэздэгу зы жэщрэ зы махуэкIэ дэсри, Черкесск къалэм яшащ. Абы шоферхэр щагъэхьэзыру дэт 12-нэ полкым хагъэхьащ. Хьэзиз гъэсакIуэу ягъэув. Абы къыдэкIуэу, быдапIэхэр щаухуэ щIыпIэхэм хьэлъэхэр егъэIэпхъуэ. Армавир и Iэшэлъашэхэм щрагъэкIуэкI ухуэныгъэхэм нэмыцэ кхъухьлъатэхэр къыщхьэщохьэри, бомбэхэр кърадзыхх. ИужькIэ нэмыцэхэр къобгъэрыкIуэ, къалэм гъунэгъу къыхуохъу. Ди зауэлIхэм къикIуэту щIадзэ. Иныкъуэм СтавропołькIэ, адрейхэм Орджоникидзе лъэныкъуэмкIэ яунэтI.

Хьэзиз Орджоникидзе кIуэ гупым хэхуащ. Абы и машинэм полкым и документхэр иралъхьэ. Полкым и унафэщI генерал Новиковым и гъусэу цIыхуибл йотIысхьэ. Орджоникидзе носхэри, генералыр, зы сэлэт, ХьэфIыцIэ Хьэзиз сымэ къонэри, адрейхэр адэкIэ макIуэ. Машинэм полкым и документхэр ирах. Къалэм дэт лъэсырызекIуэ училищэм ХьэфIыцIэр генералым и гъусэу къагъанэри, мазэ ныкъуэкIэ щыIащ. ИтIанэ Хьэзиз зы сэлэт гъусэ къыхуащIри, генералым щхьэкIэ машинэ псынщIэ къиихуну ягъакIуэ. Генералым Хьэзиз машинэм иригъэтIысхьэну унафэ ищIат, ауэ ХьэфIыцIэр зэрыса хьэлъэзешэ машинэр нэхъ къищтэри, абы къранэжыну щIэлъэIуащ. Сэлэтым и лъэIур къыхуащIэри, зэрыса хьэлъэзешэ машинэм ирагъэтIысхьэжащ.

Нэмыцэр Грознэ къалэм хуеIэрт, абы и щIыдагъэр зыIэрагъэхьэну. А къалэм лагъыму тонн 50-м щIигъу щахъумэрт. Ахэр Грознэ къалэм къыдэзышу нэгъуэщI щIыпIэ зыгъэIэпхъуахэм япэ итащ Хьэзиз. Грознэм нэмыщI, Аргун дэта складхэм щIэлъа топышэхэр игъэIэпхъуащ ХьэфIыцIэ Хьэзиз зыхэта гупым.

Зэкъым, тIэукъым абыхэм нэмыцэ кхъухьлъатэхэр къазэрыщхьэщыхьар, бомбэхэр къызэрыхадзар. Къелащ, и ажал къэсатэкъыми.

Зауэ гъуэгуанэр кIыхьащ икIи гугъуащ. ПсэзэпылъхьэпIэ мащIи ирищакъым абы Хьэзиз. Краснодар, Кърым, Севастополь, Керчь, Сапун-Бгы, Бодайскэ куэбжэ... Зауэ гуащIэ щекIуэкIащ а щIыпIэхэм. Ахэр игу къыщигъэкIыжкIэ, Хьэзиз и нэпсыр къыфIекIуэрт. Ар цIыху быдэт, жыру япсыхьа фIэкIа умыщIэну, къэдзыхэу аратэкъым, атIэ къэзыгъэхашэр зауэ гуащIэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэм лъэ увыпIэ умыгъуэту щикъухьа сэлэт тхьэмыщкIэхэм я хьэдэхэм ящхьэщыта гъуэз фIыцIэмрэ гынымэ гуащIэмрэ къыщIихьэжри, гынымэ дыджыр и Iум кърихьэжати аращ. Адэ-анэ, къуэш, шыпхъу, бын, щхьэгъусэ мащIэ пыхьа а тхьэмыщкIэхэм щхьэкIэ. Алыхьым я ахърэтыр нэху ищI зауэм хэкIуэда, абы и фэбжьым ихьа псоми. КърагъэкIуэнкъэ а гупсысэхэм нэпс? КърагъэкIуэнщ, гъущI умыхъуамэ, зауэм и хьэзабыр уи нэгу щIэкIамэ. Сэ Хьэзиз емыкIу сщIыркъым, заулрэ щыму щыслъагъум, зы псалъэкIи зыкъезгъащIэркъым, къыщхьэщыхьа гукъэкIыж хьэлъэхэр еупIэхыжу езыр «къысхуэгъэгъу» жыхуиIэу къызэплъыху.

ХьэфIыцIэ Хьэзиз и зауэ гъуэгуанэхэр Белоруссием и щIыналъэхэми кIуэцIрокI. Гомель... Могилев... Могилев деж зыщызыгъэбыда ди зауэлIхэм Iэщэхэмрэ шэхэмрэ хуашауэ яунэщIу нэмыцэхэм къебгъэрыкIуэу щIадзэ. Машинэ 50-м нэблагъэрти, ахэр псынщIэу яунэщI, Хьэзизи адрей машинэхэм иса шоферхэми автоматхэр къащтэри, зэуапIэм Iуохьэ. А зэхэуэ гуащIэм нэмыцэ куэд хэкIуэдащ, зы нэмыцэ генерал, офицеритI, сэлэту 15 гъэр ящIащ. Абы папщIэ Хьэзиз сымэ фIыщIэшхуэ къыхуащIащ.

Могилев къалэр къащтэу абы зыщызыгъэбыдэну хэта нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм я мурадыр къехъулIакъым. Ахэр зэтракъутэри, къызэрыкIуам нэхърэ нэхъ псынщIэу икIуэтыжу щIадзащ. Ди зауэлIхэр

абыхэм кIэщIу я ужь иту кIуэрт, псэхупIэ ирамыту. Нэмыцэхэр Неман псым зэпрыкIыжри, абы телъ лъэмыжыр къагъэуащ. Ди сэлэтхэм жэщ, махуэ жамыIэу ар псынщIэу зэфIагъэувэжри, ПольшэмкIэ яунэтI, Белосток къалэм хуэкIуэу. Нэмыцэхэр къызэдзэкъэкIырт: щIыпIэ зэгъуэкI зэрагъуэту зауэ гуащIэхэр зэхаублэрт. Могилев – Белосток гъуэгуанэм Хьэзиз зыхэта батальоным щыщ куэд щыхэкIуэдащ. Адыгэ зауэлIым ар игу къыщыкIыжкIэ нэщхъей хъурти, и псалъэхэр зэпигъэурт. Тыништэкъым а псор щIэрыщIэу уигу къэбгъэкIыжыну, уи нэгу къыщIэбгъэхьэжыну. Зауэ гуащIэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэм, абыхэм щыхэкIуэда и ныбжьэгъухэм я гъусэу, Хьэзиз и псэм щыщ Iыхьи къигъэнащ. Арауэ къыщIэкIынт ар куэдрэ щIысхутемычар къикIуа зауэ гъуэгуанэм тепсэлъыхьыжыну. Ар нэщхъей хъууэ и псалъэхэр щызэпигъэум деж, сэ соукIытэри си щхьэр изохьэх, а цIыху телъыджэм и пащхьэм сызэрыщыкъуаншэр зыхызощIэри. СыщIегъуэжауэ сызоупщIыж: «Дунейм мыр къезгъажьэу, лажьэ зимыIэ цIыхур щхьэ бэлыхь хэздза?» Абы нэгъуэщI гупсыси къегъэщI: «ЦIыхухэм ящIэн хуейкъэ Хьэзиз и фэм дэкIар? Абы ищIам и дзакIэ фIэкIа зымылъэгъуахэр я щхьэм щотхъужри къуажэм дэтщ. Ар захуагъэ-тIэ?»

Зауэм и мафIэ лыгъэм илыпщIам и щхьэр зэи иIэтынукъым. Хьэзизи аращ. Ар адэкIэ кIуэцIрыкIащ къалэхэр зыр зым и ужь иту хуит къэзыщIыжа ди сэлэтхэм я гъусэу. Польшэм и ужькIэ Чехословакием



**И щхьэгъусэ Къалмыкъ Жанусэрэ я бынхэмрэ. 1968 гъэ.**

зауэ гуащIэ щекIуэкIащ. Хьэзиз сымэ мыувыIэу шэхэр ирашалIэрт, я лэжьыгъэм къыщыдэхуэхэм деж автоматыр къащтэрти, зауэлIхэм яхыхьэрт.

Пруссием и КъуэкIыпIэм нэсахэщ. Кенигсберг быдапIэм нэблэгъащ. Абы нэмыцэхэм зыщагъэбыдат. Ахэр щикIуэтым, лъэмыжыр якъутащ. Къэнар гъущI гъуэгу закъуэрт. АбыкIэ икIри ди зауэлIхэр быдапIэм дэс нэмыцэхэм ятеуащ. Ауэ шэр къаIэщIэухэу хуежьащ. Ди дзэр къапхъэным ихуэнут. Ажалым и къапхъэным. Машинэхэм шэр ярызу псы Iуфэм Iутт, ящIэнур ямыщIэу. Хьэзиз, гупсысэщ-гупсысэри, рельсым тету икIын хуейуэ къыхилъхьащ. Ар зэщIэлъыкIа къамэдзэ къыдэгъэзеям лъапцIэу утеувэу урикIуэным ещхьт. Ауэ нэгъуэщI Iэмал иIэтэкъым. Хьэзиз и машинэр зэщIигъанэри япэ техьащ. Ар жыIэгъуафIэ щхьэкIэ, шынагъуэт. Хьэзиз

пщIэнтIэпсыр къежэхыу, шэхэр изу зэрылъ машинэ хьэлъэр рельсым тету иригъэкIри къэувыIэжащ, зэрырикIуэнур адрейм яригъэлъагъуну.

ХьэфIыцIэм къыхилъхьа жэрдэмым, ар Iэзэу зэрызэфIигъэкIам папщIэ, 1944 гъэм январым Вагъуэ Плъыжь орденыр къыхуагъэфэщауэ щытащ, ауэ ар къыщратыжар 1945 гъэм и бжьыхьэращ. Хьэзиз апхуэдэу яхэтащ Нюрнберг, Брислау, Бунелау къалэхэр хуит къэзыщIыжахэм. Кенигсберг быдапIэр хуит къыщащIыжым щыгъуэ зэрихьа лIыгъэм щхьэкIэ ХьэфIыцIэм къратащ «Кенигсберг къызэращтам папщIэ» медалыр. Абыхэм нэмыщI, ХьэфIыцIэ Хьэзиз къратащ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр, фIыщIэ, щытхъу тхылъ куэди къыхуагъэфэщащ.

Абы и ужькIэ Хьэзиз зыхэта гупым Опель, Краков къалэхэм нэмыцэхэм къыдана бомбэхэмрэ топышэхэмрэ къыдашыжри мэзым яшэурэ къыщагъэуащ. А лэжьыгъэр и кIэм нагъэсауэ, яухыным махуэ зытIущ иIэу, зауэр увыIащ. Ауэ Хьэзиз занщIэу къаутIыпщыжакъым.

ХьэфIыцIэ Хьэзиз унэм къыщысыжар зауэр иухыу илъэсрэ мазищрэ дэкIыжа нэужьщ – 1946 гъэм и август мазэрщ. Зимыгъэпсэхуу, зы махуи щымысу, зауэм и пэкIэ зыщылэжьа Тырныауз молибден комбинатым увыжри, пенсэм кIуэуэ тIысыжыху шоферу щылэжьащ.

Илъэс 46-кIэ Хьэзиз а IэщIагъэм ирилэжьащ пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIу, тыгъэ, саугъэт, щIыхь тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэр кърату. А зэманым къриубыдэу зэи къэхъуакъым ар гъуэгум щызекIуэ хабзэхэм щебэкъуа, зыхэт гупым сыт хуэдэ Iуэху яIэми щадэмыIэпыкъуа, защыщIимыгъэкъуа, щимыгъэгушхуа, щимыгъэпэжа. Арыншэу ар псэуфынутэкъым, пэжыгъэм, цIыхугъэм, лIыгъэм къыхуигъэщIати.

Хьэзиз зауэм къыщикIыжар фIы дыдэу сощIэж. Дэ абы щыгъуэ Гундэлэн дагъэIэпхъуауэ дыщыпсэурт. Дызэгъунэгъут. ХьэкIулэ и къуэ закъуэр зауэм къикIыжу къыщыкIуэжам хьэблэм гуфIэгъуэу дэлъар пхужыIэнкъым. ХьэкIулэ дыхуэгуфIэнущ, дехъуэхъунущ жаIэри хьэблэ фызхэр абыхэ я деж зэрыхьащ. Сэри, ди анэм зыкIэрысщIэри сыкIуащ. Хьэзиз къызбгъэдыхьэри сыкъищтащ, и IэплIэм сригъэтIысхьэри, фэрыщIыгъэ лъэпкъ хэмылъу, и бгъафэм срикъузылIащ, си щхьэфэм гуапэу Iэ къыдилъэри жиIащ: «Зауэм щыIа псори хэкIуэдакъым, иджыщ къэкIуэжын щыщIадзар, умыгузавэ, си къуэш цIыкIу, уи адэри къэкIуэжынщ».

Сэ Хьэзиз къызжиIар апхуэдизкIэ си гуапэ хъуати, и пщэм си IитIыр ешэкIыу IэплIэ быдэу хуэсщIынут, сымыукIытауэ щытамэ.

Си адэр зауэм къикIыжакъым. Хьэзиз слъагъуху, сыхуэзэху, и гугъу ящIу зэхэсхыху си адэр слъэгъуа, сыхуэза къысфIэщIу си гъащIэр схьащ. Хьэзиз дунейм ехыжа нэужьи, си адэри абы и гъусэу тфIэкIуэдауэ къысщыхъуащ. Иджыри къэзгъэсынутэкъым Хьэзиз теухуа тхыгъэр. Гуауэ къэхъумэ, къысхуемыгъэзэгъыурэ екIуэкIащ – Хьэзиз и щIалитIыр дунейм ехыжащ. И щхьэгъусэ Жануси IэщIэкIащ. А гуауэхэр текIуэтмэ, стхынщ, жысIэурэ езыри абыхэм якIэлъыкIуэжащ. Алыхьым ахърэт нэхур кърит си адэм хуэдэу фIыуэ слъэгъуа, адэм хуэдэу къысхущыта цIыху телъыджэ ХьэфIыцIэ Хьэзизи, зи ерыскъы IэфI куэд сшха Жануси, си ныбжьэгъуфIу, цIыху дыщэу щыта абыхэм я щIалитIми. Къысхуэгъэгъу, Хьэзиз, мы тхыгъэр зэрызгъэгувам, упсэууэ ар зэрозмыгъэлъагъужам щхьэкIэ. Зыкъом нэхърэ нэхъ къэсщтэнт уи гуащIэ ин зэпхьэлIа Хэкум и хъумакIуэхэм я махуэр щагъэлъапIэкIэ сынохъуэхъуу, уи Iэр гуапэу сыубыдыну!

**УЕТ Аслъэнбий.**

## Культурэм и лъахэм

# Чэнджэщ нэхъ хуэныкъуэр чэнджащэрейкъым



*ГубэщIыкI Владимир и IэщIагъэкIэ юристщ. Абы илъэс куэдкIэ республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм къалэнышхуэ зыпылъ лэжьыгъэхэр щрихьэкIащ. Иужь илъэс 20-м ГубэщIыкIыр щыташ Урысей Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIу. Ауэ сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, Владимир сыт щыгъуи къекIуэкIащ адыгэ тхыдэм, адыгэ хабзэм гурэ псэкIэ пэгъунэгъуу, ди гъащIэм узыщрихьэлIэ мыхъумыщIагъэхэм фэрыщIагъ хэмылъу тегузэвыхьу. Арагъэнщ и гупсысэ щхьэхуэхэр тхылъымпIэм иритхэу щIыхуежьари. Ахэр щызэхуэхьэса тхылъи къыдэкIауэ щыташ илъэсиплI и пэкIэ. Ар нобэ гъуэтыгъуей дыдэ зэрыхъуар, щIэупщIэр зэрыкуэдыр къилъытэри, Владимир тхылъыщIэ игъэхьэзыращ. Мы къыдэкIыгъуэм теддзэ жыIэгъуэхэр а тхылъым къыхэтхащ.*

ГУБЭЩIЫКI Владимир

### Хабзэмрэ цIыхугъэмрэ

Ауану зэхэлъыр ауан щIынкIэ ерыщщ.
БэмпIэгъуэ блэжьмэ, бампIэ ущыщIэнукъым.
ГущIэгъу зимыIэм и диныр фэрыщIагъкIэ гъэнщIащ.
ГъащIэм къемызэгъыж хабзэм зэраныгъэ къешэ.
Законхъуэжыр унагъуэ Iэпхъуэм хуэдэщ – узэIещIэ.
Законым пщIэ щыхуамыщI къэралыр къэралыгъуэ иувауэ умыбж.
Зи мурад мыдахэм псалъэ дахи къыжьэдэкIыркъым.
Зи псалъэ зыгъэзащIэм гъащIэри доIэпыкъу.
Къилэжьакъым жаIэу, хьэдрыхэ зыри къыщIахужакъым.
Къыумылэжьа пщIэм жыжьэ унихьэсынукъым.

9 Заказ № 16

ЛIыгъэр зыфIэкIуэда лIым и гъащIэр кIэщIщ.
ЛIыжьым и пащIэр бупскIэ, щIалэ хъужынукъым.
МащIэ зыщIэм нэхърэ хуащIэр зыфIэмащIэр нэхъ нэпсейщ.
МыхъумыщIагъэр зи нэрыгъым и гъащIэр кIэщIщ.
Напэ зимыIэм и жейр Iувщ.
Напэр зэщ зэрытекIыр.
НэгъуэщIым бампIэ тезылъхьэр езыр бампIэм ехьыж.
Нобэ зумыхьа цIыхугъэм пщэдей умылъыхъуэж.
Псалъэ гуауэр шэм нэхърэ нэхъ гуащIэу мауэ.
ТхьэмыщкIэм и ныкъусаныгъэ мащIэри ину къыхощ.
Уи пщIэ хуэмейм пщIэ хуумыщI, чэнджэщ мылъыхъуэм иумыхьэлIэ уи чэнджэщ.
УкIытэ зыхэмылъым сыт хуэдэ икIагъэри кърегъэзэгъ.
Фадэ зи нэрыгъ тхьэмадэм и гупым къаугъэ хуэщщ.
ФIы блэжьамэ, фIыщIэ умылъыхъуэ.
ФIыр фIыщIэ зымыщIым фIыщIэ хуэфащэкъым.
Хабзэм уелъэпауэм, уи лъапэр пиудынщ.
Хъуами мыхъуами, гъащIэм къытригъэзэжыркъым.
ХьэщIэ зи жагъуэм (узэрыримыгъэблэгъэн) щхьэусыгъуэ и куэдщ.
Хъуэхъури зэрыжаIэм елъытащ – хъуанэу къыщыщIидзыжи щыIэщ.
ЦIыху гуапэм цIыхум и фIагъыр къелъыхъуэ, ябгэм зэребгын къеулъэпхъэщ.
ЦIыху нэхърэ нэхъыфIи нэхъ Iеи дунейм (псэущхьэ) теткъым: и псэри къуитыфынущ, уи псэри хихыфынущ.
ЦIыхугъэ зыхэлъым къимылэжьа щытхъур хэзагъэркъым.
ЦIыхум я нэхъ щабэми, хъийм къипшмэ, гущIэгъур фIокIуэд.
ЦIыхур цIыху зыщIыжыр напэрщ. Напэ здэщымыIэм цIыху щыIэжкъым.
ЦIыхуфIыр фIы ищIар зыфIэкуэдыркъым, – ищIа фIыр зыфIэмащIэрщ.
Щхьэщытхъум и пщIэр жыжьэ нэсыркъым.
Щытхъу зыхуэмыфащэр нэгъуэщIым щытхъурейкъым.
Iуэхутхьэбзэ зыщIэм гукъанэ хуащIыркъым.

## Акъылымрэ къалэнымрэ

Акъыл кIэщIыр кIыхьу мэпсалъэ.
БжэгъукIэ къозауэм IэштIымкIэ упэмыув.
Бий наIуэм пэуви, бий щэхум зыщыхъумэ.
Гуауэ зыхэлъ псалъэм гушыIэ фIэпщ хъунукъым.
Губжьыр гъэтIыси, унафэ щIы.
Губзыгъагъэм къыхуезыджэр куэдми, губзыгъэр мащIэщ.
Гузэвэгъуэм зыдэбгъэшыху, нэхъри уегъэш.
Делэм уемыныкъуэкъу – губзыгъагъэ къыпыпхынукъым.
Дунейр къызэригъэщIрэ цIыхур дунейм тетми, дунеягъэм хищIыкIыр мащIэщ.
Езым жиIэр зыфIэмызахуэ псори мызахуэм хэзыбжэр куэдрэ щоуэ.

Ерыскъым я нэхъыфIыми, ебгъэлеймэ, лей къыуех.
Зэбгъэзэуэным акъылышхуэ хуейкъым, акъыл зыхуейр зэгурыбгъэIуэнырщ.
ЗэрымыIыгъ зэшхэм уащымышынэ.
Зи акъыл ныкъуэмрэ зи ныбэ нэщIымрэ защыхъумэ.
Зи щхьэ зыфIэмыдахэрэ зи акъыл зыфIэмащIэрэ гъуэтыгъуейщ.
Зы кIуапIэ фIэкIа зымыщIэм нэгъуэщI гъуэгу езыгъэлъагъур щIэныгъэншэу къыщохъу.
Зыхуэмыфащэм пщIэ хуэпщIмэ, уи пщIэм хощI.
Куэдрэ упсэуну ухуеймэ, уи псэр гугъу иумыгъэхь.
КIэ зимыIэ гузэвэгъуэм мывэм я нэхъ быдэр къегъачэ.
КъэфэкIэ зымыщIэм къэфэным гугъуехь лъэпкъ хилъагъуэркъым.
Къэрабгъэр шынэр аракъым – шынэм темыкIуэфыращ.
ЛIэныгъэм щымышыни щыIэкъым, хуэпIащIи бгъуэтынущ.
Псалъэ пэжым нэр ирещI, псалъэ гуауэм гур екъутэ.
Псэлъэным нэхърэ дэIуэныр нэхъапэ изыгъэщым нэхъыбэ къыхохъуэ.
ПцIыр сыт хуэдизрэ пхымыкIами, икIэм-икIэжым пхыроху.
ПщафIэ ухъун щхьэкIэ, нэгъуэщI мыхъуми, тебэ къэплъам Iэ пцIанэкIэ уепхъуэ зэрымыхъунур пщIэн хуейщ.
Тэмакъыр япэ ищмэ, акъылым и зэфIэкIым хощI.
Темылъ тыгъэ пхуэзыщIым и щхьэусыгъуэр зэгъащIэ.
Угубжьауэ унафэ умыщI, ухуэмыщIауэ лэжьыгъэ щIумыдзэ.
УдэфэгъуафIэм и ныбэ из хъумэ, шыуаным йолъэпауэ.
Уи хадэм кхъуэ ибгъэхьамэ, къипхыжынIауэ ущымыгугъыж...
Фадафэм и псэлъафэри ефэнымкIэ унэтIащ.
ЦIыхум къахэщыр жагъуэгъу щыщIэркъым.
ЦIыхур нэхъ жыжьэу уафэм дэкIуеиху, и кIуэдыжыгъуэр нэхъ гъунэгъу мэхъу.
Чэнджэщ нэхъ хуэныкъуэр чэнджащэрейкъым.
Шыдми и макъыр фIэдахэжщ, армырамэ кIиинтэкъым.
Щхьэхынэм и гъащIэр кIэщIщ.

## Лъэпкъ Iуэхумрэ бзэмрэ

Адыгэ лъэпкъым зэгурымыIуэ къыхэзылъхьэр лъэпкъым и бийщ.
Алыхьым цIыхум кърита щыщу псэр япэ итмэ, абы къыкIэлъыкIуэр бзэращ.
Бзэр зыфIэкIуэд лъэпкъыр гъащIэмащIэщ.
ЗэгурымыIуэ лъэпкъым лъэпкъ Iуэху къыхуэIэтынукъым.
Зи бзэр зэзымыпэсыж лъэпкъым и кIуэдыжыгъуэр къоблагъэ.
Зи напэ зымыхъумэр напэншэмэ, зи хэку зымыхъумэр лIыгъэншэщ.
И лъэпкъэгъу дэхуэхам зыхуэзымышийр шхий и уасэкъым.
Лъэпкъ бгъэкIуэдынум, мыхъумыщIэу хэлъыр гъэбагъуэ.
Лъэпкъ бын зыгъасэм лъэпкъ щытхъу хуэфащэщ.
Лъэпкъым хуэлажьэм пщIэ лей къелэжь.

Лъэпкъ лIыгъэншэм ущIебгъэрыкIуэн щхьэусыгъуэ гъуэтыгъуафIэщ.
НэхъыжьыфI зиIэ лъэпкъым хъуэпсэгъуэ куэд дыболъагъу.
Узыхэсым и лъабжьэ къэптIыныр уи мащэ къэптIыж пэлъытэщ.
Уи адэшхуэм и пщIэр уи напщIэ телъ къудейкIэ, уи фIыщIэм хэхъуэнукъым.
Уи лъэпкъым хуэпщIэфар пщIа псом нэхърэ нэхъ лъапIэщ.
Уи псэр хэлъхьи, уи бзэр къегъэл.
ФадэкIэ къыпхуэупсэр уи псэм йоIэ.

## Бынымрэ щхьэгъусэмрэ

Анэр арэзы зыщIыфым Тхьэм и нэфI къыщохуэ.
Бжыр унэгуащэм IэщIыхьэмэ, фэбжьыр лIым и Iыхьэщ.
Бын узыншэ ухуеймэ, – къэзылъхунур гуапэ щумыгъащIэ.
Быным хэлъ мыхъумыщIагъэр анэм и нэм зэрилъагъур гъэмэщIауэщ.
ЖыхуиIэ псор зыхуащIэу еса сабийм хуащIэм пщIэ хуищIыжыркъым.
Зи бзэ зымыщIэж цIыхубз псэуэгъу пщIымэ, си бынbackup бзэмыIу хъуащ жыпIэу умыгъэщIагъуэ.
КъыумыгъэдэIуэфын цIыхубз псэуэгъу умыщI.
Насыпыр цIыхум куэдрэ къеуалIэркъым, къыпхуэкIуамэ, быдэу хъумэн хуейщ.
Удахэкъым зыжепIа цIыхубзым зыщыхъумэ.
Унагъуэм къаугъэ илъмэ, быным я лъэр щIэкIыркъым.
Унэгуащэ хахуэм мащIэри куэд ещIыф, хуэмыхум куэдри мащIэ IэщIохъуэ.
Унэгуащэр щытепщэ унагъуэм лIым и благъэ кIуэрейкъым.
ЦIыхубз ябгэм унагъуэм и гъащIэр хьэзаб защIэ ещIыф.
ЦIыхубзым лIы ухуэмыхъумэ, пщылI уищIынущ.

## Къулыкъумрэ мылъкумрэ

Зи акъыл кIэщIыр унафэ щIыным гугъу дехьыркъым.
Зи мылъку зыфIэмащIэр гъунэжщ – зи акъыл зыфIэмащIэ гъуэтыгъуейщ.
Зыхуэмыфащэр яIэтмэ, бегъымбару зыкъыщохъуж.
Куэд зыхузэфIэкIыр мащIэ защIэкIэ къэбгъэсэбэпмэ, и зэфIэгъэкIым хощI.
Куэдым къыхэзыхыу мащIэм езытыфми фIыщIэ иIэщ, мащIэм къыхэзыхыу куэдым езытыфым и фIыщIэр нэхъыбэжщ.
Къыумылэжьа фIыщIэмрэ мылъкумрэ хъер пылъкъым.
Къулыкъудэубзэм зэубзэр IэщIэкIмэ, и адэм нэхърэ нэхъ егъей.
Къулыкъудэубзэм цIыхур сэлам ехыкIэкIи зэхедз.
Къулыкъум хэти пщIэ кърелэжь, хэти и напэр хелъхьэ.
Лэжьыгъэр уигу иримыхьми, уеувэлIамэ, и кIэм нэгъэс.
Мылъку зэплъэфалIэу уи напэ хэплъхьэ нэхърэ, мылъку гъэкIуэдыфи, уи напэ хъумэ.
Напэ зимыIэр дэтхэнэ Iэтащхьэми пэшэгъу хуохъу.

Нэпсейр мылъкукIэ щIэбгъэнами, зыгуэр къыхуэту къыщохъу.
Ныбэм куэд йохуэ, къэрал псо щикIуади къохъу.
Псалъэм Iуэху къыкIэлъымыкIуэмэ, абы и уасэр щайщ.
Пхуэмыфащэу къыплъыса къулыкъум пщIэ къриблэжьынукъым.
ПщIэ зыхуамыщI нэхъыжьым и унафэр гъэзэщIэгъуейщ.
Уи гугъуехь зыхэмылъыр гуэшыгъуафIэщ.
УимыIэм утегузэвыхь нэхърэ, уиIэм щыгуфIыкI.
Унафэ зыхуэмыщIыр унафэ щIынкIэ ерыщщ.
ФIы зыхуэпщIэм пщIэкIэ ущымыгугъ.
ХуэмыщIам хуэпщIэм псапэ пылъщ, бейм хуэпщIэм Iулъхьэ хэлъщ.
ЦIыхур зэрыпсэур мащIэщ, а мащIэ тIэкIури зэныкъуэкъуу яхь.
ЦIыхур нэхъ лъагэу яIэтыху и цIыхугъэм хэмыхъуэмэ, икIэщIыпIэкIэ къеутIыпщхьэхыжын хуейщ.

## Ныбжьэгъумрэ гъунэгъумрэ

ГуфIэгъуэ къыбдамыIыгъыр кIагуэщ, гузэвэгъуэ къыбдамыгъэвыр кIыхьщ.
Дунейм гузэвэгъуэр щыбэми, зыми и щхьэм хуихьыркъым.
Жагъуэгъум я нэхъ Iейр уи ныбжьэгъуу щытарщ.
ЗэрыхузэфIэкIкIэ узыгъэхьэщIам, хьэлIамэ фIэкIа уимыгъэшхами, гукъанэ хуумыщI.
Зи щхьэ зи лажьэм уи лажьэ иумыхьэлIэ.
Зызыщыпхъумэнур теплъэ зимыIэракъым – напэ зимыIэращ.
КъехьэлъэкIыу узыгъэхьэщIэ бейм и мэл нэхърэ – къыпщыгуфIыкIыу уезыгъэблагъэ къулейсызым и чыржын.
МыхъумыщIэ уи пэшэгъуу, фIым ущымыгугъ.
МыхъумыщIэм и щытхъу нэхърэ – и хъущIэ.
Мыхьэнэ зимыIэм лIыфI зыкIэрищIэмэ, абы ещхьу зыкъыфIощIыж.
Псы Iуб уезыгъафэу фIыщIэшхуэ уэзыгъэщIыну хэтым и Iуэхутхьэбзэ зыбгъэдумыгъэхьэ.
ПщIэ узэныкъуэкъу нэхърэ, зэ узэгурыIуэмэ нэхъ сэбэп пылъщ.
Узыдэмыхъунум уахыхьэмэ, хъуэн къыхэпхынщ.
Узыуб псор уи бийкъым.
Уи жагъуэгъум Iуэху дэблэжьмэ, лажьэ ухэхуэнщ.
ФIыуэ укъэзылъагъум къыпхуищIэр фIэмащIэщ, хуэпщIэр фIэкуэдщ.
ЦIыхум, нэгъуэщI хуумыщIэфми, псалъэ гуапэкIэ хуэупсэ.

# ГупсысэщIэхэр къэзыгъэуш

*Ацкъан Руслан и сонетищэ зэрыт тхылъыщIэм теухуауэ*




Адыгэ литературэм и щытыкIэм нобэ дегъэпIейтей. Тхылъхэр къыдэкIыу къыпщыхъуркъым, уафэм къещэщэхыу фIэкIа, псом хуэмыдэу ехьэжьауэ къытхуэжумартыр урысыбзэр «лъэщу зыгъэIэрыхуэ» адыгэхэращ. Абы сытым дыхуишэну пIэрэ? Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, дыхэмыкIуэдэжыну пIэрэ? Шекспир и лIыхъужьыр пIейтеяуэ зыщIэупщIэгъар адыгэхэми къытлъэIэсауэ шэч уощI. Пэжщ, гурыщIэ щэху IэфIхэр уи псэм къыщызыгъэуш тхылъ закъуэтIакъуэхэр къыщыпIэрыхьэкIэ, мэкъуауэгъуэ махуэ хуабэм къыхиху акъужь гуакIуэр псэм ехуэбылIэм хуэдэу, нэжэгужэ укъохъуж. Апхуэдэ гурыщIэ IэфIхэм укъыхуагъэуш Налшык дэт «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыдигъэкIа тхылъыщIэм. Абы итщ Ацкъан Руслан и сонетищэ.

Апхуэдиз сонет бжыгъэ щызэхуэхьэса адыгэ тхылъ куэд бгъуэтынукъым. Пэжщ, абы нэхъапэIуэкIэ къыдигъэкIыгъа тхылъым 77-рэ итащ. Ахэр мыбы 100 щригъэкъужауэ аращ. Абыхэм дэ Iэмал къыдат усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм, и лэжьэкIэм, и сонетхэм къыщиIэт Iуэхугъуэхэм гупсэхуу дакIэлъыплъыну.

Усэм и къэхъукIэр телъыджэщ. Абы и щэхухэр къытхуэмыIуэтэщIурэ ди гъащIэр кIуэнущ. Илъэс мин бжыгъэкIэ ямыуужэгъуа, яхуэмыгъэукъуея темэхэр: лъагъуныгъэр, жьыгъэр, гухэлъ щэхур, гъэм и зэманхэр, цIыхумрэ гъащIэмрэ, гъащIэм ущызыхуэзэ Iуэхухэр, гукъэкIыжхэр, къэхъугъэхэр – куэд къыщеIэт Ацкъаным и сонетхэм. Ахэр гъащIэм и нэщэнэхэмрэ зэманым и нэпкъыжьэхэмрэкIэ гъэпсащ, узэдащи, дуней дызытетыр зыхуэдэр IупщIу дагъэлъагъуж.

УсакIуэм и япэ тхылъхэм занщIэу нэм къыIуидзэу гу зылъумытэ щыщIэныгъэ гуэрхэм, щIалагъэм и Iэужь гупсысэкIэм къашахэм, редактор щхьэхынэм е щыщIэныгъэр блигъэкIмэ нэхъ къэзыщтэм и данагъэхэр къытещу узэгуагъэпырт. Ауэ усакIуэр зэплъэкIыжщ, псори гупсэхуу зэпилъытэжри, «и бгыр щIикъузащ», зыщымыгугъын щымыгугъыу и Iэдакъэ къыщIэкI дэтхэнэ сатырри и псэ налъэм къыхилъэфурэ, ахэр здынэсын хуей лъагапIэм нихьэсащ.

Усэхэм я дуней къытехьэкIэр зэщхькъым, ауэ, «къытехьа закъуэ!» – жыпIэу ахэр занщIэу тхылъеджэм и пащхьэ ибдзэнри захуэу къыщIэкIынкъым, сыт хуэдиз талант убгъэдэмылъами. Усэр зыбжанэрэ псэкIэ бгъэфIэн, зыбжанэрэ уи псэм «щыбэмпIэн» е щыбгъэщIэгъуэн хуейщ, тхыбзэм, тхылъеджэм и пащхьэ иплъхьэн и пэ. Усэ тхыныр талантщ, шэч хэмылъу, ауэ тха хъуа къудейкIэ, дунейм къытехьа къудейкIэ зэфIэкIыркъым. Абы гугъу удехьын хуейщ, и гъурри и цIынэри зыхэпщIэу. Мыбдежым талантыращ псори зэлъытар. Щхьэж и Iуэху щIыкIэрщ. Руслани Бещтокъуэ Хьэбаси яIэщ, дауи, занщIэу къепсу къилъэтам хуэдэу «къаIэщIэхъуа» усэ телъыджэхэр. Ауэ «къепсыху», къилъэту хъуар Русланрэ Хьэбасрэ ди пащхьэ кърaлъхьэу щытамэ, я пщIэр апхуэдэу лъагэу яIэтынтэкъым. ЦIыху къызэрыгуэкIыу къыщIидзыжынт. Дэ ахэр Тхьэм и бжэщхьэIум тету къыщIэтлъытэр абыхэм я талантхэм я нэзхэр налкъутналмэсу зэщIоблэ, я гупсысэхэм я дахапIэр IупщIу дагъэлъагъуфри аращ. Щапхъэ зыбжанэ къэсхьыну сыхуейт мы гупсысэм щыхьэт техъуэу.

ЗэрыжытIащи, 2003 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «ЩхьэегъэзыпIэ» тхылъым сонет блыщIрэ блырэ итщ. 2010 гъэм – щэ. Япэу къыдэкIам арэзы сыкъамыщIу сонет зытIущым сыщрихьэлIат, ауэ езым зыри жесIатэкъым. Ауэ иужькIэ къыдэкIа тхылъым сыщеджэм, япэм сигу зыхуэныкъуахэм соплъыж. Ахэр зэригъэзэхуэжат! КъызэрыщIэкIамкIэ, си гур зэрыгъуахэм езыри хуэарэзыжтэкъым! Ар Iыхьэ лейуэ си гуапэ хъуат, ауэ аргуэру езым зыри жесIакъым. Мис ахэр:

Щыуауэ и мэ сабиигъуэм
КъокIуэжри – зэубзэн мэлъыхъуэ. **«ЩхьэегъэзыпIэ»**, (124 н.)

КъокIуэж щыуауэ и мэ сабиигъуэм.
КъэкIуэжыр Iуэхут – къедэхэщIэн мэлъыхъуэ. **«Сонетищэ»**, (50 н.)

Абы и IэфIыр ущигугъэм къапщIэу –
Къыплъигъэса гуфIэгъуэр къыпщIохьэж. **«ЩхьэегъэзыпIэ»**, (129 н.)

Абы и IэфIыр ущигугъэм къапщIэу –
Къыплъигъэса гуфIэгъуэм щыщ ехъуэж. **«Сонетищэ»**, (55 н.)

УсакIуэм ауэ сытми псалъэхэр ихъуэжа къудейкъым – образхэр нэхъ лъэщ хъун, нэхъ кууэ зэкIуэцIихыу ди пащхьэм кърyгъэувэн папщIэ гупсысэхэр нэхъ щIэщыгъуэ, IупщI, гуимыхуж ищIащ. Мыпхуэдэ щапхъэхэм «жаIэ» усакIуэм и псэм щигъафIэ е игъэгулэзу кърихьэкIа гупсысэр къепсу къызэрилъэтам хуэдэу, тхылъымпIэм тритхэу ди пащхьэ кърилъхьэ къудейкIэ арэзы зэрымыхъур. Абы и гупсысэри псалъэхэри шыбзэм куэдрэ щIегъэкIри, ахэр зыхуей лъагапIэм трегъэувэ. ИтIанэщ и псэр арэзы щыхъур.

Руслан и щхьэм пщIэ хуищIыж къудейм къыщымынэу, абы тхылъеджэм лейуэ пщIэшхуэ зэрыхуищIым ари и нэщэнэщ. Мыпхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм ущымыгуфIыкIыу къанэркъым. Ар щапхъэ бэлыхьщ, икIи ди поэзием зиужьыным сэбэпышхуэ хуохъу. Сэ лейуэ срогушхуэ Ацкъан Руслани, Бештокъуэ Хьэбаси, Нало Заури я IэдакъэщIэкIхэм хэхауэ апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ зэрыхуаIэм. А хабзэфIыращ ди литературэр дунейпсо утыкум изышэфынур, армыхъумэ: «Дадэ мэпхъанкIэ, нанэ мэпщафIэ...» – жыпIэу псалъэхэр пхуапэу жыпхъэ гуэрым ибгъэувэкIэ литературэм зиужьынукъым, тхылъеджэри къыпхудэхьэхынукъым. Ацкъан Руслан и «Сонетищэ» тхылъым дагъуэ зыхуэпщIын игъуэтэгъуейщ.

УсакIуэм усэбзэм и Iэмалхэр Iэзэу къегъэIурыщIэ. Абыхэм ящыщ эпитетымрэ метафорэмрэ дэгъуэу къегъэжыIэщIэ. Ахэр куэдым къахуэгъэсэбэпыркъым: егъэжакъуэ тхэн щIэзыдзэхэри, литературэм лъэ быдэкIэ хэтхэри. КIэншэщ а Iэмалхэм я зэфIэкIыр.

УсакIуэм иIэ зэфIэкIым я фэ, я бжыгъэ куэдым лъабжьэ нэхъыщхьэ хуэхъур абы метафорэмрэ эпитетымрэ Iэзэу къызэригъэсэбэпырщ. Ахэр зэщIолыдэ, дыкъагъэуIэбжь, дагъэпIейтей, усэхэмкIэ къаIуатэ гупсысэхэр IупщIу ди нэгу къыщIагъэувэри, дызыIэпишэу, ди гущIэхэр игъэкъабзэу е дигъэхыщIэу дыкъоджэ. Метафорэ зэфэзэщу зэхэлъу шэч уигъэщIу, усакIуэм зы бзэ къызэкъуехри, къыпщегъэхъуф усэм и псэр метафорэрауэ. Тхылъыр къызэрызэIупхыу уи нэр занщIэу тохуэ япэ сонетым:

**щызэбгырожыр уафэ гъунэм пшэплъыр**  
**Адакъэжьищэ Iуэну зыкъагъэпщу (!!!)**

Пшэ зэбгрыж метафорэм убыдыгъуейуэ зежэ гупсысэхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр IупщI дыдэ ещI. АдэкIэ а гупсысэ-пшэ зэбгрыжхэр адакъэжьищэ Iуэну зызыгъэпщхэмкIэ плъыфэ куэду зэрызэхэлъыр, зэрытепыIэгъуэншэхэр, куэдым я щхьэфэ «зэриIэбэр» еIуатэри, цIыхум и гурыгъу-гурыщIэр IупщI дыдэ пщещI. Нэхъ жыжьэж макIуэ усакIуэр, ди гупсысэм зызрипщыт мы дуней абрагъуэр зэрыин дыдэми къимыгъэувыIэу, ар зэрыщытыр адэкIи нэхъ наIуэу дигъэлъагъуну хуеIэу:

**зегуэшыр уафэ лъащIэм Iыхьэ-Iыхьэу...**

Уафэ лъащIэм зигуэшыркъым зэи, мыр поэтическэ метафорэ шэрыуэу аращ, усакIуэм и гупсысэм дуней псом зэрызрипщытыр къэзыIуатэ Iэмалщ. ПхужыIэнукъым усакIуэм метафорэ къудейм фIэкIа къимыгъэсэбэпу. Абы къыкIэлъокIуэ эпитетхэри, усэкIэм и нэгъуэщI Iэмалхэри.

Метафорэ телъыджэм хэухуэнащ зэгъэпщэныгъэхэри:

*СпэIэщIэщ* ***уафэ гъунэу*** *сабиигъуэр,*  
*абы сыхуоплъэ* ***бзу зи*** *лъэтэжыгъуэу.*

Мыпхуэдэу дахащэр япэ дыдэ ит сонетым и закъуэкъым. Девгъэплъыт къыкIэлъыкIуэхэм!

Абыхэми дызыщрихьэлIэ Iэмал нэхъыфIхэр, аргуэрыжьщи, метафорэращ:

***ЗеIуантIэ*** *псыежэхым,* ***зыкъегъэпщ,***  
***Къыхэхуа*** *дыгъэр* ***ирихъэх къыпфIэщIу...***(!)

Псыежэхым «зэрызиIуантIэри», «зэрызигъэпщри» дахэщ, ауэ псым «къыхэхуа» дыгъэр «ирихьэх къыпфIэщIу» - узэригъэпIейтейр зыхэпщIэн папщIэ я нэхъ мащIэ дыдэрамэ ... усакIуэу укъалъхун хуейщ:

***Хисхъащ пшэр мафIэм, яжьэр къыпощэщ,***  
*Тещащэу къурш щхьэцпэщтэхэм я фащэм.*

Дахэщ. IэфIыгъэ щэху гуэрым уи бзэр иригъэубыду, псалъэ къызыхуумыгъуэтыж гурыщIэхэр бгъэм къыщIоувэ, щхьэр ягъэуназэ:

*«ДокIыжри тIэкIу –* ***къуэладжэм нэр еуфIыцI,***

***Мэтхытх и щIыфэр Iэджэм пэплъэ тафэм***

Псалъэ IэфIым къигъэуша гурыщIэм усакIуэм зыщIигъуауэ адэкIэ къэхъу псоми гу лъетэ:

*«зэшыгъуэм* ***уафэ лъащIэр къерешэх (!)***
*И плъэгъуэ къэскIэ* ***дыхьэу пкъынэлъынэм.***

Метафорэщ зэрыщыту, цIыхум и акъылым къиубыдыфынур занщIэу уи щхьэм къимытIасэу! ИтIани:

*А псор* ***зытегуплIа*** *си гукъэкIыжыр*
*Зы хьэндырабгъуэ цIыкIути –* ***мэлъэтэжыр.***

Дунейм и тэлай, напIэзыпIэ убыдыгъуейхэм я IэфIагъыр мыпхуэдэу дахащэу плъагъум, зыхэпщIэм къыщымынэу, ар псалъэкIэ пIуэтэжыфынкIи хъунщ, ауэ дахагъэр псэкIэ зыхэпщIэу щIэрыщIэу бгъэвыжыныр хьэлъэIуэщ зы цIыхум и дежкIэ! Нало Заур и новеллэхэм ящыщ зым хэт лIыхъуэжьым и псалъэкIэ жытIэнщи: «гур IэфIу узу», адэкIэ Iэзагъыр зыхуэдэм утетхыхьыну жэрдэм пхэмылъыжу укъегъэнэф. Сонетхэм къытебгъэзэжурэ уеджэныр ещхьщ псалъэ дахащэхэм, гупсысэ IэфI дыдэхэм къуат дэрэжэгъуэм ущесу ущылъыныр, псэри, абы и «Iэужь» гупсысэхэри – псори зи унапIэ пкъыри хэIэтыкIауэ пшэплъ Iэрамэ дахэ гуэрым тесым хуэдэу.

Щхьэхуэу сыкъытеувыIэну сыхуейт мы сонетым щыщ зы строфам:

*Зэшыгъуэм уафэ лъащIэр къерешэх,*
*И плъэгъуэ къэскIэ дыхьэу пкъынэлъынэм.*

Девгъэплъыт нэхъ гупсэхуу: ***«зи плъэгъуэ къэскIэ пкъынэлъынэм дыхьэр»*** зэшыгъуэра хьэмэрэ уафэ лъащIэра? Уризэдэуэфынущ. Зэ IуплъэгъуэкIэ, зэхозэрыхьыж. Ауэ ар зэ IуплъэгъуэкIэщ. Нэхъ кууэ уеплъмэ, мыр инновацэщ, ***«уафэ лъащIэри»***, ар ***«къезышэх зэшыгъуэри»*** зэрызэхэлъым и щэхур бзэ шэрыуэкIэ къэзыгъэлъэгъуа усакIуэм мы дунеижьым и теплъэр зэрыфэзэхъуэкIыр псэкIэ зыхыдегъащIэ. Зи гугъу тщIы IуэхугъуэхэмкIэ гъэпсащ къыкIэлъыкIуэ сонетхэри:

***Аргуэру бжьыхьэ плъыжьыр къощэщэх,***
***ХэкIэзызыкIыу щIыпцIэм зыхеIубэ;***

* * *

*Сыпэмыплъауэ* ***гугъэ къысфIотIэпI***

* * *

***Махъсымэу, пшагъуэ Iувыр къыбоший,***
*Сыхофри –* ***зэIещIэж аргуэру си лъыр.***

**Гугъэ къэтIэпIым** и дахагъэм хьэмэрэ ***Пшагъуэ Iувым хэфыным*** гу лъумытэу ублэкIыфыну?!

Тхылъым и пэ ит усэхэр нэхъыфIу къыщIэкIынщ, ауэ, абыхэм я гугъу дымыщIу, адрейхэм нэуфIыцIщхьэрыуэу дыхэIэбэнщи, къытпэщIэхуэр къэтщтэнщ. 88-нэ сонет. Мыри адрейхэм зыкIи къащхьэщыкIыркъым, ефэгъуэкIыуи пхужыIэнукъым. Метафорэр сонетым щытепщэщ, эпитетыр абы IэфI дыдэу хэшыпсыхьауэ:

***Тестхащ гурыщIэр нэкIэ*** *псыежэхым,*
***КъыпыгуфIыкIри, щэтэжащ*** *толъкъунхэр.*

* * *

***Я джэгум си гурыщIэм щыщ пысщIэну…***

* * *

*Тестхат гурыщIэр нэкIэ псыежэхым,* – аллитерацэ дахащэщ!
*Куэд щIауэ хыхьэжащ ар псым и щэхум.*
***Мыл зэрытрищIэу къызэпхыщыжынущ (!!!)***

Мыпхуэдэу телъыджэщ адрей къыкIэлъыкIуэ псори!

Адыгэ хьэл, зэхущытыкIэ дахэ, хабзэ, адыгэ философие дыдэкIэ гъэпса нэгъуэщI зы сонетми и гугъу дымыщIыну тлъэкIынкъым. Мыхэр метафорэ, эпитет, нэгъуэщI усэ гъэпсыкIэхэмкIэ нэхъ фаеу, зэ Iуплъэгъуэкlэ, къыпщыхъунущ, ауэ ар зэ IуплъэгъуэкIэщ. 80-нэ сонетыр нобэрей адыгэ интеллигенцэм и гимнщ. Сыту фIыщэ дызэриIэр мы усэм къиIуатэ цIыху щIыкIэр зи ухуэкIэхэр! Уи адэ и пащхьэ къыщыпщытхъуныр пщIэ лъагэ дыдэу зэрыщытыр иджыри хэт и лъэпкъ хэлъ хабзэу? Уи бын и пащхьэ ущаубынми нэхъ икIагъэ щыIэу адыгэм нэхърэ хэт нэхъ къэзылъытэр?! Абыхэм утемыкIыу утету уи гъащIэр пхьын хуейщ – уи псэр къабзэу! Аргуэру зэ девгъэгупсысыжыт усакIуэм къытхуигъэув нравственнэ гъуазэхэр зыхуэдэм!

*Зы мащIэщ псэкIэ лажьэхэр зэрыхъур,*
*ЗэхэзыщIыкIыр ахэр нэхъ мащIэжщ.*
*Сэ зызохъуэж, псэ къабзэ сыIущIэху,*
*Зэрыщытын хуейр къызощIэж гу мыгъуэу.*

*Сыт щыгъуи схъумэжыныр къабзэу си псэр*
*Гухэлъым я нэхъыщхьэу къысхуонэж.*
*АрщхьэкIэ щыIэщ ар щысIэщIэхуж,*
*НэгъуэщIхэм сахуэхъуа нэужькIэ гъусэ.*

*Псэ къабзэхэрщ дунейр зэтезыIыгъэр.*
*Сыхъуауэ къалъытам абы ящыщ,*
*И пащхьэ сядэм сфIощI къыщысщытхъуауэ.*

*КъыкъуэкIрэ си зэранкIэ щхьэусыгъуэ,*
*Абы сыхамыбжамэ, къысфIощIыж*
*И пащхъэ быным сыщагъэпудауэ.*

Хэплъхьэни хэпхыни щыIэкъым – адыгэ гупсысэкIэ дыдэщ, сонет фащэ щыгъыу. Абы къеIуатэ усакIуэм Iэзагъ ин дыдэ зэрыбгъэдэлъыр. Ацкъаным и метафорэхэм укъагъэуIэбжь, укъагъэлыд, уагъэпIейтей, уагъэгупсысэ, укъытраIэтыкI, зэхэзехуэн уащI, псалъэм и мыхьэнэм щIэрыщIэу урагъэплъыжу. МетафорэхэмкIэ «псалъэр согъэшэрыуэф», жиIэу зимыгъэщIагъуэу, усакIуэм къиIуатэ гупсысэм уащхъуэдэмыщхъуэу дыхешэри, ар дэ дыдейм хуэдэу къытщегъэхъужыф. Ар усакIуэм и Iэзагъэм и къару нэхъыщхьэу къыщIедзыж.

Ацкъаным и метафорэхэмрэ эпитетхэмрэ я дахагъэр, IупщIу, сонет фащэ яIэу зэхэухуэнауэ ди пащхьэ кърищэу гъэувэхэм къаIуатэ гупсысэхэр телъыджэщ. ШэсыпIэ уихьэфынущ дэтхэнэ ныбжьым ит цIыхури абы игъэпIейтеину. Тхылъыр сыт хуэдэ напэм и деж къыщызэгуэхи, сонетхэр зэщIолыдэ, хьэлэмэтыщэу зэхэухуэнащ, гупсысэ куукIэ гъэпсащ. Щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ, ауэ щапхъэхэм нэхърэ нэхъыфIыр езы

тхылъым къытебгъэзэжурэ, уигу пэщыху, укъеджэнырщ. Дэтхэнэми абы къыщигъуэтынущ и гупсысэм пэджэжхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ, «Сонетищэм» хуэдэу метафорэ зэщIэпщIыпщIэу зэхэлъ тхылъ, адыгэ литературэм и гугъу умыщIи, дунейпсо литературэми тыншу къызэрыщыпхуэмыгъуэтынур. Тхылъым укъыщеджэкIэ, япэу уи щхьэм къихьэр усэм и Iэмалу абы къыщигъэсэбэпхэр зэпкърыхынырщ, къыкIэлъыкIуэу тематикэ къыхиххэр, а тематикэхэмкIэ гупсысэхэр къызэриIуатэр, а гупсысэхэр зыхуэдэхэр гъэбелджылынырщ

Мы тхылъыр апхуэдизу купщIафIэу зэхэлъщи, IутIыж Борис мыгъуэм пьесэр «кумылэ-кумылэурэ зэхэлъу» зэрыжиIэгъар уигу къокIыж. Ацкъаным и «Сонетищэри» кумылэ зэфэзэщу зэхэлъ, дуней дахащэм ухэзышэ къэхъугъэщ. УсакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр зэпкърыхыным тхылъ щхьэхуэ хуэфащэщ. Нало Заур хуэдэу дахагъэр IупщIу зылъагъуф къэгъуэтыгъуейт. АдэкIи-мыдэкIи иримыхьэкIыу, абы жиIауэ щытащ: «Сыгъащ, Руслан! Къытезгъэзэжу щIэзджыкIыжурэ! Сыгъа!» Феплъыт, и нэпс къеха къудейкъым – гъащ! Апхуэдэщ Iэзагъэм и Iэужь дэтхэнэми и къарур.

УсакIуэхэр Тхьэм и цIыхухэщ. Сыт щыгъуи пэжыр къалъыхъуэ, абы и хъуреягъым щоджэрэз, я гъащIэри, я гупсысэри аращ. «...Къэгъуэтын, къэлъыхъуэн...» псалъэхэм хэт глаголхэр лъэмыIэсщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Iуэхур и кIэм нэс хъуакъым. Аращ поэтическэ псалъэм и IэфIагъ курыхыр зыхэлъри. Псалъэм, образым, метафорэм, зэгъэпщэныгъэхэм я мыхьэнэр IупщI, гъэзэщIа (глагол лъэIэс, зи действиер уха хъуар) зэрыщымыIэм ди гупсысэр къызэщIеIэтэри, «зэхэзежэ» ещI. Псалъэм папщIэкIэ:

*«Жьэгу мафIэм хуэдэщ анэ лъагъуныгъэр –*
*ЩIыIэм ущисым дежщ ар къыщыплъыхъуэр».*

Е

*«псэухукIэ къыщагъэпщкIу и вагъуэр цIыхум.*
*ЩыкIуэдыжынум дежщ щызэрыщIыхур.*

Хьэмэрэ

*«сесакъым, сыIууами махуэ къэс,*
*зыгуэрым и нэджыджым къищ шэрэз».*

НэгъуэщI зы гупсыси. Ди щхьэм илъ акъылри, ди гупсысэри нэхэм къаIуатэ. Ди нэхэр ди гупсысэр дунейм япэу къытезышэу Iэпкълъэпкъым щыщ зы Iыхьэщ. Ди гум илъхэр фIыми, Iейми, гуауэми, пщтырми, щIыIэми, хьэлъэми, дыджми – псори япэу дунейм къытезыхьэр ахэращ. Дунейм къытехьа лIыкIуэхэм, псом хуэмыдэу, Заратустрэ, ди гупсысэхэр дгъэкъэбзэныр дэтхэнэ зыми ди къалэн нэхъыщхьэу дыпсэуну япэ дыдэ дыкъыхуезыджахэм ящыщщ. Гупсысэм къыкIэлъокIуэ ди псалъэр, IуэхущIафэхэр. Ахэр къабзэмэ, ди гъащIэри къабзэу щымытынкIэ Iэмал иIэкъым. Ацкъаным и дэтхэнэ сонетми къыхэщ гупсысэ хьэлэмэтым лъэныкъуэ куэдкIэ утепсэлъыхьыфынущ.

«Сонетищэм» IупщI дыдэу дегъэлъагъу Ацкъаныр зыдэкIа лъагагъэр, абы къыдэкIуэу, адыгэ усэ гъэпсыкIэр зытеува лъагапIэри зыхуэдэр. Уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу жыпIэфынущ: ди литературэм, псом хуэмыдэу поэтическэ псалъэм, къищта лъагагъэр дунейпсо литературэм емылъэгэкIми, зэрымынэхъ лъахъшэр. Адыгэ литературэм зеузэщI Руслан хуэдэхэм я гуащIэкIэ.

**ШАЩIЭ Алик.**

## Хъуэжьэ и Куэбжьэ

# ГушыIэ хъыбархэр

*КъардэнгъущI Зырамыку итхыжауэ*

### Ефэндым имыщIэу, уэ пщIэрэ?

И лIыр лIэри, нанэр и закъуэу къэнат. Къуищ иIэти, щыри хэкIауэ унагъуэ щхьэхуэ зырызу псэут. И нысищри бзаджэ защIэти, нанэр зыми зрашэлIэн ядэртэкъым. Дэтхэнэми жиIэрт:

— Сыт сэ си закъуэ си гуащэр щIэспIыжын хуейр?

Апхуэдэу щыхъум, и къуищыр зэхуэсыжри, я анэм унафэ тращIыхьащ зы тхьэмахуэм зым деж, адрей тхьэмахуэм адрейм деж яхьурэ щагъэIэну.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, зэгуэрым, зэшищым я зым и анэр езым и деж щихьым, ефэндыр къыдэкIауэ куэбжэм деж щыту илъагъури:

— Фи анэр апхуэдэу щIыбкIэ къевмыхьэкIыу, лIы ефтыжын хуейщ, — жиIащ.

Зи анэр зи щIыбым ис щIалэм зыкъигъазэри, ефэндым зыкъыхуигъэгусащ:

—Iэу, ефэнды, жьы хъуа ди анэм щхьэкIэ ар дауэ пхужыIа?

— Ефэндым имыщIэу уэ нэхъ пщIэрэ! — жиIэри, фызыжьыр къуэм и щIыбым итIыхьащ.

### Зэщхьыркъабзэщ

Зауэ нэужьт. ЦIыхухэр шхынкIэ хуэкъулей дыдэтэкъым. Лыжьфызыжьым япхъу закъуэр зыша я малъхъэ щIалэжьым малъхъэишэ хуащIат. НэгъуэщI яIэтэкъым ирагъэшхыни, джэдыкIэ гъэвар укъэбзыжарэ тепщэчым папцIэу изу къыхутрагъэуващ, зы цырибон литр и гъусэу. Езы тIури лъэныкъуэкIэ къэтIысыжащ.

Малъхъэ щIалэжьым зы цырибон стэчан изу ирикъухри, джэдыкIэ укъэбзахэр зыр зым и ужь иту зыжьэдигъэтIысхьэурэ иригъэмэрэкIуэхыу щIидзащ. Малъхъэжьыр апхуэдизкIэ псынщIэу шхэрти, джэдыкIэхэр зэкIэлъхьэужьу тепщэчым къикIыурэ щIалэм и жьэм кIуэрт. Лыжьыр, и нэр тенауэ, абы еплъырт.

— Ана мыгъуэ, сыбогъэукIытэ, сыт апхуэдизу ди малъхъэм ущIеплъыр? — жиIащ фызыжьым.

— Уэлэхьэ, фызыжь, а джэдыкIэр къызэрыкIамрэ ар здэкIуэмрэ зэрызэщхьыркъабзэр согъэщIагъуэри арам сызэплъыр, — жиIащ лIыжьым.

## ЛIэуэ зэгъэжам и насыпщ

Зэныбжьэгъу щIалэжьитI пщыхьэщхьэу я ныбжьэгъу ещанэм деж ефакIуэ макIуэ. Бжьыхьэщ, уэшхымрэ уэсымрэ зэщIэлъу къотIэтIэх. Къуажэ уэрамыр кIыфIщ, ятIэщ. Езы тIури махуэ псом лэжьащ. Арщхьэк Iэ фадэр бзаджэщ, я ныбжьэгъум цырибон яIэу къажриIащи, къуажэкIэм икIауэ къуажапщэм нэс епIэщIэкIыу макIуэхэр. ТIури щымщ. Ауэрэ кхъэм нэсауэ здыблэкIхэм:

— ТхьэмыщкIэхэ, ефи-ешхи зимыIэж насыпыншэхэ, — жиIащ зым кхъэм щIэлъхэм щхьэкIэ.

Зэ нэсынтэкъэ, зэныбжьэгъуитIыр здэкIуэм нэсащ. Ауэ, здэкIуа я ныбжьэгъур дэмысу, куэбжэри гъэбыдарэ хьэри къэутIыпщауэ ирихьэлIащ.

Къэрагъэзыхыжауэ къохыж. ЩIыIэщ, псыIэщ, ятIэщ. Бжьыхьэ щIыIэр я нэкIум къоуэ. ТIури щымщ. Ауэрэ кхъэм къэсыжащ.

— Насып зиIэ, хуабэ-хуабэу кхъэм щIэлъхэщ, дэ уэсри къыттесэу, уэшхри къыттешхэу, ятIэри зэхэдутэу дыдэтщ, — жиIащ етIуанэм.

## Сыт щыIэ абы нэхъыфI?!

Я адэр лIэуэ телъти, и къуэхэр щхьэщытт, Iыхьлыхэри благъэхэри зэхуэсат.

— Ей, сэ фэ къыфхуэзгъанэри!.. — къыхэщэIукIырт адэр.

— ЖыIэ, ди адэ, сыт къытхуэбгъанэр? — еупщIырт и къуэхэр.

— Ей, сэ фэ къыфхуэзгъанэри!.. — аргуэру жиIэрт адэм.

— Ди адэм къытхуигъанэр къыщIыджимыIэр хамэ щIэтщи аращ. ФыщIэкI! — унафэ ящIщ абыхэми, езыхэм нэмыщI адрей псори пэшым щIагъэкIащ.

— ЖыIэ иджы, ди адэ, сыт къытхуэбгъанэр? — щIэупщIащ зэшхэр.

— Мы дуней нэхур къыфхузогъанэ, хуэмыху къом! Сыт щыIэ абы нэхъыфI?! Дахэ-дахэу фытет, фымыуцIэпIу.

## Уи лIыр кIэцIрэ?

ЩIалэжьым нысащIэ дахэ къишат. Ар дыгъуэгъуакIуэурэ къекIуэкI гуэрти, иджыри мыдыгъуэу хуэшэчынутэкъым. Арати, и нысащIэм и бзэр быдэрэ тIасхъэрэ игъэунэхун мурад ищIащ. ЩIалэм и кIэстум жыпым джэдыкIитI ирелъхьэри, и нысащIэм деж щIохьэж. И кIэстумыр пылъапIэм пелъэри мэгъуэлъыж.

Пщэдджыжьым жьыуэ нысащIэр къыщолъэтри къыщIож. МэпщафIэ, пщIантIэр епхъэнкI, псы къехь. АпщIондэху щIалэжьри къотэдж, и жыпым илъ джэдыкIитIыр и пIэм щIелъхьэри, къыщIокI.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, тхьэмахуэ дэкIащ. НысащIэм илъагъур зэригъэщIэгъуэнур ищIэркъым.

Я гъунэгъуми езым хуэдэу нысащIэ цIыкIу къашауэ ар я пщIантIэм щыIэуэлъауэрти, бжыхьыр я зэхуакуу абы зыхуигъазэри:

— Ей, уи лIыр кIэцIрэ? — жиIэри еупщIащ.

— Ар сыт, на-гуццэ, а жыпIэр? Апхуэдэ къэхъурэ? — къеупщIыжащ.

— Алыхь, сэ си лIыр мэкIэцIым!

— Дауэ хъунт?!

— Тхьэ, алыхьым и пщэдджыжь къэмынэу джэдыкIитI къызохым!

И гъунэгъу нысащIэ цIыкIур, жраIар игъэщIэгъуапэурэ, IукIыжащ.

Жэщым и лIым жриIэжащ:

— Алыхь, ди гъунэгъу нысащIэм и лIыр кIэцIу жеIэм, — жиIэри. Ар зыжраIа щIалэр пщэдджыжьым лэжьакIуэ кIуэуэ гъунэгъу «кIэцIыр» щилъагъум:

— Ей, укIэцIу жари! — жиIэщ, къегуори блэкIащ.

ЩIалэжьыр къыщIыхьэжри, и нысащIэм щIэгубжьащ:

— Сэракъым, дахэ, кIэцIыр! КIэцIыр уэращ! Сэ уи бзэм и быдагъэр згъэунэхуауэ аращ!

## Узэджэр къокIуэ

ТIу шыгум ису здэкIуэм, япэкIэ плъэхэри — зы лIыжь тхьэмыщкIэ гуэр хьэлъэ телъу кIуэрт.

— Мобы дызэрыщIыхьэу, сивгъэтIысхьэ жиIэнурэ къыдэлъэIунущ. Сэ сымаджэ зысщIынщи, сигъуэлъхьэнщ. Уэ сымаджэ илъщ жыIэ, — жиIэри, язым щIакIуэ зытрипIэри шыгум игъуэлъхьащ.

Шыгур жэурэ хьэлъэ зытелъ лIыжьым щIыхьащ.

— КхъыIэ, сигъэтIысхьэ, щIалэфI, хьэлъэ стелъщ, псапэ хъунщ! — жиIащ лIыжьым.

— Уэлэхьэ, мыхъуну, тхьэмадэ, сымаджэ хьэлъэ илъщ! — жиIэри шым яхэуэри блэжащ.

— Алыхьым узыншэ ищIыж! — жиIащ лIыжьым.

Куэд ямыжу, шыгухур и гъусэм еджащ:

— Дыкъыблэжащ а сымаджэ зыщIэпщIам, тэджыж! — жиIэри.

АрщхьэкIэ къэтэджыжыркъым.

ЩIакIуэр трихрэ еплъмэ — «сымаджэр» лIат.

Къигъэшыжауэ къыщыблэжыжым, лIыжьыр шыгухум еупщIащ:

— Щхьэ къэбгъэкIэрэхъуэжа, тIу?

— Сымаджэр лIащ! — жиIащ шыгухум.

— Алыхьым гущIэгъу къыхуищI! — жиIащ лIыжьым.

## Зиш яужь къинэм си мылъкур ейщ

Я адэр щылIэм, и къуитIым уэсят къахуищIащ:

— Фи шитIыр къызэдэвгъажи, зиш яужь къинэм си мылъкур ейщ, — жиIэри.

Адэр лӀэри щӀалъхьэжащ, мылъкур зыгуэрым лъысын хуейтэкъэ?

Адэм и уэсятыр ягъэзэщӀэну я шы зырызым шэсри губгъуэм дэкӀащ.

Зэбгъуроувэри яшхэр ирагъэлъ. Дэтхэнэри хуейщ и шыр иужь къинэнуи, къыжьэдакъуэж.

Апхуэдэу, щхьэж и шыр иужь къыхуимыгъанэу куэдрэ пылъауэ, шыхэми тхъурымбэр къайтӀэтӀэхыу зэхаукӀауэ, зы шу гуэр блэкӀыу ар илъэгъуащ. Апхуэдэу щӀащӀымкӀэ щеупщӀым, Ӏуэхур зыӀутыр къыжраӀащ.

— ФишхэмкӀэ фызэхъуажи фыкъызэдэжэ, делэжьитӀ, — жиӀэри, шур блэкӀащ.

## Абы и цӀэр езым зыфӀищыжынщ

Лыжьым нысэ къыхуашат. Зэрыхабзэти, нысэр зэрагъэфӀэну цӀэр фӀащыну псори зэхэзежэрт. Пхъэ къутапӀэм ӀущӀэу хэс лӀыжьым бгъэдэлъадэхэри елъэӀуащ.

— Дадэ, ди нысэ цӀыкӀум фӀэтщыну цӀэ дахэ къыджеӀэ!

— Абы и цӀэр езым зыфӀищыжынщ, тӀасэхэ, фэ гугъу зевмыгъэхь, — жиӀащ лӀыжьым.

Тхьэмахуэ зытӀущ нэхъ дэмыкӀыу, нысащӀэр псыхьэ кӀуэну къыщӀэкӀауэ, пщӀантӀэм зы ажэжь дэтти, нысащӀэ мыцӀыхур щилъагъум, езауэу щӀидзащ.

НысащӀэм зыкъиплъыхьщ-зыниплъыхьри, зыри щимылъагъум, пэгунитӀыр игъэувщ, ажэм шэсри, пхъэхьымкӀэ иубэрэжьу щӀидзащ.

Лыжь къыдыхьэжым ар щилъагъум жиӀащ:

— «Ажэ шущ» дяпэкӀэ фызэреджэнур.

## УмыкӀий закъуэ

Зэрыхабзэти, зэтехьа щхьэкӀэ, нысэр и тхьэмадэм епсалъэртэкъым.

— Си нысэ цӀыкӀур згъэпсэлъэнущ, — жиӀэри, тхьэмадэжьым мэл иукӀащ, и ныбжьэгъухэр къриджащ, нысэм псэлъапщӀэу тыгъэ лъапӀэхэр къыхуищэхури, зыбгъэдишащ:

— Хъунщ, тӀасэ, умыпсалъэу узэрыщытар, уи нэмыс и хьер улъагъу. ФӀыщӀэ пхузощӀ! ДяпэкӀэ укъызэпсалъэ хъунущ! — жиӀэри къыхуищэхуахэр иритащ. Тхьэмадэжьым и ныбжьэгъу лӀыжьхэри нысэм быдэу къехъуэхъури къыщӀагъэкӀыжащ.

Нысэм и гъэпсэлъапщӀэм и хьэтыркӀэ зэныбжьэгъу лӀыжьхэри хъарзынэу зэдефэщ-зэдешхэри, я нэгу зиужьауэ, я ныбжьэгъужьым къехъуэхъужри, зэбгрыкӀыжащ.

Псэлъэну хуит хъуа нысэр етӀуанэ махуэм хьэблэ псом зэхахыу кӀийуэ къыдэуващ.

Лыжьым нысэр ириджэри жиӀащ:

— Дыгъуасэ мэл пхуэзукIамэ, нобэ вы пхуэзукIынщ, нысэ, ауэ умыкIий закъуэ.

**Баз сапохьэри, къэсхьIамэ, абыкIэ сопсэу**

Районым прокурорыщIэ къагъэкIуат.

Жыхапхъэщ1эр сыт щыгъуи нэхъыфIу мэпхъанкIэ.

Прокурорыр Iулъхьэ къыIимыхыу, имей зыбгъэдимыгъэхьэу, ныбжьэгъу лей имыщIу, хабзэм тету мэлажьэ.

АрщхьэкIэ, унэм къэкIуэжамэ, и фызыр жьейщи, лIыр диным ireху:

— Уэ упрокурорщ, итIани псори — лажьэри мылажьэри — дэ нэхърэ нэхъыфIу мэпсэу. Сышубэкъым, сывакъэкъым, сыIэлъэщIкъым. Уи улахуэ тIэкIум щыщу фэтэрыпщIэм къыдэхуар тшхыну тхурикъуркъым!

Фызым къигъэгубжьа прокурорыр пщэдджыжьым лэжьакIуэ здэкIуэм, моуэ и IитIыр и жыпым илърэ папиросышхуэр Iурысауэ, зэрыIуэхуншэр нэрылъагъуу, щIалэжь гуэрым хуозэ.

— Сэлам! — жи прокурорым.

— Алейкум сэлам, товарищ прокурор! — къыжреIэж щIалэжьым.

И цIэ, и унэцIэ, здэщыпсэу сытхэм щIэупщIа нэужь:

— Улажьэрэ? — еупщIащ прокурорыр.

— Уэлэхьи, сымылажьэ, товарищ прокурор.

— НакIуэт-тIэ си кабинетымкIэ! — жиIэри щIалэжьыр щIишащ. — АтIэ, дауэ узэрыпсэур, сыт пшхыр, умылажьэмэ? — хигъэзыхьащ щIалэжьыр. — Удыгъуэу къыщIэкIынщ.

—Уэлэхьи, товарищ прокурор, игъащIэм зы сом къэзмыдыгъуа!

— АтIэ сыт узэрыпсэур, умылажьэм, умыдыгъуэм? — жиIэри тригъэчыныхьащ.

— Баз сапохьэри, къэсхьIамэ, абыкIэ сопсэу, товарищ прокурор! — жиIащ щIалэжьым, нэгъуэщI щхьэусыгъуэ имыгъуэтыжу.

— Ар гъэщIэгъуэни а жыпIэр... Дауэ базкIэ узэрыпсэунур?!

— Уэлэхьи, товарищ прокурор, уэри сыппихьэнмэ баз, ухуеймэ.

— Къыспихьэт-тIэ!

— Уэлэхьи, товарищ прокурор, дяпэ зы тхьэмахуэкIэ уи пхэм гуэрэф къытемыкIэмэ, сэ сом мин уэстынмэ, ауэ къытекIэмэ, уэ къызэт! — жиIащ щIалэжьым.

— Алыхьыр согъэпцI, сымыарэзым, щIалэ. Уэри «за мошенничествэ» тутнакъ къэблэжьынщ, — жиIэщ прокурорми баз зэпихьэщ, Iэгулъэгу зэхуеуэжри, зэбгрыкIыжащ.

Прокурорыр къэкIуэжри, къэхъуар и фызым жриIэжащ.

Тхьэмахуэ дэкIыу пIалъэр къэблагъэу щыхуежьэм, прокурорыр гузавэ хъуащ: щIалэжьым куэду и фIэщу жиIат гуэрэф къытекIэну.

Блыщхьэр зэхуапIалъэти, прокурорыр лэжьапIэм кIуэн ипэ, и фызым жриIащ:

— Къеплъыт мы си пхэм, гуэрэф лажьэ иIэ?

Фызыр еплъри:

— Щхьэр егъэуз а щIалэжьым. Сом миныр къеIыхи, гъэтIыс зэрыгъэпцIакIуэм щхьэкIэ, — жиIащ.

Прокурорым игу зэгъауэ щIэкIри, лъэбакъуэхъуу кIуащ лэжьапIэм. Прокурорыр пщIантIэм дыхьэмэ — щIалэжьыр дэтщ, езым хуэдэ щIалэжь гупышхуэм къаувыхьарэ зыгуэр яжриIэу, адрей къомыр ину дыхьэшхыжу.

— КъыщIыхьэт! — жиIащ прокурорым.

— Уэлэхьэ, сыкъыщIыхьэну сыкъэкIуам! — жиIэри, и ужьым иту кIэлъыщIыхьащ. Прокурорыр и тIысыпIэм тIысри:

— НтIэ, къэпхьа сом миныр? — жиIащ.

— Уэлэхьи, къэсхьам, товарищ прокурор! Ауэ уэ езым къэпхьа?

— Прокурорым пцIы иупс хъунукъым! Къэсхьащ.

— Мис си сом миныр! — жиIэри, щIалэжьым ахъшэр стIолым трилъхьащ. — Уэри къытелъхьэ, товарищ прокурор!

— Мис си сом минри! — жиIэри прокурорми трилъхьащ.

— НтIэ, дегъэплъ, товарищ прокурор, уи пхэм гуэрэф къытекIарэ къытемыкIарэ, — жиIащ щIалэжьым.

Прокурорым и гъуэншэджыр щихщ, и пхэр къыхуигъазэри, зигъэщхьащ. ЩIалэжьыр еплъри:

— Уи кабинетыр кIыфIщи, зыри слъагъуркъым, товарищ прокурор, щхьэгъубжэм и гъунэгъуу къакIуи, сегъэплъ! — жиIащ.

Прокурорыр щхьэгъубжэм екIуэталIэщ, и пхэр нэхум хуигъазэри, щIалэжьым гупсэхуу зэпиплъыхьащ.

— Уэлэхьи, къытемыкIа, товарищ прокурор, щытIэгъэж уи гъуэншэджыр. Сыпхьащ, мис си сом миныр уи стIолым телъщ, — жиIэри щIалэжьым бжэмкIэ иунэтIыжащ.

— Къэгъазэт мыдэ! — жиIэри, прокурорыр щIалэжьым кIэлъыджащ.

ЩIалэжьым къигъэкIэрэхъуэжащ.

Прокурорым и гъуэншэджыр щитIэгъэжщ, и тIысыпIэм тIысыжри, ткIийуэ жиIащ:

— «Баз сапохьэри, къэсхьIамэ, сошх», — жыпIати, иджы сэ къэсхьащ базыр. ЦIыхухэр къызэрыбгъапцIэм щхьэкIэ, статья пришивать пхуэсщIу узгъэтIысыну сыхуитщ, щIалэ! Уэ угъэпцIакIуэщ!

— Уэлэхьи, сымыгъэпцIакIуэ, товарищ прокурор, уи фIэщ мыхъум, къэзгъэпцIарэ къэзмыгъэпцIарэ мобдей дыхьэшхыу зэхэт си ныбжьэгъу къомым еупщI. «Ди прокурорыщIэм куэду зегъэхъу» щыжаIэм, «Сом мин зырызыххэ къызэфтмэ, абы и пхэр фэзгъэлъагъунщ», яжесIати, згъэзэщIащ. Иджыпсту абыхэм сом мин зырызыххэ къызатынущ, — жиIэри, щIалэжьыр къыщIэкIыжащ, прокурорым и жьэр ущIауэ къигъанэри.

АПАЖЭ Ахьмэд

## УзыщIэнакIэр къыппокIуэкIыж

*Зы теплъэгъуэу зэхэлъ пьесэ цIыкIу*

**Хэтхэр:**

**Мурат** — илъэс 40 мэхъу.

**Хьэлимэт** — абы и щхьэгъусэщ, илъэс 35-рэ мэхъу.

**ЩекIуэкIыр ди зэманырщ. Пэш кIуэцIыр къабзэу зэлъыIухащ. Мурат егугъупэу и жьакIэр еупсри гъуджэм бгъэдэтщ.**

**Хьэлимэт** *(къыщIохьэжри, и лIым ней-нейуэ еплъурэ)*. Сыту Iейуэ уелIалIэрэ нобэ мы уи жьакIэм. СлIо, аргуэру Хурирэт и деж укIуэну зыбгъэхьэзыру ара?

**Мурат** *(къемыплъэкIыу, гъуджэм зэриплъэм хуэдэурэ, къызопсэлъэкI)*. Аращ. Ауэ уэ ар пщIэ си гугъатэкъыми. Хэт къыбжезыIар?

**Хьэлимэт.** Зыми къызжимыIами, сэ сщIэркъэ уэ абы и деж умыкIуэу зы махуэ зэрыдумыхыфынур.

**Мурат** *(езым и гугъам Iуэхур зэрыщыщымыIэр къыгурыIуэжауэ, ауаныщIу къыпогуфIыкI)*. А-а, Хурирэт и буфетра уэ зи гугъу пщIыр? Си мызакъуэу, зэрыкъуажэу макIуэ абы, зиунагъуэрэ. АтIэми, нобэ хуэдэ хуабэвэхым зы пивэ щIыIэ крушкэфI уефэныр сыт и уасэ?!

**Хьэлимэт.** СлIо, абы и пивэр нэхъ IэфIу ара?

**Мурат.** КхъыIэ, хъунщ, щIумыдзэ иджы!

**Хьэлимэт.** ЩIэздзэм сыкъыщымынэу, схузэфIэкIамэ, мафIэ щIэздзэнти згъэсынт абы и буфетыр!

**Мурат** *(ар фIэгъэщIэгъуэн хъуауэ къыхуоплъэкI)*. Iагъу, зиунагъуэрэ, ар сыт щхьэкIэ? И буфетыр бгъэсыну сыт абы къуищIар?

**Хьэлимэт.** КъызищIаращи, дахэкIэ къэгъанэ уэ абы и деж кIуэныр. СлIо, зыри зэрыжызмыIэм щхьэкIэ, делафэ къызуплъу ара?!

**Мурат.** Делафэ лъэпкъ уэсплъыркъым. Ауэ уэри дахэкIэ къэгъанэ лажьэ зимыIэ а цIыхубзым утепсэлъыхьыныр. УщIегъуэжынщ, тхьэмыщкIэ.

**Хьэлимэт.** Сыт сыщIыщIегъуэжынур? Сэ сибгъэкIыжу, Хурирэт къэпшэну ара?

**Мурат.** ИкIи уизгъэкIыжыркъым, Хурирэти къасшэркъым. Ауэ емыкIущ уи гугъу къэзымыщI цIыхубзым апхуэдизрэ утепсэлъыхьыну.

**Хьэлимэт** *(абы жиIам нэхъри зэгуигъэпарэ зихъунщIэу)*. Алыхьалыхь, куэд щIа апхуэдэу щихъ узэрыхъужрэ? Ухуейми, умыдэ-тIэ, уи мызакъуэу, уэ пхуэдэ куэд зыкIэлъигъакIуэу жаIэ, тхьэ, а куэпэчыжьым.

**Мурат.** Хэт зыкIэлъигъэкIуэнуми, абы езы Хурирэт хуитыжщ. И

напэ зэреплъщ. Ауэ уэ абы куэпэчкIэ уеджэну зыми хуитыныгъэ къыуитакъым.

**Хьэлимэт** *(и Iэр и шхужьым иригъэувауэ и лIым йокIуэталIэри, теубыдауэ еплъурэ)*. ЗэрыжыпIэмкIэ, щхьэж ищIэнум езыр хуитыжщ. Ара?

**Мурат.** Ара дыдэщ. Щхьэж ищIэнум езыр хуитыжщ.

**Хьэлимэт.** НтIэ, щхьэж ищIэнум езыр хуитыжмэ, нобэ щыщIэдзауэ сэри а уэ къызэпщIэм хуэдэ дыдэр зэросщIэжыфынур зэгъащIэ!

**Мурат** *(а къызэрыфIэмыIуэхум хуэдэурэ, къызопсэлъэкI)*. Абы уэ ухуитыжщ.

**Хьэлимэт** *(и лIым жиIар гъэщIэгъуэн щыхъуауэ еплъурэ)*. Пэжу жыпIэрэ ар?!

**Мурат.** Уэлэхьи, жызоIэмэ-тIэ. Иджыпсту щхьэж зыхуейр щыжиIэ, ещхьыркъабзэу щхьэж зыхуейр щищIэ зэманщи, апхуэдэ хуитыныгъэрэ тхъэгъуэрэ цIыхум къыщыхуихуэкIэ…

**Хьэлимэт** *(и лIым и щIагъыбзэр къыгурыIуауэ, хуэгуэпу йоплъэри)*. Апхуэдэу уэ гласность, демократие жыхуаIэхэр къызэрыбгурыIуэр?

**Мурат** *(ауаныщIу)*. Аращ-тIэ, щхьэж зыхуейр щыжиIэкIэ, щхьэж зыхуейр щищIэкIэ, щхьэж и фIэфIым щыдэкIуэкIэ, щхьэж и фIэфIыр къыщишэкIэ, сыт абы къыбгурымыIуэну хэлъыр?

**Хьэлимэт.** ЗэрыжыпIэмкIэ, нобэ щыщIэдзауэ сэ уэ сыномыупщIу дэнэ сыкIуэнуми, сыкъэкIуэжынуми, сыт сщIэнуми сыхуитщ. Аракъэ?

**Мурат** *(ауаныщIу къыпогуфIыкI)*. Арыншами укъызэрысшэ махуэрэ уфIэфIыр пщIэуэ укъыздэгъуэгурыкIуэ мыхъумэ, нэгъуэщIу укъысхущытауэ сщIэжыркъым.

**Хьэлимэт** *(ар и жагъуэ хъуауэ и лIым йоплъ)*. Ара иджы къысхужыпIэжынур?

**Мурат** *(и джанэ пщампIэр зэригъэзэхуэжурэ къызопсэлъэкI)*. Армырауэ сытыт-тIэ нэгъуэщI жызбгъэIэнур? Фи деж ущыкIуэжри укъыщыкIуэжри щызмыщIэкIэ, ущыхуей дыдэм деж, уигу къихьар, сэ укъызэмыупщIыххэу, жыхуаIэ уасэмкIэ къэпщэхуу ущежьэжкIэ, дяпэкIэ уэ сыномыупщIу, сэри сызыхуей дыдэр сщIэнущ.

**Хьэлимэт.** ЩIэ, тIасэ, щIэ. Ауэ алейкIэ а къомыр къыумыгъэкIуэкI. Сэ сщIэнум сыхуитыжщи, сыщыхуей дыдэм Хурирэт и буфетым сыкIуэнурэ сызэрыхуей дыдэм хуэдэу сыбгъэдэсынущ жыпIэмэ, зэфIэкIакъэ?

**Мурат** *(и галстукыр ныкъуэзыдэлъхьэу, и фызым зыкъыхурегъэзэкIри)*. Ей, тхьэмыщкIэ, иджыри къытызогъэзэжри бжызоIэ. Мы Хурирэт и гугъу мыпхуэдизрэ къысхуумыщI. УщIегъуэжыну мыгъуэщ Iейуэ.

**Хьэлимэт** *(зихъунщIэу)*. СыщIегъуэжынкъым, тхьэ! Ауэ мис нобэ

щыщIэдзауэ уэ абы и буфетым иджыри зэ ущIыхьауэ къыщысщIам деж, сэ сыщIегъуэжрэ уэ ущIегъуэжрэ деплъынщ!

**Мурат** *(ауанытщIу къыпогуфIыкI)*. Хъунщ, деплъынщ. Ауэ апхуэдизу узытегузэвыхь а Хурирэт и шыпхъу нэхъыщIэм уи дэлъхум хуабжьу зыкъыпригъэхыу жаIэри…

**Хьэлимэт** *(и лIым жиIар фIэгъэщIэгъуэн хъуауэ йоплъ)*. ЦIыхухъум ещхьу зи щхьэр щIэщауэ тыкуэн ищхъэрэм щIэт а номин сурэтра зи гугъу пщIыр?

**Мурат.** Ара дыдэщ зи гугъу сщIыр. Ауэ а хъыджэбз дахэкIейм, афIэкIа хэмылъу, сыт иджы номин сурэт щIыфIэпщар?

**Хьэлимэт** *(нэхъри ерыщ екIуауэ)*. Номиным ещхьу зехуапэри аращ номин сурэт щIыфIэсщар. Ауэ иджы къызжеIэт: хэт абы си дэлъхур дэгушыIэу къыбжезыIар?

**Мурат.** Ар хэт къызжиIами Iуэхукъым. Ауэ уи дэлъхум мис а номин сурэт зыфIэпщар къыфхуишэрэ, апхуэдизу узытеплъэ мыхъу Хурирэт благъэ фхуэхъумэ, дауэ зэрыхъунур?

**Хьэлимэт.** Апхуэдэ дэлъху делэ сиIэкъым, тхьэ, сэ, ар къызыхэкIамрэ зыхуэдэмрэ зримыгъащIэу япэ зыхуэзэр къишэну.

**Мурат** *(ауанытщIу къыпогуфIыкI)*. Хъунщ, ари содэ. Уи дэлъхури щIалэ делэкъым. Ауэ итIани, хэт ищIэрэ, а зыщIэпхъунщIэ дыдэр фIыуэ илъэгъуауэ къыщIэкIрэ къыфхуишэмэ, абы иужькIэ сыт жыпIэжын?

**Хьэлимэт** *(и лIым жиIар ину зригъэщIэгъуэкIыу)*. А-ды-дыд, Алыхьым жимыIэкIэт ар. Зэ лIэгъуэ сщIэлъщи, сылIэмэ нэхъ къэсщтэнщ, тхьэ а хьэмшомхэр благъэ тхуэхъу нэхърэ.

**Мурат.** АлейкIэ зумыхъунщIэ икIи зумыгъалIэ-тIэ абы щхьэкIэ. ПфIэфI-пфIэмыфIми, ухуей-ухуэмейми, зэфIэкIащ а Iуэхур.

**Хьэлимэт** *(къэуIэбжьауэ, и лIым жиIар къыгурымыIуауэ и нэхэр къихуу абы йоплъри)*. Сыт абыкIэ жыпIэну узыхуейр?!

**Мурат.** Сэ абыкIэ жысIэну сызыхуейращ: фи деж унэкIуэжыну ухуеймэ, си машинэр къыIумыхьэж щIыкIэ, псынщIэу зыхуапэ. Уи дэлъхум мис а номин сурэт зыфIэпща хъыджэбзыр къызэришар къызжиIэну нобэ лэжьапIэмкIэ ныIухьащ. Хурирэтхэ я деж хъыбарегъащIэ сагъэкIуэну аращ зыщIэзгъэщIэращIэр. КъыбгурыIуа иджы? ГуфIапщIэри къэгъэдэвай.

**Хьэлимэт** *(а зэхихар и гум щIыхьарэ и IитIымкIи зэкуэфауэу)*. А жыпIэ телъыджэр сыт?! *(И щхьэр ищIурэ)*. Сэ сылIэу сызэгъэжамэ нэхъыфIт абы нэхърэ!

**Мурат** *(и фызым и гур тезэгъауэ)*. Аращ-тIэ, «узыщIэнакIэр къыппокIуэкIыж» щIыжаIар мис мы уэ пхуэдэхэращи, и чэзу хъуамэ, дяпэкIэ зыгуэрхэм уахуэпсэлъэн и пэкIэ, тIэкIу узыщIэгупсысыжу зегъасэ!

*Iупхъуэ*